ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ОРАЙЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫ

ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ӘДИЛЛИК МИНИСТРЛИГИ

# ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ РЕФЕРЕНДУМЫНА ТИЙИСЛИ

## НЫЗАМШЫЛЫҚ ҲҮЖЖЕТЛЕРИ ТОПЛАМЫ

«Адолат»
миллий ҳуқықый мәлимлеме орайы
Ташкент – 2023

**УЎК 342.4(575.1)**
**ББК 67.400.1(5Ў)**
**Ў 32**

**Өзбекстан Республикасы референдумына тийисли нызамшылық ҳүжжетлери топламы.** Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы. Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги, «Адолат» миллий ҳуқықый мәлимлеме орайы. Ташкент, 2022 ж. – 248 б.

ISBN 978-9943-8166-4-0

**УЎК 342.4(575.1)**
**ББК 67.400.1(5Ў)**
**Ў 32**

**Жуўапкер редактор:** *З. Низамходжаев*

**Редакция комиссиясы:** *Б. Кучкаров, Х. Маматов, Х. Палуаниязов*

Бул топламда Өзбекстан Республикасы референдумына тийисли нызамшылық ҳүжжетлери орын алған.

Топлам референдум өткериўши комиссия ағзаларына әмелий жумысында пайдаланыў, бақлаўшылар ҳәм референдумның басқа қатнасыўшылары, ғалаба хабар қураллары ўәкиллери ҳәм кең жәмәәтшилик ушын арналған.

ISBN 978-9943-8166-4-0

© Өзбекстан Республикасы
Орайлық сайлаў комиссиясы.
«Адолат» миллий ҳуқықый
мәлимлеме орайы, 2023-ж.

# МАЗМУНЫ

Өзбекстан Республикасының Конституциясы *(көширме)* ...............5

Өзбекстан Республикасының «Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамы ...............................................11

Өзбекстан Республикасының Жынаят кодекси *(көширме)*.................. 47

Өзбекстан Республикасының Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекси *(көширме)* ...................................................49

Өзбекстан Республикасының Ҳәкимшилик суд ислерин жүритиў ҳаққындағы кодекси *(көширме)* ......................................52

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ОРАЙЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ ҚАРАРЛАРЫ**

Референдум округлары ҳәмде референдум өткериўши округ комиссиялары ҳаққындағы режени тастыйықлаў ҳаққында .........54

Референдум участкалары ҳәмде референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы режени тастыйықлаў ҳаққында .........87

Өзбекстан Республикасының сырт ел мәмлекетлериндеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанында референдум участкалары ҳәмде референдум өткериўши участка комиссияларын шөлкемлестириў тәртиби ҳаққындағы режени тастыйықлаў ҳаққында ................................................................ 147

Өзбекстан Республикасының референдумында сиясий партиялар, пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымлары ҳәм пуқаралар басламашы топарларынан қатнасатуғын бақлаўшылар ҳаққындағы режени тастыйықлаў ҳаққында ................................ 168

Өзбекстан Республикасының референдумында сырт ел мәмлекетлери ҳәм халықаралық шөлкемлерден қатнасатуғын бақлаўшылар ҳаққындағы режени тастыйықлаў ҳаққында ........ 175

Референдум дәўиринде ғалаба хабар қураллары ўәкиллерин аккредитациядан өткериў тәртиби ҳаққындағы режени тастыйықлаў ҳаққында ........ 186

Өзбекстан Республикасының референдумына таярлық көриў ҳәм оны өткериўди қаржыландырыў ҳәмде қаржылардан пайдаланыў тәртиби ҳаққындағы инструкцияны тастыйықлаў ҳаққында........ 199

Сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәмде өткериў тараўындағы ҳуқықбузарлықларды ислегенлик ушын жуўапкершиликтиң сөзсиз екенлигин тәмийинлеў ҳаққында .... 217

Сайлаў ҳәм референдумға таярлық көриў ҳәмде оларды өткериў менен байланыслы болған ҳүжжетлерди сақлаў, архивке тапсырыў ҳәм жоқ етиў тәртиби ҳаққындағы инструкцияны тастыйықлаў ҳаққында........ 226

## ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КАБИНЕТИНИҢ ҚАРАРЫ

Өзбекстан Республикасы сайлаўшыларының Бирден бир электрон дизимин қәлиплестириў ҳәм жүритиў ис-иләжлары ҳаққында........ 236

# ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ КОНСТИТУЦИЯСЫ

*(Көширме)*

***9-статья.***

Жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик турмыстың ең әҳмийетли мәселелери халықтың додалаўына усынылады, улыўма даўысқа (референдумға) қойылады. Референдумды өткериў тәртиби нызам менен белгиленеди.

***

***32-статья.***

Өзбекистан Республикасының пуқаралары жәмийет ҳәм мәмлекет ислерин басқарыўда тиккелей хәм өз ўәкиллери арқалы қатнасыў ҳуқықына ийе. Бундай қатнасыў өзин-өзи басқарыў, референдумлар өткериў ҳәм мәмлекетлик уйымларды демократиялық түрде шөлкемлестириў, сондай-ақ мәмлекетлик уйымлардың искерлиги үстинен жәмийетлик қадағалаўды раўажландырыў ҳәм жетилистириў арқалы әмелге асырылады.

Мәмлекетлик уйымлардың искерлиги үстинен жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырыў тәртиби нызам менен белгиленеди.

***

***78-статья.***

Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенаттың биргеликтеги ўәкилликлери төмендегилерден ибарат:

1) Өзбекистан Республикасының Конституциясын қабыл етиў, оған Өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў;

2) Өзбекистан Республикасының конституциялық нызамларын, нызамларын қабыл етиў, оларға өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў;

3) Өзбекистан Республикасының референдумын өткериў ҳаққында ҳәм оны өткериў сәнесин тайынлаў ҳаққында қарар қабыл етиў;

4) Өзбекистан Республикасы ишки ҳәм сыртқы сиясатының тийкарғы бағдарларын белгилеў ҳәм де мәмлекетлик стратегиялық бағдарламаларын қабыл етиў;

5) Өзбекистан Республикасының нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимияты уйымларының системасын ҳәм ўәкилликлерин белгилеў;

6) Өзбекистан Республикасы қурамына жаңа мәмлекетлик дүзилмелерди қабыл етиў ҳәм олардың Өзбекистан Республикасы қурамынан шығыўы ҳаққындағы қарарларды тастыйықлаў;

7) бажы, валюта ҳәм кредит ислерин нызам жолы менен тәртиплестириў;

8) Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң усынысы менен Өзбекистан Республикасының Мәмлекетлик бюджетин қабыл етиў ҳәм оның орынланыўын қадағалаў;

9) салықлар ҳәм басқа мәжбүрий төлемлерди енгизиў;

10) Өзбекистан Республикасының ҳәкимшилик-аймақлық дүзилиси мәселелерин нызам жолы менен тәртиплестириў, шегараларын озгертиў;

11) районларды, қалаларды, ўәлаятларды дүзиў, сапластырыў, олардың атамасын хәм шегараларын өзгертиў;

12) мәмлекетлик сыйлықлар ҳәм атақларды шөлкемлестириў;

13) Өзбекистан Республикасы Президентиниң министрликлер, Мәмлекетлик комитетлер хәм Мәмлекетлик басқарыўдың басқа да уйымларын дүзиў ҳәм сапластырыў ҳаққындағы пәрманларын тастыйықлаў;

14) Өзбекистан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясын дүзиў;

15) Өзбекистан Республикасы Президентиниң усынысы менен Өзбекистан Республикасы Бас министри талабанлығын көрип шығыў хәм тастыйықлаў, сондай-ақ мәмлекеттиң социаллық-

экономикалық раўажланыўының әҳмийетли мәселелери бойынша Бас министрдиң есабатларын тыңлаў ҳәм додалаў;

16) Өзбекистан Республикасы Олий Мажлисиниң Инсан ҳуқықлары бойынша ўәкили ҳәм оның орынбасарын сайлаў;

17) Өзбекистан Республикасы Есап палатасының есабатын қарап шығыў;

18) Өзбекистан Республикасы Президентиниң Өзбекистан Республикасына ҳүжим етилгенде яки бир-бирин қәўиптен қорғаў бойынша дүзилген шәртнама миннетлемелерин орынлаў зәрүрлиги туўылғанда урыс жағдайын жәриялаў ҳаққындағы пәрманын тастыйықлаў;

19) Өзбекистан Республикасы Президентиниң улыўма ямаса бир бөлегин мобилизациялаўды дағазалаў, айрықша жағдай енгизиў, оның ҳәрекетин узайтыў яки тоқтатыў ҳаққында пәрманларын тастыйықлаў;

20) халық аралық шәртнамаларды ратификациялаў ҳәм денонсациялаў;

21) парламент қадағалаўы ҳәм усы Конституцияда нәзерде тутылған басқа да ўәкилликлерди әмелге асырыў.

Палаталардың биргеликтеги ўәкилликлерине киретуғын мәселелер, әдетте, дәслеп Өзбекистан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасында, соң Сенатта корип шығылады.

***

***117-статья.***

Өзбекистан Республикасының пуқаралары мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымларына сайлаў ҳәм сайланыў ҳуқықына ийе. Ҳәр бир сайлаўшы бир даўысқа ийе. Даўыс бериў ҳуқықы, өз ерк-ықрарын билдириў теңлиги хәм еркинлиги нызам менен кепилленеди.

Өзбекистан Республикасы Президенти сайлаўы, Өзбекистан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасына ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине, ўәлаятлық, районлық, қалалық Мәмлекетлик Ҳәкимияттың ўәкилликли

уйымларына сайлаў олардың конституциялық ўәкилликли мүддети питетуғын жылы — декабрь айының үшинши он күнлигиниң биринши екшембисинде өткериледи. Сайлаўлар улыўма, тең ҳәм тиккелей сайлаў ҳуқықы тийкарында жасырын даўыс бериў жолы менен өткериледи. Өзбекистан Республикасының он сегиз жасқа толған пуқаралары сайлаў ҳуқықына ийе.

Өзбекистан Республикасы Олий Мажлисиниң Сенаты ағзалары Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси, ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Мәмлекетлик Ҳәкимияттың ўәкилликли уйымлары депутатларының қоспа мәжилислеринде усы депутатлар сайланғаннан кейин бир ай ишинде олар арасынан жасырын даўыс бериў жолы менен сайланады.

Суд тәрепинен қатнасық укыбына ийе емес деп табылған пуқаралар, сондай-ақ суд ҳүкими менен еркинен айырыў орынларында сақланып атырған шахслар сайланыўы мүмкин емес ҳәм сайлаўда қатнаспайды. Ҳәр қандай басқа жағдайларда пуқаралардың сайлаў ҳуқықларын тиккелей ямаса тиккелей емес шеклеўге жол қойылмайды.

Өзбекистан Республикасы пуқарасы бир ўақыттың өзинде екеўден артық Мәмлекетлик Ҳәкимияттың ўәкилликли уйымының депутаты болыўы мүмкин емес.

Өзбекистан Республикасы Президенти сайлаўын, Өзбекистан Республикасы Олий Мажлисине сайлаўды, сондай-ақ Өзбекистан Республикасы референдумын шөлкемлестириў ҳәм өткериў ушын Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси тәрепинен искерлигиниң тийкарғы принциплери ғәрезсизлик, нызамлылық, коллегиаллық, жәриялылық ҳәм әдилликтен ибарат болған Өзбекистан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы дүзиледи.

Өзбекистан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы өз искерлигин турақлы түрде әмелге асырады ҳәм өз искерлигинде Өзбекистан Республикасы Конституциясына, Өзбекистан Республикасының сайлаў ҳаққындағы ҳәм референдум ҳаққындағы нызамларына ҳәм басқа да нызамларға бойсынады.

Өзбекистан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының ағзалары Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң, халық депутатлары ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы Кеңеслериниң

усынысы бойынша Өзбекистан Республикасы Олий Мажилисиниң Нызамшылық палатасы ҳәм Сенаты тәрепинен сайланады.

Өзбекистан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының Баслығы комиссия ағзалары арасынан Өзбекистан Республикасы Президентиниң усынысы бойынша комиссия мәжилисинде сайланады.

Сайлаў өткериў тәртиби нызам менен белгиленеди.

***

***127-статья.***

Өзбекистан Республикасының Конституциясына өзгерислер Өзбекистан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы депутатлары ҳәм Сенат ағзалары улыўма санының кеминде үштен еки бөлегинен ибарат көпшилиги тәрепинен қабыл етилген нызам ямаса Өзбекистан Республикасының референдумы менен киргизиледи.

ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ

## «ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ РЕФЕРЕНДУМИ ҲАҚҚЫНДА»ҒЫ ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ НЫЗАМЫНА ӨЗГЕРИСЛЕР ҲӘМ ҚОСЫМШАЛАР КИРГИЗИЎ ҲАҚҚЫНДА

Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси қарар қылады:

1991 жыл 18 ноябрде қабыл қылынған «Өзбекстан Республикасының референдуми ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасының Нызамына (Өзбекстан Республикасы Олий Кеңесиниң Ахборотномасы, 1992 жыл, № 1, 37-статья) өзгерислер ҳәм қосымшалар киритилип, оның жаңа редакциясы тастыйықлансын (қосымша қылынбақта).

**Өзбекстан Республикасының Президенти** **И. КАРИМОВ**

Ташкент қ.,
2001 жыл 30 август,
265-II-сан

## ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ

## ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ РЕФЕРЕНДУМЫ ҲАҚҚЫНДА

*(жаңа редакциясы)*

### I. УЛЫЎМА РЕЖЕЛЕР

***1-статья. Өзбекстан Республикасының референдумы***

Өзбекстан Республикасының референдумы (буннан былай текстте референдум деп жүритиледи) Өзбекстан Республикасының нызамларын ҳәм басқа да қарарларын қабыл етиў мақсетлеринде жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик турмыстың ең әҳмийетли мәселелери бойынша пуқаралардың улыўма халықлық даўыс бериўи болып есапланады.

Референдум сайлаўлар менен бир қатарда халықтың ерк-ықрарының тиккелей көриниси есапланады.

Референдумда қабыл етилген қарарлар жоқары юридикалық күшке ийе болады.

Егер референдумда қабыл етилген қарарларда басқаша тәртип нәзерде тутылған болмаса, референдумда қабыл етилген қарарлар тек ғана референдум жолы менен бийкар етилиўи ямаса өзгертилиўи мүмкин.

Референдум Өзбекстан Республикасының пүткил аймағында өткериледи.

***2-статья. Референдум предмети болмайтуғын мәселелер***

Төмендеги мәселелер референдум предмети болыўы мүмкин емес:

Өзбекстан Республикасының аймақлық пүтинлигин өзгертиў;

Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик бюджети ҳәм салықлар;

амнистия ҳәм әпиў етиў;

жәмийетлик тәртипти, халықтың ден саўлығы ҳәм қәўипсизлигин тәмийинлеў бойынша айрықша ҳәм қыстаўлы илажлар өткериў;

Өзбекстан Республикасының халықаралық шәртнамаларынан келип шығатуғын миннетлемелерди орынлаў;

лаўазымлы шахсларды тайынлаў ҳәм ўазыйпасынан босатыў.

### *3-статья. Референдум өткерилиўине тосқынлық ететуғын жағдайлар*

Өзбекстан Республикасының пүткил аймағында енгизилген әскерий ўақыт ямаса айрықша жағдай шараятларында, сондай-ақ әскерий ўақыт тамамланған ямаса айрықша жағдай бийкар етилгеннен кейин үш ай даўамында референдум өткерилмейди.

Референдум нәтийжелери рәсмий түрде жәрияланғаннан кейин бир жыл даўамында мазмун ямаса мәнисине бола тап сондай сораў қойылған референдум өткерилмейди.

### *4-статья. Референдум ҳаққындағы нызамшылық*

Референдум ҳаққындағы нызамшылық Өзбекстан Республикасының Конституциясы, усы Нызам ҳәм басқа да нызамшылық актлеринен ибарат.

### *5-статья. Референдум өткериўдиң тийкарғы принциплери*

Референдум пуқаралардың өз ерк-ықрарын улыўма, тең ҳәм туўрыдан-туўры билдириўи тийкарында жасырын даўыс бериў жолы менен өткериледи.

Өзбекстан Республикасы пуқараларының референдумда қатнасыўы ықтыярлы ҳәм еркин болып табылады. Өзбекстан Республикасы пуқараларын референдумда қатнасыўға ямаса қатнаспаўға мәжбүрлеў мақсетинде оларға, сондай-ақ ерк-ықрарын еркин билдириўине тәсир көрсетиўге ҳеш ким ҳақылы емес.

Өзбекстан Республикасы пуқараларының референдумда теңдей тийкарларда қатнасады. Ҳәр бир пуқара бир даўысқа ийе болады.

Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў ашық ҳәм жәриялылық түрде әмелге асырылады.

Пуқаралардың өз ерк-ықрарын билдириўин қадағалаўға жол қойылмайды.

Өзбекстан Республикасы пуқаралары референдумда тиккелей қатнасады.

### *6-статья. Референдумда қатнасыў ҳуқықы*

Референдум өткерилетуғын күнге шекем ямаса референдум күнинде он сегиз жасқа толған Өзбекстан Республикасының ҳәр бир пуқарасы референдумда қатнасыў ҳуқықына ийе болады.

Өзбекстан Республикасы аймағынан тысқарыда жасап атырған яки турған Өзбекстан Республикасының пуқарасы референдумда қатнасыўға толық ҳақылы болады.

Суд тәрепинен ҳәрекетке уқыпсыз деп табылған пуқаралар, сондай-ақ аўыр ҳәм оғада аўыр жынаятлар ислегени ушын суд ҳүкими менен еркинен айырыў тәризиндеги жазаны орынлаў мәкемелеринде сақланып атырған шахслар референдумда қатнасыў ҳуқықына ийе емес.

Шығысы, социаллық ҳәм мүлкий жағдайы, расасына ҳәм миллетине, жынысына, мағлыўматы, тили, динге қатнасына, жумысының түри ҳәм өзгешелигине қарап пуқаралардың референдумда қатнасыў ҳуқықларын тиккелей ямаса жанапай шеклеў қадаған етиледи.

### *7-статья. Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериўде жәриялылық*

Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериўде қатнасып атырған мәмлекетлик уйымлар ҳәм жәмийетлик бирлеспелер өз искерлигин жәриялылық түрде әмелге асырады.

Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериўди референдум өткериўши комиссиялар әмелге асырады. Олар пуқараларды өз жумысларынан, округ, даўыс бериў участкалары дүзилгенлиги, комиссиялардың қурамы, олардың жайласқан мәнзили ҳәм жумыс

ўақтынан хабардар етеди, даўыс бериўши пуқаралардың дизимлери менен таныстырады, даўыс бериў жуўмақларынан хабардар етеди.

Өзбекстан Республикасының ғалаба хабар қураллары референдумға таярлықтың барысын ҳәм ол қай тәризде өтип атырғанлығын жәриялап барады.

### *8-статья. Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериўде жәриялылық*

Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге байланыслы барлық илажларда сиясий партиялардан, пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымларынан, пуқаралардың басламалы топарларынан бақлаўшылар, ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшылар қатнасыў ҳуқықына ийе. Олардың ўәкилликлери тийисли ҳүжжетлер менен тастыйықланған болыўы керек.

Мәпдар шөлкемлер, пуқаралардың басламашы топарлары өз бақлаўшылары ҳаққында округ комиссияларына референдум өткерилиўине кеминде он күн қалғанда мәлим етеди.

Референдум өткериўши округ комиссиясы мәпдар шөлкемнен, пуқаралардың басламашы топарынан арза алғаннан соң бес күн ишинде мандатты бақлаўшы ушын береди. Басқа мәмлекетлерден ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшыларға мандатлар Өзбекстан Республикасының Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен бериледи.

### *9-статья. Бақлаўшылардың ҳуқықлары*

Бақлаўшылар төмендеги ҳуқықларға ийе:

референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссияларының мәжилислеринде болыў;

референдум участкасына келиў, таярлық жумысларының барысын, жасырын даўыс бериў кабиналарының ямаса ханаларының жайластырылыўын ҳәм даўыс бериў қутыларының мөрлениўин, пуқаралардың дизимге алыныўын, даўыс бериў бюллетенлериниң оларға берилиўин бақлаў;

дауысларды санап шығыуда ҳәм референдум өткериўши участка комиссиясының дауыс бериў жуўмақлары ҳаққындағы баяннамасын дүзиўде болыў;

дауыс бериў нәтийжелери ҳаққындағы ҳүжжетлердиң тийисли референдум өткериўши комиссия тәрепинен тастыйықланған нусқаларын сораў ҳәм алыў;

егер референдумда усы Нызамның бузылыўына жол қойылған деп есаплаў ушын тийкар болса, өз бақлаўлары ҳаққында референдум өткериўши жоқары комиссияға мәлим етиў.

Бақлаўшыларға төмендегилер қадаған етиледи:

дауыс бериўши дауыс бериў бюллетенине өз белгисин қойып атырған ўақытта дауыс бериў кабинасында ямаса ханасында болыў;

дауыс бериўшилерге тәсир өткериў, қандай да бир үгит-нәсият материалы ямаса әдебиятты тарқатыў;

дауыс бериўшилерден олар қандай дауыс бергенлигин сораў ямаса оларға дауыс бериў бюллетенине белги қойыўда қандай да бир тәризде жәрдем көрсетиў;

референдум өткериўши участка комиссиясының искерлигине, соның ишинде дауыс бериў қутыларын мөрлеў, оларды ашыў, дауысларды санап шығыў ўақтында араласыў.

Бақлаўшылар әскерий бөлимлерде, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген референдум участкаларына барыўы ҳаққында референдум өткериўши участка комиссиясын кеминде үш күн алдын хабардар етиўи керек.

## *10-статья. Референдумға қойылған мәселелер бойынша үгит-нәсият алып барыў*

Өзбекстан Республикасы пуқаралары, жәмийетлик бирлеспелер, пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымлары референдум өткерилиўин жақлап ямаса оған қарсы, референдумға қойылып атырған нызам жойбары, әмелдеги нызам ямаса басқа мәселени жақлап яки оған қарсы тосқынлықларсыз үгит-нәсият алып барыўға ҳақылы.

Референдумға қойылатуғын мәселелер бойынша үгит-нәсият алып барыў мақсетинде радио, телевидение ҳәм басқа да ғалаба хабар қуралларынан пайдаланыў мүмкин.

Үгит-нәсиятты пуқараларға бийпул яки имтиязлы шәртлерде товарлар бериў, хызметлер көрсетиў (мәлимлеме хызметлеринен басқа), сондай-ақ, пул қаржыларын төлеў менен қосып жүргизиў қадаған етиледи.

Референдум өткерилетуғын күни ҳәм референдумды өткериўге бир күн қалғанда үгит-нәсиятқа жол қойылмайды.

## II. РЕФЕРЕНДУМДЫ ТАЙЫНЛАЎ

### *11-статья. Референдумды өткериў басламасы*

Референдумды өткериў басламасы менен:

Өзбекстан Республикасы пуқаралары;

Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң палаталары;

Өзбекстан Республикасы Президенти шығыўы мүмкин.

Усы статьяның биринши бөлиминде көрсетип өтилген субъектлер референдум өткериў ҳаққындағы басламаны көрсетиўде, референдумға қойылатуғын нызам жойбарын ямаса басқа қарар жойбарын ислеп шығыўда, сондай-ақ мәселе тәриплемесин (мазмунының анық көринисин) белгилеўде тең ҳуқықларға ийе.

### *12-статья. Өзбекстан Республикасы пуқараларының референдумды өткериў басламасын әмелге асырыў тәртиби*

Өзбекстан Республикасы пуқаралары егер, референдумда қатнасыў ҳуқықына ийе болған пуқаралар улыўма санының келинде бес процентин қураған пуқаралардың имзаларын топланған болса, сондай-ақ шәртли рәўиште бунда қол қойып атырған пуқаралар муғдары ҳәр бир ҳәкимшилик-аймақлық дүзилме (Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаят ҳәм Ташкент қаласы) бойынша бир тегис ҳәм тең рәўиште бөлистирилген болса, референдумды өткериў басламасы ҳуқықын әмелге асырады.

Өзбекстан Республикасының референдумда қатнасыў ҳуқықына ийе болған ҳәр бир пуқарасы ямаса пуқаралар топары референдумды өткериў ҳаққындағы басламаны қоллап-қуўатлаўшы

имзаларын топлаў ушын кем дегенде жүз адамнан ибарат басламалы топарды дүзиўи мүмкин.

Пуқаралардың басламашы топардың ўәкилликли ўәкили топарды дизимнен өткериўди сорап Өзбекстан Республикасының Орайлық сайлаў комиссиясына арза менен мүрәжат етеди. Арзаға төмендегилер қосымша етиледи:

пуқаралардың басламашы топар ағзаларының фамилиясы, аты, әкесиниң аты, туўылған ўақты, жасаў мәнзили, паспортының ямаса идентификациялаўшы ID-картасының серияси ҳәм номери көрсетилген дизими;

пуқаралардың басламашы топар мәжилисиниң ўәкилликли ўәкилди тайынлаў ҳаққындағы қарары ҳәм оның атына нызамда белгиленген тәртипте рәсмийлестирилген исеним хаты;

пуқаралардың басламашы топар референдум өткериў ҳаққында баслама көрсетип қарар қабыл еткен жыйналысының баяннамасы;

референдумға алып шығыў ушын пуқаралардың басламашы топар усынып атырған мәселениң (мәселелердиң) тәриплемеси.

Өзбекстан Республикасының Орайлық сайлаў комиссиясы усынылған ҳүжжетлердиң усы Нызам талапларына муўапықлығын анықлағаннан соң, олар түскен күннен баслап бес күн ишинде пуқаралардың басламашы топар дизимге алыў ямаса дизимге алыўдан бас тартыў ҳаққында қарар қабыл етеди.

Пуқаралардың басламашы топар дизимге алыў ҳаққында қарар қабыл етилгеннен кейин ўәкилликли ўәкилге тийисли дизимнен өткенлиги гүўалығы бериледи.

Пуқаралардың басламашы топарын дизимге алыўдан бас тартқан жағдайда Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тийкарланған жуўап береди.

Пуқаралардың басламашы топар өзиниң ўәкилликли ўәкили дизимге алынғанлығы туўралы гүўалығын алғанынан кейин ғана референдумды өткериў басламасын қоллап-қуўатлаўшы имзалар топлаўға ҳақылы. Бунда пуқаралардың алдынғы топланған имзалары есапқа алынбайды. Пуқаралардың инталы топарына берилген дизимнен өткенлиги ҳаққындағы гүўалығы үш ай даўамында ҳақыйқый болып есапланады. Имзаларын жыйнаў

бойынша қәрежетлер пуқаралардың басламашы топары тәрепинен қапланады.

Имза қағазында референдумға қойылып атырған мәселениң тәрипи болыўы керек.

Пуқаралар қол қойыў қағазына өз фамилиясы, атын, әкесиниң атын, туўылған ўақтын, жасаў мәнзили, паспортының ямаса идентификациялаўшы ID-картасының сериясин ҳәм номерин, сондай-ақ имзалаў сәнесин көрсетеди.

Референдумға нызам жойбары қойылған жағдайда, имзаларды жыйнаўды әмелге асырып атырған шахс пуқараның талабына муўапық сол нызам жойбарының текстин усыныўы керек.

Имза қағазын имзаларды жыйнаған шахс, сондай-ақ пуқаралар басламашы топарының ўәкилликли ўәкили тастыйықлайды, бунда олар өзиниң фамилиясы, аты, әкесиниң аты, жасаў мәнзили, паспортының ямаса идентификациялаўшы ID-картасының сериясы ҳәм номерин көрсетеди.

Пуқаралардың имзасын топлаў жумыс, хызмет, оқыў орынларында, жасаў орнында, сондай-ақ үгит-нәсиятлаў ҳәм имзаларын топлаў нызам актлери менен қадаған етилмеген басқа орынларда өткериледи. Бунда қол қойыўды жыйнап атырған шахс пуқараларды ҳәр қандай түрде мәжбүрлеўине ҳәм өзине аўдырып алыўына жол қойылмайды.

Имзалар топланғаннан соң Қарақалпақстан Республикасы, ҳәр бир ўәлаят ҳәм Ташкент қаласы бойынша өз алдына папкаларға тигилген қол қойылған қағазлары, сондай-ақ пуқаралардың инталы топар жуўмақлаўшы баяннамасы пуқаралар басламашы топарының ўәкилликли ўәкили тәрепинен Өзбекстан Республикасының Орайлық сайлаў комиссиясына тапсырылады.

Ҳүжжетлерди усынған шахсқа Өзбекстан Республикасының Орайлық сайлаў комиссиясы ҳүжжетлер қабыл етип алынған сәне ҳәм ўақыт көрсетилген мағлыўматнама береди.

Өзбекстан Республикасының Орайлық сайлаў комиссиясы келип түскен ҳүжжетлердиң усы Нызам талапларына муўапықлығын тексереди ҳәм қол қағазлары келип түскен күннен баслап он күн ишинде Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық

палатасына өз жуўмағын жибереди ҳәм бул ҳаққында Өзбекстан Республикасының Президентин хабардар етеди.

Егер тексериў нәтийжесинде имзаларды қәлбекилестириў жағдайлары, усы Нызамның басқа бузылыўлары анықланса, Өзбекстан Республикасының Орайлық сайлаў комиссиясы референдум өткериў ҳаққындағы баслама ҳақықый емеслиги ҳаққында қарар шығарады. Сол қарар көширмеси пуқаралар инталы топарына жибериледи.

### *13-статья. Референдум тайынлаў ҳуқықы*

Референдум Өзбекстан Республикасының Олий Мажлиси тәрепинен тайынланады.

Өзбекстан Республикасының Президенти референдум өткериў басламасы менен шыққан жағдайда ол Өзбекстан Республикасының Олий Мажлисине мүрәжат етиўи ямаса референдум өткериў ҳаққында өзиниң қарарын қабыл етиўи мүмкин.

Референдумға қойылып атырған мәселениң тексти референдум белгиленгенде мақулланады.

### *14-статья. Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң палаталары тәрепинен референдумды тайынлаў тәртиби*

Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы референдум өткериў басламасын көрсетиў ҳаққындағы материалларды ҳәм жуўапкер комитеттиң жуўмағын еки ҳәпте ишинде көрип шығып, төмендеги қарарлардан бирин қабыл етиўи мүмкин:

референдумды белгилеў ҳәм оны өткериўди тәмийинлеў илажлары ҳаққында;

референдум өткериў ҳаққындағы басламаны бийкарлаў ҳаққында;

референдум өткериў ҳаққындағы басламада усынылған нызамды ямаса басқа қарарды референдум өткерместен қабыл етиў ҳаққында.

Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасының референдум мәселесине байланыслы қарары сол қарар қабыл етилген күннен баслап үш күн ишинде Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Сенатына, сондай-ақ референдум өткериў басламашыларына жибериледи.

Егер Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы референдум өткериў ҳаққындағы басламаны бийкарлаў ҳаққында қарар қабыл етсе, тап сол мазмун ямаса мәнидеги тәриплеме менен референдум өткериў ҳаққындағы мәселе Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасына көрип шығыў ушын бир жыл өткеннен кейин ғана қайта киритилиўи мүмкин.

Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Сенаты референдум өткериў басламасын көрсетиў ҳаққындағы материалларды, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасының референдум өткериў ҳәм референдум өткерилетуғын сәнени белгилеў ҳаққындағы қарарын, сондай-ақ жуўапкер комитеттиң усы мәселе бойынша жуўмағын еки ҳәпте ишинде көрип шығып, төмендеги қарарлардан бирин қабыл етиўи мүмкин:

референдумды белгилеў ҳәм оны өткериўди тәмийинлеў ис-илажлары ҳаққында;

референдум өткериў ҳаққындағы басламаны бийкарлаў ҳаққында.

Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Сенатының референдум мәселесине байланыслы қарары сол қарар қабыл етилген күннен баслап үш күн ишинде Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасына, сондай-ақ референдум өткериў басламашыларына жибериледи.

Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Сенаты референдумды өткериў ҳәм референдум өткерилетуғын сәнени белгилеў ҳаққында қарар қабыл еткен жағдайда Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Сенатының ҳәм Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасының усы мәселеге байланыслы қарарлары Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Сенаты усы мәселе бойынша қарар қабыл еткен

күннен баслап узағы менен үш күн ишинде баспа сөзде ҳәм басқа ғалаба хабар қуралларында жәрияланады.

Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси палаталарының референдумды өткериў ҳәм референдум өткерилетуғын сәнени белгилеў ҳаққындағы қарарларында оны өткериў сәнеси белгиленеди, бунда даўыс бериў палаталардың қарарлары жәрияланған күннен баслап бир ярым айдан үш айға шекем болған дәўирде қәлеген күнге белгилениўи мүмкин.

## III. РЕФЕРЕНДУМ ОКРУГЛАРЫ ХӘМ УЧАСТКАЛАРЫ

### *15-статья. Референдум округларын дүзиў*

Референдум округлары Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы шегараларында дүзиледи.

Референдум округларының референдумда қатнасыў ҳуқықына ийе болған пуқаралар саны ҳәм референдум өткериўши округ комиссиялар жайласқан орын көрсетилген дизимлери референдумды белгилеў ҳаққындағы қарар жәриялланғаннан соң узағы менен бес күн ишинде Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен жәрияланады.

### *16-статья. Референдум участкаларын дүзиў тәртиби ҳәм нормасы*

Референдум участкалары районлар, қалалар, қалалардағы районлардың шегараларын есапқа алған халда, референдумда қатнасыў ҳуқықына ийе болған пуқараларға мүмкиншилиги болғанынша көбирек қолайлылық жаратыў мақсетинде дүзиледи. Референдум участкалары әскерий бөлимлер, санаториялар, дем алыў үйлери, емлеўханаларда ҳәм басқа да стационар емлеў мәкемелеринде, алыс ҳәм барыў қыйын болған аймақлардағы пуқаралар турған орынларда, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында да дүзиледи. Бул участкалар өзлери жайласқан жердеги референдум округларына киреди.

Референдум участкалары Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанында дүзилиўи мүмкин. Өзбекстаннан сыртта дүзилетуғын референдум участкаларын тийисли округке бириктириў ҳаққындағы мәселе Өзбекстан Республикасының Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен шешиледи.

Референдум участкалары районлар, қалалар ҳәкимлериниң усыныснамасына муўапық референдум өткериўши округ комиссиялары тәрепинен дүзиледи. Әскерий бөлимлерде референдум участкалары бөлимлер ямаса әскерий бирикпелер командирлериниң усыныснамасына муўапық дүзиледи. Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанындағы референдум участкалары Өзбекстан Республикасы Сыртқы ислер министрлигиниң усыныснамасына муўапық Өзбекстан Республикасының Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен дүзиледи.

Референдум участкалары референдум өткериў ҳаққындағы қарар жәрияланғаннан кейин он бес күннен кешикпей дүзиледи. Әскерий бөлимлерде, Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанындағы, сондай-ақ алыс ҳәм барыў қыйын болған орынларда, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында да референдум участкалары тап усындай мүддетте, айырым жағдайларда болса жағдайдан келип шығып keminде бес күн қалғанда дүзиледи.

Референдум участкалары референдумда қатнасыў ҳуқықына ийе болған пуқаралардың, әдетте кеминде жигирма ҳәм көби менен үш мың адамнан ибарат ҳалда дүзиледи.

## IV. РЕФЕРЕНДУМ ӨТКЕРИЎШИ КОМИССИЯЛАРДЫ ДҮЗИЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ЎӘКИЛЛИКЛЕРИ

### *17-статья. Рефердум өткериўши комиссиялар*

Референдумды шөлкемлестириў ҳәм өткериў төмендеги комиссиялар тәрепинен әмелге асырылады:

Өзбекстан Республикасының Орайлық сайлаў комиссиясы;

референдум өткериўши округ комиссиялары;

референдум өткериўши участка комиссиялары.

Референдум өткериў менен бир ўақытта Өзбекстан Республикасы Президенти сайлаўы, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасына, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине, ўәлаят, район ҳәм қала ҳәкимият ўәкиллик уйымларына сайлаўлар өткерилетуғын болса, референдумды өткериў тийисли сайлаў комиссияларына жүклениўи мүмкин.

### *18-статья. Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының ўәкилликлери*

Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы:

Өзбекстан Республикасында референдум өткериў ушын шөлкемлестирилетуғын референдум өткериўши комиссиялар системасына басшылық етеди, Өзбекстан Республикасының пүткил аймағында усы Нызамның орынланыўы үстинен бақлаўды әмелге асырады, оның бирдей тәризде қолланылыўын тәмийинлейди;

референдум өткериўши комиссиялар искерлигин методикалық жақтан тәмийинлеўди әмелге асырады, референдумды шөлкемлестириў мәселелери бойынша өз ўәкилликлери шеңберинде қарарлар қабыл етеди, инструкциялар шығарады, режелерди тастыйықлайды ҳәм түсиндириўлер береди;

Өзбекстан Республикасы сайлаўшыларының бирден-бир электрон дизиминен пайдаланыўға байланыслы искерлигине улыўмалық басшылықты ҳәм бул искерликти муўапықластырыўды әмелге асырады;

референдумды өткериўши округларды дүзеди;

Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанында дүзилген референдум участкаларын тийисли округларға бириктириў ҳаққындағы мәселелерди шешеди;

референдумды өткериўши округ комиссияларын дүзеди, сондай-ақ олардың жайласқан орны ҳаққындағы мағлыўматларды жәриялайды;

референдумды өткериўши комиссиялар қурамына өзгерислер киритиў тәртибин белгилейди;

егер референдумды өткериўши округ комиссияларының қарарлары усы Нызамға қайшы болса, усы қарарларды ғәрезсиз рәўиште яки Өзбекстан Республикасы Бас прокурорының усынысына муўапық бийкарлайды;

сырт еллердиң, халықаралық шөлкемлердиң референдумдағы бақлаўшыларына мандатлар береди;

референдумға таярлық көриў ҳәмде оны өткериўге тийисли қәрежетлер сметасын ислеп шығады ҳәм тастыйықлайды, пул қаржыларынреферендумдыөткериўшикомиссияларғабөлистиреди, референдумды өткериўши комиссиялардың имаратлар, транспорт ҳәм байланыс қураллары менен тәмийинлениўин қадағалайды, референдумды материаллық-техникалық жақтан тәмийинлеўге байланыслы басқа да мәселелерди көрип шығады;

сиясий партиялардың бақлаўшылары, пуқаралардың баслама топарлары, ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери, басқа мәмлекетлер, халықаралық шөлкемлердиң бақлаўшылары ушын мандат үлгисин белгилейди;

референдумда даўыс бериў бюллетенлериниң, референдумда қатнасыў ҳуқықына ийе пуқаралар дизиминиң, қол қойыў қағазларының, референдум өткериўши комиссиялар баяннамаларының ҳәм басқа ҳүжжетлердиң үлгилерин ҳәм де формаларын, даўыс бериў қутыларының және референдум өткериўши комиссиялар мөрлериниң үлгилерин, оларды сақлаў тәртибин белгилейди;

референдум өткериўши комиссиялар, сиясий партиялар, министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм ведомостволар, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары, баска мәмлекетлик уйымлар менен мәмлекетлик емес коммерциялык емес шөлкемлери ўәкиллериниң референдумға таярлык көриў ҳәм оны өткериў менен байланыслы мәселелер бойынша мағлыўматларын тыңлайды;

референдумның нәтийжелерин анықлайды ҳәм референдум жуўмақларын жәриялайды;

даўыс бериўши пуқаралардың ҳәм референдум басқа қатнасыўшыларының мүражатларын көрип шығады ҳәмде олар бойынша қарарлар қабыл етеди, референдум өткериўши

комиссиялардың ҳәрекетлери ҳәм қарарлары үстинен берилген шағымлар буннан тысқары;

усы Нызамның талаплары бузылғанлығы ҳаққындағы материалларды судқа ямаса ҳуқықты қорғаў уйымларына тапсырады;

сырт еллердеги референдумларды бақлаўда қатнасады, соның менен бирге халықаралық шөлкемлердиң миссиялары қурамында қатнасады;

халықаралық шөлкемлерди, сырт еллердиң сайлаў органларын ҳәм ўәкиллерин референдумды бақлаў ушын мирәт етеди;

референдумды шөлкемлестириў ҳәм өткериў менен байланыслы ҳүжжетлердиң ведомостволық архивлерге тапсырылыўын тәмийинлейди;

жәмәәтшилик, ғалаба хабар қураллары менен байланысларын беккемлейди ҳәм раўажландырады.

Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының усы Нызам менен тәртиплестирилмеген ўәкилликлери Өзбекстан Республикасының Сайлаў кодекси ҳәм сайлаў ҳаққындағы басқа нызам актлери менен де тәртипке салынады.

### *19-статья. Референдум өткериўши округ комиссиясын дүзиў*

Референдум өткериўши округ комиссия референдум өткериў ҳаққындағы қарар жәрияланғаннан кейин Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен он күннен кешикпей комиссия баслығы, баслық орынбасары, хаткерден ҳәм комиссиянын сегиз - он сегиз басқа ағзаларынан ибарат тәртипте дүзиледи.

Референдум өткериўши округ комиссиялар ағзалығына талабанлар Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң, халық депутатлары ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы Кеңеслериниң мәжлислеринде додаланады ҳәм референдум өткериў ҳаққындағы қарар жәрияланғаннан кейин жети күннен кешикпей Өзбекстан Республикасының Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықлаў ушын усыныс етиледи.

***20-статья. Референдум өткериўши округ комиссиясының ўәкилликлери***

Референдум өткериўши округ комиссиясы:

1) тийисли округ аймағында усы Нызам орынланыўын қадағалайды;

2) референдум участкаларын дүзеди, округ бойынша олардың тәртип санын белгилейди, мәнзилин көрсеткен ҳалда олардың дизимин жәриялайды;

3) референдум өткериўши участка комиссияларын дүзеди ҳәм олардың қурамы менен жайласқан мәнзили ҳаққындағы мағлыўматларды жәриялайды;

4) референдум өткериўши участка комиссияларының искерлигин муўапықластырып барады;

5) қаржыларды референдум өткериўши участка комиссиялары арасында бөлистиреди, участка комиссияларының имаратлар, транспорт, байланыс қураллары менен тәмийинлениўин қадағалайды ҳәм округте референдумды материаллық-техникалық тәрептен тәмийинлеўдиң басқа мәселелерин көрип шығады;

6) референдумға қойылған мәселениң мазмунын түсиндириўге қаратылған илажларды өткериўде ғалаба хабар қуралларына көмеклеседи;

7) жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары ўәкиллериниң, жәмийетлик бирлеспелер, кәрханалар, мәкемелер ҳәм шөлкем басшыларының референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў менен байланыслы мәселелер бойынша мәлимлемелерин тыңлайды;

8) даўыс бериўши пуқаралардың дизимлери дүзилиўи ҳәм олардың ҳәмме танысып шығыўы ушын усынылыўын қадағалап барады;

9) референдум өткериўши участка комиссияларын даўыс бериў бюллетенлери менен тәмийинлейди;

10) округ бойынша даўыс бериў жуўмақларын анықлайды ҳәм Өзбекстан Республикасының Орайлық сайлаў комиссиясына усынады;

11) даўыс бериўши пуқаралардың ҳәм референдум басқа қатнасыўшыларының мүрәжатларын көрип шығады ҳәмде

олар бойынша қарарлар қабыл етеди, референдум өткериўши комиссиялардың хәрекетлери хәм қарарлары үстинен берилген шағымлар буннан тысқары;

12) усы Нызам хәм басқа нызамшылық актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

### *21-статья. Референдум өткериўши участка комиссиясын дүзиў*

Референдум өткериўши участка комиссиясы референдум өткериў ҳаққындағы қарар жәрияланғаннан кейин округ комиссиясы тәрепинен жигирма бес күннен кешиктирместен бес – он тоғыз ағзадан, соның менен бирге комиссия баслығы, баслық орынбасары хәм хаткерден ибарат қурамда дүзиледи.

Референдум өткериўши участка комиссиясы қурамының санын зәрүр болған жағдайларда көбейтирилиўи ямаса кемейтирилиўи мүмкин.

Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги дипломатиялық хәм басқа ўәкилханалары жанында референдум өткериўши участка комиссия баслығының ўазыйпаларын олардың баслығы әмелге асырады.

Референдум өткериўши участка комиссиясы ағзалығына талабанлар пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, жәмийетлик бирлеспелер, кәрханалар, мәкемелер хәм шөлкемлер тәрепинен усынылып, бул талабанлар халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеслериниң мәжилислеринде додаланады хәмде тийисли референдум өткериўши округ комиссиясына тастыйықлаў ушын усынылады.

### *22-статья. Референдум өткериўши участка комиссиясының ўәкилликлери*

Референдум өткериўши участка комиссиясы:

1) участка бойынша референдумда қатнасыў ҳуқықына ийе болған пуқаралардың дизимин дүзеди;

2) пуқараларды даўыс бериўши пуқаралар дизими менен таныстырады, дизимде жол қойылған қәтеликлер хәм анықсызлық-

лар ҳаққындағы арзаларды қабыл етеди ҳәм көрип шығады және дизимге тийисли өзгерислер киритиў ҳаққындағы мәселени шешеди;

4) халықты даўыс бериў өткерилетуғын күн ҳәм орын ҳаққында хабардар етеди;

5) даўыс бериў ханалары, кабиналар ҳәм қутылар және басқа қураллардың таярлап қойылыўын тәмийинлейди;

6) референдум участкасында даўыс бериўди шөлкемлестиреди;

7) референдум участкасында берилген даўысларды есаплап шығады;

8) даўыс бериўге таярлық көриў ҳәм даўыс бериўди өткериў мәселелери бойынша түскен арза ҳәм шағымларды көрип шығады ҳәмде олар бойынша қарарлар қабыл етеди;

9) усы Нызам ҳәм басқа нызамшылық актлерине муўапық басқа ўәкилликлерди әмелге асырады.

### *23-статья. Референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссияларына ағзалық*

Жигирма бир жасқа толған, орта ямаса жоқары мағлыўматқа, қағыйда тәртибинде сайлаўға және референдумларға таярлық көриў ҳәм оларды өткериў бойынша ис тәжирийбесине ийе болған, халық арасында абырой-итибарға ерискен пукаралар референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссиясының ағзалары болыўы мүмкин.

Сиясий партиялардың ағзалары, ўәлаят, район ҳәм қала ҳәкимлери, прокуратура уйымларының, судлардың лаўазымлы шахслары, пукаралардың инта топарының қурамына кириўши шахслар референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссиясының ағзасы болыўы мүмкин емес.

Референдум өткериўши участка комиссиясы ағзаларының ярымынан көпшилигин бир шөлкемде ислеўши шахслар қурайтуғын болса, олар бул комиссия қурамына усыныльўы мүмкин емес, Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанындағы, әскерий бөлимлерде, санаторийларда ҳәм дем алыў үйлеринде, емлеўханаларда ҳәм

басқа стационар емлеў мәкемелеринде, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында шөлкемлестирилген референдум өткериўши участка комиссиялары буннан тысқары.

Комиссияның ағзасы жеке өзи берген арзасына муўапық, сондай-ақ ўәкилликлеринен айрылған жағдайда өз ўазыйпасын орынлаўдан азат етилиўи мүмкин.

Комиссия ағзасын ўакилликлеринен айырыў ҳуқықы комиссияны дүзген органға тийисли болып, комиссия ағзасы усы Нызам талапларын бузған ямаса өз ўазыйпаларын турақлы түрде итибарсыз қалдырып келген жағдайда өз ўәкиллигинен айрылады.

Зәрүрлик болғанда комиссияның жаңа ағзасы усы Нызамда белгиленген тәртипте тастыйықланады.

Бир шахс референдум өткериўши тек ғана бир комиссияға ағза болыўы мүмкин.

### *24-статья. Референдум өткериўши комиссиялардың жумысын шөлкемлестириў ҳәм олардың ўәкиллик мүддети*

Егер референдум өткериўши комиссияның мажлисинде сол күнги комиссия қурамының keминде үштен еки бөлеги қатнасса, мәжилис ўәкилликли болып есапланады. Комиссия қарары ашық даўыс бериў арқалы комиссия улыўмалық қурамының көпшилик даўысы менен қабыл етиледи. Қарарға разы болмаған комиссия ағзалары өзлериниң айрықша пикирлерин баян етиўге ҳақылы болып есапланады, бул пикир жазба формада баяннамаға қосымша етиледи. Егер даўыслар тең болып қалса, басшылық етиўшиниң даўысы шешиўши күшке ийе болады.

Референдум өткериўши комиссияның өз ўәкилликлери шеңберинде қабыл еткен қарары төменги комиссиялар, сондай-ақ барлық мәмлекетлик уйымлар, жәмийетлик бирлеспелер, әскерий бөлимлердиң, кәрхана, мәкеме ҳәм шөлкемлер басшыларының орынлаўы ушын мәжбүрий болып табылады.

Референдум өткериўши комиссияның баслығы, баслық орынбасары, хаткери ямаса басқа ағзаларынан бири комиссияның қарарына муўапық референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў

дәўиринде ендиристен ямаса хызмет ўазыйпаларын орынлаўдан азат етилиўи мүмкин. Бунда референдум өткериў ушын ажыратылатуғын қаржылардың есабынан оның орташа айлық ис ҳақы саклап қалынады.

Референдум өткериўши комиссиялардың ағзаларына референдумға таярлык көриў ҳәмде оны өткериўге байланыслы қаржылар сметасында көрсетилген муғдарда транспорт, аўқатланыў қәрежетлериниң ҳәм басқа қәрежетлердиң орнын қаплаў мақсетинде компенсация төленеди.

Мәмлекетлик уйымлар ҳәм жәмийетлик бирлеспелер уйымлары, кәрханалар, мәкемелер, шөлкемлер, лаўазымлы шахслар референдум өткериўши комиссияларға өз ўәкилликлерин әмелге асырыўы ушын жәрдем бериўи, олардың жумысы ушын зәрүр мағлыўматларды усыныўы шәрт.

Мәмлекетлик уйымлар, кәрханалар, мәкемелер, шөлкемлер керекли имаратлар ҳәм инвентарларды референдум өткериўши комиссиялар ықтыярына бийпул берип турады.

Референдум өткериўши комиссия референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў менен байланыслы мәселелер бойынша мәмлекетлик уйымларға ҳәм жәмийетлик бирлеспелер уйымларына, кәрханалар, мәкемелер ҳәм шөлкемлерге, лаўазымлы шахсларға мүрәжат етиў ҳуқықына ийе. Олар қойылған мәселени узағы менен үш күн ишинде көрип шығыўлары ҳәм референдум өткериўши комиссияға жуўап қайтарыўлары шәрт.

Референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссиялар референдум нәтийжелери жәриялапғаннан кейин өз искерлигин жуўмақлайды.

### *25-статья. Референдум өткериўши комиссиялардың қарарлары үстинен түскен шағымларды көрип шығыў*

Пуқаралар, сондай-ақ бақлаўшылар референдум өткериўши комиссияларының қарарлары үстинен усы қарар қабыл етилгеннен кейин бес күн ишинде судқа шағым етиўи мүмкин. Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының қарарлары үстинен

қарар қабыл етилгенинен кейин бес күн ишинде Өзбекстан Республикасы Жоқарғы судына шағым етиўи мүмкин. Шағым келип түскеннен кейин үш күн ишинде, егер референдумға алты күннен аз ўақыт қалған болса, дәрҳал көрип шығылады. Шағым берген шахслар шағымды көрип шығыўда тиккелей қатнасыў ҳуқықына ийе.

### *25[1]-статья. Референдум өткериўши комиссиялар тәрепинен физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатларын көрип шығыў тәртиби*

Референдум өткериўши комиссиялар референдумды өткериў ўақтында физикалык ҳәм юридикалық шахслардың усы Нызам талаплары бузылғанлығы ямаса референдумды шөлкемлестириўдин басқа мәселелери ҳаққында өзине келип түскен мүрәжатларды өз ўәкилликлери шеңберинде көрип шығыўы, усы мүрәжатлар бойынша тексериўлер өткериўи ҳәм үш күнлик мүддетте оларға жазба жуўаплар бериўи, референдумға кеминде алты күн қалғанда ямаса даўыс бериў күни келип түскен мүрәжатларды болса дәрҳал көрип шығып, жуўап қайтарыўы шәрт, референдум өткериўши комиссиялардың ҳәрекетлери ҳәм қарарлары үстинен берилген шағымлар буннан тысқары.

Мүрәжатлар дизимге алыў дәптеринде дизимге алыныўы керек.

Референдум өткериўши комиссияның баслығы мүрәжатты көрип шығыў ҳәм оған байланыслы карар қабыл етиўи ушын тийисли комиссияны усы Нызамда белгиленген мүддетлерде шақырады ҳәм онын мәжилисин өткереди. Мәжилиске мәцдар шахслар мирәт етилиўи мүмкин.

Қойылған мәселелерди шешиў өз ўәкиллигине кирмейтуғын референдум өткериўши участка комиссиясына келип түскен мүрәжат үш күнлик мүддетте тийисли уйымларға мүрәжат жиберген шахс бул ҳаққында хабардар етилген ҳалда жибериледи.

Мүрәжатты көрип шыққан референдум өткериўши комиссиялар ағзалары оны көрип шығыў нәтийжелери ҳәм қабыл етилген қарар ҳаққында мүрәжат жиберген шахсты хабардар етиўи шәрт.

## V. ДАЎЫС БЕРИЎШИ ПУҚАРАЛАРДЫҢ ДИЗИМЛЕРИ. РЕФЕРЕНДУМДА ДАЎЫС БЕРИЎ БЮЛЛЕТЕНИ

### *26-статья. Даўыс бериўши пуқаралардың дизимлерин дүзиў*

Референдумда қатнасыў ҳуқықына ийе болған, дизим дүзилип атырған ўақытта бул референдум участкасы аймағында турақлы ямаса ўақытша жасап атырған Өзбекстан Республикасы пуқаралары даўыс бериўши пукаралар дизимине киргизиледи.

Дизимге даўыс бериўши хәр бир пуқараның фамилиясы, аты, әкесиниң аты, туўылған сәнеси ҳәм жасаў мәнзили киргизиледи.

Ҳәр бир пукара даўыс бериўшилердиң тек бир дизимине киргизилиўи мүмкин.

Даўыс бериўши пуқаралардың дизимлери Өзбекстан Республикасы сайлаўшыларының бирден-бир электрон дизими тийкарында дүзиледи.

Әскерий бөлимлердеги даўыс бериўши әскерий хызмет-керлердиң, сондай-ақ әскерий хызметкерлердиң шаңарақ ағз-алары ҳәм басқа пуқаралардың дизимлери, егер олар әскерий бөлимлер жайласқан орында жасаса, әскерий бөлимлердиң коман-дирлери усынған мағлыўматлар тийкарында дүзиледи. Әскерий бөлимлерден тысқарыда жасаўшы әскерий хызметкерлер өзлериниң турақ жайлары бойынша улыўмалық тийкарларда даўыс бериўши пуқаралар дизимине киргизиледи.

Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанында, санаторийлар ҳәм дем алыў үйлеринде, емлеўханалар ҳәм басқа стационар емлеў мә-кемелеринде, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген референдум участкалары бойынша пуқаралардың дизимлери усы мәкемелер (ведомстволар) басшылары тәрепинен усынылған мағлыўмат тийкарында дүзиледи.

Даўыс бериўши пуқаралардың фамилиялары дизимлерде даўыс бериўди шөлкемлестириў ушын қолайлы болған тәртипте көрсетиледи.

***26[1]-статья. Сырт еллерде турған пуқараларды даўыс бериўши пуқаралардың дизимине киритиў***

Сырт еллерде турған пуқаралар Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанында дүзилген референдум өткериўши участка коммиссияларына оларды даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритиў ҳаққында референдумнан он бес күн алдын жазба формада ямаса Өзбекстан Республикасы Сыртқы ислер министрлигиниң рәсмий веб-сайты арқалы электрон формада мүрәжат етиў мүмкин.

Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханаларының жанында дүзилген референдум өткериўши участка комиссялар сырт еллерде турған пуқаралардың оларды даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритиў ҳаққындағы мүрәжатында көрсетилген шахсқа тийисли мағлыўматларды үш күн ишинде тексереди ҳәм пуқараны даўыс бериўши пуқаралардың дизимине киритиў ҳаққындағы мәселени шешеди.

Өзбекстан Республиасының сырт еллердеги дипломатиялық ҳам басқа ўәкилханалары жанында дүзилген референдум өткериўши участка комиссиялар даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритилген пуқаралар ҳаққындағы мағлыўматларды дәрҳал Өзбекстан Республикасының Сыртқы ислер министрлигине усынады.

Өзбекстан Республикасы Сыртқы ислер министрлиги даўыс бериўши пуқаралардың дизимине киргизилген пуқаралар ҳаққындағы мағлыўматларды дәрҳал Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Мәмлекетлик персоналластырыў орайына Сайлаўшылардың бирден-бир электрон дизимине тийисли дүзетиўлер киритиў ушын усыныс етеди.

***27-статья. Даўыс бериўши пуқаралардың дизимлери менен таныстырыў***

Даўыс бериўши пуқаралардың дизими даўыс бериў күнине он күн қалғанда, Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанында, санаторийлар ҳәм демалыў үйлеринде, емлеўханалар ҳәм басқа

стационар емлеў мәкемелеринде, алыс ҳәм барыў қыйын болған орынларда, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген участкаларда болса даўыс бериў күнине жети күн қалғанында ҳәмме танысып шығыўы ушын усынылады. Референдум өткериўши участка комиссиясы дизим менен танысыў орны ҳәм ўақты ҳаққында пуқараларды хабардар етеди.

Пуқараларға референдум өткериўши участка комиссиясының имаратында ҳәм Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының рәсмий веб-сайт арқалыдаўыс бериўши пуқаралардың дизими менен танысыў имканияты тәмийинленеди. Сырт еллерде турған пуқараларға даўыс бериўши пуқаралар дизиминдеги өзине тийисли мағлыўматлар менен танысыў имканияты Өзбекстан Республикасының Сыртқы ислер министрлиги, Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханаларының рәсмий веб-сайтлары арқалы да тәмийинленеди.

Даўыс бериўши пуқаралардың дизимлеринде өзгерислер киргизиў референдумға бес күн қалғанда тоқтатылады.

### *28-статья. Даўыс бериўши пуқаралар дизимлери бойынша тартысыў*

Өзбекстан Республикасының ҳәр бир пуқарасы даўыс бериўши пуқаралар дизиминдеги қәте ямаса анықсызлық ҳаққында референдум өткериўши участка комиссиясына мүрәжат етиўи мүмкин. Референдум өткериўши участка комиссиясы 24 саат ишинде мүрәжатты тексериўи ҳәм қәтеликти яки анықсызлықты сапластырыўы ямаса мүрәжат етиўшиге оның мүрәжатын көрип шығыўдан бас тартылғанлығы ҳаққында тийкарланған жуўап бериўи шәрт.

Референдум өткериўши участка комиссиясының ҳәрекетлери ҳәм қарарлары үстинен нызамда белгиленген тәртипте судқа шағым етиўи мүмкин.

### *29-статья. Референдумда даўыс бериў бюллетени*

Референдумда даўыс бериў бюллетенинде референдумға қойылатуғын мәселениң тексти анық сәўлелендириледи ҳәм даўыс бериўши ерк-ықрарының вариантлары «аўа» яки «яқ» ямаса «разы» яки «қарсы» деп көрсетиледи.

Референдумға бир неше мәселе қойылғанда олар бир даўыс бериў бюллетенине киргизиледи, избе-изликте номерлеп шығылады ҳәм бири екиншисинен горизонтал сызықлар менен ажыратылады. Нызам жойбарлары қандайда бир статьясының альтернатив текстлери де избе-изликте номерленип шығылады ҳәм бири екиншисинен горизонтал сызықлар менен ажыратылады.

Даўыс бериў бюллетенинде оны толтырыў тәртиби ҳаққында түсиндирме болыўы керек.

Бюллетенлер мәмлекетлик тилде, сондай-ақ референдум өткериўши округ комиссиясының қарарына муўапық тийисли референдум округы халқының көпшилиги сөйлесетуғын тиллерде басып шығарылады.

Даўыс бериў бюллетенлери Брайль әлипбеси тийкарында таярланыўы мүмкин.

### *30-статья. Референдумда даўыс бериў бюллетенлерин жеткерип бериў*

Референдум өткериўши участка комиссиялары даўыс бериў бюллетеньлерин референдум өткерилетуғын күнге, соның менен бирге мүддетинен алдын даўыс бериў күнине кеминде үш күн қалғанда округ комиссияларынан алады. Даўыс бериў бюллетенлери берилгенлиги ҳәм алынғанлығын референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссиясының баслығы ямаса баслық орынбасары яки хаткери тийисли ҳүжжетте өз имзасы менен тастыйықлайды.

Референдум өткериўши участка комиссиясы алатуғын даўыс бериў бюллетенлериниң саны участка бойынша дизимлерге киритилген пуқаралар санының ярым проценттен артық болыўы мүмкин емес. Даўыс бериў бюллетениниң оң тәрепиниң жоқарғы мүйешине референдум өткериўши участка комиссиясының еки ағзасы имзалайды, имзалар референдум

өткериўши участка комиссиясының мөри менен тастыйықланады. Участка комиссиясы тәрепинен тастыйықланбаған даўыс бериў бюллетеньлери даўысларды санап шығыўда есапқа алынбайды.

Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанында дүзилген референдум участкаларындағы даўыс бериўшилер саны ҳаққында Өзбекстан Республикасының Сыртқы ислер министрлиги тәрепинен усынылған мағлыўматлар тийкарында Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы даўыс бериў бюллетенлериниң таярланыўы ҳәм жеткерип берилиўин тәмийинлейди.

## VI. ДАЎЫС БЕРИЎ ҲӘМ РЕФЕРЕНДУМ НӘТИЙЖЕЛЕРИН АНЫҚЛАЎ

### *31-статья. Даўыс бериў имараты*

Даўыс бериў арнаўлы ажыратылған имаратларда өткерилип, оларда жасырын даўыс бериў ушын жеткиликли муғдарда кабиналар ямаса ханалар үскенеленген болыўы, даўыс бериў бюллетенлери усынылатуғын орын анықланған ҳәм даўыс бериў қутылары орнатылған болыўы керек. Даўыс бериў қутылары олардың жанында даўыс бериўшилер әлбетте жасырын даўыс бериў кабинилары яки ханаларынан өтип баратуғын етип жайластырылады.

Даўыс бериў имаратында ямаса тиккелей оның алдында участка комиссиясы стенд үскенелеп, оған даўыс бериў бюллетениниң үлгиси ҳәм оны толтырыў тәртиби жайластырылады, егер референдумға нызам жойбары қойылған болса, стендте сол жойбардың тексти де жайластырылады. Егер референдумға қойылған нызам жойбары әмелдеги нызамның бийкар етилиўин ямаса оған өзгерислер яки қосымшалар киргизилиўин нәзерде тутса, стендке бийкар етилиўи, өзгертилиўи яки қосымшалар киргизилиўи усыныс етилип атырған әмелдеги нызам тексти жайластырылады.

Район, қала ҳәкимлиги даўыс бериўди шөлкемлестириў ушын ҳәр бир участканы имарат пенен тәмийинлейди.

Иมаратты үскенелеў хәм онда зәрүр тәртипти сақлап турыў жуўапкершилиги референдум өткериўши участка комиссиясы жуўапкеришилигинде болады.

### *32-статья. Даўыс бериў ўақты хәм орны*

Даўыс бериў референдум күни саат 8.00 ден 20.00 ге шекем өткериледи. Даўыс бериў ўақты хәм орны хаққында участка комиссиясы референдум өткерилетуғун күнге кеминде он күн қалғанда пуқараларды хабардар етеди.

Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги дипломатиялық хәм басқа ўәкилханалары жанында, әскерий бөлимлерде, санаторийларда, дем алыў үйлеринде, емлеўханалар хәм басқа стационар емлеў мәкемлеринде, сондай-ақ алыс хәм барыў қыйын болған жерлердеги пуқаралар турған орынларда, қамақта сақлаў хәм еркинен айырыў орынларында дүзилген референдум участкаларында, егер дизимге киргизилген барлық пуқаралар даўыс берип болған болса, участка комиссиясы даўыс бериў жуўмақланғанын қәлеген ўақытта жәриялаўы мүмкин.

### *33-статья. Даўыс бериўдиң басланыўы*

Референдум күни даўыс бериў имараты референдум өткериўши участка комиссиясы ағзаларының кеминде үштен еки бөлеги бар болғанда ғана ашылады. Референдум өткериўши комиссия баслығы комиссия ағзаларының қатнасында даўыс бериў қутысын мөрлейди, даўыс бериў бюллетеньлери хәм референдумда қатнасыў хуқықына ийе болған пуқаралардың дизимлерин комиссия ағзалары арасында бөлистиреди хәм даўыс бериў басланғанлығын жәриялайды. Даўыс бериў бюллетеньлериниң улыўма саны айрықша хүжжет пенен рәсмийлестириледи.

### *34-статья. Даўыс бериўде қатнасыўшы пуқараның шахсын анықлаў*

Даўыс бериў имаратына келип, пуқара участка комиссиясының ағзасына өз шахсын тастыйықлаўшы хүжжетин көрсетеди хәмде

даўыс бериўши пуқаралар дизимине қол қояды. Буннан кейин оған даўыс бериў бюллетени бериледи.

Қандай да бир себепке көре дизимге кирмей қалған пукаралардың фамилиялары шахсы, жасаў орнын тастыйықлаўшы ҳүжжет тийкарында даўыс бериўши пуқаралар дизиминиң қосымшасына киритиледи.

***35-статья. Даўыс бериў тәртиби***

Референдумда даўыс бериў бюллетени даўыс бериўши тәрепинен жасырын даўыс бериў кабинасында ямаса ханасында толтырылады. Даўыс бериў бюллетенин толтырыў ўақтында даўыс бериўшиден басқа шахслардың болыўы қадаған етиледи. Бюллетенди ғәрезсиз рәўиште толтырыў имканиятына ийе болмаған пуқара өз қәлеўине көре, референдум өткериўши комиссия қурамына киретуғын шахслардан, бақлаўшылардан тысқары басқа шахсты кабинаға ямаса ханаға шақырыўға ҳақылы.

Пуқаралар даўыс бериў бюллетенинде референдумға қойылып атырған мәселе бойынша өзи даўыс берип атырған вариант туўрысына, оң тарепте жайласқан бос квадратқа яки «+» яки «✓» ямаса «х» белгисин қояды.

Толтырылған бюллетенди пуқара даўыс бериў қутысына таслайды. Даўыс бериў қутылары референдум өткериўши участка комиссиясы ағзаларына ҳәмде бақлаўшыларға көринип турыўы керек.

Бузып қойылған даўыс бериў бюллетени пуқараның илтимасына көре тазасы менен алмастырылыўы мүмкин. Бузып қойылған даўыс бериў бюллетенлери есапқа алыныўы, бийкар етилиўи ҳәм ҳәм бөлек сақланыўы лазым.

Айырым пуқаралар денсаўлығының жағдайына яки басқа себеплерге байланыслы даўыс бериў имаратына келе алмаған жағдайда, олардың илтимасына көре референдум өткериўши участка комиссиясы даўыс бериўди усы пуқара турған орыны бойынша, көшпели даўыс бериў қутыларынан пайдаланып шөлкемлестиреди.

Пуқаралардың арзалары бойынша жолға шығатуғын участка комиссиясының ағзалары арзалар санына тең муғдардағы

бюллетенлерди қол қойып алады. Пуқаралар арзаларының саны, сондай-ақ ислетилген ҳәм қайтарылған даўыс бериў бюллетенлериниң саны айрықша актте көрсетиледи. Бир ўақыттың өзинде даўыс бериўши пуқаралар дизиминде пуқара референдум участкасы имаратынан тысқары даўыс бергенлиги белгилеп қойылады. Участка комиссиясы ағзалары референдум участкасы имаратына қайтқаннан кейин көшпели даўыс бериў қутысы даўысларды санап шығыў басланғанға шекем ашылмайды. Даўыс бериўди референдум участкасы имаратынан тысқарыда шөлкемлестириў ҳәм өткериў даўыс бериў сырының әшкара болыўы ямаса пуқараның қәлеўи ҳәм ерк-ықрары бузып көрсетилиўи итималлығын келтирип шығармаўы керек.

Референдум өткериўши участка комиссиясының ағзасы ямаса бақлаўшы даўыс бериў сырын әшкара етсе ямаса пуқаралардың ерк-ықрарына тәсир көрсетиўге ҳәрекет етсе, участка комиссиясының ағзасы комиссия жумысында қатнасыўдан шетлестириледи, бақлаўшы болса даўыс бериў имаратынан дәрҳал шығарып жибериледи. Бул ҳаққында референдум өткериўши участка комиссиясы қарар қабыл етеди.

### *35[1]-статья. Мүддетинен алдын даўыс бериў*

Референдум күни өзи жасайтуғын жерде болыў имканиятына ийе болмаған даўыс бериўши мүддетинен бурын даўыс бериў ҳуқықына ийе.

Мүддетинен бурын даўыс бериў референдумға он күн қалғанда басланады ҳәм референдумға үш күн қалғанда тамамланады. Мүддетинен бурын даўыс бериўди өткериў ўақты Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен белгиленеди ҳәм пуқаралардың, бақлаўшылардың итибарына ғалаба хабар қураллары арқалы жеткериледи.

Даўыс бериўши мүддетинен бурын даўыс бериўди әмелге асырыў ушын референдум күнинде бола алмаўының себеплери (мийнет дем алысы, хызмет сапары, шет елге шығыў ҳәм х. т.б.) көрсетилген арза тийкарында тийисли участка комиссиясынан референдумда даўыс бериў бюллетенин алады.

Даўыс бериўши референдумда даўыс бериў бюллетенин алғанлығы ҳаққында тийисли участка комиссиясының кеминде еки ағзасы қатнасында даўыс бериўши пуқаралар дизимине қол қояды.

Референдумда даўыс бериў бюллетени арнаўлы үскенеленген жасырын даўыс бериў кабинасында ямаса ханасында даўыс бериўши тәрепинен толтырылады.

Даўыс бериўши шешим қабыл етеди ҳәм толтырылған референдумда даўыс бериў бюллетенин жабық конвертте қалдырады, конверт тийисли участка комиссиясының сейфинде сақланады. Конверттиң желимленген жерине участка комиссиясының еки ағзасының имзалары қойылып, олар комиссияның мөри менен тастыйықланады.

### *35²-статья. Пуқараның сырт елде турған орнында даўыс бериўи*

Өзбекстан Республикасының халықаралық шәртнамаларына ҳәм сырт еллердиң ўәкилликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары менен келисимлерге муўапық сырт еллердиң халқы көп жайласқан аймақларда мүддетинен бурын даўыс бериў пуқараның турған орнында өткерилиўи мүмкин.

Өзбекстан Республикасының сырт елдеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханасы жанында дүзилген референдум өткериўши участка комиссиясы пуқаралардың турған орнында даўыс бериў ўақты ҳәм орны ҳаққында шешим қабыл етеди ҳәм бул ҳаққында пуқараларды, бақлаўшыларды ғалаба хабар қураллары арқалы хабардар етеди.

Пуқаралардың турған орнында даўыс бериўи Өзбекстан Республикасының сырт елдеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханасы жанында дүзилген референдум өткериўши участка комиссиясының кеминде еки ағзасы қатнасында өткериледи.

Даўыс бериў тамамланғаннан кейин референдум өткериўши участка комиссиясы ағзалары көшпели даўыс бериў қутысын ашады, оның ишиндеги даўыс бериў бюллетенлерин санамастан арнаўлы қалтаға жайғастырады, қалтаны пломбалайды ҳәм бул ҳаққында акт дүзеди.

Даўыс бериў бюллетенлери салынған қалта пломбаланған ҳалда акт пенен бирге референдум участкасына алып барылады ҳәм референдум күни даўысларды санап шығыў процесси басланғанға шекем сақланады.

### *36-статья. Референдум участкасында даўысларды санап шығыў*

Даўыс бериў тамамланғаннан кейин, пайдаланылмаған бәрше даўыс бериў бюллетенлери даўыс бериў қутыларын ашыўдан алдын референдум өткериўши участка комиссиясының ағзалары қатнасында санап шығылады ҳәм референдум өткериўши участка комиссиясы тәрепинен бийкар етиледи.

Даўыс бериў қутылары референдум өткериўши участка комиссиясының баслығы даўыс бериў тамамланды деп жәриялағаннан кейин референдум өткериўши участка комиссиясы тәрепинен ашылады. Даўыс бериў тамамланғанға шекем даўыс бериў қутыларын ашыў қадаған етиледи. Даўыс бериў қутыларын ашыў нәўбетпе-нәўбет әмелге асырылады, дәслеп көшпели, кейин стационар даўыс бериў қутылары ашылады.

Даўыслар тиккелей референдум өткериўши участка комиссиясы ағзалары тәрепинен санап шығылады.

Даўыс бериў бюллетениниң ҳақыйқыйлығына гүман туўылса, мәселе референдум өткериўши участка комиссиясы тәрепинен даўысқа қойыў арқалы шешиледи. Даўыс бериў бюллетенин ҳақыйқый емес деп табыў ҳаққында қарар қабыл етилсе, участка комиссиясы оның арқа тәрепинде ҳақыйқый емеслигиниң себеплерин көрсетеди. Бул жазыў референдум өткериўши участка комиссияның кем дегенде үш ағзасының имзасы менен тастыйықланады.

Референдум өткериўши участка комиссиясы референдумда қатнасыў ҳуқықына ийе болған пуқаралардың улыўмалық санын, бюллетенлерди алған пуқаралардың санын анықлайды.

Даўыс бериў қутыларындағы даўыс бериў бюллетенлери тийкарында комиссия:

даўыс бериўде қатнасқан пуқаралардың санын;

референдумға қойылған мәселени жақлап берилген даўыслар санын;

референдумға қойылған мәселеге қарсы берилген даўыслар санын;

ҳақыйқый емес деп табылған даўыс бериў бюллетенлер санын анықлайды.

Даўысларды санап шығыў нәтийжелери референдум өткериўши участка комиссиясының мәжилисинде көрип шығылып, баяннамада көрсетиледи. Баяннама баслық, баслық орынбасары, комиссия хаткери, комиссияның басқа ағзалары тәрепинен имзаланады ҳәм белгиленген тәртипте референдум өткериўши тийисли округ комиссиясына усынылады.

### *37-статья. Округ бойынша даўыс бериў жуўмақларын анықлаў*

Референдум өткериўши участка комиссияларының баяннамалары тийкарында округ комиссиясы:

референдум округы бойынша даўыс бериўши пуқаралар дизимине киргизилген пуқаралардың улыўма санын;

даўыс бериў бюллетенлерин алған пуқаралардың санын;

даўыс бериўде қатнасқан пуқаралардың санын;

референдумға қойылған мәселени жақлап берилген даўыслар санын;

референдумға қойылған мәселеге қарсы берилген даўыслар санын;

ҳақыйқый емес деп табылған даўыс бериў бюллетенлер санын анықлайды.

Референдум өткериўши участка комиссиясының баяннамаларында көрсетилген даўысларды санап шығыў ўақтында муўапықсызлықлар анықланған жағдайда, референдум өткериўши округ комиссиясы өз мәжилисинде участка комиссиясына усы муўапықсызлықларды сапластырыўды усыныс етиўге ҳақылы.

Округ бойынша даўыс бериў нәтийжелери референдум өткериўши округ комиссиясы мәжилисинде анықланып, баяннамаға киргизиледи. Баяннамаға баслық, баслықтың орынбасары, комиссия хаткери, комиссияның басқа ағзалары тәрепинен имзаланады ҳәм

белгиленген тәртипте Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясына усынылады. Усы баяннаманың көширме нусқасы ҳәмме танысып шығыўы ушын дәрҳал референдум өткериўши округ комиссиясының имаратына кеминде қырық сегиз саат мүддетке илдирип қойылады.

***38-статья. Референдум нәтийжелерин анықлаў***

Өзбекстан Республикасының Орайлық сайлаў комиссиясы референдум өткериўши округ комиссияларының баяннамалары тийкарында:

Өзбекстан Республикасының даўыс бериўши пуқаралардың улыўма санын;

даўыс бериў бюллетенлерин алған пуқаралардың санын;

даўыс бериўде қатнасқан пуқаралардың санын;

референдумға қойылған мәселени жақлап берилген даўыслар санын;

референдумға қойылған мәселеге қарсы берилген даўыслар санын;

ҳақыйқый емес деп табылған даўыс бериў бюллетенлериниң санын анықлайды.

Егер даўыс бериўде қатнасқан пуқаралардың ярымынан көби жақлап даўыс берген болса, қарар референдумда қабыл етилген деп табылады.

Егер дизимге киритилген пуқаралардың ярымынан кеми референдумда қатнасқан болса, Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы референдумды өтпеген деп табады.

Даўыс бериў ўақтында жол қойылып, ақыбетинде даўыс бериў жуўмақларына тәсир еткен қағыйдабузарлықлар себепли даўыс бериў жуўмақлары улыўма ямаса айырым округлар ямаса айырым участкалар бойынша ҳақыйқый емес деп табылыўы мүмкин. Даўыс бериў жуўмақларын ҳақыйқый емес деп табыў ҳаққындағы қарар Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен қабыл етиледи ҳәм бул қарар үстинен референдум жуўмақлары жәрияланған күннен баслап он күн ишинде Өзбекстан Республикасы Жоқарғы судына шағым етиўи мүмкин.

Айырым округлар ямаса участкаларда даўыс бериў жуўмақлары ҳақыйқый емес деп табылған жағдайда Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының қарарына муўапық, мине усы округлар ямаса участкалар бойынша даўыс бериў нәтийжелери (егер бул жуўмақларсыз да референдум улыўма ҳақыйқый деп табылыўы мүмкин болса) улыўма нәтийжелерден шығарып тасланады.

Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы мәжилисинде даўыс бериў жуўмақлары шығарылады ҳәм бул ҳаққында баяннама дүзиледи. Баяннамаға баслық, баслық орынбасары, комиссияның хаткери, басқа ағзалары тәрепинен имзаланады. Референдум жуўмақлары бойынша Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы қарар қабыл етеди.

## VII. РЕФЕРЕНДУМДА ҚАБЫЛ ЕТИЛГЕН ҚАРАРЛАРДЫҢ ЖӘРИЯЛАНЫЎЫ, КҮШКЕ КИРИЎИ ҲӘМ МӘЖБҮРИЙЛИГИ

### *39-статья. Референдум жуўмақларын жәриялаў*

Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы референдум жуўмақлары бойынша қабыл етилген қарарды референдум өткерилгеннен кейин көби менен он күн ишинде Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының рәсмий веб-сайтында ҳәм рәсмий дереклерде жәриялайды.

Референдумда нызам қабыл етилген жағдайда, оның тексти референдум жуўмақлары бойынша қарар менен бирге жәрияланады.

### *40-статья. Референдумда қабыл етилген қарарлардың күшке кириўи*

Егер референдумда қабыл етилген қарардың, нызамның мазмунынан басқаша қағыйда келип шықпаса, референдумда қабыл етилген қарар, нызам Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен референдум жуўмақлары рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Референдумда қабыл етилген қарар, соның ишинде нызам көринисинде қабыл етилген қарар Өзбекстан Республикасы Орайлық

сайлаў комиссиясы тәрепинен референдум жуўмақлары рәсмий жәрияланған күнниң өзинде оның орынланыўын шөлкемлестириў ушын Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси палаталарына ҳәм Өзбекстан Республикасы Президентине жибериледи.

### *41-статья. Референдумда қабыл етилген қарарлардың мәжбүрийлиги*

Референдумдақабылетилгенқарар Өзбекстан Республикасының пүткил аймағында мәжбүрий күшке ийе болады ҳәм Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының ҳүжжетлери менен ҳеш қандайда бир тәризде тастыйық талап етпейди.

Өзбекстан Республикасының нызамлары ҳәм басқа нормативлик актлери референдум қарарына муўапықластырылыўы лазым.

Референдумда Өзбекстан Республикасы Конституциясының айырым нормаларына өзгерис киритиўди талап етиўши қарар қабыл етилген жағдайда, бул нормалар референдум қарарына муўапықластырылады.

Егер референдумда қабыл етилген қарарды әмелге асырыў ушын нормативлик-ҳуқықый ҳүжжет қабыл етиў талап етилсе, мәмлекетлик ҳәкимият уйымы референдумда қабыл етилген қарар күшке кирген күннен баслап он күн ишинде усы мәселе бойынша нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлер дизимин ҳәм оларды таярлаў мүддетин өз ўәкилликлери шеңберинде белгилеўи шәрт.

## VIII. ЖУЎМАҚЛАЎШЫ ҚАҒЫЙДАЛАР

### *42-статья. Референдумды қаржыландырыў*

Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў менен байланыслы қәрежетлер усы мақсетлер ушын ажыратылған Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик бюджетиниң қәрежетлери есабынан әмелге асырылады.

Өзбекстан Республикасының жәмийетлик бирлеспелери, кәрханалары, шөлкемлери, мәкемелери ҳәм пуқаралары өз қаржыларын ықтыярый рәўиште референдум өткериў ушын бериўи мүмкин. Бул қаржыларды Өзбекстан Республикасының Орайлық

сайлаў комиссиясы референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў ўақтында пайдаланыў ушын қабыл етип алады.

***43-статья. Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққындағы нызамды бузғанлық ушын жуўапкершилик***

Пуқаралардың референдумда қатнасыў, референдум мәселелери бойынша үгит-нәсиятлаўды жүргизиў ҳуқықларын әмелге асырыўларына зорлық, алдаў, қорқытыў ямаса басқа жол менен қарсылық көрсетип атырған шахслар, сондай-ақ, қәлбеки ҳүжжетлер дүзген, даўысларды биле тура қәте санап шыққан, жасырын даўыс бериўди бузған ямаса усы Нызам басқаша тәризде бузылыўына жол қойған лаўазымлы шахслар, референдум өткериўши комиссиялардың ағзалары, пуқаралар басламашы топарларының ағзалары белгиленген тәртипте жуўапкер болады.

## ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ ЖЫНАЯТ КОДЕКСИ

*(Көширме)*

### *146-статья. Сайлаў ямаса референдум шөлкемлестириў, оларды өткериў ҳаққындағы нызамшылықты бузыў*

Сайлаў ямаса референдум шөлкемлестириў, оларды өткериў ўақтында лаўазымлы шахслар, сиясий партиялар ямаса пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының ўәкиллери, басламашы топарлар ямаса сайлаў яки референдум комиссиялары ағзалары тәрепинен даўыс бериўдиң жасырынлығын бузыў, сайлаў ямаса референдум ҳүжжетлерин қәлбекилестириў, сайлаў ямаса имза қағазларына жасалма жазыўлар киргизиў, берилген даўысларды биле тура надурыс есаплаў –

базалық есаплаў муғдарының жигирма бес есесине шекемги муғдарда жәрийма ямаса үш жүз алпыс саатқа шекем мәжбүрий жәмийетлик жумыслары ямаса үш жылға шекем мийнет пенен дүзетиў жумыслары яки бир жылдан үш жылға шекем еркинликти шеклеў ямаса үш жылға шекем еркинен айырыў менен жазаланады.

### *147-статья. Сайлаў ҳуқықының ямаса исенимли ўәкил ўәкилликлериниң әмелге асырылыўына тосқынлық етиў*

Пуқаралардың депутат ямаса Өзбекстан Республикасы Президентин сайлаў ямаса сайланыў, сайлаўалды үгит-нәсият илажларын алып барыў ҳуқықларын, депутатлыққа ямаса Өзбекстан Республикасы Президентлигине талабан шахстың исенимли ўәкиллери өз ўәкилликлерин еркин әмелге асырыўларына, сондай-ақ, пуқаралардың референдумда еркин қатнасыўларына зорлық ислетиў,

қорқытыў, алдаў ямаса каратып алыў жолы менен тосқынлық етиў –

төрт жүз сексен саатқа шекем мәжбүрий жәмийетлик жумыслары яки үш жылға шекем мийнет пенен дүзетиў жумыслары ямаса еки жылдан бес жылға шекем еркинликти шеклеў яки бес жылға шекем еркинен айырыў менен жазаланады.

## ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ ҲӘКИМШИЛИК ЖУЎАПКЕРШИЛИК ҲАҚҚЫНДАҒЫ КОДЕКСИ

*(Көширме)*

***51²-статья. Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының, сайлаў комиссияларының, референдум өткериўши комиссиялардың искерлигине араласыў***

Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының, сайлаў комиссияларының, референдум өткериўши комиссиялардың искерлигине араласыў, сондай-ақ олардың жумысына тосқынлықларды жүзеге келтириў, –

лаўазымлы шахсларға базалық есаплаў муғдарының он еселинен он бес еселине шекемги муғдарда жәрийма салыўға себеп болады.

***51³-статья. Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының, сайлаў комиссияларының, референдум өткериўши комиссиялардың қарарларын орынламаў***

Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының, сайлаў комиссияларының, референдум өткериўши комиссиялардың қарарларын орынламаў, сондай-ақ олардың мүрәжатларын қарап шығыўдан нызамға қайшы түрде бас тартыў, оларды қарап шығыў мүддетлерин кеширимли себеплерсиз бузыў, –

лаўазымлы шахсларға базалық есаплаў муғдарының үш еселинен жети еселине шекемги муғдарда жәрийма салыўға себеп болады.

***$51^4$-статья. Талабанның, исенимли ўәкилдиң, бақлаўшының ямаса сиясий партия ўәкилликли ўәкилиниң ҳуқықларын бузыў***

Талабанның, исенимли ўәкилдиң, бақлаўшының ямаса сиясий партия ўәкилликли ўәкилиниң ҳуқықларын бузыў, –

лаўазымлы шахсларға базалық есаплаў муғдарының бес есесинен он есесине шекемги муғдарда жәрийма салыўға себеп болады.

***$51^5$-статья. Сайлаўалды үгит-нәсият илажларын, референдумға қойылған мәселелер бойынша үгит-нәсият илажларын алып барыў шәртлери ҳәм тәртибин бузыў***

Сайлаўалды үгит-нәсият илажларын, референдумға қойылған мәселелер бойынша үгит-нәсият илажларын алып барыў шәртлери ҳәм тәртибин талабан, исенимли ўәкил, сиясий партия ўәкили, лаўазымлы шахс тәрепинен бузыў, –

базалық есаплаў муғдарының жети есесинен он есесине шекемги муғдарда жәрийма салыўға себеп болады.

***

***$51^7$-статья. Сайлаўға ямаса референдумға таярлық көриў ҳәм сайлаў ямаса референдум өткериў процесинде мәлимлеме ҳәмде үгит-нәсият материалларын қасттан жоқ етип жибериў ямаса оларға қасттан зыян жеткериў***

Имаратларға, қурылмаларға ямаса басқа да орынларға орналастырылған мәлимлеме, үгит-нәсият материалларын сайлаўға ямаса референдумға таярлық көриў ҳәм сайлаў ямаса референдум өткериў процесинде қасттан жоқ етип жибериў ямаса оларға қасттан зыян жеткериў, –

базалық есаплаў муғдарының үш есесинен жети есесине шекемги муғдарда жәрийма салыўға себеп болады.

***51⁸-статья. Сайлаўды ямаса референдумды қаржыландырыў тәртибин бузыў***

Сайлаўды ямаса референдумды қаржыландырыў тәртибин бузыў, –

пуқараларға базалық есаплаў муғдарының бес есесинен он есесине шекем, лаўазымлы шахсларға болса он есесинен жигирма есесине шекемги муғдарда жәрийма салыўға себеп болады.

***51⁹-статья. Жәмийетшилик пикири сораўларының нәтийжелерин, сайлаў ямаса референдум нәтийжелери прогнозларын басып шығарыў (жәриялаў) тәртибин бузыў***

Жәмийетшилик пикири сораўларының нәтийжелерин, сайлаў ямаса референдум нәтийжелери прогнозларын, сондай-ақ сайлаў ямаса референдум менен байланыслы басқа да изертлеўлерди басып шығарыў (жәриялаў) тәртибин бузыў, –

лаўазымлы шахсларға базалық есаплаў муғдарының он бес есесинен жигирма есесине шекемги муғдарда жәрийма салыўға себеп болады.

# ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ ҲӘКИМШИЛИК СУД ИСЛЕРИН ЖҮРГИЗИЎ ҲАҚҚЫНДАҒЫ КОДЕКСИ

*(Көширме)*

***27-статья. Суд тәрепинен шешилетуғын ислер***

Суд:

1) кеңселик нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлер бойынша тартыслар ҳаққындағы;

2) жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты уйымларының, мәмлекетлик басқарыў уйымларының, ҳәкимшилик-ҳуқықый жумысты әмелге асырыўға ўәкилликли болған басқа уйымлардың (буннан былай текстте ҳәкимшилик уйымлар деп жүргизиледи), пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының ҳәм олардың лаўазымлы шахсларының нызамшылыққа сәйкес келмейтуғын ҳәмде пуқаралар ямаса юридикалық шахслардың ҳуқықларын ҳәм нызам менен қорғалатуғын мәплерин бузатуғын қарарлары, ҳәрекетлери (ҳәрекетсизлиги) бойынша тартыслар ҳаққындағы;

3) сайлаў комиссияларының ис-ҳәрекетлери (қарарлары) бойынша тартыслар ҳаққындағы;

4) нотариал ҳәрекетти әмелге асырыў, пуқаралық ҳалаты актлерин жазыўды дизимге алыўдан бас тартылғанлығы ямаса нотариустың ямаса пуқаралық ҳалаты актлерин жазыў уйымы лаўазымлы шахсының ҳәрекетлери (ҳәрекетсизлиги) бойынша тартыслар ҳаққындағы;

5) мәмлекетлик дизимнен өткериўден бас тартыў ямаса белгиленген мүддетде мәмлекетлик дизимнен өткериўден бас тартқанлығы үстинен шағым етиў ҳаққындағы;

6) усы Кодекстиң $27^1$-статьясында көрсетилген инвестициялық тартыслар бойынша;

7) усы Кодекстиң $27^2$-статьясында көрсетилген бәсеки ҳаққындағы ислерди шешеди.

Суд пуқаралар ҳәм юридикалық шахслардың бузылған яма-са тартыслы ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплерин қорғаў ҳаққындағы ҳәкимшилик ҳәм басқа ғалабалық ҳуқықый қатнасықлардан жүзеге келетуғын, нызам менен өзиниң ўәкиллигине киргизилген басқа да ислерди шешеди.

***

***142-статья. Сайлаў комиссияларының ис-ҳәрекетлери (қарарлары) үстинен берилген шағымларды көрип шығыў мүддети ҳәм тәртиби***

Сайлаў комиссиясының ис-ҳәрекетлери (қарарлары) үстинен берилген шағым суд тәрепинен шағым берилген күннен баслап үш күннен кешиктирмей көрип шығылыўы, егер сайлаўға алты күннен кем ўақыт қалған болса, дәрҳал көрип шығылыўы тийис.

Шағым суд тәрепинен арза ийесин ҳәм тийисли сайлаў комиссиясының ўәкилин, сондай-ақ, прокурорды, егер шағым арза ийесине емес, бәлким басқа пуқараға тийисли болса, сол шахсты да шақырған ҳалда көрип шығылады. Бул шахслардың келмеўи исти көрип шығыўға тосқынлық етпейди.

Судтың шешиўши қарары шығарылыўы менен дәрҳал тийисли сайлаў комиссиясына ҳәм арза ийесине тапсырылады.

***

***167-статья. Қарарын орынлаўға қаратыў***

Қарар нызамлы күшке киргенинен соң орынлаўға қаратылады.

Мәкемелик нормативлик-ҳуқықый ҳүжжет ҳәм сайлаў комиссияларының ис-ҳәрекетлери (қарарлары) бойынша тартыслар ҳаққындағы ислерге байланыслы қарарлары дәрҳал орынланыўы тийис.

ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ОРАЙЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ ҚАРАРЫ

**Референдум округлары ҳәмде референдум өткериўши округ комиссиялары ҳаққындағы режени тастыйықлаў ҳаққында**

«Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамының 18-статьясына муўапық, Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы **қарар етеди:**

1. Референдум округлары ҳәмде референдум өткериўши округ комиссиялары ҳаққындағы реже қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Усы қарар Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының рәсмий веб-сайтында жәриялансын.

3. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы баслығының орынбасары Б.Кучкаровқа жүкленсин.

**Баслық** **З. Низамходжаев**

Ташкент қаласы,
2022-жыл 28-июнь,
1171-сан

*Өзбекстан Республикасы*
*Орайлық сайлаў комиссиясының*
*2022-жыл 28-июньдағы*
*1171-санлы қарарына*
*ҚОСЫМША*

**Референдум округлары ҳәмде референдум өткериўши округ комиссиялары ҳаққындағы**
**РЕЖЕ**

Бул Реже «Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамына муўапық референдум округларын дүзиў, референдумды өткериўши округ комиссияларының (буннан былай текстте округ комиссиялары деп жүритиледи) қурамын тастыйықлаў хәм округ коммиссияларының искерлиги тәртибин белгилейди.

## I бап. Референдум округларын дүзиў

1. Референдум округлары Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы (буннан кейин текстте Орайлық сайлаў комиссиясы деп жүритиледи) тәрепинен Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы шегаралары шеңберинде дүзиледи.

2. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери тәрепинен округ комиссиялары жайласатуғын имаратлар ҳәм оның мәнзили ҳаққындағы мағлыўматлар референдум тайынлаў ҳаққындағы қарар жәрияланған күннен баслап үш күнлик мүддетте Орайлық сайлаў комиссиясына усынылады.

3. Орайлық сайлаў комиссиясы референдум тайынлаў ҳаққындағы қарар жәрияланғаннан кейин узағы менен бес күн ишинде усынылған ҳүжжетлер тийкарында референдум округларының дизимин, олардың шегараларын, референдумда қатнасыў ҳуқықына ийе болған пуқаралардың санын (Сайлаўшылардың бирден-бир

электрон дизими тийкарында, референдум округлары кесиминде) ҳәм округ комиссиялары жайласатуғын иморатлардың мәнзилин тастыйықлаў ҳаққында қарар қабыл етеди.

Орайлық сайлаў комиссиясының бул қарары комиссияның рәсмий веб-сайтында сол күнниң өзинде жәрияланады. Қарар басқа да дереклерде жәрияланыўы мүмкин.

## II бап. Округ комиссияларын дүзиў

4. Округ комиссиялары ағзалығына талабанлар Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң, халық депутатлары ўәлаятлық ҳәм Ташкент қалалық Кеңеслериниң мәжилислеринде додаланады ҳәмде референдум тайынлаў ҳаққындағы қарар жәрияланғаннан кейин жети күннен кешикпей Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықлаў ушын усыныс етиледи.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң, халық депутатлары ўәлаятлар ҳәм Ташкент қалалық Кеңеслериниң округ комиссиясы ағзалығына талабанларды усыныс етиў ҳаққындағы қарарлары Орайлық сайлаў комиссиясына жибериледи.

5. Округ комиссиясы референдум тайынлаў ҳаққындағы қарар жәриялағаннан кейин Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен он күннен кешикпей комиссия баслығы, баслық орынбасары, хаткеринен ҳәм комиссияның сегиз-он сегиз басқа ағзаларынан ибарат қурамда дүзиледи.

Округ комиссияларының қурамын тастыйықлаў ҳаққындағы Орайлық сайлаў комиссиясының қарары комиссияның рәсмий веб-сайтында сол күнниң өзинде жәрияланады. Қарар басқа да дереклерде жәрияланыўы мүмкин.

## III бап. Округ комиссиясы ағзаларына қойылатуғын талаплар

6. Жигирма бир жасқа толған, орта ямаса жоқары мағлыўматқа, әдетте, сайлаўға ҳәмде референдумға таярлық көриў ҳәм оларды өткериў барысында ис тәжирийбеге ийе болған, халық арасында

абырай-итибарға ийе пуқаралар округ комиссиясының ағзалары болыўы мүмкин.

Референдум өткериўши басқа комиссиялардың ағзалары, сиясий партиялардың ағзалары, ўәлаят, район ҳәм қала ҳәкимлери, прокуратура органларының, судлардың лаўазымлы шахслары, пуқаралардың басламашы топары қурамына кириўши шахслар округ комиссиясының ағзалары болыўы мүмкин емес.

7. Округ комиссиясы ағзаларын қәлиплестириўде төмендегилерге айрықша итибар бериледи:

сайлаў ҳәм референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў бойынша ис тәжирийбесине ийе, халық арасында абырай-итибарға ийе болған пуқаралар;

мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлери ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа институтлары ўәкиллери;

ҳуқықый билим ҳәм маманлыққа ийе шахслар (юрист-консультантлар, адвокатлар ҳәм т.б);

шет тиллерди билетуғын қәнигелер.

8. Сайлаў процесин басқарыў мәлимлеме системасы (буннан текстте СПБМС деп жүргизиледи) ҳәм Сайлаўшылардың бирден-бир электрон дизими (буннан кейин текстте СБЭД деп жүргизиледи) компьютер бағдарламалары менен ислеў ушын ҳәр бир округ комиссиясы қурамында мәлимлеме коммуникация технологиялары тараўларында билим ҳәм әмелий көнликпеге ийе кеминде еки шахс (тийкарғы ҳәм резерв) болыўы усыныс етиледи.

9. Референдум комиссиялары қурамында, соның ишинде баспы лаўазымларында, ҳаял ҳәм еркеклердиң тең ўәкиллигин тәмийинлеўге итибар қаратылыўы керек.

## IV бап. Округ комиссияларына ағзалық

10. Округ комиссиясы ағзасына усы Режениң 1-қосымшасына муўапық формада гүўалық бериледи.

Округ комиссиясының баслығы, баслық орынбасары, хаткери ҳәм комиссия ағзаларының гүўалықлары Орайлық сайлаў комиссиясының баслығы тәрепинен имзаланады ҳәм Орайлық сайлаў комиссиясының мөри менен тастыйықланады.

11. Округ комиссиясының қарарына муўапық комиссияның баслығы, баслық орынбасары, хаткери ямаса комиссия ағзаларынан биреўи орташа айлық ис ҳақысы сақланған ҳалда референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў дәўиринде өндирис ямаса хызмет ўазыйпаларын орынлаўдан азат етилиўи мүмкин.

12. Округ комиссиясы ағзасы округ комиссиясы қурамындағы искерлиги дәўиринде Өзбекстан Республикасының Мийнет кодексинде нәзерде тутылған мәмлекетлик ямаса жәмийетлик ўазыйпаларды орынлаў менен байланыслы кепилликлерден пайдаланады.

13. Округ комиссиясының ағзасы «Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамға муўапық Орайлық сайлаў комиссиясының қарарына тийкарланып төмендеги жағдайларда өз ўазыйпаларын орынлаўдан азат етилиўи мүмкин:

ўәкилликлерин жуўапкершилигинен алып таслаў ҳаққындағы Орайлық сайлаў комиссиясына жеке өзи берген арзасына муўапық;

«Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»-ғы Нызам талапларын бузған ямаса жуўапкершилигиндеги миннетлерине турақлы түрде итибарсызлық еткен жағдайда.

Бунда комиссия ағзасының «Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызам талапларын бузғанлығы ямаса жуўапкершилигиндеги ўазыйпаларға турақлы түрде итибарсызлық пенен қарағанлығына байланыслы жағдай ол ағза болған округ комиссиясының акти менен рәсмийлестириледи.

14. Округ комиссиясының ағзасы комиссия қурамынан шығарылған ямаса округ комиссиясы ағзаларының саны көбейтилген жағдайларда округ комиссиясының жаңа ағзасы «Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызам ҳәм усы Режеде белгиленген тәртипте тастыйықланады.

## V бап. Округ комиссияларының ўәкилликлери

15. Округ комиссиясы:

тийисли округ аймағында «Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамының орынланыўы үстинен

қадағалаўды әмелге асырады ҳәм оның бирдей тәризде қолланылыўын тәмийинлейди;

референдум участкаларын дүзеди, округ бойынша олардың тәртип номерин белгилейди, мәнзилин көрсеткен ҳалда олардың дизимин жәриялайды;

референдум өткериўши участка комиссияларын (буннан кейин текстте участка комиссиялары деп жүргизиледи) дүзеди ҳәм олардың қурамы ҳәм жайласқан мәнзили, телефон номери ҳаққындағы мағлыўматларды жәриялайды;

участка комиссияларының искерлигин муўапықластырады;

участка комиссияларына шөлкемлестириў-методикалық жәрдем береди, оларды референдумға тийисли нызамшылық ҳүжжетлери, соның ишинде Орайлық сайлаў комиссиясының қарарлары, режелери, инструкциялары ҳәм басқа да ҳүжжетлер менен тәмийинлейди;

пул қаржыларын участка комиссиялары асрасында бөлистиреди, участка комиссияларының имаратлар, транспорт ҳәм байланыс қураллары менен тәмийинлениўин қадағалайды ҳәмде тийисли округта референдумды материаллық-техникалық тәрептен тәмийинлеўдиң басқа да мәселелерин көрип шығады;

даўыс бериўши пуқаралардың дизимлери дүзилиўи ҳәм олардың ҳәмме танысып шығыў ушын усынылыўын бақлап барады;

участка комиссияларын даўыс бериў бюллетеньлери менен тәмийинлейди;

сиясий партиялардың, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының ҳәм пуқаралар басламашы топарларының бақлаўшыларына (буннан кейин текстте жергиликли бақлаўшылар деп жүргизиледи) усы Режениң 2-қосымшасына муўапық формада мандат береди;

референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў менен байланыслы илажларды (оқыў шынығыўлары, семинарлар, конференциялар, дөңгелек стол сәўбетлери ҳәм т.б), референдум қатнасыўшылары, соның ишинде, участка комиссиясы ағзалары ушын өткериўде белсене қатнасады;

округ комиссиясы жанындағы баспасөз орайының искерлигин шөлкемлестиреди;

референдумға қойылған мәселениң мазмунын түсиндириўге қаратылған илажларды өткериўде ғалаба хабар қуралларына көмеклеседи;

жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият органлары ўәкиллериниң, жәмийетлик бирлеспелери, кәрханалар ҳәм шөлкем басшыларының референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў менен байланыслы мәселелери бойынша мәлимлемелерин тыңлайды;

тийисли округ бойынша даўыс бериў жуўмақларын анықлайды ҳәм Орайлық сайлаў комиссиясына усынады;

даўыс бериўши пуқаралардың ҳәм референдум басқа да қатнасыўшыларының мүрәжатларын көрип шығады ҳәмде олар бойынша қарарлар қабыл қылады, буған референдум өткериўши комиссиялардың ҳәрекетлери ҳәм қарарлары үстинен берилген шағымлар кирмейди;

«Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызам, усы Реже хәм басқа да нызамшылық ҳүжжетлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

16. Округ комиссиясы баслығы:

округ комиссиясы искерлигине басшылық етеди;

округ комиссиясы мәжилислерин шақырады, оларда басшылық етеди ҳәм оны өткериў тәртибин белгилейди;

комиссия ағзалары арасында ўазыйпаларды бөлистиреди;

округ комиссиясы мәжилислеринде қатнасыў ушын мәмлекетлик уйымларлар, сиясий партиялар ҳәм басқа да жәмийетлик бирлеспелер, шөлкемлердиң ўәкиллерин ҳәм басқа да лаўазымлы шахсларды мирәт етеди;

мәмлекетлик уйымлар, халықаралық шөлкемлер, жәмийетлик бирлеспелер менен қатнасықларда округ комиссиясы атынан қатнасады;

округ комиссиясы жайласқан имараттың үскенелениўин шөлкемлестиреди;

округ комиссиясының баяннамаларын, қарарларын, участка комиссиясы баслықларының, жергиликли бақлаўшылардың гүўалықларын ҳәмде басқа да ҳүжжетлерди имзалайды;

физикалық ҳәм юридикалық шахслардан келип түскен мүрәжатларды комиссия ағзалары арасында көрип шығыў ушын бөлистиреди;

округ комиссиясы ағзаларының даўыс бериў күниндеги ўазыйпаларын белгилейди;

жергиликли бақлаўшылар, сондай-ақ басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлердиң бақлаўшылары менен комиссия атынан жумыс алып барады;

референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў процесиндеги ҳуқықбузарлықлар анықланған жағдайда, ҳуқықбузарлыққа байланыслы материалларды топлап судқа ямаса ҳуқық қорғаў уйымларына усынады;

Өзбекстан Республикасы бюджетинен участка комиссиясы искерлигин тәмийинлеў ушын ажыратылған қаржыларды участка комиссиялары арасында бөлистиреди ҳәм олардың мақсетли пайдаланыўын қадағалайды;

округ бойынша референдумда даўыс бериў процеси ҳәм жуўмақлары ҳаққында Орайлық сайлаў комиссиясына мәлимлеме береди;

«Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамына ҳәмде усы Режеге муўапық басқа ўәкилликлерди әмелге асырады.

Округ комиссиясы баслығы өз ўәкилликлерин орынлай алмаған, сондай-ақ, округ комиссиясы баслығы болмаған жағдайда, оның ўәкилликлери баслық орынбасары ямаса округ комиссиясы қарары менен комиссия ағзаларынан бириниң жуўапкершилигине жүкленеди.

17. Округ комиссиясы баслығының орынбасары:

округ комиссиясы баслығы өз ўәкилликлерин орынлай алмаған жағдайда, оның ўәкилликлерин әмелге асырады;

комиссия ағзаларының искерлигин муўапықластырып барады;

округ комиссиясы ағзаларының тәжирийбесин арттырыў, олардың искерлигин методикалық жақтан тәмийинлеўди шөлкемлестиреди;

ғалаба хабар қураллары ўәкиллери менен байланыслар орнатады, оларда комиссия жумысын ҳәр тәреплеме жарытылыўын шөлкемлестиреди;

жергиликли бақлаўшыларды, ғалаба хабар қураллары ўәкиллерин, сондай-ақ басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшыларды тийисли референдум өткериўши комиссия тәрепинен берилген ҳүжжетлер тийкарында дизимге алыўды шөлкемлестиреди;

физикалық ҳәм юридикалық шахсларды, сондай-ақ, олардың ўәкиллерин қабыл қылады ҳәм олардың мүрәжатларын белгиленген тәртипте көрип шығыўды шөлкемлестиреди;

округ комиссиясы ағзаларын тартқан ҳалда комиссия қарарлары орынланыўын тәмийинлейди;

округ комиссиясы баслығының тапсырмаларын орынлайды;

өз ўәкилликлери шеңберинде округ комиссиясының басқа ағзаларына тапсырмалар береди;

«Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамға ҳәмде усы Режеге муўапық басқа ўәкилликлерди әмелге асырады.

Округ комиссиясы баслығының орынбасары өз ўәкилликлерин орынлай алмағанда, сондай-ақ ол болмаған жағдайда, оның ўәкилликлери комиссия хаткери ямаса округ комиссиясының қарары менен комиссия ағзаларының бирине жүкленеди.

18. Округ комиссиясының хаткери:

округ комиссиясы баслығының орынбасары өз ўәкилликлерин орынлай алмаған жағдайда оның ўәкилликлерин әмелге асырады;

округ комиссиясы мәжилислерин шөлкемлестиреди, додаланатуғын мәселелер бойынша қарар ҳәм басқа да ҳүжжетлер жойбарларын таярлайды;

округ комиссиясы ағзаларын комиссия мәжилиси өткерилиў ўақты ҳәм орны ҳаққында хабардар етеди;

участка комиссиясының жуўапкер ағзаларының даўыс бериўши пуқаралардың дизими менен байланыслы жумысын муўапықластырып барады;

округ комиссиясы баслығы ҳәм баслық орынбасарының тапсырмаларын орынлайды;

округ комиссиясының жумысына байланыслы ис ҳүжжетлерин номенклатура тийкарында жүргизип барады;

«Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамға ҳәмде усы Режеге муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

Округ комиссиясының хаткери өз ўәкилликлерин орынлай алмаған, сондай-ақ ол болмаған жағдайда, оның ўәкилликлери округ комиссиясы қарары менен комиссия ағзаларының бирине жуўапкершилигине жүклетиледи.

19. Округ комиссиясының ағзасы:

Округ комиссиясы баслығы тәрепинен бөлистирилген жумысларға тийкарланып өзине жүкленген ўазыйпаларды ҳәмде баслық ҳәм оның орынбасары тапсырмалырын өз ўақтында, сапалы орынлайды;

округ комиссиясы мәжилислеринде қатнасады;

көрип шығылыўы өзине жүкленген физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатларын белгиленген мүддетлерде көрип шығылыўын тәмийинлейди;

округ комиссиясы баслығы тәрепинен даўыс бериў күниндеги белгиленген ўазыйпалардың өз ўақтында ҳәм сапалы орынланыўын тәмийинлейди;

референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў процесиндеги ҳуқықбузарлықлар анықланған жағдайда, олар хаққында дәрҳал баслық ямаса баслық орынбасарын хабардар етеди;

«Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамға ҳәмде усы Режеге муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

20. СБЭДнен пайдаланыўды шөлкемлестириў мақсетинде округ комиссиясының хаткерине төмендеги ўазыйпалар жүкленеди:

участка комиссиясы ағзаларына СПБМСға кириў ушын тийисли мағлыўматларды бериў;

участка комиссиялары тәрепинен СПБМСда әмелге асырылатуғын жумысларды муўапықластырып барыў.

21. Округ комиссиясы оған ажыратылған мәмлекетлик бюджет қаржылары ямаса нызамда қадаған етилмеген басқа да қаржылар есабынан, сондай-ақ волонтёрлық тийкарында округ комиссиясы

искерлигине көмеклесиў ушын қәнигелерди тартыўы мүмкин. Усы қәнигелер округ комиссиясы мәжилислеринде даўыс бериў, даўыс бериў нәтийжелерин анықлаў, баяннамаларды толтырыў ямаса имзалаў ҳуқықына ийе емес.

22. Округ комиссиясы «Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамның 24-статьясына муўапық референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў менен байланыслы мәселелер бойынша мәмлекетлик уйымларға ҳәм жәмийетлик бирлеспелердиң уйымларына, кәрханалар, мәкемелер ҳәм шөлкемлерге, лаўазымлы шахсларға мүрәжат етиў ҳуқықына ийе. Олар қойылған мәселени узағы менен үш күн ишинде көрип шығыўы ҳәм округ комиссиясына жуўап қайтарыўы шәрт.

23. Мәмлекетлик уйымлар ҳәм жәмийетлик бирлеспелердиң уйымлары, кәрханалар, мәкемелер, шөлкемлер, лаўазымлы шахслар округ комиссияларына өз ўәкилликлерин әмелге асырыўда көмеклесиўи, олардың жумысы ушын зәрүр мағлыўматларды усыныўы шәрт.

## VI бап. Округ комиссияларының жумысын шөлкемлестириў

24. Округ комиссиясы өз искерлигин нызамлылық, коллегиаллық, ашық-айдынлық ҳәм әдиллик принциплери тийкарында әмелге асырады.

25. Округ комиссиясы жумысының шөлкемлестириўшилик формасы оның зәрүрликке қарап өткерилетуғын мәжилиси есапланады.

Округ комиссиясының мәжилиси, егер онда мәжилис өткерилип атырған күндеги комиссия ағзалары улыўма санының кеминде үштен еки бөлеги қатнасып атырған болса, ўәкилликли есапланады.

26. Округ комиссиясы мәжилиси баслықтың басламасы менен ямаса комиссия ағзалары оның қурамының кеминде үштен бир бөлеги талабына муўапық шақырылыўы мүмкин.

27. Округ комиссиясының қарары ашық даўыс бериў жолы арқалы комиссия ағзалары улыўма санының көпшилик даўысы

менен қабыл етиледи. Даўыслар тең болып қалған жағдайда, басшылық етиўшиниң даўысы шешиўши болып табылады.

28. Округ комиссиясы мәжилисинде мәселелер ашық ҳәм әшкара додаланады.

Мәжилисте күн тәртиби, онда қатнасып атырған комиссия ағзаларының аты, фамилиясы, әкесиниң аты, көрилген ҳәр бир мәселе бойынша даўыс бериў нәтийжелери, қабыл етилген қарар сәўлеленген баяннама жүргизиледи. Баяннама басшылық етиўши ҳәм хаткер тәрепинен имзаланады.

Округ бойынша даўыс бериў нәтийжелери ҳаққындағы баяннама комиссияның мәжилисинде қатнасқан барлық ағзалары тәрепинен имзаланады.

Баяннамаға мәжилисте қабыл етилген қарар, жуўмақлар ҳәм басқа да ҳүжжетлер, сондай-ақ комиссия ағзаларының ол ямаса бул мәселе бойынша айрықша пикирлери болса жазба тәртипте қосымша етиледи.

29. Округ комиссиясының өз ўәкилликлери шеңберинде қабыл еткен қарары участка комиссиялары, сондай-ақ барлық мәмлекетлик уйымлар, сиясий партиялар ҳәм тағы басқа да жәмийетлик бирлеспелер, мийнет жәмәәтлери ҳәм әскерий бөлимлер, кәрханалардың, мәкемелердиң, шөлкемлердиң басшылары орынлаўы ушын мәжбүрий есапланады.

30. Округ комиссиясы мәжилислеринде Орайлық сайлаў комиссиясы ағзалары, жергиликли бақлаўшылар, ғалаба хабар қураллары ўәкиллери, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшылар қатнасыўы мүмкин.

Мәжилислерге жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары, жәмийетлик бирлеспелердиң ўәкиллери ҳәм басқалар мирәт етилиўи мүмкин.

31. Округ комиссиясы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланғанынан соң төмендеги илажларды әмелге асырады:

бир күнлик мүддетте округ комиссиясының биринши шөлкемлестириў мәжилисинде төмендеги мәселелерди көрип шығады:

округ комиссиясының референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге байланыслы ис режесин тастыйықлаў;

округ комиссиясы ағзалары арасында ўазыйпаларды бөлистириў;

округ комиссиясы ағзалары тәрепинен даўыс бериўши пуқаралардың ҳәр күнги қабыллаўын шөлкемлестириў;

округ комиссиясы ағзаларының нәўбетшилигин шөлкемлестириў.

Округ комиссиясы жайласқан имаратты белгиленген тәртипте үскенелеўге зәрүр болған шөлкемлестириў жумысларын әмелге асырады.

Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў менен байланыслы илажларды (оқыў шынығыўлары, семинарлар, конференциялар, дөңгелек стол сәўбетлери ҳәм т. б.) шөлкемлестиреди.

Участка комиссияларының жумысын шөлкемлестириў ҳәм имаратларды үскенелеўде әмелий жәрдем көрсетеди.

Даўыс бериўши пуқаралар дизимлериниң дүзилисин ҳәм олардың ҳәмме танысып шығыўы ушын усыныўын бақлап барады.

Даўыс бериў бюллетеньлерин референдум участкалары бойынша бөлистиреди ҳәм жеткерип берилиўин шөлкемлестиреди.

32. Округ комиссиясы 3-қосымшаға муўапық тастыйықланған мөрге ийе болады.

33. Округ комиссиясы баслығы ямаса баслық орынбасары округ комиссиясына келген жергиликли бақлаўшылар, ғалаба хабар қураллары, сондай-ақ басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшыларды тийисли ҳүжжетлер тийкарында дизимге алады ҳәм қабыл қылады.

34. Округ комиссиясы баслығы, баслық орынбасары ямаса хаткери Орайлық сайлаў комиссиясына референдум округы аймағында даўыс бериў процесиниң барысы ҳаққында ҳәр саатта хабар берип турады.

## VII бап. Округ комиссияларының имаратлары ҳәм ханаларын үскенелеў

35. Мәмлектлик уйымлар, кәрханалар, мәкемелер, шөлкемлер округ комиссияларына референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў ушын керекли болған имаратлар, мәжилис заллары, ханалар ҳәм әсбап-үскенелерди бийпул берип турыўы шәрт.

Округ комиссиялары Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери тәрепинен кеминде сегиз ханадан ибарат имарат менен, сондай-ақ транспорт, байланыс қураллары ҳәм Интернет тармағына жалғаныў имканияты менен тәмийинленеди.

36. Округ комиссиялары жайласқан имаратлар тийисли тәртипте үскенелениўи ҳәм төмендегилерге ийе болыўы керек:

Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы (имараттың үстинде ҳәм ишинде);

Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик герби (имараттың ишинде);

референдум округының тәртип номери ҳәм аты көрсетилген баннер;

қулыпланатуғын сейф ямаса металл шкаф;

зәрүр мебеллер, оргтехника қураллары (компьютер, ноутбук, принтер, сканер, нусқа көшириўши үскене, UPS), телефон, телевизор;

екеўден кем болмаған СПБМС талапларына жуўап беретуғын компьютер ҳәм оларға керекли болған қурылмалар (UPS, принтер, сканер ҳәм т.б) ҳәмде үзликсиз Интернет байланысы ҳәм басқалар;

видеоконференция байланыслары ушын видеомонитор, микрофон ҳәм акустикалық қурылмалар;

үзликсиз электр энергиясын ислеп шығаратуғын генератор қурылмасы;

өртке қарсы қураллар.

Округ комиссиясы жайласқан имарат ҳәм оған алып барыўшы тратуарлар азада ҳәм оңланған, жақтыландырыў қурылмалары орнатылған болыўы керек.

37. Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге байланыслы мағлыўматлар жайластырылатуғын стендлерде төмендегилер жайластырылады:

референдум сәнесине арналған плакат (референдумға ___күн қалды);

референдум округының картасы;

округ комиссиясының қурамы, ис режеси, нәўбетшилик кестеси;

Орайлық сайлаў комиссиясының мүрәжатлар ушын шөлкемлестирилген социаллық тармақлардағы каналлары, электрон мәнзили ҳәм исеним телефонлары;

ўәлаят суды ҳәм прокуратурасы телефон номерлери;

референдумға байланыслы инфографикалық ҳәм схемалы көринистеги түсиндириў материаллары.

38. Округ комиссиясы ханасында төмендегилер болыўы лазым:

Өзбекстан Республикасының Конституциясы ҳәм «Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамы, Өзбекстан Республикасының референдумына байланыслы нызамшылық ҳүжжетлериниң топламы;

Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси палаталары Кеңеслери ҳәм Министрлер Кабинетиниң рәсмий басылымлары (газеталары);

референдумға қойылған мәселе бойынша материаллар, егерде референдумға нызам жойбары қойылған болса, оның тексти;

округ комиссиясы ағзаларының қурамы, ис режеси ҳәм нәўбетшилик кестеси.

39. Округ комиссиясына алып барыўшы жолларда референдум округының көрсеткишлери көринетуғын орынларға жайластырылған болыўы керек.

40. Округ комиссиясы имараты алдына усы Нызамның 4-қосымшасында белгиленген формада референдум округының тәртип номери ҳәм аты жазылған қыстырма жайластырылады, имаратқа кириў орнында майыплар арбапасына масластырылған пандуслар болыўы ҳәм олардың белгиленген талапларға (ени keminde 90 см, шығыў мүйеши 30 градустан көп болмаған) мас келиўи керек.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар, Ташкент қаласы ҳәкимликлери округ комиссиялары жайласқан имаратларды оңлайды ҳәм зәрүрли үскенелер менен тәмийинлеўге көмеклеседи.

41. Округ комиссиясы компьютерлерин Интернет тармағына жалғаў Өзбекстан Республикасы Мәлимлеме технологиялары ҳәм коммуникацияларын раўажландырыў министрлигиниң аймақлық басқармалары жәрдеминде әмелге асырылады.

42. Округ комиссиясында жүргизилетуғын ис жүргизиў папкалары:

округ комиссиясының қарарлары, баяннамалары ҳәм актлер дәптери ҳәмде папкасы;

кириў, шығыў ҳүжжетлерин, соның ишинде, мүрәжатларды дизимге алыў дәптери ҳәм папкасы;

бақлаўшыларды дизимге алыў дәптери.

## VIII бап. Даўыс бериў бюллетенлерин алыў ҳәм бөлистириў

43. Округ комиссиясы референдумға отыз күн қалғанға шекем тийисли уйымлардан референдум округы аймағында жасаўшы халықтың миллий тийислилигине қарап халықтың саны ҳаққындағы мағлыўматларды район ҳәм қалалар кесиминде сорап алады.

Мәмлекетлик уйымлар үш жумыс күнинде соралған мағлыўматларды округ комиссиясына усыныўы шәрт.

44. Округ комиссиясы алынған мағлыўматларды улыўмаластырады ҳәм референдум округы аймағында район ҳәм қала кесиминде жасап атырған көпшилик халық сөйлейтуғын тиллерде даўыс бериў бюллетеньлерин таярлаўға мүтәжликти анықлайды.

45. Округ комиссиясы референдумға бес күн қалғанға шекем басқа тиллерде таярлаў зәрүр болатуғын даўыс бериў бюллетеньлериниң муғдары ҳаққындағы мағлыўматларды усы Режениң 5-қосымшасына муўапық формада Орайлық сайлаў комиссиясына усынады.

46. Даўыс бериў бюллетениниң формасы ҳәм тексти Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланады.

47. Орайлық сайлаў комиссиясының қарарына муўапық даўыс бериў бюллетеньлери референдумға кеминде жигирма күн қалғанда басып шығарылады.

Даўыс бериў бюллетеньлери мәмлекетлик тилде басып шығарылады, сондай-ақ округ комиссиясының қарарына муўапық референдум округының көпшилик халқы сөйлесетуғын тиллерде де басып шығарылыўы мүмкин.

Орайлық сайлаў комиссиясы даўыс бериў бюллетенин Брайль алфавити тийкарында толтырыў ушын таярланған трафарет пенен округ комиссиялары арқалы участка комиссияларын тәмийинлейди.

48. Округ комиссиялары референдум участкалары шегараларында жасап атырған халықтың миллий тийислилиги ҳаққындағы мағлыўматларды есапқа алған ҳалда даўыс бериў бюллетеньлерин тийисли тиллер бойынша референдум учаскаларына бөлистиреди.

49. Округ комиссиялары төмендегилердиң участка комиссияларына жеткерип берилиўин тәмийинлейди:

референдум участкасындағы даўыс бериўши пуқаралар улыўма санының бес проценти муғдарында даўыс бериў бюллетеньлерин мүддетинен алдын даўыс бериў басланыўына кеминде үш күн қалғанда;

даўыс бериў бюллетенлериниң 95,5 процентин даўыс бериў күнине кеминде үш күн қалғанда.

Берилген ҳәм алынған даўыс бериў бюллетенлери санын усы Режениң 6-қосымшасына муўапық формадағы актте тийисли округ ҳәм участка комиссияларының баслығы ямаса баслық орынбасары яки комиссия хаткери өз имзасы менен тастыйықлайды.

50. Участка комиссиясы алатуғын даўыс бериў бюллетенлериниң саны референдум участкасы бойынша даўыс бериўши пуқаралардың дизимлерине киритилгенлер санына қосымша ярым проценттен артық болыўы мүмкин емес.

## IX бап. Округ бойынша даўыс бериў жуўмақларын анықлаў

51. Округ комиссиясы участка комиссияларынан даўысларды санап шығыў нәтийжелери бойынша баяннамаларды саат 20:00 ден кейин қабыл етиўди баслайды.

52. Округ комиссиясы участка комиссиясының баяннамасы дурыс ямаса надурыс толтырылғанлығын тексереди.

53. Участка комиссиясының баяннамасында көрсетилген, даўысларды санап шығыў ўақтында сәйкессизликлер анықланған

жағдайда, округ комиссиясы өз мәжилисинде участка комиссиясына усы сәйкессизликлерди сапластырыўды усыныс етеди.

Участка комиссиясы анықланған сәйкессизликлерди өз мәжилисинде қайта көрип шығып сапластырады ҳәм жаңадан толтырылған баяннаманы орнатылган тәртипте округ комиссиясына усынады.

54. Округ комиссиясы участка комиссиясының баяннамасыдурыс толтырылған болса, баяннамадағы тийисли номерлерди дәрҳал усы Режениң 7-қосымшасына муўапық референдум округы бойынша нәтийжелерди жәмлеп барыў кестесине киритеди.

55. Округ комиссиясы тәрепинен участка комиссияларынан даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баяннамаларды қабыл етип алыў ҳәмде округ бойынша даўыс бериў нәтийжелерин анықлаў процессинде жергиликли бақлаўшылар, ғалаба хабар қураллары ўәкиллери, сондай-ақ басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшылар болыўы мүмкин.

Усы процессте округ комиссиясы имаратында болыўға рухсат етилген шахслардан басқа шахслардың қатнасыўы қадаған етиледи.

56. Референдум округы бойынша даўыс бериў нәтийжелери тек ғана участка комиссияларының усынған баяннамалары тийкарында анықланады. Округ комиссиясы:

референдум округындағы референдум участкалары саны;

референдум округындағы даўыс бериўши пуқаралардың улыўма саны;

округ комиссиясы алған даўыс бериў бюллетенлер саны;

пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген даўыс бериў бюллетенлериниң улыўма саны;

даўыс бериў бюллетенлер алған даўыс бериўши пуқаралар саны;

даўыс бериўде қатнасқан (соның ишинде мүддетинен алдын даўыс берген) даўыс бериўши пуқаралардың улыўма саны;

референдумға қойылған мәселени (ҳүжжетти, нызам ямаса қарарды) жақлап берилген даўысларының улыўма саны;

референдумға қойылған мәселеге (ҳүжжетке, нызам ямаса қарарға) қарсы берилген даўыслардың улыўма саны;

ҳақыйқый емес деп табылған даўыс бериў бюллетенлери санын анықлайды.

57. Округ комиссиясы мәжилисинде округ бойынша даўыс бериў нәтийжелери анықланады ҳәмде усы Режениң 8-қосымшасына муўапық формада дүзилетуғын баянламада көрсетиледи.

Баяннама комиссия баслығы, баслық орынбасары, хаткери ҳәм басқа ағзалары тәрепинен имзаланады ҳәмде Орайлық сайлаў комиссиясына усынылады.

Округ бойынша даўыс бериў нәтийжелери ҳаққындағы баяннаманы имзалаў ўақтында баяннама мазмуны бойынша наразы болған комиссия ағзасы өзиниң жеке пикирин баяннамаға қосымша етиўге ҳақылы.

Усы баяннаманың көширме нусқасы ҳәмме танысып шығыў ушын округ комиссиясы имаратына кеминде қырық сегиз саат мүддетке дәрҳал илдирип қойылады.

Орайлық сайлаў комиссиясы референдум жуўмақларына муўапық референдум округындағы дәслепки ҳәм жуўмақлаўшы даўыс бериў нәтийжелерин өз веб-сайтында жәриялаўы мүмкин.

## X бап. Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатларын көрип шығыў

58. Жергиликли бақлаўшылар, даўыс бериўши пуқаралар, референдумның басқа да қатнасыўшылары (буннан кейин текстте мүрәжат етиўшилер деп жүргизиледи) тиккелей өзлери ямаса ўәкиллери арқалы арза, усыныс ҳәм шағым менен референдум өткериўши комиссияларға мүрәжат етиўи мүмкин.

Мүрәжатлар аўызеки, жазба ямаса электрон формада бериліўи мүмкин.

Мүрәжатлар, олардың формасы ҳәм түрине қарамастан бирдей әҳмийетке ийе.

59. Физикалық шахстың мүрәжатында физикалық шахстың фамилиясы, аты, әкесиниң аты, оның жасаў мәнзили ҳаққындағы мағлыўматлар көрсетилген болыўы керек.

Юридикалық шахстың мүрәжатында юридикалық шахстың толық аты, оның жайласқан жери (почта мәнзили) ҳаққындағы мағлыўматлар көрсетилген болыўы керек.

Физикалық ҳәм юридикалық шахстың мүрәжатында округ комиссиясының тәртип номери, мүрәжат жиберилип атырған лаўазымлы шахстың лаўазымы ҳәм (ямаса) фамилиясы, аты, әкесиниң аты көрсетилген, сондай-ақ мүрәжаттың мазмуны баян етилген болыўы керек.

Мүрәжатларда мүрәжат етиўшилердиң электрон почта мәнзили, байланыс телефонлары көрсетилиўи мүмкин.

Мүрәжатлар мәмлекетлик тилде ямаса басқа да тиллерде бериилиўи мүмкин.

60. Мүрәжат етиўшилерге, округ комиссияларына жеке ямаса жәмәәтлик тәртипте мүрәжат етиў ҳуқықы кепилленеди.

61. Мүрәжат етиў ҳуқықы өз қәлеўи менен әмелге асырылады. Ҳеш ким қандай да бир мүрәжатты жақлаўға ямаса оған қарсы қаратылған ҳәрекетлерде қатнасыўға мәжбүр етилиўи мүмкин емес.

Мүрәжат етиў ҳуқықының әмелге асырылыўы басқа физикалық ҳәм юридикалық шахслардың ҳуқықларын, еркинликлерин ҳәмде нызамлы мәплерин, сондай-ақ жәмийет ҳәм мәмлекет мәплерин бузбаўы керек.

62. Мүрәжат етиўшилердиң жазба келисими, олардың шахсына тийисли бирде-бир мағлыўмат әшкара етилмеўи шәрт.

63. Физикалық ҳәм юридикалық шахслардан келип түскен мүрәжатлар округ комиссиясы баслығы тәрепинен комиссия ағзалары арасында көрип шығыў ушын бөлистириледи.

Округ комиссиясы референдумды өткериў дәўиринде физикалық ҳәм юридикалық шахслардың референдумға тийисли нызамшылық ҳүжжетлери талапларының бузылғанлығы ямаса референдумды шөлкемлестириўдиң басқа мәселелери ҳаққында өзине келип түскен мүрәжатларды өз ўәкилликлери шеңберинде көрип шығады, буған референдум өткериўши комиссиялардың ҳәрекетлери ҳәм қарарлары үстинен берилген шағымлар кирмейди.

Мүрәжатларды көрип шығыў процесинде тексериўлер өткерилиўи мүмкин.

Мүрәжатларға үш күнлик мүддетте, егер референдумға алты күннен аз ўақыт қалғанында ямаса даўыс бериў күни келип түскен мүрәжатларды болса дәрҳал көрип шығып, жазба жуўап бериледи.

Мүрәжатта көтерилген мәселе орнында унамлы шешилсе, мүрәжат етиўшиниң келисими менен жазба жуўап берилмейди.

64. Мүрәжатлар дизимге алыў журналында дизимге алыныўы керек.

Мүрәжатты қабыл етиўден ҳәм дизимнен өткериўден бас тартыўға жол қойылмайды.

Округ комиссиясының баслығы мүрәжатты көрип шығыў ҳәм оған байланыслы қарар қабыл етиў ушын округ комиссиясын усы Режениң 63-пунктинде белгиленген мүддетлерде шақырады ҳәм оның мәжилисин өткереди. Мәжилиске мәпдар шахслар мирәт етилиўи мүмкин.

Округ комиссиясы мүрәжатты қабыл етиўден ямаса көрип шығыўдан нызамға қайшы түрде бас тартқан жағдайда ямаса мүрәжатты көрип шығыў нәтийжеси бойынша мүрәжат етиўши наразы болса, олар үстинен судқа шағым етиўи мүмкин.

65. Округ комиссиясы келип түскен мүрәжатта қойылған мәселелерди шешиў өз ўәкиллигине кирмеген жағдайда, оны мүрәжат жиберген шахс хабардар етилген ҳалда үш күнлик мүддетте тийисли уйымларға жибереди.

66. Төмендеги мүрәжатлар көрип шығылмайды:

аноним мүрәжатлар;

физикалық ҳәм юридикалық шахслар ўәкиллери арқалы жиберилген мүрәжатлар, егер олардың ўәкилликлерин тастыйықлаўшы ҳүжжетлер болмаса;

нызамда белгиленген басқа да талапларға сәйкес келмейтуғын мүрәжатлар.

Мүрәжатлар көрмей қалдырылғанда тийисли жуўмақ дүзиледи, ол округ комиссиясы баслығы ямаса баслық орынбасары тәрепинен тастыйықланады.

Мүрәжат етиўши ўәкилиниң ўәкиллигин тастыйықлаўшы ҳүжжетлер болмағаны себепли мүрәжатлар көрмей қалдырылғанлығы ҳаққында мүрәжат етиўши тийисли тәртипте хабардар етиледи.

67. Мүрәжат етиўшилерди, олардың ўәкилин, олардың шаңарақ ағзаларын, олар өз ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплерин әмелге асырыў ямаса қорғаў мақсетинде мәмлекетлик уйымларына, референдум өткериўши комиссиялары ҳәм олардың лаўазымлы шахсларына мүрәжат еткенлиги, сондай-ақ мүрәжатларда өз пикирин билдиргенлиги ҳәм сынға алғанлығы мүнәсибети менен қуўдалаў қадаған етиледи.

Мүрәжат етиўшилерди қуўдалаў нызамшылықта белгиленген тәртипте жуўапкершиликке себеп болады.

68. Мүрәжатты көрип шыққан округ комиссиясы ағзалары оны көрип шығыў нәтийжелери ҳәм қабыл етилген қарар ҳаққында мүрәжат жиберген шахсты хабардар етиўи шәрт.

69. Мүрәжат етиўшилер округ комиссияларының мүрәжатларын көрип шығыў нәтийжелери бойынша ҳәм басқа да қарарлары үстинен усы қарарлар қабыл етилгеннен кейин бес күн ишинде судқа шағым етиўи мүмкин.

70. Судтың шешиўши қарары шығарылыўы менен дәрҳал тийисли референдум өткериўши комиссияға ҳәм мүрәжат етиўшиге тапсырылыўы лазым.

## XI бап. Референдум ҳаққындағы нызамшылық ҳүжжетлерди бузғанлығы ушын жуўапкершилик

71. Референдум ҳаққындағы нызамшылық ҳүжжетлерин бузғанлықта айыпкер шахслар белгиленген тәртипте жуўапкер болады.

Референдум күни ҳәм даўыс бериў басланыўынан бир күн алдын жәмийетшилик пикири сораўлары нәтийжелерин, референдум нәтийжелери прогнозларын, өткерилип атырған референдум менен байланыслы басқа да изертлеўлерди жәриялаў (ҳәммеге хабарлаў), соның ишинде, мәлимлеме тармақларына, сондай-ақ Интернет жәҳән мәлимлеме тармағына жайластырыў қадаған етиледи.

72. Өзбекстан Республикасы референдумына таярлық көриў ҳәм оны өткериў процесиндеги ҳуқықбузарлықлар бойынша ҳәкимшилик ис жүргизиўди рәсмийлестириў Орайлық сайлаў комиссиясының 2019-жыл 11-сентябрьдеги 934-санлы

қарары менен тастыйықланған Сайлаў комиссиялары ҳәм референдум өткериўши комиссиялар тәрепинен сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәм өткериў тараўындағы ҳуқықбузарлықларға байланыслы ислерди рәсмийлестириў бойынша инструкция тийкарында әмелге асырылады.

## XII бап. Референдумға тийисли ҳүжжетлерди ҳәм мөрди сақлаў

73. Өзбекстан Республикасы референдумына таярлық көриў ҳәм оны өткериў менен байланыслы ҳүжжетлер Орайлық сайлаў комиссиясының 2019-жыл 19-сентябрьдеги 939-санлы қарары менен тастыйықланған Сайлаў ҳәм референдумға таярлық көриў ҳәм оларды өткериў менен байланыслы болған ҳүжжетлерди сақлаў, архивке тапсырыў ҳәм жоқ етиў тәртиби ҳаққында инструкцияға муўапық сақлаў ушын таярланады ҳәмде тапсырылады.

74. Округ комиссиясының референдумда пайдаланған комиссия мөрин Орайлық сайлаў комиссиясына тапсырады.

Мәмлекетлик герб, байрақ, кабина, урна ҳәм басқа да материаллық байлықлар тийисли тәртипте район ҳәм қала ҳәкимликлериниң шөлкемлестириў-қадағалаў топарының лаўазымлы шахсларына акт тийкарында тапсырылады ҳәм олардың жуўапкершилигинде сақланады.

## XIII бап. Жуўмақлаўшы қағыйда

75. Округ комиссиялары Өзбекстан Республикасы референдумы жуўмақлары Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен рәсмий жәрияланғаннан кейин өз искерлигин жуўмақлайды.

***Референдум округлары ҳәмде референдум өткериўши округ комиссиялары ҳаққындағы режеге***
***1-ҚОСЫМША***

---

## ГҮЎАЛЫҚ

________________________________________
(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)

____________________ **референдум өткериўши округ комиссиясы**

**БАСЛЫҒЫ**

**Орайлық сайлаў комиссия**
**Баслығы**
(қолы) (фамилиясы ҳәм аты, әкесиниң аты бас ҳәриплери)

СҮЎРЕТ

20__ жыл «____» ________________ М.О.
(ОСК қарарының қабыл етилген сәнеси)

Шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжет көрсетилгенде ҳақыйқый болып табылады.

---

## ГҮЎАЛЫҚ

________________________________________
(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)

____________________ **референдум өткериўши округ комиссиясы**

**БАСЛЫҒЫ ОРЫНБАСАРЫ**

**Орайлық сайлаў комиссия**
**Баслығы** ________ ____________________________
(қолы) (фамилиясы ҳәм аты, әкесиниң аты бас ҳәриплери)

СҮЎРЕТ

20__ жыл «____» ________________ М.О.
(ОСК қарарының қабыл етилген сәнеси)

Шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжет көрсетилгенде ҳақыйқый болып табылады.

## ГҮЎАЛЫҚ

______________________________

(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)

__________________ **референдум өткериўши округ комиссиясы**

**ХАТКЕРИ**

**Орайлық сайлаў комиссия**
**Баслығы** ________ ____________________________

(қолы) (фамилиясы хәм аты, әкесиниң аты бас ҳәриплери)

СҮЎРЕТ

20__ жыл «____» _______________ М.О.

(ОСК қарарының қабыл етилген сәнеси)

Шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжет көрсетилгенде ҳақыйқый болып табылады.

## ГҮЎАЛЫҚ

______________________________

(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)

__________________ **референдум өткериўши округ комиссиясы**

**АҒЗАСЫ**

**Орайлық сайлаў комиссия**
**Баслығы** ________ ____________________________

(қолы) (фамилиясы хәм аты, әкесиниң аты бас ҳәриплери)

СҮЎРЕТ

20 жыл « » М.О.

(ОСК қарарының қабыл етилген сәнеси)

Шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжет көрсетилгенде ҳақыйқый болып табылады.

*Референдум округлары ҳәмде референдум өткериўши округ комиссиялары ҳаққындағы режеге*
***2-ҚОСЫМША***

**МАНДАТ №___**

______________________________________________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)*

______________________________________________ **дан**
*(мәпдар шөлкемлер атамасы)*

______________________ **референдум округы бойынша**
*(округ тәртип саны ҳәм аты)*

**БАҚЛАЎШЫ**

**Округ комиссиясы баслығы** ______ ______________________
*(қолы)* *(Ф.А.Ә.)*

20__ жыл «____» ___________шекем ҳақыйқый.

СҮЎРЕТ

20___ жыл «____» ___________ *М.О.*
*(қарар қабыл етилген сәне)*

Шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжет көрсетилгенде ҳақыйқый болып табылады.

*Референдум округлары ҳәмде референдум өткериўши округ комиссиялары ҳаққындағы режеге*
*3-ҚОСЫМША*

**Референдум өткериўши округ комиссиясының гербли резина мөриниң**
**ҮЛГИСИ**




Референдум өткериўши округ комиссиясының гербли резина мөриси диаметри 35 мм шеңбер формасында болып, орайдан 18,5 мм узақлықта тийкарғы шеңбер ҳәм оннан 1 мм аралықта және бир шеңбер өткерилген. Екинши шеңбер астында шеңбер бойынша “REFERENDUM O‘TKAZUVCHI TOSHKENT SHAHAR OKRUG KOMISSIYASI 14”* жазыўы бар. Усы тексттиң астынан және бир ишки шеңбер өткерилген болып, шеңбердиң ишинде Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик герби сәўлеленген.

** Референдумды өткериўши округ комиссиясы аты ҳәм тәртип саны Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланады.*

*Референдум округлары ҳәмде референдум өткериўши округ комиссиялары ҳаққындағы режеге*
***4-ҚОСЫМША***

**Референдум округы қыстырмасы**




*Референдум округлары ҳәмде референдум өткериўши округ комиссиялары ҳаққындағы режеге*
***5-ҚОСЫМША***

**Даўыс бериў бюллетенлерин өзбек, рус ҳәм қарақалпақ тиллеринде басып шығарыўдың бөлистирилиўи**

| № | Аймақтың атамасы | Өзбек тилинде | процент | Рус тилинде | процент | Қара-қалпақ тилинде | процент |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | | | | | | | |
| 2. | | | | | | | |
| 3. | | | | | | | |
| 4. | | | | | | | |
| 5. | | | | | | | |
| 6. | | | | | | | |
| 7. | | | | | | | |
| 8. | | | | | | | |
| 9. | | | | | | | |

_______________________________
*(округ комиссияның аты)*

**Референдум өткериўши округ комиссиясы баслығы**

_________________      _____________
*(Ф.А.Ә.)*      *(имза)*

*Референдум округлары ҳәмде референдум*
*өткериўши округ комиссиялары*
*ҳаққындағы режеге*
*6-ҚОСЫМША*

**ДАЎЫС БЕРИЎ БЮЛЛЕТЕНЛЕРИН**
**ТАПСЫРЫЎ ҲӘМ ҚАБЫЛ ЕТИЎ**
**АКТИ**

20__ жыл «__» ______________
*(мәнзил)*

____________________округ комиссиясы _________ участка
*(округ комиссиясының аты)*

комиссиясына ____ дана даўыс бериў бюллетенлерин тапсырды.

Даўыс бериў бюллетенлерин тапсырдым:

___________________________ **округ комиссиясы баслығы,**
*(округ комиссияның аты)*

**баслық орынбасары, хаткери** _______________________________
*(имза) (Ф.А.Ә.)*

Даўыс бериў бюллетенлерин қабыл еттим:

**__ участка комиссиясы баслығы, баслық орынбасары, хаткери**
_____________________________________________________________________
*(имза) (Ф.А.Ә.)*

*Референдум округлары ҳәмде референдум өткериўши округ комиссиялары ҳаққындағы режеге*
*7-ҚОСЫМША*

**________________- референдум өткериўши округ комиссиясының референдум округы бойынша нәтийжелерди жәмлеп барыў**

**КЕСТЕСИ**

| РЕФЕРЕНДУМ УЧАСТКАСЫ ТӘРТИП НОМЕРИ | 1. | 2. | 3. | 4. | 5. | 6. | 7 | 8 | 9. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Референдум участкасындағы даўыс бериўши пуқаралардың улыўма саны | Участка комиссиясы алған даўыс бериў бюллетеньлери саны | Даўыс бериў бюллетеньлерин алған даўыс бериўши пуқаралар саны | Мүддетинен алдын даўыс берген пуқаралар саны | Даўыс бериўде қатнасқан пуқаралар саны (даўыс бериў қутыларындағы даўыс бериў бюллетеньлери) | Пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып, бийкар етилген даўыс бериў бюллетеньлериниң улыўма саны | Референдумға қойылған мәселени жақлап берилген даўыслар саны | Референдумға қойылған мәселеге қарсы берилген даўыслар саны | Ҳақыйқый емес деп табылған даўыс бериў бюллетеньлери саны |
| №1 | | | | | | | | | |
| №2 | | | | | | | | | |
| №3 | | | | | | | | | |
| №4 | | | | | | | | | |
| №5 | | | | | | | | | |
| №6 | | | | | | | | | |
| №... | | | | | | | | | |
| **Референдум округы бойынша жәми** | | | | | | | | | |

*Референдум округлары ҳәмде референдум өткериўши округ комиссиялары ҳаққындағы режеге*
*8-ҚОСЫМША*

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ РЕФЕРЕНДУМЫ**

**20__ жыл «__»___________**

**____________ РЕФЕРЕНДУМ ӨТКЕРИЎШИ ОКРУГ КОМИССИЯСЫНЫҢ РЕФЕРЕНДУМ ОКРУГЫ БОЙЫНША ДАЎЫС БЕРИЎ НӘТИЙЖЕЛЕРИ ҲАҚҚЫНДАҒЫ**

**БАЯННАМАСЫ**

______________________ референдум өткериўши округ комиссиясы «Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамының 20, 37-статьяларына муўапық округтағы жәми __________ референдум участкаларында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баяннамаларға тийкарланып референдум округы бойынша төмендегилерди анықлады:

1. Референдум округы бойынша даўыс бериўши пуқаралардың улыўма саны____________________________
2. Округ комиссиясы алған даўыс бериў бюллетенлери саны _________________________________________
3. Мүддетинен алдын даўыс бергенлер саны ______________
4. Даўыс бериў бюллетеньлерин алған даўыс бериўши пуқаралар саны ___________________________________
5. Даўыс бериўде қатнасқан даўыс бериўши пуқаралар саны _______________________________________

6. **Пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып, бийкар етилген даўыс бериў бюллетеньлериниң улыўма саны ___________**

| | | |
|---|---|---|
| **7.** | **Референдумға қойылған мәселени жақлап берилген даўыслар саны** | |
| **8.** | **Референдумға қойылған мәселеге қарсы берилген даўыслар саны** | |

9. **Ҳақыйқый емес деп табылған даўыс бериў бюллетеньлери саны ___________________________**

**Комиссия баслығы** ___________________________________________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

**Комиссия баслығының орынбасары** ___________________________________________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

**Комиссия хаткери** ___________________________________________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

**Комиссия ағзалары:**

___________________________ ___________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

___________________________ ___________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

___________________________ ___________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

___________________________ ___________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

___________________________ ___________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

___________________________ ___________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

___________________________ ___________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

___________________________ ___________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

_______________________________ ___________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

_______________________________ ___________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

_______________________________ ___________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

_______________________________ ___________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

_______________________________ ___________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

_______________________________ ___________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

_______________________________ ___________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

_______________________________ ___________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

_______________________________ ___________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

_______________________________ ___________
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

Баяннама 20__ жыл «__» _______ дүзилди. М. О.

***ЕСЛЕТПЕ!***

***Баяннама толтырылғаннан соң, округ комиссиясы белгиленген тәртипте оның биринши нусқасын Орайлық сайлаў комиссиясына усынады.***

***Баяннаманың биринши нусқасына: даўыс бериў нәтийжелери анықланып атырғанда қатнасқан сиясий партиялар, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары бақлаўшылары ҳәмде ғалаба хабар қураллары ўәкиллери, басқа мәмлекетлер, халықаралық шөлкемлер бақлаўшыларының дизими қосымша етиледи.***

***Баяннаманың екинши нусқасына комиссия ағзаларының жеке пикири (егер бар болса) даўыс бериў ўақтында ямаса даўыслар есаплап шығылып атырғанда жол қойылған кемшиликлер бойынша комиссия атына келип түскен мүрәжатлар, усы мүрәжатларға байланыслы комиссия жуўмақлары қосымша етиледи.***

***Баяннаманың 5-пунктинде көрсетилген сан баяннаманың 7, 8 ҳәм 9-пунктлериндеги санлар жыйындысына тең (5-пункт=7-пункт+8-пункт+ 9-пункт) болыўы лазым.***

ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ОРАЙЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ ҚАРАРЫ

## Референдум участкалары ҳәмде референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы режени тастыйықлаў ҳаққында

«Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамының 18-статьясына муўапық, Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы **қарар етеди:**

1. Референдум участкалары ҳәмде референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы реже қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Усы қарар Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының рәсмий веб-сайтында жәриялансын.

3. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы баслығының орынбасары Б. Кучкаровқа жүкленсин.

**Баслық** **З. Низамходжаев**

Ташкент қаласы,
2022 жыл 28-июнь,
1172-сан

*Өзбекстан Республикасы*
*Орайлық сайлаў комиссиясының*
*2022-жыл 28-июньдағы*
*1172-санлы қарарына*
*ҚОСЫМША*

**Референдум участкалары ҳәмде референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы**
**РЕЖЕ**

Усы Реже «Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамға муўапық референдум участкаларын дүзиў, референдум өткериўши участка комиссияларының (буннан кейин текстте участка комиссиялары деп жүргизиледи) қурамын тастыйықлаў ҳәм участка комиссиялары искерлигиниң тәртибин белгилейди.

## I бап. Улыўма қағыйдалар

1. Референдум участкалары районлар, қалалар ҳәкимлериниң усынысына муўапық референдум өткериўши округ комиссиялары (буннан кейин текстте округ комиссиялары деп жүргизиледи) тәрепинен дүзиледи.

Әскерий бөлимлерде референдум участкалары бөлимлер ямаса әскерий бирикпелер командирлериниң усынысына муўапық округ комиссиялары тәрепинен дүзиледи.

Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги дипломатиялық ҳәм басқа да ўәкилханалары жанында референдум участкаларын дүзиў, участка комиссияларын қәлиплестириў тәртиби ҳәм олардың басқа да өзине тән өзгешеликлери Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен тастыйықланатуғын айрықша реже менен белгиленеди.

2. Референдум участкалары референдум тайынлаў ҳаққындағы қарар жәрияланғанан кейин он бес күннен кешикпей дүзиледи.

Әскерий бөлимлерде, алыс ҳәм барыў қыйын болған жерлерде, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында да референдум участкалары тап усы мүддетте, айырым жағдайларда болса референдум өткериўге кеминде бес күн қалғанда дүзиледи.

3. Референдум участкалары референдумда қатнасыў ҳуқықына ийе болған пуқаралардың, әдетте кеминде жигирма ҳәм көби менен үш мыңнан ибарат болып дүзиледи.

4. Участка комиссиясы округ комиссиясы тәрепинен референдум тайынлаў ҳаққындағы қарар жәрияланғаннан кейин жигирма бес күннен кешикпей бес-он тоғыз ағзадан, соның ишинде, баслық, баслық орынбасары, хаткеринен ибарат қурамда дүзиледи.

Участка комиссиясы қурамының саны зәрүр жағдайларда көбейтилиўи ямаса кемейтилиўи мүмкин.

## II бап. Участка комиссиясы ағзаларына қойылатуғын талаплар

5. Жигирма бир жасқа толған, орта ямаса жоқары мағлыўматқа, әдетте сайлаў ҳәм референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў бойынша ис тәжирийбесине ийе болған, халықтың арасында абырайға ийе пуқаралар участка комиссиясының ағзалары болыўы мүмкин.

Референдум өткериўши басқа комиссияның ағзалары, сиясий партиялардың ағзалары, ўәлаят, район ҳәм қала ҳәкимлери, прокуратура уйымларының, судлардың лаўазымлы шахслары, пуқаралардың басламашы топары қурамына кириўши шахслар участка комиссиясының ағзасы болыўы мүмкин емес.

6. Участка комиссиясы ағзаларының ярымынан көби бир шөлкемнен усынылыўы мүмкин емес, Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги дипломатиялық ҳәм басқа да ўәкилханалары жанында, әскерий бөлимлерде, санаторияларда, дем алыў үйлеринде, емлеўханларда, басқа стационар емлеў

мәкемелеринде, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында шөлкемлестирилген участка комиссиялары буған кирмейди.

Участка комиссиясы ағзаларының қалған ярымын қәлиплестириўде төмендеги резервлерден пайдаланыў усыныс етиледи:

сайлаў ҳәм референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў бойынша ис тәжирийбесине ийе, халықтың арасында абырайға ийе пуқаралар;

мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлери ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтлары ўәкиллери;

ҳуқықый билим ҳәм маманлыққа ийе шахслар (юрист-консультлар, адвокатлар ҳәм басқалар)

шет тиллерин билетуғын қәнигелер.

7. Сайлаў процесин басқарыў мәлимлеме системасы (буннан кейин текстте СПБМС деп жүргизиледи) ҳәм Сайлаўшылардың бирден-бир электрон дизими (буннан кейин текстте СБЭД деп жүргизиледи) компьютер бағдарламалары менен ислеў ушын ҳәр бир участка комиссиясы қурамында мәлимлеме коммуникация технологиялары тараўларында билим ҳәм әмелий көнликпеге ийе кеминде еки шахс (тийкарғы ҳәм резерв) болыўы усыныс етиледи.

8. Участка комиссиялары қурамында, соның ишинде басшы лаўазымларында ҳаял ҳәм еркеклердиң тең ўәкиллигин тәмийинлеўге, сондай-ақ, майыплығы болған жәмийетлик белсенди пуқараларды қурамға киргизилиўине итибар қаратылыўы керек.

## III бап. Участка комиссиясы ағзалығына талабанларды усыныс етиў

9. Референдумды тайынлаў ҳаққындағы қарар жәрияланғаннан кейин пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, жәмийетлик бирлеспелери, кәрханалар, мәкемелер ҳәм шөлкемлер өз басламасына қарап ямаса халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеслердиң усыныслары тийкарында участка комиссиясы ағзалығына талабанлар резервин қәлиплестиреди.

Әскерий бөлимлер, санаториялар ҳәм дем алыў үйлери, емлеўханалар ҳәмде басқа стационар емлеў мәкемелери басшылары тәрепинен участка комиссиясы ағзалығына талабанлар усы шөлкем

хызметкерлери арасынан референдум тайынлаў ҳаққындағы қарар жәрияланғаннан кейин жигирма күннен кешикпей округ комиссиясына тастыйықлаў ушын усыныс етиледи.

10. Референдум участкалары дүзилгеннен кейин:

пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары тәрепинен – пуқаралар жыйынында ямаса пуқаралар ўәкиллериниң жыйналысында яки пуқаралар жыйыны мәжилисинде;

жәмийетлик бирлеспелер, кәрханалар, мәкеме ҳәм шөлкемлер тәрепинен – мийнет жәмәәтлери жыйналысында участка комиссиясы ағзалығына талабанлар резеври додаланады ҳәм жыйналыс (мәжилис) нәтийжеси баянама менен рәсмийлестирилип, халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеслеринде көрип шығыў ушын усыныс етиледи.

11. Халық депутатлары район, қалал Кеңеслери референдум тайынлаў ҳаққындағы қарар жәрияланғаннан кейин жигирма күннен кешикпей пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, жәмийетлик бирлеспелер, кәрханалар, мәкемелер ҳәм шөлкемлер тәрепинен билдирилген усынысларды өз мәжилислеринде регламентте белгиленген тәртипте додалайды.

Додалаў нәтийжелерине қарап участка комиссиясы ағзалығына талабанларды усыныў ҳаққында қарар қабыл етеди ҳәм талабанлардың дүзилген дизими усы күнниң өзинде тийисли округ комиссиясына тастыйықлаў ушын киритиледи.

12. Әскерий бөлимлерде, сондай-ақ алыс ҳәм барыў қыйын болған аймақлардағы пуқаралар турған орынларда, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында референдум участкалары референдумға кеминде 5 күн қалғанда дүзилсе, округ комиссияларына референдум участкаларын дүзиў ҳаққында усыныс пенен бирге участка комиссиясы ағзалығына талабанларды усыныс етиў ҳаққындағы қарар да усынылады.

13. Участка комиссиясының қурамы тийисли округ комиссиясының қарары менен тастыйықланады.

14. Участка комиссиясының қурамын тастыйықлаў ҳаққындағы округ комиссиясының қарары жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының рәсмий веб-сайтларында ҳәм басқа дереклерде жәрияланады.

## IV бап. Участка комиссиясы қурамынан шығарыў ямаса қурамын өзгертиў

15. Төмендеги жағдайларда участка комиссиясы ағзасы өз арзасына ямаса оны комиссия ағзасы етип тастыйықлаған уйымның қарарына муўапық комиссия қурамынан шығарылады:

референдум өткериўши басқа комиссия қурамына сайланғанда;

сиясий партияға ағза болғанда;

ўәлаят, район, қала ҳәкими етип сайланғанда (тастыйықланғанда);

прокуратура ямаса судқа жуўапкер лаўазымға тайынланғанда (сайланғанда).

Участка комиссиясы ағзасы өз қәлеўи бойынша берген арзасы тийкарында басқа да жағдайларда оны комиссия ағзасы етип тастыйықлаған уйымның қарары менен комиссия қурамынан шығарылыўы мүмкин.

16. Участка комиссиясы ағзасы «Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызам талапларын бузған ямаса жуўапкершилигиндеги миннетлерге турақлы түрде итибарсызлық еткен жағдайда, ол комиссия ағзасы етип тастыйықлаған уйымның қарары менен ўәкилликлеринен айырылыўы мүмкин.

Бунда комиссия ағзасының «Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызам талапларын бузғанлығы ямаса жуўапкершилигиндеги миннетлерге турақлы түрде итибарсызлық еткенлигине байланыслы ол ағза болған комиссияның акти менен рәсмийлестириледи.

17. Участка комиссиясы ағзасы комиссия қурамынан шығарылған ямаса комиссия ағзаларының саны көбейтилген жағдайларда комиссияның жаңа ағзасы усы Режеде белгиленген тәртипте тастыйықланады.

## V бап. Участка комиссиясының искерлигин шөлкемлестириў

18. Участка комиссиясының баслығы, баслық орынбасары, хаткери ямаса басқа да ағзаларынан бири комиссияның қарарына

муўапық референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў ўақтында өндирис ямаса хызмет ўазыйпаларын орынлаўдан азат етилиўи мүмкин.

19. Участка комиссиясы ағзасы өз ўәкиллик мүддети жуўмақланаман дегенше референдум ўақтында жумыс бериўшиниң басламасы менен жумыстан босатылыўы яки оның келисимисиз басқа жумысқа өткерилиўи мүмкин емес.

20. Участка комиссиясы баслығы, баслық орынбасары, хаткери ямаса ағзаларына тийисли усы Режениң 1-2-3-4-қосымшаларына муўапық формада гүўалық бериледи.

Участка комиссиясы баслығының гүўалығы округ комиссиясы баслығы тәрепинен имзаланады ҳәм округ комиссиясының мөриси менен тастыйықланады.

Участка комиссиясы баслығының орынбасары, комиссия хаткери ҳәм ағзаларының гүўалықлары участка комиссиясы баслығы тәрепинен имзаланады ҳәм участка комиссиясының мөриси менен тастыйықланады.

21. Участка комиссиясы өз искерлигин нызамлылық, коллегиаллық, ашкаралық ҳәм әдиллик прициплери тийкарында әмелге асырады.

22. Участка комиссиясы жумысының шөлкемлестириў формасы оның зәрүрлигине қарап өткерилетуғын мәжилиси есапланады.

Участка комиссиясының мәжилиси, егер онда мәжилис өткерилип атырған күндеги комиссия ағзаларының улыўма санының кеминде үштен еки бөлеги қатнасып атырған болса ўәкилликли есапланады.

23. Участка комиссиясының мәжилиси баслықтың басламасы менен ямаса комиссия ағзаларының улыўма қурамының кеминде үштен бир бөлегиниң талабына муўапық шақырылыўы мүмкин.

24. Участка комиссиясының қарары ашық даўыс бериў жолы арқалы комиссия ағзалары улыўма санының көпшилик даўысы менен қабыл етиледи. Даўыслар тең болып қалған жағдайда, басшылық етиўшиниң даўысы шешиўши есапланады.

25. Участка комиссиясы өз искерлигин ашық ҳәм әшкара әмелге асырады.

Мәжилисте күн тәртиби, онда қатнасып атырған комиссия ағзаларының аты, фамилиясы, әкесиниң аты, көрилген ҳәр бир

мәселе бойынша даўыс бериў нәтийжелери, қабыл етилген қарар сәўлеленген баяннама жүргизиледи.

Баяннама баслылық етиўши ҳәм хаткер тәрепинен имзаланады. Баяннамаға мәжилисте қабыл етилген қарар, жуўмақлар ҳәм басқа да ҳүжжетлер, сондай-ақ комиссия ағзаларының ол ямаса бул мәселе бойынша өз алдына пикирлери жазба көринисте қосымша етиледи.

26. Участка комиссиясының мәжилислеринде жоқары турыўшы комиссия ағзалары, сиясий партиялардан, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларынан, пуқаралардың басламашы топарларынан бақлаўшылар (буннан кейин текстте жергиликли бақлаўшылар деп жүргизиледи), ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшылар қатнасыўы мүмкин.

Мәжилислерге жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары, жәмийетлик бирлеспелер ўәкиллери ҳәм басқалар мирәт етилиўи мүмкин.

27. Участка комиссиясының референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге байланыслы барлық илажларында, сондай-ақ референдум күни даўыс бериў ханаларында ҳәм даўысларды санап шығыўда жергиликли бақлаўшылар, ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшылар қатнасыў ҳуқықына ийе.

Олардың ўәкилликлери тийисли ҳүжжетлер менен тастыйықланған болыўы керек.

## VI бап. Участка комиссиясының ўәкилликлери

28. Участка комиссиясы:

референдум участкасы бойынша даўыс бериў пуқаралардың дизимин СБЭД тийкарында дүзеди;

пуқараларды даўыс бериўши пуқаралар дизими менен таныстырады, дизимде жол қойылған қәтеликлер ҳәм түсинбеўшиликлер ҳаққындағы арзаларды қабыл етеди ҳәмде көрип шығады ҳәм дизимге тийисли өзгерислер киргизиў ҳаққындағы мәселени шешеди;

участка комиссиясы даўыс бериўши пуқараларды дизим менен танысып шығыў орны ҳәм ўақты ҳаққында хабардар етеди;

референдум күни өз жасаў орнында болыўы ҳәм даўыс бериўде қатнасыў имканиятына ийе болмаған ҳәм мүддетинен алдын даўыс берген даўыс бериўши пуқаралардан толтырылған даўыс бериў бюллетенлерин (буннан кейин текстте бюллетень деп жүргизиледи) жабық конвертлерде қабыл етип алады;

халықты референдум күни ҳәм даўыс бериў орны ҳаққында хабардар етеди;

имараттың жасырын даўыс бериў кабиналары ямаса ханалары, даўыс бериў қутылары, сондай-ақ басқа да үскенелер менен усы Режениң 5-6-7-қосымшаларына муўапық таярлап қойылыўын тәмийинлейди;

референдум күни участкада даўыс бериўди шөлкемлестиреди;

денсаўлығына байланыслы ямаса басқа да себеплерге көре даўыс бериў имаратына келе алмаған даўыс бериўши пуқаралардың илтимасына муўапық олар турған орында даўыс бериўди шөлкемлестиреди;

даўысларды санап шығады;

даўыс бериўши пуқаралардың ҳәм референдум басқа қатнасыўшыларының мүрәжатларын көрип шығады ҳәмде олар бойынша қарарлар қабыл етеди;

«Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамына муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

29. Участка комиссиясы баслығы:

участка комиссиясы искерлигине басшылық етеди;

участка комиссиясы мәжилислерин шақырады, оларда басшылық етеди ҳәм оны өткериў тәртибин белгилейди;

комиссия ағзалары арасында ўазыйпаларды бөлистиреди;

мәмлекетлик уйымлары, халықаралық шөлкемлер, жәмийетлик бирлеспелер менен қатнасықларда участка комиссиясы атынан қатнасады;

участка комиссиясы жайласқан имарат ҳәм даўыс бериў ханасының үскенелениўин шөлкемлестиреди;

участка комиссиясының қарарларын, участка комиссиясы баслығының орынбасары, комиссия хаткери ҳәм ағзаларының гүўалықларын ҳәм басқа да ҳүжжетлерин имзалайды;

физикалық хәм юридикалық шахслардан келип түскен мүрәжатларды комиссия ағзалары арасында көрип шығыў ушын бөлистиреди;

даўыс бериўши пуқаралар дизимине киргизилгенлер ҳаққындағы мағлыўматлардың дурыслығын тексериў ушын участка комиссиясы ағзаларының үйме-үй айланып шығыўын шөлкемлестиреди ҳәм муўапықластырып барады;

участка комиссиясы ағзаларының даўыс бериў күниндеги ўазыйпаларын белгилейди;

жергиликли бақлаўшылар, ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлер бақлаўшылары менен комиссия атынан жумыс алып барады;

референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў процесиндеги ҳуқықбузарлықлар анықланған жағдайда, бул ҳаққында округ комиссиясын ямаса ҳуқық қорғаў уйымларын хабардар етеди;

референдум жуўмақлары жәрияланғаннан соң комиссия искерлигине байланыслы ҳүжжетлерди тийислилиги бойынша қала ҳәм район мәмлекетлик архивине ҳәмде қала хәм район ҳәкимликлерине тапсырады;

«Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамына ҳәм усы Режеге муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

Участка комиссиясы баслығы өз ўәкилликлерин орынлай алмаған, сондай-ақ участка комиссиясы баслығы болмаған жағдайда, оның ўәкилликлери баслық орынбасары ямаса участка комиссиясы қарары менен комиссия ағзаларынан бириниң жуўапкершилигине жүкленеди.

30. Участка комиссиясы баслығының орынбасары:

комиссия ағзаларының искерлигин муўапықластырып барады;

участка комиссиясы ағзаларының қәнийгелигин арттырыў ҳәм олардың искерлигин методикалық жақтан тәмийинлеўди шөлкемлестиреди;

ғалаба хабар қураллары ўәкиллери менен байланыс орнатады, оларда комиссия искерлигин ҳәр тәреплеме жарытылыўын шөлкемлестиреди;

жергиликли бақлаўшылар, ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшыларды тийисли референдум өткериўши комиссия тәрепинен берилген ҳүжжетлер тийкарында дизимге алыўды шөлкемлестиреди;

физикалық ҳәм юридикалық шахсларды, сондай-ақ олардың ўәкиллерин қабыллайды ҳәм олардың мүрәжатларының белгиленген тәртипте көрип шығылыўын шөлкемлестиреди;

участка комиссиясы ағзаларын тартқан ҳалда комиссия қарарларының орынланыўын тәмийинлейди;

участка комиссиясы баслығының тапсырмаларын орынлайды;

өз ўәкилликлери шеңберинде участка комиссиясының басқа ағзаларына тапсырмалар береди;

«Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамға ҳәм усы Режеге муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

Участка комиссиясы баслығының орынбасары өз ўәкилликлерин орынлай алмаған, сондай-ақ ол болмаған жағдайда, оның ўәкилликлери комиссия хаткери ямаса участка комиссиясының қарары менен комиссия ағзаларының бириниң жуўапкершилигине жүкленеди.

31. Участка комиссиясының хаткери:

участка комиссиясы мәжилислерин шөлкемлестиреди, додаланатуғын мәселелер бойынша қарар ҳәм басқа да ҳүжжетлер жойбарларын таярлайды;

участка комиссиясы ағзаларын комиссия мәжилиси өткериў ўақты ҳәм орны ҳаққында хабарландырады;

участка комиссиясы баслығы ҳәм баслық орынбасарының тапсырмаларын орынлайды;

участка комиссиясының искерлигине тийисли ис ҳүжжетлерин номенклатура тийкарында жүргизеди;

округ комиссиясы хаткеринен СПБМСға кириў ушын тийисли мағлыўматларды алады;

даўыс бериўши пуқаралардың дизимин СБЭДден жүклеп алады ҳәм комиссия баслығына усынады;

«Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамға ҳәм усы Режеге муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

32. Участка комиссиясының ағзасы:

участка комиссиясы баслығы тәрепинен бөлистирилиўине қарап өзине жүкленген ўазыйпаларды ҳәмде баслық ҳәм оның орынбасары тапсырмаларын өз ўақтында, сапалы орынлайды;

участка комиссиясы мәжилислеринде қатнасады;

көрип шығыў өзине жүкленген физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатларын белгиленген мүддетлерде көрип шығылыўын тәмийинлейди;

участка комиссиясы баслығы тәрепинен даўыс бериў күниндеги белгиленген ўазыйпалардың өз ўақтында ҳәм сапалы орынланыўын тәмийинлейди;

референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў процесиндеги ҳуқықбузарлықлар анықланған жағдайда, олар ҳаққында дәрҳал баслық яки баслық орынбасарын хабарландырады;

даўыс бериўши пуқараның шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжети тийкарында оның даўыс бериўши пуқаралар дизиминдеги мағлыўматларын тексереди, оған даўыс бериў ушын даўыс бериў бюллетенин қол қойдырып тапсырады;

бақлаўшыларға ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллерине даўыс бериў процессин бақлаў ушын шараятлар жаратады.

«Өзбекстан Республикасының референдум ҳаққында»ғы Нызамына ҳәм усы Режеге муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

33. Участка комиссиясының ағзасы төмендеги ҳуқықларға ийе:

комиссия мәжилислери ҳаққында алдыннан хабардар болыў;

комиссия мәжилислеринде қатнасыў;

комиссия ўәкиллигине киргизилген мәселелер бойынша усыныс киргизиў ҳәм усы мәселе бойынша даўыс бериў өткерилиўин талап етиў;

комиссияның референдумға тийисли ҳүжжетлери менен танысыў ҳәм бул ҳүжжетлердиң нусқаларын алыў;

комиссия мәжилисинде додаланған мәселелер бойынша даўыс бериў ҳәм оның қарарларын нызамда белгиленген тәртипте имзалаў.

34. Мәмлекетлик уйымлар ҳәм жәмийетлик бирлеспелер, кәрханалар, мәкемелер, шөлкемлер, лаўазымлы шахслар участка комиссияларына өз ўәкилликлерин әмелге асырыўда көмеклесиўи, олардың жумысы ушын зәрүр мағлыўматларды усыныўы шәрт.

35. Участка комиссиясы референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў менен байланыслы мәселелер бойынша мәмлекетлик уйымларына ҳәмде жәмийетлик бирлеспелердиң уйымларына, кәрханаларға, мәкемелерге, шөлкемлерге, лаўазымлы шахсларға мүрәжат етиў ҳуқықына ийе, олар қойылған мәселени узағы менен үш күнлик мүддетте көрип шығыўы ҳәм участка комиссиясына жуўап қайтарыўы шәрт.

36. Участка комиссиясының өз ўәкилликлери шеңберинде қабыл еткен қарары барлық мәмлекетлик уйымлары, сиясий партиялар ҳәм басқа да жәмийетлик бирлеспелер, мийнет жәмәәтлери ҳәм әскерий бөлимлер, кәрханалардың, мәкемелердиң ҳәм шөлкемлердиң басшылары орынлаўы ушын мәжбүрий есапланады.

37. Участка комиссиясы усы Режениң 8-қосымшасына муўапық формадағы мөрге ийе болады.

## VII бап. Участка комиссиясы жумысын режелестириў ҳәм шөлкемлестириў

38. Участка комиссиясы округ комиссиясы тәрепинен тастыйықланғанынан соң төмендеги илажларды әмелге асырады:

бир күнлик мүддетте участка комиссиясының биринши шөлкемлестириўшилик мәжилисинде төмендеги мәселелерди көрип шығады:

участка комиссиясының референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге тийисли ис режесин тастыйықлаў;

участка комиссиясы ағзалары арасында ўазыйпаларды бөлистириў;

участка комиссиясы ағзалары тәрепинен пуқаралардың ҳәр күнлик қабыллаўын шөлкемлестириў;

участка комиссиясы ағзаларының нәўбетшилигин шөлкемлестириў;

участка комиссиясының ис ҳүжжетлери номенклатурасын ислеп шығыў, тастыйықлаў ҳәм әмелде қоллаў ҳаққында қарар қабыл етиў.

39. Участка комиссиясы жайласқан имаратты белгиленген тәртипте үскенелеўге зәрүр болған шөлкемлестириўшилик илажларды әмелге асырады.

40. Даўыс бериўши пуқараларды участка комиссиясының телефон номери, жумыс ўақты ҳәм даўыс бериў орны ҳаққында хабарландырады.

41. Даўыс бериўши пуқаралар дизимлериниң дүзилисин ҳәм олардың референдумға кеминде он күн қалғанында ҳәмме танысып шығыўы ушын усынылыўын тәмийинлейди. Усы дизимде тек даўыс бериўши пуқаралардың фамилиясы, аты, әкесиниң аты ҳәм туўылған жылы көрсетиледи.

Санаториялар ҳәм дем алыў үйлеринде, емлеўханалар ҳәм басқа стационар емлениў орынларында, алыс ҳәм барыў қыйын болған жерлерде, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген участкаларда болса даўыс бериўши пуқаралардың дизимлери даўыс бериў күнине жети күн қалғанында бәрше танысыўы ушын усынылады. Усы дизимде тек ғана даўыс бериўши пуқаралардың фамилиясы, аты, әкесиниң аты ҳәм туўылған жылы көрсетиледи.

42. Референдум участкасы аймағында жасаўшы биринши рет даўыс бериўши, наўқас, жасы үлкен ҳәм имканияты шекленген, майыплығы болған даўыс бериўши пуқаралар дизимин қәлиплестиреди.

43. Округ комиссияларынан акт тийкарында бюллетенлерди ҳәм Брайл әлипбеси тийкарында таярланған трафаретти қабыллап алады ҳәм олардың сақланыўын тәмийинлейди.

44. Даўыс бериўши пуқараларды даўыс бериў күни, ўақты ҳәм орны ҳаққында референдумнан кеминде он күн алдын хабарландырады.

45. Округ комиссиясынан алынған бюллетенлерди еки участка комиссиясы ағзасының имзасы ҳәм комиссия мөриси менен тастыйықлайды ҳәмде олардың сақланыўын тәмийинлейди.

## VIII бап. Участка комиссиясы жайласқан имарат ҳәм даўыс бериў ханаларын үскенелеў

46. Референдум участкаларында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм оны өткериў ушын зәрүр болған имаратлар ҳәм үскенелерди мәмлекетлик уйымлары, кәрханалар, мәкемелер, шөлкемлер, участка комиссиялары ықтыярына бийпул берип турады.

Лазым болған дәрежеде үскенеленген даўыс бериў ханалары район ҳәм қала ҳәкимликлери тәрепинен участка комиссияларына референдум өткерилетуғын күннен кеминде он бир күн алдын усынылыўы керек.

47. Участка комиссиялары жайласқан имаратлар белгиленген тәртипте үскенелениўи ҳәм төмендегилерге ийе болыўы керек:

Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик байрағы (имараттың үстинде ҳәм ишинде);

Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик герби (имараттың ишинде);

референдум участкасының тәртип номери көрсетилген қыстырма;

жақты ҳәм кең даўыс бериў ханасы;

қулыпланатуғын сейф яки металл шкаф;

жазыў қураллары менен тәмийинленген жасырын даўыс бериў кабиналары (1000 ға шекем даўыс бериўши пуқара ушын кеминде 2 дана, 2000 ға шекемги даўыс бериўши пуқара ушын кеминде 3 дана, 3000 ға шекемги даўыс бериўши пуқара ушын кеминде 4 дана);

физикалық имканияты шекленген шахслар ушын арналған жасырын даўыс бериў кабиналары;

стационар даўыс бериў қутысы;

көшпели даўыс бериў қутысы;

пластмассалы пломбалар (улыўма 7 дана, соннан 3 данасы стационар даўыс бериў қутысы ушын, 1 данасы көшпели даўыс бериў қутысы ушын, 1 данасы қап ушын, 2 данасы резерв ушын);

участка комиссиясының мөри;

зәрүр мебеллер, оргтехника қураллары (компьютер, принтер, сканер, нусқа көширетуғын қурылма, UPS), телефон, телевизор;

екеўден кем болмаған СПБМС талапларына жуўап беретуғын компьютер ҳәм оларға керек болған қурылмалар (UPS, принтер, сканер ҳәм басқалар) ҳәм үзликсиз Интернет байланысы;

бақлаўшылар ушын бөлек орынлар;

өртке қарсы қураллар.

Участка комиссиясы жайласқан имарат ҳәм оған алып барыўшы тратуарлар азада ҳәм оңланған, жақтыландырыўшы үскенелер орнатылған болыўы керек.

Даўыс бериў имаратында яки тиккелей оның алдында участка комиссиясы стенд үскенелейди, оған даўыс бериў бюллетениниң үлгиси ҳәм оны толтырыў тәртиби жайластырылады, егер референдумға нызам жойбары қойылған болса, стендке усы жойбардың тексти де жайластырылады. Егер референдумға қойылған нызам жойбары әмелдеги нызамның бийкарланыўын яки оған өзгерис ҳәм қосымшалар киргизилиўин нәзерде тутса, стендке бийкарланыўы, өзгертилиўи яки қосымшалар киргизилиўи усыныс етилип атырған әмелдеги нызам тексти жайластырылады.

48. Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге тийисли мағлыўматлар жайластырылатуғын стендлерде төмендегилер жайластырылады:

референдум сәнесине арналған плакатлар (Өзбекстан Республикасы референдумына _____ күн қалды);

референдум участкасының картасы;

участка комиссиясы ағзаларының қурамы, ис режеси, нәўбетшилик кестеси;

референдумға қойылған мәселе ҳаққында мәлимлеме;

пуқаралар мүрәжаты ушын Орайлық сайлаў комиссиясының исеним телефоны яки электрон мәнзили, округ комиссиясы, тийисли район (қала) суды ҳәм прокуратурасының телефон номерлери сәўлеленген мағлыўматлар;

даўыс бериў тәртиби;

даўыс бериўши пуқаралардың дизими;

референдумға тийисли инфографикалық көринистеги түсиндириў материаллары ҳәм мәлимлемелер.

49. Даўыс бериў ханасына алып барыўшы жолларда референдум участкасының усы Режениң 9-қосымшасында белгиленген формадағы көрсеткишлери көринетуғын жерлерге жайластырылыўы керек.

50. Участка комиссиясы имараты маңлайшасына усы Режениң 10-қосымшасында белгиленген формада референдум участкасы тәртип номери жазылған қыстырма жайластырылады, имаратқа кириў орнында майыплар арбашасына арналған жоллар (пандуслар) болыўы ҳәм олардың белгиленген талапларға (ени кеминде 90 сантиметр, шығыў мүйеши 30$^0$ дан көп болмаған) сәйкес келиўи керек.

51. Участка комиссиясында жүргизилетуғын төмендеги ис жүргизиў дәптери ҳәм папкалары болыўы керек:

участка комиссиясының қарарлары, баяннамалары ҳәм актлериниң папкасы;

кирис, шығыс ҳүжжетлерин, соның ишинде мүрәжатларды дизимге алыў дәптери ҳәм папкасы;

бақлаўшыларды дизимге алыў дәптери.

## IX бап. Даўыс бериўши пуқаралардың дизими

52. Даўыс бериўши пуқаралардың дизими участка комиссиясы тәрепинен СБЭД тийкарында дүзиледи.

Ҳәр бир пуқара даўыс бериўши пуқаралардың тек ғана бир дизимге киргизилиўи мүмкин.

Референдум күнине шекем яки референдум күни он сегиз жасқа толған, дизим дүзилип атырған ўақытта усы референдум участкасы аймағында турақлы яки ўақтынша жасап атырған Өзбекстан Республикасының барлық пуқаралары даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритиледи.

Дизимге даўыс бериўши ҳәр бир пуқараның фамилиясы, аты, әкесиниң аты, туўылған сәнеси ҳәм турақ жай мәнзили киритиледи.

Суд тәрепинен ҳәрекетке уқыпсыз деп табылған пуқаралар, сондай-ақ, аўыр ҳәм оғада аўыр жынаятлар ислегенлиги ушын судтың ҳүкими менен еркинен айырыў орынларында сақланып атырған шахслар даўыс бериўши пуқаралар дизимине киргизилмейди.

53. Участка комиссиясы хаткери СПБМСға кириў ҳуқықын алыў ушын округ комиссиясына мүрәжат етеди. Округ комиссиясы хаткери СПБМСға кириў ҳуқықын участка комиссиясы хаткерине усынады.

Участка комиссиясы дүзилгеннен соң үш күн ишинде комиссияның хаткери СПБМСға кирип бөлистирилген усы участкада даўыс бериўши пуқаралардың дәслепки дизимин жүклеп алады.

Комиссия хаткери даўыс бериўши пуқаралардың дизимин тексерип шығады, басып шығарады ҳәм участка комиссиясы баслығына усынады.

Участка комиссиясының баслығы комиссия ағзаларына даўыс бериўши пуқаралар дизимине киргизилген пуқаралар ҳаққындағы мағлыўматлардың дурыслығын анықластырыў ушын бөлистиреди.

54. Участка комиссиясы даўыс бериўши пуқаралардың дәслепки дизимин алғаннан соң усы референдум участкасы аймағында жасаўшы даўыс бериўши пуқараларды анықластырыў илажларын көреди.

Ҳәкимликлер, тийисли мәкемелер, соның ишинде, пуқаралар жыйынлары, профилактика инспекторлары участка комиссиясы сораўына муўапық усы референдум участкасы аймағында жасап атырған пуқаралар ҳаққында мағлыўматларды 24 саат ишинде усыныўы шәрт.

Участка комиссиясы ағзалары референдум участкасы аймағында жасаўшы даўыс бериўши пуқаралар ҳаққында мағлыўматларға зәрүрлик болғанында, үйме-үй айланып шығыў арқалы анықлық киритеди.

Участка комиссиясы даўыс бериўши пуқаралардың дизимин дүзиў жумысларына жәмәәтшилик ўәкиллери ҳәм волонтёрларды тартыўы мүмкин. Район ҳәм қала ҳәкимликлери даўыс

бериўши пуқаралардың дизимлерин анықластырыў жумысларына көмеклеседи.

Участка комиссиясы ағзалары үйме-үй айланып шығыў ўақтында пуқаралардың даўыс бериў күни усы референдум участкасы аймағында болыў-болмаўына, даўыс бериўши пуқаралардың дизиминдеги усы пуқараларға тийисли мағлыўматларда қәте-кемшиликлер бар-жоқлығына анықлық киритеди.

Референдум участкасы аймағында ўақтынша жасап атырған пуқаралар барлығы анықланса, бирақ олар усы референдум участкасында даўыс бериўши пуқаралар дизимине киргизилмеген болса ҳәмде өз-ара сәўбет ўақтында олардың даўыс бериў күни усы референдум участкасы аймағында болыўы анықланса, олардан қәлеўине қарап усы Режениң 11-қосымшасына муўапық үлгидеги арза алынады.

Егер пуқара даўыс бериўши пуқаралар дизими менен танысыў процесинде өзи ҳаққындағы мағлыўматлар қәте киргизилген яки өзи жасап атырған аймақтан басқа аймақта жайласқан референдум участкасындағы даўыс бериўши пуқаралар дизимине киргизилгенлигин анықлаған жағдайда, тиккелей өзи жасап турған аймақтағы референдум участкасына барып, жоқарыда көрсетилген үлгидеги арза менен мүрәжат етиўи мүмкин.

Пуқараның арзасы комиссия баслығы яки хаткери тәрепинен белгилеў дәптеринде дизимге алынады, соннан кейин СПБМСда белгиленген формадағы электрон сораўнама толтырылады ҳәм даўыс бериўши пуқаралар дизимине өзгерис киргизиў ушын тийисли тәртипте республика, ўәлаят яки район исши топарына (буннан кейин текстте исши топар деп жүргизиледи) автоматикалық түрде жибериледи.

Исши топар электрон сораўнаманы көрип шығады ҳәм СПБМСдағы даўыс бериўши пуқаралар дизимине белгиленген тәртипте тийисли өзгерис киритеди.

Арзасына муўапық референдум участкасы өзгертилген ямаса арза менен мүрәжат етпеген пуқараны басқа референдум участкасына өткерилиўине яки тартып алыныўына жол қойылмайды.

Арзадан бас тартылған жағдайларда участка комиссиясы пуқараға оның арзасынан бас тартылыўының тийкарлары көрсетилген ҳалда мағлыўматнама бериўи шәрт.

55. Даўыс бериўши пуқараның өз қәлеўине қарап берген арзасына муўапық төмендегилер даўыс бериўши пуқаралар дизимине өзгерис ҳәм дүзетиўлер киргизиў ушын тийкар болыўы мүмкин:

даўыс бериўши пуқараның тийисли референдум участкасы аймағында турақлы яки ўақтынша жасаўы;

жасы он сегизге толғанлығын тастыйықлаўшы ҳүжжет;

судтың пуқараны ҳәрекетке уқыпсыз деп табыў ҳаққындағы шешиўши қарары бийкарланғанлығы ямаса пуқараның еркинен айырыў орынларынан босатылғанын тастыйықлаўшы ҳүжжет.

56. Әскерий бөлимлердеги әскерий хызметкер - даўыс бериўши пуқаралардың, сондай-ақ әскерий хызметкерлердиң әскерий бөлимлер жайласқан аймақларда жасаўшы шаңарақ ағзалары ҳәм басқа да даўыс бериўши пуқаралардың дизими әскерий бөлимлердиң командирлери усынатуғын мағлыўматлар тийкарында дүзиледи.

Әскерий бөлимлерден сыртта жасаўшы әскерий хызметкерлер жасаў орынлары бойынша улыўмалық тийкарларда даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритиледи.

Санаторияларда ҳәм дем алыў үйлеринде, емлеўханаларда ҳәм басқа стационар емлеў орынларында, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген референдум участкалары бойынша даўыс бериўши пуқаралар дизимлери усы мәкемелер басшылары тәрепинен усынылған мағлыўматлар тийкарында участка комиссиясы тәрепинен дүзиледи.

Санаторияларда ҳәм дем алыў үйлеринде, емлеўханаларда ҳәм басқа стационар емлеў орынларында, сондай-ақ қамақта сақлаў орынларында шөлкемлестирилген референдум участкаларындағы даўыс бериўши пуқаралар дизимге киргизилген пуқаралар ҳаққында усы участка комиссиясы бундай пуқараларды турақлы яки ўақтынша жасаў орнындағы участка комиссиясына мәлимлеме жеткериў илажларын көриўи лазым.

Хабардар етилген участка комиссиясы өз референдум участкасындағы даўыс бериўши пуқаралар дизимине усы даўыс бериўши

пуқара басқа референдум участкасында даўыс бериўши пуқаралар дизимине киргизилгенлиги ҳаққында жазыў киритеди ҳәмде оны жуўмақлаўшы баяннамада референдум участкасындағы даўыс бериўши пуқаралардың улыўма санына киргизбейди.

57. Даўыс бериўши пуқаралар дизимин анықластырыў жумыслары алып барылып атырған ўақытта пуқараларға мүддетинен алдын даўыс бериўди әмелге асырыў имканияты ҳәм басқа ҳуқықлары түсиндириледи.

58. Даўыс бериўши пуқаралардың дизимлери референдумға кеминде он күн қалғанында участка комиссиясы хаткери тәрепинен СПБМСдан жүклеп алынады, басып шығарылады, участка комиссиясы баслығы ҳәм хаткери тәрепинен имзаланады, участка комиссиясы мөри менен тастыйықланады ҳәм ҳәмме танысып шығыўы ушын усынылады. Усы дизимде тек ғана даўыс бериўши пуқаралардың фамилиясы, аты, әкесиниң аты ҳәм туўылған жылы көрсетиледи.

Участка комиссиясы даўыс бериўши пуқаралардың дизимлери ҳәмме танысып шығыўы ушын усынылғаннан соң ҳәм анықланған қәте-кемшиликлерди сапластырыў мақсетинде референдумға бес күн қалғанға шекем даўыс бериўши пуқаралардың дизимлерине өзгерис киргизиў ушын исши топарларға электрон сораўнама жибериўи мүмкин.

Исши топарлар электрон сораўнаманы сол күнниң өзинде көрип шығып, белгиленген тәртипте шешеди.

Санаторияларда ҳәм дем алыў үйлеринде, емлеўханаларда ҳәм басқа стационар емлеў мәкемелеринде, алыс ҳәм барыў қыйын болған аймақлардағы пуқаралар турған орынларда, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген участкаларда даўыс бериўши пуқаралардың жуўмақлаўшы дизими референдумға үш күн қалғанда ҳәмме танысып шығыўы ушын усынылады. Усы дизимде тек ғана даўыс бериўши пуқаралардың фамилиясы, аты, әкесиниң аты ҳәм туўылған жылы көрсетиледи.

59. Даўыс бериўши пуқаралардың дизимлерине өзгерислер киргизиў референдумға бес күн қалғанда тоқтатылады.

Участка комиссиясы хаткери референдумға үш күн қалғанда өз аймағындағы даўыс бериўши пуқаралардың соңғы дизимлерин

СПБМСдан жүклеп алады, басып шығарады ҳәм участка комиссиясы баслығына усынады.

Усы дизим участка комиссиясы баслығы ҳәм хаткери тәрепинен имзаланады, участка комиссиясы мөри менен тастыйықланады ҳәмде даўыс бериў күни усы дизимнен пайдаланылады.

60. Даўыс бериў күни қандай да бир себеп пенен даўыс бериўши пуқаралар дизимине кирмей қалған даўыс бериўши пуқаралар шахсын, пуқаралығы ҳәм жасаў орны (усы референдум участкасы аймағында турақлы жасаў орны яки ўақтынша турған орны бойынша дизимге алынғанлығын) тастыйықлаўшы ҳүжжет тийкарында участка комиссиясы баслығына жазба арза менен мүрәжат етеди.

Даўыс бериўши пуқараның мүрәжаты тийкарында белгилеў дәптерине оның фамилиясы, аты, әкесиниң аты, туўылған сәнеси, жасаў орны ҳаққында тийисли жазыў киритеди ҳәм усы мағлыўматлар участка комиссиясы баслығы яки хаткериниң ҳәм пуқараның имзасы менен тастыйықланады.

Буннан соң пуқараны даўыс бериўши пуқаралар дизими қосымшасына киритиў мәселеси төмендеги ҳәрекетлер избе-излигинде шешиледи:

1-ҳәрекет: участка комиссиясы баслығы пуқараның референдум участкасын СПБМСдан излеп табады;

2-ҳәрекет: излеп табылған референдум участкасындағы комиссия баслығы менен байланыс қуралы (телефон) арқалы байланысады. Баслық пенен байланысыў имканияты болмаған жағдайда 3 ҳәм 4-ҳәрекетлерди әмелге асырыў бойынша тийисли исши топарға хабар бериледи;

3-ҳәрекет: усы участкада пуқараның даўыс берген/бермегенлигин анықлайды;

4-ҳәрекет: даўыс бермегенлик факти анықланғаннан соң, пуқараның даўыс бериўши пуқаралар дизими қосымшасы тийкарында даўыс берип атырғанлығы ҳаққында мәлим етеди (пуқараны даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритken участка комиссиясын хабардар етеди);

5-ҳәрекет: пуқараны усы Режениң 12-қосымшасына муўапық даўыс бериўши пуқаралар дизими қосымшасына киритеди ҳәм оған бюллетень береди.

Хабардар етилген участка комиссиясы баслығы даўыс бериўши пуқаралар дизимине усы пуқара басқа референдум участкасында даўыс бергенлиги ҳаққында мағлыўмат киритеди ҳәмде жуўмақлаўшы баяннаманы толтырыў ўақтында оны участкадағы даўыс бериўши пуқаралардың улыўмалық санына қосып есапламайды.

Төмендеги жағдайларда пуқараны даўыс бериўши пуқаралар дизими қосымшасына киритиўден бас тартылады:

пуқара СПБМСдағы референдум участкасы бойынша даўыс берген болса;

пуқара турақлы яки ўақтынша дизимге алынбаған жасаў орны бойынша участка комиссиясына мүрәжат еткен болса.

Бунда участка комиссиясы баслығы пуқараның турақлы яки ўақтыншалық жасаў орны бойынша басқа референдум участкасында даўыс бериўи кереклигин түсиндиреди.

## X бап. Мүддетинен алдын даўыс бериў

61. Референдум күни өз жасаў орнында болыў имканиятына ийе болмаған даўыс бериўши пуқара мүддетинен алдын даўыс бериў ҳуқықына ийе.

62. Мүддетинен алдын даўыс бериў референдумға он күн қалғанда басланады ҳәм референдумға үш күн қалғанда тамамланады.

63. Мүддетинен алдын даўыс бериўди өткериў ўақты Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен белгиленеди ҳәм даўыс бериўши пуқаралардың, бақлаўшылардың итибарына ғалаба хабар қураллары арқалы жеткериледи.

64. Участка комиссиялары референдум участкасындағы даўыс бериўши пуқаралар улыўма санының бес проценти муғдарында бюллетенлерди ҳәмде конвертлерди округ комиссиясынан мүддетинен алдын даўыс бериў басланыўына кеминде үш күн қалғанда алады.

65. Мүддетинен алдын даўыс бериўди әмелге асырыў ушын даўыс бериўши пуқара референдум күнинде бола алмаўының себеплери (дем алыс, хызмет сапары, сырт елге шығыў ҳәм басқалар)

көрсетилген арза тийкарында тийисли участка комиссиясынан бюллетень ҳәм конвертти алады.

Участка комиссиясы даўыс бериўши пуқарадан референдум күнинде бола алмаўының себеплерин тастыйықлаўшы қосымша ҳүжжетлерди талап етиўи қадаған етиледи.

66. Даўыс бериўши пуқара бюллетенин алғанлығы ҳаққында тийисли участка комиссиясының кеминде еки ағзасы бар болғанында усы Режениң 13-қосымшасына муўапық формадағы даўыс бериўши пуқаралар дизими көширмесине қол қояды.

Участка комиссиясы ағзасы мүддетинен алдын даўыс берген даўыс бериўши пуқараны СПБМС дағы даўыс бериўши пуқаралар дизиминде мүддетинен алдын даўыс берген пуқара сыпатында белгилеўи шәрт.

67. Бюлеттень арнаўлы үскенеленген жасырын даўыс бериў кабинасында ямаса ханасында даўыс бериўши пуқара тәрепинен еркин қарар қабыл етиўи арқалы толтырылады.

Бунда пуқара өзи даўыс берип атырған вариант туўрысына, оң тәрепте жайласқан бос квадратқа “+” яки “✔” ямаса “х” белгисин қояды.

Даўыс бериўши пуқара толтырған бюллетенди конвертке салады ҳәм желимлеп жабады.

68. Даўыс бериўши пуқара толтырылған бюллетенди жабық конвертте участка комиссиясы ағзасына тапсырады.

Участка комиссиясының ағзасы даўыс бериўши пуқара қатнасында конверттиң жабықлығын тексереди ҳәм конверттиң желимленген жерине участка комиссиясының еки ағзасының имзалары қойылып, олар комиссияның мөри менен тастыйықланады.

Конверт референдум күни даўыс бериў процеси жуўмақланғанға шекем участка комиссиясының сейфинде сақланады.

## XI бап. Участка комиссиясы тәрепинен референдум күни әмелге асырылатуғын ўазыйпалар

69. Референдум күни даўыс бериў имараты участка комиссиясы ағзаларының кеминде үштен еки бөлеги болғанда ашылады.

Бунда, жергиликли бақлаўшылар, даўыс бериўши пуқаралар, ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшылар болыўы мүмкин.

70. Участка комиссиясы баслығы яки баслық орынбасары тәрепинен комиссия ағзаларының даўыс бериў күниндеги ўазыйпалары белгиленеди.

71. Участка комиссиясы ағзаларына комиссияның еки ағзасы тәрепинен қол қойылған, мөри менен тастыйықланған ҳалда таярлап қойылған бюллетенлер усы Режениң 14-қосымшасына муўапық формадағы акт тийкарында тапсырылады. Даўыс бериўши пуқараларға тәртипли түрде бюллетенлерди бериў мақсетинде, ҳәр бир участка комиссиясы ағзасына даўыс бериўши пуқаралар фамилиясы әлипбе избе-излигинде даўыс бериўши пуқаралар дизими тийкарында бөлистирип бериледи.

72. Даўыс бериў күни референдум участкасында саат 8:00 де Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик гимни жаңлайды.

Участка комиссиясының баслығы даўыс бериў басланғанын жәриялайды.

73. Участка комиссиясының баслығы комиссия ағзалары қатнасында даўыс бериў қутыларының бослығын тексереди ҳәм оларды бир мәрте ислетилетуғын пластмасса пломбалар менен пломбалайды. Пломбалар номери көрсетилген ҳалда усы Режениң 15-қосымшасына муўапық формада акт дүзиледи.

74. Участка комиссиясы баслығы тәрепинен референдум участкасындағы даўыс бериўши пуқаралар саны, округ комиссиясынан алынған бюллетенлердиң саны, сондай-ақ мүддетинен алдын даўыс берген пуқаралар саны мәлим етиледи.

75. Участка комиссиясының баслығы яки оның орынбасары жергиликли бақлаўшылар, ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшыларды тийисли референдум өткериўши комиссия тәрепинен берилген мандаты ҳәм шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжети тийкарында дизимге алады.

Участка комиссиясы оларды дизимге алғаннан кейин оларға өз ўәкилликлерин толық ҳәм тосқынлықсыз әмелге асырыўы ушын шараят жаратып береди.

76. Участка комиссиясы баслығы, баслық орынбасары ямаса хаткери тәрепинен даўыс бериў басланғанлығы ҳаққында байланыс қураллары арқалы округ комиссиясына хабар бериледи.

77. Даўыс бериўши пуқараларға усынылған бюллетенлер санының есабы ҳәр саатта жүргизип барылады.

78. Участка комиссиясы баслығы даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериўди муўапықластырып барады ҳәмде қадағалайды, зәрүрлик болғанда комиссия ағзаларына жәрдемлеседи, олар ўақтынша болмаған жағдайларда оларды басқа ағзалар менен алмастырады.

79. Участка комиссиясы участкадағы дизим бойынша даўыс бериўде қатнасыўшы ҳәр бир даўыс бериўши пуқараға бир данадан артық бюллетень берилмеўин тәмийинлейди. Даўыс бериўши ҳәр бир пуқараға биреўден артық бюллетень берилиўине жол қойылмайды. Бузып қойылған бюллетенди даўыс бериўши пуқараның илтимасына қарап жаңасына алмастырып берилгенлиги буған кирмейди.

## XII бап. Қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында референдумды шөлкемлестириў ҳәм өткериўдиң өзине тән өзгешеликлери

80. Қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынлары басшыларының усынысына муўапық референдум участкалары округ комиссиясы қарары менен дүзиледи. Бул референдум участкалары олар жайласқан аймақтағы референдум округларына киреди.

Айырым жағдайларда, мәнзил-колониясы админстрациясының тийисли округ комиссиясына берген усынысына тийкарланып усы орынларда сақланып атырған даўыс бериўши пуқаралар көшпели даўыс бериў қутысы арқалы даўыс бериўши пуқаралардың турған жеринде даўыс бериўи ушын мәнзил-колониясы жайласқан аймақтағы референдум участкасына бириктириў ҳаққында округ комиссиясының қарары қабыл етилиўи мүмкин.

81. Қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларының басшысы тәрепинен участка комиссиясы ағзалығына талабанлар усы мәкеме

хызметкерлери арасынан округ комиссиясына тастыйықлаў ушын усынылады.

Зәрүрлик болғанда, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларының басшысы тәрепинен «Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамының 23-статьясына муўапық басқа да шахслар ҳәм жәмийетшилик ўәкиллери участка комиссиясы ағзалығына талабан ретинде усыныс етилиўи мүмкин.

82. Қамақта сақлаў орынларында услап турылған ҳәмде қамаққа алынған, сондай-ақ социаллық қәўпи үлкен болмаған ҳәм онша аўыр болмаған жынаятлар садыр еткенлиги ушын судтың ҳүкими менен еркинен айырыў орынларында сақланып атырған шахслар қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген референдум участкаларындағы даўыс бериўши пуқаралар дизимине киргизиледи.

83. Қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген референдум участкалары бойынша даўыс бериўши пуқаралардың дизимлери усы мәкемелер басшылары тәрепинен усынылған мағлыўматлар тийкарында участка комиссиясы тәрепинен дүзиледи.

84. Өзбекстан Республикасы Ишки ислер министрлиги орайласқан тәртипте қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген референдум участкаларындағы даўыс бериўши пуқаралар ҳаққындағы мағлыўматларды даўыс бериў күнине кеминде бир ай қалғанға шекем Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Мәмлекетлик персоналластырыў орайына сайлаўшылардың бирден-бир электрон дизимине дүзетиўлер киргизиў ушын жибереди.

Егер усы мәкемелерде дүзилген референдум участкаларындағы даўыс бериўши пуқаралар дизиминде өзгерислер әмелге асырылса, даўыс бериў күнине кеминде бес күн қалғанға шекем бул мағлыўматлар да Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Мәмлекетлик персоналластырыў орайына жеткерип бериў илажлары көриледи.

85. Мәнзил-колонияларында референдум участкалары дүзилмеген жағдайларда, олар бириктирилген участка комиссияларына мәкемедеги даўыс бериўши пуқаралар ҳаққындағы

мағлыўматлар усы мәкеме басшысы тәрепинен даўыс бериў күнине кеминде жети күн қалғанда усынылады.

86. Бақлаўшылар ҳәм аккредитациядан өткен ғалаба хабар қураллары ўәкиллери қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген референдум участкаларына барыўы ҳаққында участка комиссиясын кеминде үш күн алдын хабардар етиўи керек.

87. Участка комиссиясы, өз гезегинде, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларының администрациясына усы Режениң 86-пунктинде көрсетилген шахслар ҳаққындағы мағлыўматларды (олардың фамилиясы, аты, әкесиниң аты, туўылған жылы, референдумға ким ретинде қатнасып атырғанлығы) усы мәкемеге тосқынлықсыз кирип шығыўы ушын усынады.

Қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларының администрациясы олардың кирип шығыўы ҳәм қәўипсизлигин тәмийинлеў, ишки тәртип қағыйдаларына әмел етиўи ушын жуўапкер есапланады.

88. Қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларының ишки тәртип қағыйдалары ҳәм режиминен келип шығып, даўыс бериўши пуқаралар даўыс бериў имаратына киши топарларға бөлинген ҳалда алып келинеди.

Референдум участкасы дүзилмеген мәнзил-колонияларында бириктирилген участка комиссиясы тәрепинен даўыс бериўши пуқаралардың турған жеринде даўыс бериўи шөлкемлестириледи.

Бириктирилген участка комиссиясы усы пуқараларды даўыс бериўши пуқаралар дизиминиң қосымшасына киритеди.

## XIII бап. Даўыс бериўди шөлкемлестириў

89. Даўыс бериў референдум күни саат 8:00 ден 20:00 ге шекем өткериледи.

90. Даўыс бериў имаратына келгеннен кейин, даўыс бериўши пуқара участка комиссиясының ағзасына өз шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжетти көрсетеди (паспорт, ID-карта, әскерий гүўалық, жаңа үлгидеги миллий айдаўшылық гүўалығы, пуқаралық паспортын жоғалтқан пуқараларға ишки ислер уйымлары тәрепинен берилген

ўақтынша мағлыўматнама, жазаны өтеп болғанлығы яки жазадан босатылғанлығы ҳаққындағы мағлыўматнама) ҳәмде даўыс бериўши пуқаралар дизимине қол қояды. Соннан кейин оған бюллетень бериледи.

Басқа шахс ушын даўыс бермекши болған пуқараға бюллетень бериў қадаған етиледи.

Даўыс бериўши пуқараның илтимасына муўапық бюллетенди толтырыў ушын Брайл әлипбеси тийкарында таярланған трафарет бериледи.

91. Даўыс бериўши пуқара бюллетенди алғаннан кейин, оны жасырын даўыс бериў кабинасында яки ханасында толтырады.

Бунда пуқара өзи даўыс берип атырған вариант туўрысына, оң тәрепте жайласқан бос квадратқа "+" яки "✓" ямаса "x" белгисин қояды.

Даўыс бериўши пуқараның даўыс бериў бюллетенин толтырыў процесин сүўретке ямаса видеоға алыў, оны тарқатыў, соның ишинде социаллық тармақларға жайластырыў қадаған етиледи.

92. Бюллетенди толтырыў ўақтында даўыс бериўши шахстан басқа шахслардың болыўы қадаған етиледи.

93. Бюллетенди ғәрезсиз түрде толтырыў имканиятына ийе болмаған даўыс бериўши пуқара өз қәлеўине бола жасырын даўыс бериў кабинасына ямаса ханасына басқа шахсты шақырыўға ҳақылы, буған участка комиссиясы қурамына киретуғын шахслар, бақлаўшылар ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллери кирмейди.

94. Толтырылған бюллетенди пуқара даўыс бериў қутысына таслайды. Даўыс бериў қутылары участка комиссиясы ағзаларына ҳәм бақлаўшыларға көринип турыўы керек.

Бузып қойылған бюллетень пуқараның илтимасына көре жаңасына алмастырылыўы мүмкин. Бузып қойылған бюллетенлер есапқа алыныўы, бийкарланыўы ҳәм бөлек сақланыўы лазым.

95. Референдум күни даўыс бериў ўақтында участка комиссиясы имаратында төмендегилер болыўы мүмкин:

тийисли участка комиссиясы ағзалары;

тийисли округ комиссиясы ағзалары, Орайлық сайлаў комиссиясы ағзалары;

жергиликли бақлаўшылар;

ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери;

басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшылар;

референдум участкасындағы даўыс бериўши пуқаралар дизими бойынша даўыс бериўде қатнасыўшы пуқаралар.

Даўыс бериў ўақтында участка комиссиясы имаратында болыўына рухсат етилген шахслардан тысқары басқа шахслардың болыўына рухсат етилмейди. Имаратта усы зәрүрли тәртипти сақлап турыў жуўапкершилиги участка комиссиясының жуўапкершилигинде болады.

Участка комиссиясы имаратында болыўға рухсат етилген шахслар (даўыс бериўши пуқаралардан тысқары) тийисли комиссиялар тәрепинен берилген статусын тастыйықлаўшы мандатты (гүўалығын) басқаларға көринетуғын етип таққан болыўы шәрт.

Участка комиссиясы даўыс берип болған даўыс бериўши пуқараны имараттан шығарып жибериў илажларын көреди.

96. Участка комиссиясының ағзасы, бақлаўшы яки ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери даўыс бериў сырын жәрияласа ямаса пукаралардың ерк-ықрарына тәсир көрсетиўге ҳәрекет етсе, участка комиссиясының ағзасы комиссия жумысында қатнасыўдан шетлестириледи, бақлаўшы, ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери болса даўыс бериў имаратынан дәрҳал шығарып жибериледи. Бул ҳаққында участка комиссиясы қарар қабыл етеди.

97. Участка комиссиясы баслығы даўыс бериў имаратында тынышлық сақланыўын ҳәм тәртипке әмел етилиўин тәмийинлеў, даўыс бериў ҳәм оларды санап шығыўда нызамға қарсы тосқынлықлар жүзеге келгенде ишки ислер ямаса миллий гвардия хызметкерлерине мүрәжат етиўи мүмкин. Бунда, ишки ислер яки миллий гвардия хызметкерлери тезлик пенен ўақыя орнына жетип келиўи лазым.

Ишки ислер ҳәм миллий гвардия хызметкерлери тәрепинен референдум участкасы аймағындағы тәртипсизлик, нызамға қайшы ис-ҳәрекетлер тоқтатылғаннан соң участка комиссиясы баслығы көрсетпеси тийкарында референдум участкасы имаратын

босатыўы ҳәм даўыс бериў процесине кесент етпейтуғын жерге жайласыўы шәрт.

## XIV бап. Даўыс бериўши пуқараның турған орнында даўыс бериўин шөлкемлестириў

98. Айырым даўыс бериўши пуқаралар денсаўлығының жағдайына ямаса басқа да себеплерге бола даўыс бериў имаратына келе алмаған жағдайларда, тийисли участка комиссиясы даўыс бериўди усы даўыс бериўши пуқаралардың референдум күни ямаса референдум күнине шекем еткен жазба яки аўызеки мүрәжатына муўапық олар турған жерде шөлкемлестиреди.

Бунда участка комиссиясы ағзасы белгилеў дәптерине даўыс бериўши пуқараның фамилиясы, аты, әкесиниң аты, жасаў орны, мүрәжат етилген ўақты ҳаққында тийисли жазыў киритеди ҳәм усы мағлыўматлар участка комиссиясы ағзасының имзасы менен тастыйықланады.

99. Участка комиссиясы тәрепинен даўыс бериўши пуқара турған орнында даўыс бериўди шөлкемлестириў референдум күниндеги жумыс көлеми ҳәм жағдайдан келип шыққан ҳалда әмелге асырылады.

Пуқаралардың мүрәжатлары бойынша жолға шығатуғын участка комиссиясының ағзалары мүрәжатлар санына тең муғдардағы бюллетенлерди қол қойып алады. Пуқаралар мүрәжатларының саны, сондай-ақ пайдаланған ҳәм қайтарылған даўыс бериў бюллетенлериниң саны усы Режениң 16-қосымшасына муўапық формада бөлек актте белгиленеди.

100. Участка комиссиясының кеминде еки ағзасы көшпели қуты менен даўыс бериўши пуқараның турған орнына жибериледи, олар даўыс бериўши пуқараның қәлеўине көре сыр сақланыўына әмел етилген ҳалда даўыс бериў әмелге асырылыўын тәмийинлейди. Бунда бақлаўшылар ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллери болыўы мүмкин.

101. Турған орнында даўыс берген даўыс бериўши пуқаралар ҳаққындағы мағлыўматлар ҳаққында участка комиссиясы ағзасы тәрепинен усы Режениң 17-қосымшасына муўапық формадағы

даўыс бериўши пуқаралар дизиминен көширмеге тийисли жазыў киритиледи ҳәм даўыс бериўши пуқара бюллетень алғанлығын тастыйықлап, усы дизимдеги фамилиясы жанына қол қояды.

102. Даўыс бериўши пуқара жасырын даўыс берип болғаннан соң даўыс бериўши пуқаралар дизиминиң тийисли орнына (даўыс бериўши пуқараның фамилиясы жанына) «турған жеринде даўыс берди» жазыўы киритиледи.

## XV бап. Даўыс бериў нәтийжелерин анықлаў

103. Участка комиссиясының баслығы ямаса баслық орынбасары саат 20:00 де даўыс бериў тамамланғанлығын жәриялайды.

Референдум участкасы иморатында болған даўыс бериўши пуқараларға даўыс бериў ушын имканият бериледи (егер даўыс бериўши пуқаралар бар болса).

104. Әскерий бөлимлерде, санаторияларда, дем алыў үйлеринде, емлеўханалар ҳәм басқа стационар емлеў мәкемелеринде, алыс ҳәм барыў қыйын болған аймақлардағы пуқаралар турған жерлерде, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген референдум участкаларында дизимге киритилген барлық пуқаралар даўыс берип болған болса, участка комиссиясы даўыс бериў тамамланғанлығын қәлеген ўақытта жәриялаўы мүмкин.

Өзбекстан Республикасы аймағында жайласқан референдум участкаларында даўыс бериў қутыларын саат 20:00 ден алдын ашыў ҳәм даўысларды санап шығыўға жол қойылмайды.

105. Даўыс бериўши пуқаралардың даўысларын санап шығыў участка комиссиясы ағзалары тәрепинен даўыс бериў қутыларында бар болған бюллетенлер бойынша әмелге асырылады. Даўыс бериўши пуқаралардың даўысларын санап шығыў тек ғана даўыс бериў имаратында өткериледи.

106. Участка комиссиясы тәрепинен даўысларды санап шығыў, даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баянамаларды толтырыў процесинде төмендегилер болыўы мүмкин:

жергиликли бақлаўшылар;

ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери;

басқа мәмлекетлер ҳәм халық аралық шөлкемлерден бақлаўшылар.

Бул процесте участка комиссиясы имаратында болыўына рухсат етилген шахслардан тысқары басқа да шахслардың болыўы қадаған етиледи.

107. Референдум участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери усы Режениң 18-қосымшасына муўапық формада участка комиссиясының референдум участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баяннамасы менен рәсмийлестириледи.

108. Участка комиссиясы ағзалары даўыс бериў тамамланғаннан соң нызамшылықта белгиленген ҳәрекетлер избе-излигинде төмендеги ўазыйпаларды әмелге асырады:

1-ҳәрекет: даўысларды санаўды баслаўдан алдын столлар бирлестириледи, барлық жазыў қураллары (ручка, қәлем ҳәм басқа да қураллар) ҳәммеге көрсетилген ҳалда шетке алып қойылады;

2-ҳәрекет: округ комиссиясынан алынған бюллетенлердиң саны анықланады ҳәм жуўмақлаўшы баяннамаға киритиледи.

3-ҳәрекет: пайдаланылмаған ҳәм бузылған бюллетенлер санап шығылады ҳәм жоқары шеп мүйешин кесиў ямаса бюллетенниң артқы тәрепинде тийисли белги қойыў жолы менен бийкар қылынады, бул ҳаққында жуўмақлаўшы баяннамаға тийисли жазыў киритиледи.

4-ҳәрекет: даўыс бериўши пуқаралар дизими (басқа референдум участкасында даўыс бергенлиги ҳаққында мағлыўмат киргизилгенлерден тысқары) ҳәм усы дизим қосымшасы бойынша усы участкадағы даўыс бериўши пуқаралардың улыўма саны анықланады ҳәм жуўмақлаўшы баяннамаға киритиледи;

5-ҳәрекет: көшпели ҳәм стационар даўыс бериў қутыларды ашыўдан алдын комиссия ағзалары тәрепинен даўыс бериўши пуқаралар дизими ҳәм даўыс бериўши пуқаралар дизими қосымшасының ҳәр бир бетине сол бет бойынша бюллетень алғанлардың улыўма саны ҳаққындағы мағлыўматлар киритиледи;

мағлыўматлар киргизилгеннен кейин даўыс бериўши пуқаралар дизими ҳәм даўыс бериўши пуқаралар дизими қосымшасының

ҳәр бир бети усы мағлыўматларды киргизген комиссия ағзасы тәрепинен имзаланады ҳәм бетлердеги санлар улыўмаластырылады;

даўыс бериўши пуқаралар дизиминиң барлық бетлери бойынша жуўмақлаўшы улыўмалық мағлыўматларды комиссия баслығы жәриялайды, даўыс бериўши пуқаралар дизиминиң ақырғы бетине киритеди, өз қолы ҳәм участка комиссиясының мөри менен тастыйықлайды ҳәмде усы мағлыўматлар жуўмақлаўшы баяннамаға киритиледи;

6-ҳәрекет: даўыс бериў қутыларындағы бир мәртелик пломбадағы бар санлар пломбалаў актиндеги санлар менен салыстырылады.

Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги дипломатиялық ҳәм басқа да ўәкилханалары жанында дүзилген референдум участкаларында арнаўлы қап(лар)дағы бир мәрте пайдаланатуғын пластмасса пломбадағы бар санлар тийисли акттеги санлар менен де салыстырылады;

7-ҳәрекет: мүддетинен алдын даўыс берилген бюллетенлер салынған жабық конвертлер даўыс бериў қутысына тасланады.

8-ҳәрекет: алдын көшпели соң стационар даўыс бериў қутылары (Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги дипломатиялық ҳәм басқа да ўәкилханалары жанында дүзилген референдум участкаларында арнаўлы қаплар да) ашылады. Бюллетенлер стол үстине төгиледи ҳәм даўыс бериўде қатнасқан даўыс бериўши пуқаралар (даўыс бериў қутыларындағы бюллетенлер) саны анықланады ҳәмде бул мағлыўматлар жуўмақлаўшы баяннамаға киритиледи;

9-ҳәрекет: референдумға қойылған мәселени жақлап ҳәм қарсы даўыс берилген бюллетенлерди оқып еситтирген ҳәм көрсеткен ҳалда бөлек-бөлек байламларға ажыратады.

Бюллетенниң ҳақыйқый екенлигине гүман пайда болса, мәселе участка комиссиясы тәрепинен даўысқа қойыў арқалы шешиледи. Бюллетенди ҳақыйқый емес деп табыў ҳаққында қарар қабыл етилсе, участка комиссиясы оның артқы тәрепинде ҳақыйқый емеслигиниң себеплерин көрсетеди. Бул жазыў участка комиссиясы кеминде үш ағзасының имзасы менен тастыйықланады.

10-ҳәрекет: референдумға қойылған мәселе бойынша жақлап яки қарсы берилген даўыслар бөлек-бөлек санап шығыў арқалы анықланады ҳәм жуўмақлаўшы баяннамаға киритиледи;

Референдумға қойылған мәселе бойынша жақлап яки қарсы даўыс берилген бюллетенлер бөлек-бөлек байлам етип оралады. Байламда даўыслар саны көрсетиледи.

11-ҳәрекет: төмендеги бюллетенлер даўысларды санап шығыўда ҳақыйқый емес деп табылады:

белгиленбеген формадағы бюллетенлер (формасы, реңи, қағаз сапасы, баспа шрифти ҳәм басқалар бойынша парықланыўшы);

участка комиссиясы тәрепинен тастыйықланбаған бюллетенлер;

даўыс бериў ўақтында бирден артық квадратқа "+" яки "✓" ямаса "х" белгиси қойылған яки бир де квадратқа бундай белги қойылмаған бюллетенлер;

қосымша түрде жазыўлар киргизилген бюллетенлер.

Ҳақыйқый емес деп табылған бюллетенлер саналады, бөлек байлам етип оралады ҳәм олардың саны жуўмақлаўшы баяннамаға киритиледи.

109. Зәрүр ҳәрекетлер әмелге асырылғаннан кейин комиссия жуўмақлаўшы мәжилис өткереди. Онда даўыс бериў ҳәм даўысларды санап шығыў ўақтында жол қойылған нызамбузыўшылықлар ҳаққында шағым яки арзалар келип түскен болса, бундай шағым ямаса арзалар көрип шығылады.

110. Даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баяннама дүзиўден алдын комиссия баслығы бар болғанлар итибарына даўыс бериў күнинде ҳәм даўыс бериўши пуқаралар даўысларын санап шығыў жуўмақланғанға шекем комиссияға келип түскен шағымлар (арзалар) ҳәм олар бойынша қабыл етилген қарарлар ҳаққындағы мәлимлемени жеткереди. Тийисли баяннамаға қосымша етилетуғын актлер ҳәм басқа да ҳүжжетлерди көрсетип өтеди. Комиссия искерлиги бойынша наразылықлар, шағымлар бар-жоқлығын анықлайды, зәрүрлик болса комиссия усы наразылық яки шағымларды көрип шығады ҳәм қарар қабыл етеди.

111. Участка комиссиясы референдум участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баяннаманы тастыйықлаў ҳаққында қарар қабыл етеди. Соннан кейин комиссия баслығы,

баслық орынбасары, хаткери ҳәм басқа ағзалары тәрепинен даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баяннама еки нусқада толтырылады, имзаланады ҳәм участка комиссиясы мөри менен тастыйықланады.

Участка комиссиясының референдум участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баяннамаға қандайда бир түрде өзгерислер киргизиўге жол қойылмайды.

Егер участка комиссиясының референдум участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баяннамасын толтырыў ўақтында комиссияның айырым ағзалары болмай қалса, бул ҳаққында жыйналыс баяннамасында олардың болмағанлығы себеплери көрсетип өтиледи.

Буннан соң участка комиссиясының референдум участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баяннама участка комиссиясының баслығы ямаса баслық орынбасары тәрепинен оқып еситтириледи ҳәмде усы баяннаманың көширме нусқасы ҳәмме танысып шығыўы ушын участка комиссиясы имаратына кеминде қырық сегиз саат мүддетке дәрҳал илдирип қойылады.

Даўысларды санап шығыў ўақтында қатнасып атырған бақлаўшылар участка комиссиясы баяннамасының тастыйықланған көширме нусқасын сорап алыўға ҳақылы.

112. Участка комиссиясының референдум участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баяннамасын имзалаў ўақтында баяннама мазмуны бойынша наразы болған комиссия ағзасы өзиниң пикирин жыйналыс баяннамасына қосымша етиўге ҳақылы, бул ҳаққында баяннамада белгиленеди.

113. Участка комиссиясының референдум участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баяннамасының көширме нусқасы мәлимлеме-коммуникация технологияларынан пайдаланған ҳалда дәрҳал тийисли округ комиссиясына усынылады, биринши түп нусқа баслық ямаса оның орынбасары тәрепинен ишки ислер уйымлары хызметкерлери бақлаўында округ комиссиясына алып барып тапсырылады.

Округ комиссиясында участка комиссиясының референдум участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы

баяннамасы надурыс толтырылғанлығы ямаса арифметикалық қәтелер бар екенлиги анықланғанда, участка комиссиясы қосымша мәжилис өткереди ҳәм қәтеликлерди дүзетеди. Алдынғы баяннаманы тийкарлары көрсетилген ҳалда бийкар етиў ҳаққында қарар қабыл етеди ҳәм жаңа қарар менен дүзетилген баяннама тастыйықланады. Ҳәмме танысып шығыўы ушын илдирип қойылған баяннама жаңасы менен алмастырылады ҳәм округ комиссиясына усынылады.

114. Участка комиссиясы баслығының орынбасары ҳәм хаткери «жақлап» ҳәм «қарсы» даўыс берилген бюллетенлер байламларына берилген даўыслар санын жазады ҳәм байламларды қапқа тәртип пенен салады.

Соң ҳақыйқый емес деп табылған бюллетенлер байламы үстине «Ҳақыйқый емес деп табылған бюллетенлер» деп жазады ҳәм жанына санын жазып қапқа жайластырады.

Оннан кейин пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген бюллетенлерди байламға орап, үстине «Пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып бийкар етилген бюллетенлер» деп жазады, усы жазыў жанына санын жазады ҳәм қапқа жайластырады.

Бюллетенлер жайластырылғаннан соң, даўыс бериўши пуқаралар дизими ҳәм даўысларды санап шығыў бойынша баяннаманың екинши нусқасы ҳәм оған қосымша етилген ҳүжжетлер де қапқа жайластырылады.

Қап пломба менен пломбаланады ҳәм қапты пломбаланғанлығы ҳаққында акт дүзиледи. Соңынан қап сейфке жайластырылып, участка комиссиясы баслығы имзасы ҳәм мөри менен мөрленеди.

## XVI бап. Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатларын көрип шығыў

115. Жергиликли бақлаўшылар, даўыс бериўши пуқаралар, референдумның басқа да қатнасыўшылары (буннан кейин текстте мүрәжат етиўшилер деп жүргизиледи) тиккелей өзлери ямаса ўәкиллери арқалы арза, усыныс ҳәм шағым менен участка комиссияларына мүрәжат етиўи мүмкин.

Мүрәжатлар аўызеки, жазба ямаса электрон формада бериливи мүмкин.

Мүрәжатлар, олардың формасы ҳәм түрине қарамастан, бирдей әҳмийетке ийе.

116. Физикалық шахстың мүрәжатында физикалық шахстың фамилиясы, аты, әкесиниң аты, оның жасаў орны ҳаққындағы мағлыўматлар көрсетилген болыўы керек.

Юридикалық шахстың мүрәжатында юридикалық шахстың толық аты, оның жайласқан орны (почта мәнзили) ҳаққындағы мағлыўматлар көрсетилген болыўы керек.

Физикалық ҳәм юридикалық шахстың мүрәжатында участка комиссиясының тәртип саны, мүрәжат жиберилип атырған лаўазымлы шахстың лаўазымы ҳәм (яки) фамилиясы, аты, әкесиниң аты көрсетилген, сондай-ақ мүрәжаттың мазмуны сәўлеленген болыўы керек.

Мүрәжатларда мүрәжат етиўшилердиң электрон почта мәнзили, байланыс телефонлары көрсетилиўи мүмкин.

Мүрәжатлар мәмлекетлик тилде яки басқа тиллерде бериливи мүмкин.

117. Мүрәжат етиўшилерге участка комиссияларына жеке ямаса жәмәәт тәртибинде мүрәжат етиў ҳуқықы кепилленеди.

118. Мүрәжат етиў ҳуқықы ықтыярлы түрде әмелге асырылады. Ҳеш ким қандай да бир мүрәжатты жақлап яки оған қарсы қаратылған ҳәрекетлерде қатнасыўға мәжбүр етилиўи мүмкин емес.

Мүрәжат етиў ҳуқықының әмелге асырылыўы басқа физикалық ҳәм юридикалық шахслардың ҳуқықларын, еркинликлерин ҳәм нызамлы мәплерин, сондай-ақ жәмийет ҳәм мәмлекет мәплерин бузбаўы керек.

119. Мүрәжат етиўшилердиң жазба келисимисиз, олардың шахсына тийисли ҳеш бир мағлыўмат әшкара етилмеўи шәрт.

120. Физикалық ҳәм юридикалық шахслардан келип түскен мүрәжатлар участка комиссиясы баслығы тәрепинен комиссия ағзалары арасында көрип шығыў ушын бөлистириледи.

Участка комиссиясы референдумды өткериў дәўиринде физикалық ҳәм юридикалық шахслардың «Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызам талаплары

бузылғанлығы ямаса референдумды шөлкемлестириўдиң басқа да мәселелери бойынша өзине келип түскен мүрәжатларды өз ўәкиллиги шеңберинде көрип шығады.

Мүрәжатларды көрип шығыў ўақтында тексериўлер өткерилиўи мүмкин.

Мүрәжатларға үш күнлик мүддетте, егерде референдумға алты күннен кем ўақыт қалғанында ямаса даўыс бериў күни келип түскен мүрәжатларды болса дәрҳал көрип шығып, жазба жуўап бериледи.

Мүрәжатта көтерилген мәселе орнында унамлы шешилсе, мүрәжат етиўшиниң келисими менен жазба жуўап берилмеўи мүмкин.

121. Мүрәжатлар белгилеў дәптерине дизимге алыныўы лазым.

Мүрәжатты қабыллаўдан ҳәм дизимнен өткериўден бас тартыўға жол қойылмайды.

Участка комиссиясының баслығы мүрәжатты көрип шығыў ҳәм оған тийисли қарар қабыл етиў ушын комиссияны шақырады ҳәм оның мәжилисин өткереди. Мәжилиске мәпдар шахслар мирәт етилиўи мүмкин.

Участка комиссиясы мүрәжатты қабыллаўдан ямаса көрип шығыўдан нызамға қайшы түрде бас тартқан жағдайда ямаса мүрәжатты көрип шығыў нәтийжеси бойынша мүрәжат етиўши наразы болса, олар үстинен судқа шағым етиўи мүмкин.

122. Қойылған мәселелерди шешиў өз ўәкиллигине кирмейтуғын участка комиссиясына келип түскен мүрәжат үш күнлик мүддетте тийисли уйымларға мүрәжат жиберген шахс бул ҳаққында хабардар етилген ҳалда жибериледи.

123. Төмендегилер көрип шығылмайды:

аноним мүрәжатлар;

физикалық ҳәм юридикалық шахслар ўәкиллери арқалы жиберилген мүрәжатлар, егер олардың ўәкиллигин тастыйықлаўшы ҳүжжетлер болмаса;

нызамда белгиленген басқа да талапларға сәйкес келмейтуғын мүрәжатлар.

Мүрәжатлар көрилместен қалдырылғанда тийисли жуўмақ дүзиледи, ол участка комиссиясы баслығы ямаса баслық орынбасары тәрепинен тастыйықланады.

Мүрәжат етиўши ўәкилиниң ўәкиллигин тастыйықлаўшы ҳүжжетлер жоқлығы себепли мүрәжатлар көрилместен қалдырылғанлығы ҳаққында мүрәжат етиўши тийисли тәртипте хабардар етиледи.

124. Мүрәжат етиўшилерди, олардың ўәкилин, олардың шаңарақ ағзаларын, олар өз ҳуқықлары, еркинликлери ҳәмде нызамлы мәплерин әмелге асырыў яки қорғаў мақсетинде мәмлекетлик уйымларға, референдум өткериўши комиссияларға ҳәм олардың лаўазымлы шахсларына мүрәжат еткенлиги, сондай-ақ мүрәжатларда өз пикирин билдиргенлиги ҳәм сынға алғанлығы мүнәсибети менен қуўдалаў қадаған етиледи.

Мүрәжат етиўшилерди қуўдалаў нызамшылықта белгиленген тәртипте жуўапкершиликке себеп болады.

125. Мүрәжатты көрип шыққан участка комиссиялары ағзалары оны көрип шығыў ўақты, нәтийжелери ҳәм қабыл етилген қарар ҳаққында мүрәжат жиберген шахсты хабардар етиўи шәрт.

126. Мүрәжат етиўшилер участка комиссиялардың мүрәжатларын көрип шығыў нәтийжелери бойынша ҳәм басқа да қарарлары үстинен усы қарарлар қабыл етилгеннен кейин бес күн ишинде судқа шағым етиўи мүмкин.

127. Судтың шешиўши қарары шығарылыўы менен дәрҳал тийисли участка комиссиясына ҳәм мүрәжат етиўшиге тапсырылыўы лазым.

## XVII бап. Референдум ҳаққындағы нызамшылық ҳүжжетлерин бузғанлығы ушын жуўапкершилик

128. Референдум ҳаққындағы нызамшылық ҳүжжетлерин бузғанлықта айыплы шахслар белгиленген тәртипте жуўапкер болады.

129. Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў тараўындағы ҳуқықбузарлықлар бойынша ҳәкимшилик ис жүргизиўди рәсмийлестириў Орайлық сайлаў комиссиясының

2019-жыл 11-сентябрьдеги 934-санлы қарары менен тастыйықланған Сайлаў комиссиялары ҳәм референдум өткериўши комиссиялар тәрепинен сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәм өткериў тараўындағы ҳуқықбузарлықларға тийисли ислерди рәсмийлестириў бойынша инструкция тийкарында әмелге асырылады.

## XVIII бап. Участка комиссияларының ҳүжжетлери, мөрлери ҳәм даўыс бериў қутыларын сақлаў

130. Өзбекстан Республикасы референдумына таярлық көриў ҳәм оны өткериў менен байланыслы ҳүжжетлер Орайлық сайлаў комиссиясының 2019-жыл 19-сентябрьдеги 939-санлы қарары менен тастыйықланған Сайлаў ҳәм референдумға таярлық көриў ҳәм оларды өткериў менен байланыслы болған ҳүжжетлерди сақлаў, архивке тапсырыў ҳәм жоқ етиў тәртиби ҳаққындағы қолланбаға муўапық сақлаў ушын таярланады ҳәм тапсырылады.

131. Участка комиссиясы тәрепинен референдум процессинде пайдаланылған комиссия мөри, даўыс бериў қутылары, жасырын даўыс бериў кабиналары, мәмлекетлик герб ҳәм байрақ сыяқлы материаллық байлықлар тийисли түрде район ҳәм қала ҳәкимликлери шөлкемлестириўшилик-қадағалаў топарының жуўапкер шахсларына акт тийкарында тапсырылады ҳәм олардың жуўапкершилигинде сақланады.

## XIX бап. Жуўмақлаўшы қағыйда

132. Миллий гвардияның қорғаў бөлимлери яки ишки ислер хызметкерлери бюллетенлер алынған күннен баслап бюллетенлер ҳәм басқа да ҳүжжетлер сақланатуғын имараттың қорғалыўын тәмийинлейди.

133. Участка комиссиялары референдум жуўмақлары рәсмий жәрияланғаннан кейин өз искерлигин тоқтатады.

*Референдум участкалары ҳәмде референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы режеге*
***1-ҚОСЫМША***

**ГУЎАЛЫҚ**

________________________________________

(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)

**____-____________________ референдум округының**
**№____ референдум өткериўши участка комиссиясы**
**БАСЛЫҒЫ**

**Референдум өткериўши округ комиссиясы**
**баслығы** _______ ______________________
(қолы) (фамилиясы, аты, әкесиниң аты
бас ҳәриплери)

20__ жыл «____» ______________ М.О.
(қарар қабыл етилген сәне)

СҮЎРЕТ

Шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжет көрсетилгенде ҳақыйқый болып табылады.

*Референдум участкалары ҳәмде референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы режеге*
***2-ҚОСЫМША***

**ГУЎАЛЫҚ**

________________________________________

(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)

**____-____________________ референдум округының**
**№____ референдум өткериўши участка комиссиясы**
**БАСЛЫҒЫ ОРЫНБАСАРЫ**

**Референдум өткериўши округлық комиссия**
**баслығы** _______ ______________________
(қолы) (фамилиясы, аты, әкесиниң аты
бас ҳәриплери)

20__ жыл «____» ______________ М.О.
(қарар қабыл етилген сәне)

СҮЎРЕТ

Шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжет көрсетилгенде ҳақыйқый болып табылады.

***Референдум участкалары ҳәмде референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы режеге***
***3-ҚОСЫМША***

**ГҮЎАЛЫҚ**

________________________________________
(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)

**_____-_______________________ референдум округының**
**№____ референдум өткериўши участка комиссиясы**

**ХАТКЕРИ**

**Референдум өткериўши округ комиссиясы баслығы** _______ ____________________________
(қолы) (фамилиясы, аты, әкесиниң аты бас ҳәриплери)

20__ жыл «____» ________________ М.О.
(қарар қабыл етилген сәне)

СҮЎРЕТ

Шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжет көрсетилгенде ҳақыйқый болып табылады.

***Референдум участкалары ҳәмде референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы режеге***
***4-ҚОСЫМША***

**ГҮЎАЛЫҚ**

________________________________________
(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)

**_____-_______________________ референдум округының**
**№____ референдум өткериўши участка комиссиясы**

**АҒЗАСЫ**

**Референдум өткериўши округлық комиссия баслығы** _______ ____________________________
(қолы) (фамилиясы, аты, әкесиниң аты бас ҳәриплери)

20__ жыл «____» ________________ М.О.
(қарар қабыл етилген сәне)

СҮЎРЕТ

Шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжет көрсетилгенде ҳақыйқый болып табылады.

*Референдум участкалары ҳәмде референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы режеге*
*5-ҚОСЫМША*

# СТАЦИОНАР ДАЎЫС БЕРИЎ ҚУТЫЛАРЫНЫҢ ҮЛГИСИ

1)




2)




3)



# КӨШПЕЛИ ДАЎЫС БЕРИЎ ҚУТЫЛАРЫ

1)




2)




**Көшпели даўыс бериў қутылары имараттан тысқарыда даўыс бериў ушын мөлшерленген.**

**Алдыннан даўыс бериў ушын қосымша даўыс бериў қутыларының саны тийисли участка комиссиясының қарары менен белгиленеди ҳәм олардың ҳәр бирине тәртип номери қойылған болыўы керек.**

**Даўыс бериў қутылары олар мөрленген ўақыттан баслап ашылғанға шекем участка комиссиясы ағзалары, бақлаўшылардың қадағалаўында болыўы лазым.**

**Даўыс бериў қутыларының сақланыўы бойынша қадағалаў алып барыў комиссия қарары менен белгиленетуғын участка комиссиясы ағзасы жуўапкершилигине жүкленеди.**

# МАЙДАНЫ КЕҢ БОЛҒАН ЖАСЫРЫН ДАЎЫС БЕРИЎ ХАНАСЫ




# МАЙДАНЫ КИШИ БОЛҒАН ЖАСЫРЫН ДАЎЫС БЕРИЎ ХАНАСЫ



## ЖАСЫРЫН ДАЎЫС БЕРИЎ КАБИНАЛАРЫНЫҢ ЭСКИЗИ

Жасырын даўыс бериў кабинасы ол жайласқан ханада бар болғанлар тәрепинен даўыс бериўши пуқараның жасырын даўыс бериўин бақлаўға имканият бермейтуғын ҳәм оның өз қәлеўин еркин билдириўин тәмийинлейтуғын дәрежеде оралған ҳалда шөлкемлестириледи.

Кабинаның бийиклиги 2 метр ҳәм ени 0,75 метр болыўы керек.






## КӨШПЕЛИ ДАЎЫС БЕРИЎ КАБИНАСЫ




*Референдум участкалары ҳәм референдум өткериўши*
*участка комиссиялары ҳаққындағы режеге*
*8-ҚОСЫМША*

## Референдум өткериўши участка комиссиясы резина мөриниң ҮЛГИСИ



Референдум өткериўши участка комиссиясы резина мөриниң диаметри 35 мм шеңбер формада болып, орайдан 17,5 мм узақлықта тийкарғы шеңбер ҳәм оннан 1 мм аралықта және бир шеңбер өткерилген. Екинши шеңбер астында шеңбер бойынша «Референдум өткериўши участка комиссиясы*» жазыўы бар. Усы жазыў астында шеңбер бойынша «Ташкент қаласы*». Усы тексттиң астынан тағы бир ишки шеңбер, орайдан 0,8 мм узақлықта өткерилген болып, шеңбердиң ишинде референдум өткериўши участка комиссиясының тәртип номери сүўретленген.

** Референдумды өткериўши участка комиссиясының тәртип номери тийисли референдум өткериўши округ комиссиясы тәрепинен тастыйықланады.*

*Референдум участкалары ҳәм референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы режеге*
*9-ҚОСЫМША*

## Референдум участкасы көрсеткиши




*Референдум участкалары ҳәм референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы режеге*
*10-ҚОСЫМША*

## Референдум участкасы қыстырмасы



*Референдум участкалары ҳәм референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы режеге*
*11-ҚОСЫМША*

# А Р З А

Референдумда даўыс бериў ҳуқықымды тәмийинлеў мақсетинде мени жасаў мәнзилиме тийисли болған ________-санлы референдум участкасының даўыс бериўши пуқаралар дизимине киргизиўиңизди сорайман.

**Мениң жеке мағлыўматларым:**

| Фамилиясы, аты, әкесиниң аты | Туўылған жылы, айы, күни | Паспорт (ID карта) сериясы ҳәм номери | Жасаў мәнзили | Телефон номери |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

**Пуқара** __________ __________________
*имза* *Ф.А.Ә.*

**Участка комиссиясы ағзасы** __________ __________________
*имза* *Ф.А.Ә.*

* *Усы арза комиссия баслығы ямаса хаткери тәрепинен белгилеў дәптерине дизимге алынады. Соннан соң СПБМСда белгиленген формадағы электрон сораўнама толтырылады ҳәм даўыс бериўши пуқаралар дизимине өзгерис киргизиў ушын тийисли республика, ўәлаят яки район исши топарына автоматикалық түрде жибериледи.*

*Референдум участкалары ҳәмде референдум*
*өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы режеге*
*12-ҚОСЫМША*

## ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ РЕФЕРЕНДУМЫ

## ДАЎЫС БЕРИЎШИ ПУҚАРАЛАР ДИЗИМИНИҢ ҚОСЫМШАСЫ

______________________ - референдум округы

20__ ж. «__»_____________________

*(референдум сәнеси)*

## ___________ РЕФЕРЕНДУМ УЧАСТКАСЫ

| № | Фамилиясы, аты, әкесиниң аты | Жасаў орны *(Жасаў орнын тастыйықлаўшы ҳүжжет тийкарында)* | СБЭДде даўыс бериўши пуқаралар дизимине киргизилген референдум участкасының номери, район яки қала, ўәлаят *(референдум участкасы телефон номери)* | Участка комиссиясы баслығы имзасы | Участка комиссиясы хаткери имзасы | Пуқараның даўыс бериў бюллетенин алғанлығы ҳаққындағы имза |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |

***Еслетпе:*** *Усы қосымша референдум участкалары ҳәмде референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы реже талапларына қатаң әмел еткен ҳалда толық толтырылыўы шәрт!*

*Усы талапқа әмел етпеў, референдум ҳаққындағы нызамшылық ҳүжжетлерин бузғанлығы ушын жуўапкершиликке себеп болады.*

*Референдум участкалары ҳәмде референдум өткериўши*
*участка комиссиялары ҳаққындағы режеге*
*13-ҚОСЫМША*

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ РЕФЕРЕНДУМЫ**

**ДАЎЫС БЕРИЎШИЛЕР ДИЗИМИНЕН КӨШИРМЕ**
*(мүддетинен алдын даўыс бергенлер бойынша)*

__________ - референдум округы

20___ ж. «___» ___________________________
*(референдум сәнеси)*

____________ **РЕФЕРЕНДУМ УЧАСТКАСЫ**

| № | Фамилиясы, аты, әкесиниң аты | Туўылған жылы, айы, күни | Жасаў орны | Пуқараның даўыс бериў бюллетенин алғанлығы ҳаққындағы имза |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |

***Еслетпе:*** *Усы дизимге даўыс бериўши пуқаралар ҳаққындағы мағлыўматлар жазыў ручкасы арқалы киргизиледи.*

*Референдум участкалары ҳәм референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы режеге*
*14-ҚОСЫМША*

***Референдум өткериўши участка комиссиясында даўыс бериў бюллетенлерин комиссия ағзаларына бөлип бериў актиниң үлгиси***

**_____ -референдум өткериўши участка комиссиясының**
**АКТИ**

20__ жыл __ ________ Ташкент қаласы

Усы акт референдум өткериўши участка комиссиясы баслығы ҳәм ағзасы ортасында даўыс бериў бюллетенлерин тапсырыў ҳәм қабыл етип алыў ҳаққында дүзилди.

Өзбекстан Республикасы референдумы бойынша _______ дана даўыс бериў бюллетенлери тапсырылды ҳәм қабыл етип алынды.

**Тапсырдым:**

**______- референдум өткериўши участка комиссиясының**

**баслығы:** ________________ _________
*(Ф.А.Ә)* *(имза)*

**Қабыл еттим:**

**______- референдум өткериўши участка комиссиясының**
**ағзасы:** ________________ _________
*(Ф.А.Ә)* *(имза)*

*Референдум участкалары ҳәм референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы режеге*
*15-ҚОСЫМША*

***Даўыс бериў қутысын пломбалаў ҳаққында акттиң үлгиси***

**______- референдум өткериўши участка комиссиясының**

**АКТИ**

20__ жыл __ ________ Ташкент қаласы

Қатнасты: Референдум өткериўши участка комиссиясы ағзалары

Усы акт даўыс бериў қутысын пломбалаў ҳаққында.

Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен белгиленген тәртип тийкарында даўыс бериў қутылары -санлы, _____________-санлы, ______________-санлы ҳәм көшпели қуты _____-санлы номерленген пломбалар менен пломбаланды..

________- **Референдум өткериўши участка комиссиясы раиси:** _______________ _________
*(Ф.А.Ә)* *(имза)*

________- **Референдум өткериўши участка комиссиясының хаткери:** _______________ _________
*(Ф.А.Ә)* *(имза)*

*Референдум участкалары ҳәм референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы режеге*
*16-ҚОСЫМША*

***Турған орнында даўыс бериўди шөлкемлестириў ушын даўыс бериў бюллетеньлерин алыў ҳаққында акттиң үлгиси***

**____- референдум өткериўши участка комиссиясының**
**АКТИ**

Биз, төмендеги қол қойыўшылар _______________ дың
*(референдум округының тәртип номери ҳәм аты)*

_____________________________ участка комиссиясының ағзалары:
*(участка комиссиясының тәртип номери)*

________________________________________________________________
*(Ф.А.Ә)*

________________________________________________________________,
*(Ф.А.Ә)*

20___ жыл «___» ______ күни ______________________________________
*(даўыс бериў өткерилген орын аты)*

Турған орнында даўыс бериўди шөлкемлестириў ушын даўыс бериў бюллетеньлери алынғанлығы ҳәм даўыс бериўши пуқараларға берилгенлиги ҳаққында усы актти дүздик.

Даўыс бериўши пуқараның турған орнында даўыс бериўди шөлкемлестириў ушын _____________ пуқаралардан келип түскен мүражатларға тийкарланып ______________________________________
даўыс бериў бюллетенлери алынды. *(саны номер ҳәм жазба түрде көрсетилиўи лазым)*

_______________________ дауыс бериў бюллетеньлери _____________

*(саны номер ҳәм жазба түрде көрсетилиўи лазым)*

пуқара (лар)ға берилди.

Пайдаланылған бюллетенлер: _____________________________.

*(саны номер ҳәм жазба түрде көрсетилиўи лазым)*

Қайтарылған бюллетенлер, соннан;

Пайдаланылмаған: __________________________________________;

*(саны номер ҳәм жазба түрде көрсетилиўи лазым)*

Бузылған: ____________________________________________________.

*(саны номер ҳәм жазба түрде көрсетилиўи лазым)*

Дауыс бериўши пуқараның турған орнында дауыс бериўди өткерген участка комиссиясы ағзалары:

| | | |
|---|---|---|
| | ____________________ *(имза)* | ________________ *(Ф.А.Ә)* |
| М.О. | ____________________ *(имза)* | ________________ *(Ф.А.Ә)* |

*Референдум участкалары ҳәм референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы режеге*
*17-ҚОСЫМША*

## ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ РЕФЕРЕНДУМЫ

## ДАЎЫС БЕРИЎШИЛЕР ДИЗИМИНЕН КӨШИРМЕ

*(турған орнында даўыс бергенлер бойынша)*

________ - референдум округы

20__ ж. «__»______________________
*(референдум сәнеси)*

## __________ РЕФЕРЕНДУМ УЧАСТКАСЫ

| № | Фамилиясы, аты, әкесиниң аты | Туўылған жылы, айы, күни | Жасаў орны | Пуқараның даўыс бериў бюллетенин алғанлығы ҳаққындағы имзасы |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |

***Еслетпе:*** *Усы дизимге даўыс бериўши пуқаралар ҳаққындағы мағлыўматлар жазыў ручкасы арқалы киргизиледи.*

*Референдум участкалары ҳәмде референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы режеге*
*18-ҚОСЫМША*

# ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ РЕФЕРЕНДУМЫ

**20__ ж. «__»__________**

# РЕФЕРЕНДУМ ӨТКЕРИЎШИ УЧАСТКА КОМИССИЯСЫНЫҢ РЕФЕРЕНДУМ УЧАСТКАСЫНДА ДАЎЫСЛАРДЫ САНАП ШЫҒЫЎ НӘТИЙЖЕЛЕРИ ҲАҚҚЫНДАҒЫ

# БАЯННАМАСЫ

**Участка комиссиясы «Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында»ғы Нызамының 22, 36-статьяларына муўапық, ______________________________ референдум округының __________________ референдум участкасында даўысларды санап шығыў нәтийжесинде төмендегилерди анықлады:**

1. **Референдум участкасындағы даўыс бериўшилердиң улыўма саны ________________________________________**
2. **Референдум өткериўши участка комиссиясы алған даўыс бериў бюллетенлери саны ______________________________**
3. **Даўыс бериў бюллетеньлерин алған пуқаралар саны ________________________________________**
4. **Мүддетинен алдын даўыс берген пуқаралар саны ________________________________________**

5. Даўыс бериўде қатнасқан пуқаралар саны (Даўыс бериў қутыларындағы бюллетенлер санына муўапық) ______

6. Пайдаланылмаған ҳәм бузып қойылып, бийкар етилген даўыс бериў бюллетеньлериниң улыўма саны ______

| | | |
|---|---|---|
| 7. | Референдумға қойылған мәселени **жақлап** берилген даўыслар саны | |
| 8. | Референдумға қойылған мәселеге **қарсы** берилген даўыслар саны | |

9. Ҳақыйқый емес деп табылған даўыс бериў бюллетенлери саны ______

**Комиссия баслығы** ______
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

**Комиссия баслығының орынбасары** ______
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

**Комиссия хаткери** ______
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

**Комиссия ағзалары:**

______ ______
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

______ ______
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

______ ______
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

______ ______
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

______ ______
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

______ ______
*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

______________________________ __________

*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

______________________________ __________

*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

______________________________ __________

*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

______________________________ __________

*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

______________________________ __________

*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

______________________________ __________

*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

______________________________ __________

*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

______________________________ __________

*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

______________________________ __________

*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты)* *(имза)*

Баяннама 20__ жыл «__» ________ дүзилди. М. О.

***ЕСЛЕТПЕ!***

***Баяннама дүзилиўи менен оның биринши нусқасы белгиленген тәртипте референдум өткериўши округ комиссиясына жибериледи.***

***Баяннаманың биринши нусқасына: даўыс бериў нәтийжелерин анықлаўда қатнасқан сиясий партиялар, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳәм пуқаралардың басламашы топарларының бақлаўшылары ҳәмде ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери, басқа мәмлекетлер, халықаралық шөлкемлерден қатнасқан бақлаўшылар дизими қосымша етиледи.***

***Баяннаманың екинши нусқасы комиссия ағзаларының пикирлери (егер бундай пикирлер болса), даўыс бериў ямаса даўысларды санап шығыў ўақтында жол қойылған кемшиликлер ҳаққында келип түскен мүрәжатлар, усы мүрәжатлар бойынша комиссияның қабыл еткен қарарлары, даўыс бериў қутыларын пломбалаў бойынша дүзилген акт, даўыс бериў бюллетеньлери ҳәмде басқа референдум ҳүжжетлери менен бирге участка комиссиясында сақланады.***

***Баяннаманың 5-пунктинде көрсетилген сан баяннаманың 7, 8 ҳәм 9-пунктлериндеги санлар жыйындысына тең (5-пункт=7-пункт+8-пункт+ 9-пункт) болыўы лазым.***

ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ОРАЙЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ ҚАРАРЫ

**Өзбекстан Республикасының сырт ел мәмлекетлериндеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанында референдум участкалары ҳәм де референдум өткериўши участка комиссияларын шөлкемлестириў тәртиби ҳаққындағы режени тастыйықлаў ҳаққында**

"Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында"ғы Нызамның 18-статьясына ҳәм де Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 16-статьясына муўапық, Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы **қарар етеди:**

1. Өзбекстан Республикасының сырт ел мәмлекетлериндеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанында референдум участкалары ҳәм де референдум өткериўши участка комиссияларын шөлкемлестириў тәртиби ҳаққындағы реже қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Усы қарар Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының рәсмий веб-сайтында жәриялансын.

3. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы баслығының орынбасары Б.Кучкаровқа жүкленсин.

**Баслық** **З. Низамходжаев**

Ташкент қаласы,
2022-жыл 13 июль,
1178-сан

*Өзбекстан Республикасы*
*Орайлық сайлаў комиссиясының*
*2022-жыл 13-июльдағы*
*1178-санлы қарарына*
*ҚОСЫМША*

**Өзбекстан Республикасының сырт ел мәмлекетлериндеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанында референдум участкалары ҳәм де референдум өткериўши участка комиссияларын шөлкемлестириў тәртиби ҳаққындағы**
**РЕЖЕ**

Усы Реже Өзбекстан Республикасының "Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында"ғы Нызамына ҳәм Өзбекстан Республикасы Консуллық уставына муўапық Өзбекстан Республикасының сырт ел мәмлекетлериндеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары, консуллық мәкемелери (буннан кейин текстте дипломатиялық ўәкилхана деп жүргизиледи) жанында референдум участкаларын дүзиў, референдум өткериўши участка комиссияларын шөлкемлестириў ҳәм олардың искерлиги тәртибин белгилейди.

## I бап. Дипломатиялық ўәкилханалар жанындағы референдум участкаларын дүзиў тәртиби

1. Референдум ўақтында дипломатиялық ўәкилханалар жанында референдум участкалары (буннан кейин текстте сырт елдеги референдум участкасы деп жүргизиледи) дүзилиўи мүмкин.

2. Сырт елдеги референдум участкасы Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы (буннан кейин текстте ОСК деп

жүргизиледи) тәрепинен Өзбекстан Республикасы Сыртқы ислер министрлиги (буннан кейин текстте СИМ деп жүргизиледи) жайласқан аймақтағы референдум округына бириктириледи.

3. СИМ сырт елдеги референдум участкасын дүзиў ҳаққында усыныснаманы ОСКна референдум өткериў ҳаққындағы қарар жәрияланғаннан кейин он күннен кешикпей, айырым жағдайларда болса референдум өткериўге кеминде он күн қалғанға шекем киргизеди.

Сырт елдеги референдум участкасын дүзиў ҳаққында усыныснама референдум күнине кеминде он күн қалғанға шекем киргизилген жағдайда бул усыныснама менен бир ўақытта тийисли референдум өткериўши округ комиссиясына дипломатиялық ўәкилханалар жанындағы референдум өткериўши участка комиссиясы (буннан кейин текстте сырт елдеги участка комиссиясы деп жүргизиледи) ағзалығына талабанлар да усыныс етиледи.

4. Сырт елдеги референдум участкасы референдум белгилеў ҳаққындағы қарар дағаза етилгенинен кейин он бес күннен кешикпей (айырым жағдайларда есаптан тысқары жол менен де референдум өткериўге кеминде бес күн қалғанда), қағыйда жол менен де, референдумда даўыс беретуғын пуқаралардың саны кеминде жигирмадан ҳәм көби менен үш мыңнан аспаған ҳалда ОСК тәрепинен дүзиледи.

Зәрүр жағдайларда сырт елдеги референдум участкаларында даўыс беретуғын пуқаралар дизиминдеги даўыс беретуғын пуқаралар саны белгиленген муғдардан кем ямаса артық болыўы мүмкин.

5. Дипломатиялық ўәкилханалар басшылары тәрепинен сырт елдеги участка комиссиясына даўыс бериў бөлмелери бийпул усыныс етиледи.

6. Дипломатиялық ўәкилханалар тәрепинен сырт елдеги участка комиссиясы ҳаққындағы мағлыўматлар жергиликли шараятлардан келип шыққан ҳалда жәмийетшиликке дағаза етилип барылады.

Бул мағлыўматларда төмендегилер сәўлеленген болыўы керек:

сырт елдеги участка комиссиясының тәртип номери;

сырт елдеги участка комиссиясы жайласқан мәнзил;

сырт елдеги участка комиссиясының телефон номери.

Бул мағлыўматлар ОСК ҳәм дипломатиялық ўәкилханалардың рәсмий веб-сайтлары ҳәм де социаллық тармақлардағы бетлеринде жайластырылады.

## II бап. Сырт елдеги участка комиссиясын дүзиў тәртиби

7. СИМ сырт елдеги участка комиссиясы ағзалығына талабанларды референдум участкасы бириктирилген тийисли референдум өткериўши округ комиссиясына тастыйықлаў ушын референдум өткериў ҳаққындағы қарар жәрияланғаннан кейин жигирма күннен кешикпей усыныс етеди.

8. Тийисли референдум өткериўши округ комиссиясы бес күнлик мүддетте СИМ усыныс еткен талабанларды көрип шығады ҳәм сырт елдеги тийисли участка комиссиясын бес - он тоғыз ағзадан, сондай-ақ баслық, баслық орынбасары ҳәм хаткеринен ибарат қурамда дүзиў ҳаққында қарар қабыл етеди.

Сырт елдеги участка комиссиясы баслығының ўазыйпаларын дипломатиялық ўәкилханалардың басшылары, баслық тайынланбаған болса, дипломатиялық хызметкер әмелге асырады.

Сырт елдеги участка комиссиясы ағзаларының саны зәрүр жағдайларда (жумыс жүклемеси өзгергенде, атап айтқанда, сырт мәмлекетлердиң халық тығыз жайласқан аймақларында пуқаралардың турған жеринде мүддетинен алдын даўыс бериўди шөлкемлестириў ушын ҳәм басқа жағдайларда) көбейтирилиўи ямаса кемейтирилиўи мүмкин.

9. Сырт елдеги участка комиссиясы шөлкемлестирилгеннен кейин оларға ОСК референдумды шөлкемлестириў ушын зәрүр болған референдумға тийисли ҳүжжетлерди, атап айтқанда, даўыс бериў бюллетенлери (буннан кейин текстте бюллетен деп жүргизиледи), даўыс бериў қутылары, жасырын даўыс бериў кабиналари, сырт елдеги участка комиссиясының мөри, пластмассалы пломбалар ҳәм басқа үскенелерди СИМ арқалы жеткизип бериў ҳәм де тапсырыўды шөлкемлестиреды.

## III бап. Сырт елдеги пуқараларды даўыс беретуғын пуқаралардың дизимине киргизиў

10. Сырт елдеги референдум участкалары бойынша даўыс беретуғын пуқаралардың дизимлери дипломатиялық ўәкилханалар басшылары тәрепинен усыныс етилген мағлыўматлар тийкарында дүзиледи.

Соның менен бирге, сырт елде ўақтынша ямаса турақлы жасап атырған пуқаралар, олардың мүрәжатларына тийкарланып сырт елдеги референдум участкаларындағы даўыс беретуғын пуқаралардың дизимине киргизиледи.

11. Даўыс беретуғын пуқаралардың дизимине хәр бир пуқараның фамилиясы, аты, әкесиниң аты, туўылған сәнеси хәм жасаў орны, мәнзили (ўақтынша ямаса турақлы жасаў мәнзили) киргизиледи.

12. Ҳәр бир пуқара тек бир даўыс беретуғын пуқаралардың дизимине киргизилиўи мүмкин.

13. Сырт ел мәмлекетлерде турған пуқаралар өзин даўыс беретуғын пуқаралардың дизимине киргизиў хаққында референдум күнине кеминде он бес күн қалғанға шекем сырт елдеги участка комиссиясына жазба формада ямаса СИМниң рәсмий веб-сайты арқалы электрон формада мүрәжат етиўи мүмкин.

14. Даўыс беретуғын пуқаралардың дизимине киргизиў хаққындағы мүрәжатында пуқара төмендеги мағлыўматларды көрсетиўи керек:

Фамилиясы, аты, әкесиниң аты;

физикалық шахстың жеке идентификация номери (усы Режениң 1-қосымшасына муўапық паспорт номеринен анықластырылады);

туўылған сәнеси;

Өзбекстан Республикасындағы ақырғы турақлы жасаў мәнзили (егер әмелде болса);

сырт ел мәмлекетиндеги жасаў мәнзили;

байланысыў ушын телефон номерлери.

Мүрәжатқа Өзбекстан Республикасы пуқарасы паспортының (биометриялық емес, биометриялық, сырт елге шығыў хәм

дипломатиялық), фотосүўрети болған ҳәм мәнзили (егер әмелде болса) көрсетилген бетлери нусқасы қосымша етиледи.

Даўыс беретуғын пуқаралардың дизимине киргизиў ҳаққында СИМниң рәсмий веб-сайты арқалы мүрәжат етилгенде пуқаралар электрон формада көрсетилген мағлыўматларды киргизеди.

15. Сырт елдеги участка комиссиясы ағзасы пуқараның даўыс беретуғын пуқаралардың дизимине киргизиў ҳаққындағы мүрәжатында көрсетилген шахсқа тийисли мағлыўматларды үш күн ишинде тексереди ҳәм пуқараны даўыс беретуғын пуқаралар дизимине киргизиў ҳаққындағы мәселени шешеди.

Пуқара усы Режениң 14-пунктинде нәзерде тутылған мағлыўматларды толық усыныс етпеген жағдайда, сырт елдеги участка комиссиясы пуқараға мағлыўматларды толтырыў имканиятын береди. Егер пуқара бул мағлыўматларды толық усыныс етпесе, сырт елдеги участка комиссиясы пуқараны даўыс беретуғын пуқаралардың дизимине киргизилмегенлиги ҳаққында хабардар етиў илажларын көреди.

16. Сырт елдеги участка комиссиясы даўыс беретуғын пуқаралардың дизимине қосымша киргизилген пуқаралар ҳаққындағы мағлыўматларды тезлик пенен СИМне усыныс етеди.

СИМ өз гезегинде даўыс беретуғын пуқаралардың дизимине киргизилген пуқаралар ҳаққындағы мағлыўматларды улыўмаластырған ҳалда тезлик пенен Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Мәмлекетлик персоналластырыў орайына Сайлаўшылардың бирден-бир электрон дизимине тийисли дүзетиўлер киргизиў ушын усыныс етеди.

17. СИМ Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Мәмлекетлик персоналластырыў орайына сырт елдеги референдум участкасының даўыс беретуғын пуқаралардың дизимине қосымша киргизилген пуқаралар ҳаққындағы мағлыўматларды, яғный электрон формада физикалық шахстың идентификация номерин (ол әмелде болмағанда - пуқара паспортының сериясы ҳәм тәртип санын, соның менен бирге пуқараның туўылған сәнеси (жжжж. аа. кк), жынысы, миллети), фамилиясы, аты ҳәм әкесиниң атын (мәмлекетлик тилде, латын

жазыўында), пуқараның сырт елдеги жасаў мәнзили ҳаққындағы мағлыўматларды жибереди.

18. Сырт елдеги участка комиссиясы дизим менен танысыў усыллары, орны ҳәм ўақыты ҳаққында референдумда даўыс беретуғын пуқараларды хабардар етеди.

19. Ҳәр бир пуқара даўыс беретуғын пуқаралардың дизиминдеги қәте ямаса анықсызлық ҳаққында сырт елдеги участка комиссиясына мүрәжат етиўи мүмкин. Сырт елдеги участка комиссиясы 24 саат ишинде мүрәжатты тексериўи, қәте ҳәм анықсызлықларды сапластырыўы ямаса мүрәжат етиўшиге оның мүрәжатын көрип шығыўдан бас тартылғанлығы ҳаққында тийкарланған жуўап бериўи шәрт.

20. Сырт елдеги участка комиссиясы даўыс бериў күнине жети күн қалғанында өз аймағындағы даўыс беретуғын пуқаралардың дизимин баспадан шығарады ҳәм пуқаралар танысып шығыўы ушын усынады. Бул дизимде тек даўыс беретуғын пуқаралардың фамилиясы, аты, әкесиниң аты ҳәм туўылған жылы көрсетиледи.

21. Пуқараларға СИМ ҳәм дипломатиялық ўәкилханалардың рәсмий веб-сайтлары ҳәм имаратларында олардың ишки тәртип қағыйдалары ҳәм режимин инабатқа алған ҳалда даўыс беретуғын пуқаралардың дизими менен танысыў мүмкиншилиги тәмийинленеди.

## IV бап. Референдум өткериўши комиссиялар искерлигиниң әшкаралығын тәмийинлеў

22. Референдумға таярлық көриў ҳәм де оны өткериўге байланыслы барлық илажларда, соның менен бирге референдум күни даўыс бериў бөлмелеринде ҳәм даўысларды санап шығыўда сиясий партиялардан, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў шөлкемлеринен, пуқаралардың басламашыл топарларынан бақлаўшылар, ғалаба хабар қураллары ўәкиллери, басқа мәмлекетлерден, халықаралық шөлкемлерден бақлаўшылар қатнасыў ҳуқықына ийе. Олардың кепилликлери тийисли ҳүжжетлер менен тастыйықланған болыўы керек.

23. Сырт елдеги участка комиссиясы дипломатиялық ўәкилханаларының ҳәкимшилигине усы Режениң 22-пунктинде көрсетилген шахслар ҳаққындағы мағлыўматларды (олардың фамилиясы, аты, әкесиниң аты, туўылған жылы, референдумда ким сыпатында қатнасыўы) усыныс етеди.

## V бап. Сырт елдеги референдумның барысы ҳаққында хабардар етиў

24. Сырт елдеги участка комиссиясы пуқараларды ғалаба хабар қураллары ямаса басқа жоллар менен (жергиликли шараятты инабатқа алған ҳалда):

референдум жәрияланғанлығы;

референдумға таярланыў ҳәм оны өткериў процесслери;

референдум күни, мүддетинен алдын даўыс бериў күнлери, ўақты ҳәм орны;

сырт елдеги референдум участкасы мәнзили;

Өзбекстан Республикасы аймағынан сыртта жасап атырған пуқараларды тийисли сырт елдеги референдум участкасы даўыс беретуғын пуқаралардың дизимине киргизиў тәртиби ҳәм мүддетлери;

референдумға қойылған мәселелер;

референдум ҳаққындағы нызамшылық ҳаққында хабардар етиўди әмелге асырады.

25. Сырт елдеги участка комиссиясы пуқараларды референдум күни, ўақты ҳәм орны ҳаққында референдумға кеминде он күн қалғанда, мүддетинен алдын даўыс бериў басланыўы ҳаққында болса мүддетинен алдын даўыс бериў басланыўына бес күн қалғанында ғалаба хабар қураллары арқалы ямаса басқа жоллар менен хабардар етеди.

Пуқараларды хабардар етиў ушын ОСКның рәсмий веб-сайты, дипломатиялық ўәкилханалардың рәсмий веб-сайтлары ҳәм социаллық тармақлардағы бетлери ҳәм де сырт елдеги жергиликли ғалаба хабар қuралларынан (жергиликли шараятты инабатқа алған ҳалда) пайдаланылады.

26. Референдум күни ҳәм референдумды өткериўге бир күн қалғанында үгит-нәсият жүргизиўге жол қойылмайды.

## VI бап. Бюллетень

27. Сырт елдеги референдум участкаларындағы пуқаралар саны ҳаққында СИМ тәрепинен усыныс етилген мағлыўматлар тийкарында ОСК бюллетенлердиң таярланыўы ҳәм жеткерип берилиўин тәмийинлейди.

Бюллетенлердиң тапсырылғаны ҳәм де қабыл етилгени ҳаққында референдум өткериўши округ комиссиясы баслығы ямаса баслық орынбасары ямаса хаткери ҳәм СИМниң жуўапкер хызметкери усы Режениң 2-қосымшасына муўапық формадағы актта өз имза менен тастыйықлайды.

ОСК СИМ арқалы сырт елдеги участка комиссиясына бюллетенлерди мүддетинен алдын даўыс бериў күнине шекем даўыс беретуғын пуқаралар дизиминиң улыўма санынан келип шыққан ҳалда 100, 5 процентте жеткерип береди.

28. Бюллетень оң тәрепиниң жоқары мүйешине сырт елдеги участка комиссиясының еки ағзасы қол қояды ҳәм қойған қоллары сырт елдеги участка комиссиясының мөри менен тастыйықланады.

29. Сырт елдеги участка комиссиясы тәрепинен тастыйықланбаған бюллетенлери даўысларды санап шығыўда есапқа алынбайды.

30. Сырт елдеги участка комиссиясы бюллетенлериниң сақланыўына жуўапкер болып табылады.

## VII бап. Пуқаралардың турған орнында мүддетинен алдын даўыс бериў

31. Мүддетинен алдын даўыс бериў референдумға он күн қалғанында басланады ҳәм референдумға үш күн қалғанында жуўмақланады.

32. Мүддетинен алдын даўыс бериўди өткериў ўақты ОСК тәрепинен белгиленеди ҳәм пуқаралардың, бақлаўшылардың

итибарына ғалаба хабар қураллары ямаса басқа дəреклер арқалы жеткериледи.

33. Сырт елдеги участка комиссиясы пуқаралар саны көплигин инабатқа алған ҳалда ҳəм референдум күни даўыс бериў имаратында нəўбетке турыўдың алдын алыў мақсетинде пуқараларға мүддетинен алдын даўыс бериўди усыныўы мүмкин.

34. Өзбекстан Республикасының халықаралық шəртнамаларына ҳəм сырт ел мəмлекетлердиң ўəкилликли мəмлекетлик ҳəкимият уйымлары менен келисимлерге муўапық сырт ел мəмлекетлердиң халық (пуқаралар) тығыз жайласқан аймақларында мүддетинен алдын даўыс бериў пуқаралардың турған жеринде өткерилиўи мүмкин.

Сырт елдеги участка комиссиясы пуқаралардың турған жеринде даўыс бериў ўақты ҳəм де орны ҳаққында қарар қабыл етеди ҳəм бул ҳаққында пуқараларды, бақлаўшыларды ғалаба хабар қураллары ямаса басқа дереклер арқалы хабардар етеди.

35. Пуқаралардың турған орнында мүддетинен алдын даўыс бериўи көшпели даўыс бериў қутылары ҳəм кабиналарынан пайдаланған ҳалда өткериледи.

Сырт елдеги участка комиссиясы көшпели даўыс бериў қутылары ҳəм кабиналарының зəрүрли саны ҳаққында СИМға референдумға кеминде он бес күн қалғанға шекем хабар береди.

СИМ зəрүр болған көшпели даўыс бериў қутылары ҳəм кабиналарының саны ҳаққындағы улыўмаластырылған мағлыўматты ОСКға усынады.

ОСК СИМ жəрдеминде сырт елдеги участка комиссиясын мүддетинен алдын даўыс бериў басланғанға шекем зəрүр көшпели даўыс бериў қутылары ҳəм кабиналары менен тəмийинлейди.

36. Пуқаралардың турған орнында мүддетинен алдын даўыс бериў сырт елдеги участка комиссиясының кеминде еки ағзасы қатнасыўында өткериледи.

Бунда, алдыннан пломбаланған көшпели даўыс бериў қутылары, көшпели даўыс бериў кабиналары, арнаўлы қалталар, бир мəртеислетилетуғын пластмасса пломбалар, белгиленген формадағы бюллетенлер, даўыс беретуғын пуқаралардың дизими көпирмеси ямаса даўыс беретуғын пуқаралардың дизими, соның

менен бирге пуқара тәрепинен бюллетен толтырылыўы ушын ручкалар болыўы керек.

37. Пуқара сырт елдеги участка комиссиясының ағзасына өз шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетти көрсетеди (паспорт - нобиометриялық емес, биометриялық, сырт елге шығыў ҳәм дипломатиялық, идентификация ID-картасы; әскерий гүўалық; Өзбекстан Республикасына қайтыў гүўалығы) ҳәм даўыс беретуғын пуқаралардың дизимине ямаса даўыс беретуғын пуқаралардың дизими көширмесине қол қояды. Соннан кейин оған бюллетень бериледи.

Бюллетень пуқара тәрепинен жасырын даўыс бериў кабинасы (көшпели даўыс бериў кабинасы) ямаса ханасында толтырылады.

Бунда пуқара өзи даўыс берип атырған вариант туўрысына, оң тәрепте жайласқан бос квадратқа "+" яки "✓" ямаса "x" белгисин қояды.

Бюллетенди толтырыў ўақтында даўыс бериўшиден басқа адамлардың болыўы қадаған етиледи.

Пуқара толтырылған бюллетенди көшпели даўыс бериў қутысына салады.

Пуқаралардың турған орнында мүддетинен алдын даўыс бериў процессинде көшпели даўыс бериў қутысы толып қалған жағдайда, участка комиссиясы ағзасы көшпели даўыс бериў қутысын ашады ҳәм оның ишиндеги бюллетенлерди санамастан арнаўлы қалтаға салады, қалтаны пломбалайди ҳәм усы Режениң 3-қосымшасына муўапық акт дүзеди.

Соннан кейин көшпели даўыс бериў қутысын пломбалайды ҳәм бул ҳаққында усы Режениң 4-қосымшасына муўапық акт дүзеди.

38. Тийисли аймақта пуқаралардың турған орнынан даўыс бериў жуўмақланғаннан кейин сырт елдеги участка комиссиясы ағзалары көшпели даўыс бериў қутысын ашады, оның ишиндеги бюллетенлерди санамастан арнаўлы қалтаға салады, қалтаны бир мәрте ислетилетуғын пластмасса пломба менен пломбалайды ҳәм бул ҳаққында усы Режениң 5-қосымшасына муўапық формадағы актти рәсмийлестиреди.

Актте пуқаралардың турған орнында даўыс бериў өткерилген күн ҳәм орын, бюллетенди алған пуқаралар саны, сырт елдеги

участка комиссиясы ағзалары ҳәм даўыс бериў процессинде қатнасыўшы басқа адамлардың фамилиялары көрсетиледи.

Усы актке даўыс беретуғын пуқаралардың дизими ямаса даўыс беретуғын пуқаралардың дизими көширмеси қосымша етиледи.

39. Бюллетенлер салынған қалта пломбаланған ҳалда акт пенен бирге сырт елдеги референдум участкасына алып барылады ҳәм референдум күни даўысларды санап шығыў процеси басланаман дегенше сақланады.

Бюллетенлер салынған қап (лар) ҳәм акт (лер)ди сақлаў сырт елдеги участка комиссиясы хаткери тәрепинен тәмийинленеди.

## VIII бап. Референдум күни даўыс бериў

40. Сырт елдеги участка комиссиясы референдум күни даўыс бериў процесин бул комиссия жайласқан аймақтағы жергиликли ўақыт пенен саат 8:00 ден 20:00 ге шекем әмелге асырады.

41. Сырт елдеги участка комиссиясы даўыс бериўди дипломатиялық ўәкилханалардағы ишки тәртип-қағыйдалары, режими ҳәм олардың басқа өзине тән қәсийетлерин инабатқа алған ҳалда шөлкемлестиреди.

42. Пуқаралар дипломатиялық ўәкилхана ишки-тәртип қағыйдалары ҳәм режиминен келип шыққан ҳалда, даўыс бериў ханасына киргизиледи.

43. Даўыс бериў имаратына келгеннен кейин, пуқара сырт елдеги участка комиссиясы ағзасына өз шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетти көрсетеди (паспорт - биометриялық емес, биометриялық, сырт елге шығыў ҳәм дипломатиялық; идентификация ID-картасы; әскерий гүўалық; Өзбекстан Республикасына қайтыў гүўалығы) ҳәм даўыс беретуғын пуқаралардың дизимине қол қояды. Соннан кейин оған бюллетень бериледи.

44. Бюллетень пуқара тәрепинен жасырын даўыс бериў кабинасы ямаса ханасында толтырылады.

Бунда пуқара өзи даўыс берип атырған вариант туўрысына, оң тәрепте жайласқан бос квадратқа “+” яки “✓” ямаса “x” белгисин қояды.

Бюллетенди толтырыў ўақтында пуқарадан басқа адамлардың болыўы қадаған етиледи.

45. Толтырылған бюллетенди пуқара даўыс бериў қутысына таслайды.

46. Сырт елдеги референдум участкаларында даўыс бериў қутыларын жергиликли ўақыт менен саат 20:00 ден алдын ашыў ҳәм даўысларды санап шығыўға жол қойылмайды.

Сырт елдеги референдум участкаларында дизимге киритилген барлық пуқаралар даўыс берип болған болса, сырт елдеги участка комиссиясы даўыс бериў жуўмақланғанын қәлеген ўақытта жәриялаўы мүмкин.

47. Сырт елдеги участка комиссиясы тәрепинен даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баяннаманың көширме нусқасы мәлимлеме-коммуникация технологияларынан пайдаланған ҳалда тезлик пенен тийисли референдум өткериўши округ комиссиясына усынылады.

Баяннаманың түп нусқасын почта байланыс қуралларынан пайдаланған ҳалда дипломатиялық ўәкилханалар арқалы референдум өткериўши округ комиссиясына жеткерип бериў тәмийинленеди.

48. ОСК сырт елдеги участка комиссиясы тәрепинен баяннама нусқаларын тийисли референдум өткериўши округ комиссиясына жеткерип берилиўи үстинен қадағалаўды әмелге асырады.

## IX бап. Жуўмақлаўшы қағыйдалар

49. Усы Реже менен тәртипке салынған мәселелер Өзбекстан Республикасының нызамшылығында ҳәм ОСКның 2022-жыл 28-июньдағы 1172-санлы қарары менен тастыйықланған Референдум участкалары ҳәм референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы режеде белгиленген тәртипте шешиледи.

50. Сырт елдеги участка комиссиясының референдум өткериў менен байланыслы барлық ҳүжжетлери, атап айтқанда бюллетенлер дипломатиялық ўәкилханаларға тапсырылады.

Дипломатиялық ўәкилханалар референдумға тийисли ҳүжжетлерди тийисли референдум өткериўши округ комиссиясына жеткерилиўин тәмийинлейди.

51. Сырт елдеги участка комиссиясы референдум жуўмақлары рәсмий жәрияланғаннан кейин өз искерлигин тоқтатады.

*Өзбекстан Республикасының сырт ел мәмлекетлериндеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанында референдум участкалары ҳәм референдум өткериўши участка комиссияларын шөлкемлестириў тәртиби ҳаққындағы режеге*
***1-ҚОСЫМША***



*Өзбекстан Республикасының сырт ел мәмлекетлериндеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанында референдум участкалары ҳәм референдум өткериўши участка комиссияларын шөлкемлестириў тәртиби ҳаққындағы режеге*
*2-қосымша*

## ДАЎЫС БЕРИЎ БЮЛЛЕТЕНЛЕРИН ТАПСЫРЫЎ ҲӘМ ҚАБЫЛ ЕТИЎ АКТЫ

20 ___ жыл «___» _________ ____________________
*(манзил)*

_____________________________________ округ комиссиясы тәрепинен
*(округ комиссиясының тәртип номери ҳәм аты)*

Өзбекстан Республикасы Сыртқы ислер министрлигиниң жуўапкер хызметкерине _________________________________________
*(сырт елдеги участка комиссиясының тәртип номери ҳәм аты)*

участка комиссиясы ушын ___________________________________ дана
*(саны номери ҳәм жазба формада сәўлелендирилиўи керек)*
даўыс бериў бюллетенлери тапсырылды.

Даўыс бериў бюллетенлерин тапсырдым:

______________________________________ округ комиссиясы баслығы,
*(округ комиссиясының тәртип номери ҳәм аты)*

баслық орынбасары, хаткери _____________________________________
*(имза)* *(Ф.А.Ә.)*

Даўыс бериў бюллетенлерин қабылладым:

Өзбекстан Республикасы Сыртқы ислер министрлигиниң жуўапкер хызметкери ____________________________________________
*(имза)* *(Ф.А.Ә.)*

*Өзбекстан Республикасының сырт ел мәмлекетлериндеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанында референдум участкалары ҳәм референдум өткериўши участка комиссияларын шөлкемлестириў тәртиби ҳаққындағы режеге*
*3-қосымша*

________________________________________ жанындағы
*(дипломатиялық ўәкилхана аты)*

**_____ РЕФЕРЕНДУМ ӨТКЕРИЎШИ УЧАСТКА КОМИССИЯСЫ**

**Даўыс беретуғын пуқаралардың турған орынында мүддетинен алдын даўыс бериўде арнаўлы қапты пломбалаў ҳаққындағы**

**АКТ**

Биз, төмендеги қол қойыўшылар ___________________________ дың
*(референдум округының тәртип номери ҳәм аты)*

___________________________ участка комиссиясының ағзалары:
*(сырт елдеги участка комиссиясының тәртип номери ҳәм аты) )*

______________________________________________________
*(Ф. А. Ә.)*

______________________________________________________
*(Ф. А. Ә.)*

20 ___ жыл «___» ______ күни ______________________ де
*(мүддетинен алдын даўыс бериў өткерилген орын аты)*

**Даўыс беретуғын пуқаралардың турған орнында мүддетинен алдын даўыс бериў процессинде көшпели даўыс бериў қутысындағы даўыс бериў бюллетенлери арнаўлы қапқа жайластырылғанлығы ҳәм пломбаланғанлығы ҳаққында бул актти дүздик.**

Пломба номери ______________________

**Даўыс беретуғын пуқаралардың турған орнында мүддетинен алдын даўыс бериўди өткерген участка комиссиясы ағзалары:**

| | | |
|---|---|---|
| | ________________ | ________________ |
| М.Ө. | *(имза)* | *(Ф. А. Ә.)* |
| | ________________ | ________________ |
| | *(имза)* | *(Ф. А. Ә.)* |

**Даўыс беретуғын пуқаралардың турған орнында мүддетинен алдын даўыс бериўде қатнасқанлар (егерде бар болса):**

| | |
|---|---|
| ________________ | ________________ |
| *(имза)* | *(Ф. А. Ә.)* |
| ________________ | ________________ |
| *(имза)* | *(Ф. А. Ә.)* |

*Өзбекстан Республикасының сырт ел мәмлекетлериндеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанында референдум участкалары ҳәм референдум өткериўши участка комиссияларын шөлкемлестириў тәртиби ҳаққындағы режеге*
***4-ҚОСЫМША***

__________________________________________________ жанындағы
*(дипломатиялық ўәкилхана аты)*

## _____ РЕФЕРЕНДУМ ӨТКЕРИЎШИ УЧАСТКА КОМИССИЯСЫ

## Даўыс беретуғын пуқаралардың турған орнында мүддетинен алдын даўыс бериўде көшпели даўыс бериў қутысын пломбалаў ҳаққындағы АКТ

**Биз, төмендеги қол қойыўшылар __________________________ дың**
*(референдум округының тәртип номери ҳәм аты)*

**______________________________ участка комиссиясының ағзалары:**
*(сырт елдеги участка комиссиясының тәртип номери ҳәм аты)*

______________________________________________________________
*(Ф. А. Ә.)*

______________________________________________________________
*(Ф. А. Ә.)*

**20 ___ жыл «___» ______ күни _________________________ де**
*(мүддетинен алдын даўыс бериў өткерилген жай аты)*

**даўыс беретуғын пуқаралардың турған орнында мүддетинен алдын даўыс бериўди шөлкемлестириў ушын көшпели даўыс бериў қутысын пломбаланғанлығы ҳаққында бул актти дүздик.**

Пломба номери ______________________________

**Даўыс беретуғын пуқаралардың турған орнында мүддетинен алдын даўыс бериўди өткерген участка комиссиясы ағзалары:**

| | | |
|---|---|---|
| М.Ө. | ____________________<br>***(имза)*** | ____________________<br>***(Ф. А. Ә.)*** |
| | ____________________<br>***(имза)*** | ____________________<br>***(Ф. А. Ә.)*** |

**Даўыс беретуғын пуқаралардың турған орнында мүддетинен алдын даўыс бериўде қатнасқанлар (егерде бар болса):**

| | |
|---|---|
| ____________________<br>***(имза)*** | ____________________<br>***(Ф. А. Ә.)*** |
| ____________________<br>***(имза)*** | ____________________<br>***(Ф. А. Ә.)*** |

*Өзбекстан Республикасының сырт ел мәмлекетлериндеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанында референдум участкалары ҳәм референдум өткериўши участка комиссияларын шөлкемлестириў тәртиби ҳаққындағы режеге*
*5-ҚОСЫМША*

______________________________________ жанындағы
*(дипломатиялық ўәкилхана аты)*

**_____ РЕФЕРЕНДУМ ӨТКЕРИЎШИ УЧАСТКА КОМИССИЯСЫ**

**Даўыс беретуғын пуқаралардың турған орнында мүддетинен алдын даўыс бериў ҳаққындағы**
**АКТ**

Биз, төмендеги қол қойыўшылар ___________________________ дың
*(референдум округының тәртип номери ҳәм аты)*

______________________________ участка комиссиясының ағзалары:
*(сырт елдеги участка комиссиясының тәртип номери ҳәм аты)*

________________________________________________________________
*(Ф. А. Ә.)*

________________________________________________________________
*(Ф. А. Ә.)*

20 ___ жыл «___» ______ күни _________________________ де
*(мүддетинен алдын даўыс бериў өткерилген жай аты)*

Даўыс беретуғын пуқаралардың турған орнында мүддетинен алдын даўыс бериўди исленгенлиги ҳәм көшпели даўыс бериў қутысындағы даўыс бериў бюллетенлери арнаўлы қапқа салынғанлығы ҳәм пломбаланғанлығы ҳаққында бул актти дүздик.

Пломба номери _____________________

**Даўыс беретуғын пуқаралардың турған орнында мүддетинен алдын даўыс бериўди шөлкемлестириў ушын:**

**_________________________________ даўыс бериў бюллетени алынды;**
***(саны номер ҳәм жазба формада сәўлелендирилиўи керек)***

**_______________ даўыс бериў бюллетенлери пуқараларға берилди.**
***(саны номер ҳәм жазба формада сәўлелендирилиўи керек)***

**Қайтарылған даўыс бериў бюллетенлери, соннан:**
**Пайдаланылмаған: ____________________________________________;**
***(саны номер ҳәм жазба формада сәўлелендирилиўи керек)***

**Бузылған: _______________________________________________.**
***(саны номер ҳәм жазба формада сәўлелендирилиўи керек)***

**Даўыс беретуғын пуқаралардың турған орнында мүддетинен алдын даўыс бериўди өткерген участка комиссиясы ағзалары:**

| | | |
|---|---|---|
| | ________________ | ________________ |
| **М.Ө.** | ***(имза)*** | ***(Ф. А. Ә.)*** |
| | ________________ | ________________ |
| | ***(имза)*** | ***(Ф. А. Ә.)*** |

**Даўыс беретуғын пуқаралардың турған орнында мүддетинен алдын даўыс бериўде қатнасқанлар (егерде бар болса):**

| | |
|---|---|
| ________________ | ________________ |
| ***(имза)*** | ***(Ф. А. Ә.)*** |
| ________________ | ________________ |
| ***(имза)*** | ***(Ф. А. Ә.)*** |

ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ОРАЙЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ
ҚАРАРЫ

**Өзбекстан Республикасының референдумында сиясий партиялар, пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымлары ҳәм пуқаралар басламашы топарларынан қатнасатуғын бақлаўшылар ҳаққындағы режени тастыйықлаў ҳаққында**

"Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында"ғы Нызамның 18-статьясы ҳәм де Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 16-статьясына муўапық, Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы **қарар етеди:**

1. Өзбекстан Республикасының референдумында сиясий партиялар, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳәм пуқаралар басламашы топарларынан дүзилген бақлаўшылар ҳаққындағы реже қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Усы қарар Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының рәсмий веб-сайтында жәриялансын.

3. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы баслығының орынбасары Б.Кучкаровқа жүклensин.

**Баслық** **З. Низамходжаев**

Ташкент қаласы,
2022-жыл 13-июль,
1179-сан

*Өзбекстан Республикасы*
*Орайлық сайлаў комиссиясының*
*2022-жыл 13-июльдағы*
*1179-санлы қарарына*
*ҚОСЫМША*

**Өзбекстан Республикасының референдумында сиясий партиялар, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳәм пуқаралар басламашы топарларынан қатнасатуғын бақлаўшылар ҳаққындағы**
**РЕЖЕ**

Усы Реже Өзбекстан Республикасының “Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында”ғы Нызамның 8 ҳәм 9-статьялары, Өзбекстан Республикасының “Сиясий партиялар ҳаққында”, “Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында”ғы нызамларына муўапық ислеп шығылған болып, Өзбекстан Республикасының референдумға (буннан кейин текстте референдум деп жүргизиледи) таярлақ көриў ҳәм оны өткериў дәўиринде сиясий партиялар, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳәм пуқаралар басламашыл топарларынан қатнасатуғын бақлаўшылар (буннан кейин текстте бақлаўшы деп жүргизиледи) ҳуқықый статусы, хуқық ҳәм миннетлемелерин ҳәм де олардың ҳүжжетлерин рәсмийлестириў тәртибин белгилейди.

## I бап. Улыўма қағыйдалар

1. Референдумға таярлақ көриў ҳәм оны өткериўге байланыслы барлық илажларда, сондай-ақ ҳәр бир референдум участкасында референдум күни даўыс бериў ҳәм даўысларды санап шығыў процесслеринде бақлаўшы қатнасыў ҳуқықына ийе.

2. Бақлаўдың мақсети референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге байланыслы барлық илажларда, сондай-ақ референдум

күни даўыс бериў ҳәм даўысларды санап шығыў процесслеринде референдум ҳаққындағы нызамшылық ҳүжжетлерине әмел етилиўи үстинен жәмийетшилик қадағалаўын әмелге асырыўдан ибарат.

3. Референдум өткериўши комиссиялар бақлаўшыны мандаты ҳәм шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетине тийкар дизимге алғаннан кейин оған өз ўәкилликлерин толық ҳәм тосқынлықсыз әмелге асырыўы ушын шәрәят жаратып береди.

4. Сиясий партия ағзасы ямаса тәрепдары яки сиясий партияға қайырқом болған ҳәр қандай Өзбекстан Республикасының 18 жасқа толған пуқарасы сиясий партиядан бақлаўшы болыўы мүмкин.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларынан пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы), оның орынбасары, мәсләҳәтшиси, соның менен бирге пуқаралар жыйыны уйымларының басқа лаўазымлы шахслары бақлаўшы болыўы мүмкин, буған профилактика инспекторлары кирмейди.

Референдумда қатнасыў ҳуқықына ийе болған пуқаралар басламашы топары ағзасы ямаса тәрепдары яки пуқаралар басламашы топарына қайырқом болған ҳәр қандай Өзбекстан Республикасының 18 жасқа толған пуқарасы пуқаралар басламашыл топарынан бақлаўшы болыўы мүмкин.

## II бап. Бақлаўшылардың ҳүжжетлерин рәсмийлестириў

5. Сиясий партияның район (қала) шөлкеми, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, пуқаралар басламашы топары референдум өткериўши округ комиссиясы (буннан кейин текстте округ комиссиясы деп жүритиледи) дүзилгенинен кейин өз бақлаўшылары ҳаққында тийисли округ комиссиясына арза менен мүрәжат етеди.

Арзаға бақлаўшылардың дизими (аты-фамилиясы, лаўазымы, жасаў мәнзили ҳәм телефон номери көрсетилген ҳалда), олардың шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжет нусқалары, 3х4 см өлшемдеги еки дана фотосүўрет қосымша етиледи.

6. Сиясий партиялар, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, пуқаралар басламашыл топарлары өз бақлаўшылары ҳаққында тийисли округ комиссиясына референдумға кеминде он күн қалғанға шекем мүрәжат етиўи мүмкин.

7. Тийисли округ комиссиясы сиясий партия шөлкеминиң ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымының, сондай-ақ пуқаралар басламашыл топарының арзасын алғаннан кейин бес күн ишинде қарар қабыл етеди ҳәм бақлаўшы ушын мандат береди.

8. Мандат үлгиси Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының 2022-жыл 28-июндағы 1171-сан қарары менен тастыйықланған реже менен белгиленеди.

Мандатда сиясий партияны басқа сиясий партиядан ҳәм пуқаралардың өзин- өзи басқарыў уйымларынан, сондай-ақ пуқаралар басламашыл топарларынан парықлаў ушын бөлек белгилер (мандат реңи ямаса басқа) сәўлелендирилиўи мүмкин.

9. Сиясий партия шөлкеми, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, пуқаралар басламашыл топарына тийисли округ комиссиясынан мандатларды алғаннан кейин оларды өз бақлаўшыларына жеткерилиўин тәмийинлейди.

10. Төмендеги жағдайларда мандат бериўден бас тартылыўы мүмкин:

шахс 18 жасқа толмаған болса ямаса Өзбекстан Республикасы пуқарасы болмаса;

референдумға он күннен кем мүддет қалғанда мүрәжат етилсе;

пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымының лаўазымлы шахсы болмаса (пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымының бақлаўшылары ушын);

усы Режениң 5-пунктинде көрсетилген ҳүжжетлер толық усынылмаса.

11. Бақлаўшы референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге байланыслы барлық илажларда, сондай-ақ даўыс бериў күни мандатты тағып жүриўи шәрт.

12. Бақлаўшының ўәкиллик мүддети оған мандат берилген күннен басланады ҳәм референдум жуўмақлары рәсмий жәрияланған күни жуўмақланады.

## III бап. Бақлаўшының ҳуқық ҳәм миннетлемелери

13. Бақлаўшы:

референдум өткериўши комиссиялардың жыйналысларында болыў;

референдум участкасында болыў, таярлық жумысларының барысын, жасырын даўыс бериў кабиналарының ямаса бөлмелериниң жайластырылыўын ҳәм даўыс бериў қутыларының мөрлениўин, пуқаралардың дизимге алыныўын, даўыс бериў бюллетенлариниң оларға берилиўин бақлаў;

референдум күни даўыс бериў процесин бақлаў;

мүддетинен алдын даўыс бериўди өткериў ўақты ҳәм орны ҳаққында хабардар болыў ҳәм де бул процессти бақлаў;

пуқараның турған орнында оның рухсаты менен даўыс бериў процесин, жасырын даўыс бериў принципин бузбаған ҳалда бақлаў;

даўысларды санап шығыўда ҳәм референдум өткериўши участка комиссиясының (буннан кейин текстте участка комиссиясы деп жүритиледи) даўыс бериў жуўмақлары ҳаққындағы баяннамасын дүзиўде болыў;

даўыс бериў нәтийжелери ҳаққындағы ҳүжжетлердиң тийисли референдум өткериўши комиссия тәрепинен тастыйықланған көширме нусқаларын сораў ҳәм алыў;

референдум өткериўши комиссиялардың искерлигине ҳәм даўыс бериў процесине кесент берместен ҳәмде даўыс бериўдиң жасырынлығын бузбаған ҳалда фото, видео, аудио жазыўларды әмелге асырыў (қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынлары, әскерий бөлимлер, емлеў мәкемелери буған кирмейди);

бақлаў нәтийжелери ҳаққында ғалаба хабар қураллары ўәкиллерине мүрәжат етиў;

округ комиссиясы тәрепинен участка комиссияларынан даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баяннамаларды қабыл етип алыў ҳәм де округ бойынша даўыс бериў жуўмақларын анықлаў процессинде болыў;

әскерий бөлимлерде, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген референдум участкаларына барыўы

ҳаққында кеминде үш күн алдын тийисли участка комиссиясын белгиленген тәртипте хабардар етиў;

егер референдум участкасында референдумға тийисли нызамшылық талаплары бузылыўына жол қойылған деп есаплаў ушын тийкарлар болса, өз бақлаўлары ҳаққында усы участка комиссиясы ағзаларына олардың жумысына араласпаған ҳалда мәлим етиў, сондай-ақ жоқары турыўшы референдум өткериўши комиссияларға хабар бериў;

референдум ҳаққындағы нызамшылық ҳүжжетлери ҳаққында, сондай-ақ референдумға таярлық көриў ҳәм оның өткерилиўи бойынша өз пикирин баян етиў ҳуқықына ийе.

Бақлаўшы нызамшылық ҳүжжетлерине муўапық басқа да ҳуқықлардан пайдаланады.

14. Бақлаўшы:

өз искерлигинде Өзбекстан Республикасы Конститусиясына, “Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында”ғы Нызамға, Орайлық сайлаў комиссиясының қарарларына әмел етиўи;

барлық дәрежедеги референдум өткериўши комиссияларға, мәмлекетлик ҳәкимияты ҳәм басқарыў уйымлары ҳәм басқа да шөлкемлерге барғанында оған берилген мандатты ҳәм де өз шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетти жанында алып жүриўи ҳәм де лаўазымлы шахслар талабына муўапық оларды көрсетиўи;

өз жуўмақларын жеке өткерилген бақлаў ҳәм ҳақыйқый материаллар менен тийкарлаўы шәрт.

15. Бақлаўшыға төмендегилер қадаған етиледи:

даўыс бериўши даўыс бериў бюллетенине өз белгисин қойып атырған ўақытта даўыс бериў кабинасында ямаса ханасында болыў;

даўыс бериўшилерге тәсир өткериў, қандай да бир үгит-нәсият материалын ямаса әдебиятын тарқатыў;

даўыс бериўшилерден олар қандай даўыс бергенлигин сораў ямаса оларға даўыс бериў бюллетенине белги қойыўда қандайда бир тәризде жәрдем көрсетиў;

участка комиссиясының искерлигине, сондай-ақ даўыс бериў қутыларын мөрлеў, оларды ашыў, даўысларды санап шығыў ўақтында араласыў;

референдум күни ҳәм даўыс бериў басланыўынан бир күн алдын жәмийетшилик пикири сораўлары нәтийжелерин, референдум нәтийжелери прогнозларын, өткерилип атырған референдум менен байланыслы басқа да изертлеўлерди жәриялаў.

16. Бақлаўшы "Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында"ғы Нызам талапларына ҳәм усы реже қағыйдаларына әмел етпеген жағдайда, тийисли округ комиссиясы оның ўәкилликлерин мүддетинен алдын тамамлаўы мүмкин.

## IV бап. Жуўмақлаўшы қағыйдалар

17. Бақлаўшы референдум өткериўши комиссиялардың ўәкилликлери ҳәм қарарлары үстинен нызамда белгиленген тәртипте судқа шағым етиўи мүмкин.

Бақлаўшы шағымды көрип шығыўда тиккелей қатнасыўы мүмкин.

ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ОРАЙЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ
ҚАРАРЫ

**Өзбекстан Республикасы референдумында сырт ел мәмлекетлери ҳәм халқаралық шөлкемлерден қатнасатуғын бақлаўшылар ҳаққындағы режени тастыйықлаў ҳаққында**

"Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында"ғы Нызамының 18-статьясына ҳәм де Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 16-статьясына муўапық, Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы **қарар етеди:**

1. Өзбекстан Республикасының референдумында сырт ел мәмлекетлери ҳәм халықаралық шөлкемлерден қатнасатуғын бақлаўшылар ҳаққындағы реже қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының "Өзбекстан Республикасының референдумында қатнасатуғын сырт ел мәмлекетлери ҳәм халықаралық шөлкемлердиң бақлаўшылары ҳаққындағы реже ҳаққында"ғы 2001-жыл 27-декабрдеги 150-санлы қарары өз күшин жойтқан деп есаплансын.

3. Усы қарар Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының рәсмий веб-сайтында жәрияланс ын.

4. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы баслығының орынбасары Б.Кучкаровқа жүкленсин.

**Баслық** **З. Низамходжаев**

Ташкент қаласы,
2022-жыл 13-июль,
1177-сан

*Өзбекстан Республикасы*
*Орайлық сайлаў комиссиясының*
*2022-жыл 13-июльдағы*
*1177-санлы қарарына*
*ҚОСЫМША*

**Өзбекстан Республикасының референдумында сырт ел мәмлекетлери ҳәм халықаралық шөлкемлерден қатнасатуғын бақлаўшылар ҳаққындағы**
**РЕЖЕ**

Усы Реже Өзбекстен Республикасының "Өзбекстен Республикасының референдумы ҳаққында"ғы Нызамының 8 ҳәм 9-статьялары, сондай-ақ референдумларды шөлкемлестириў ҳәм өткериў бойынша халықаралық ҳуқықтың ғалабалық тән алынған қағыйдаларына муўапық ислеп шығылған болып, Өзбекстен Республикасының референдумында (буннан кейин текстте референдум деп жүргизиледи) сырт ел мәмлекетлери ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшылар искерлигиниң тәртибин белгилейди.

## I бап. Улыўма қағыйдалар

1. Сырт ел мәмлекетлери ҳәм халықаралық шөлкемлерден бақлаўшылардың (буннан кейин текстте сырт ел (халықаралық) бақлаўшылар деп жүргизиледи) искерлиги "Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында"ғы Нызам, Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы (буннан былай текстте ОСК деп жүргизиледи) қарарлары ҳәм де усы Реже менен, сондай-ақ ғалабалық тән алынған халықаралық стандартлар ҳәм халықаралық шөлкемлердиң Өзбекстен Республикасы қосылған ҳүжжетлери менен тәртипке салынады.

2. “Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында”ғы Нызамға муўапық референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге байланыслы барлық илажларда сырт ел (халықаралық) бақлаўшылар қатнасыў ҳуқықына ийе.

## II бап. Сырт ел (халықаралық) бақлаўшыларды мирәт етиў ҳәм оларды аккредитация етиў тәртиби

3. Референдум белгилеў ҳаққындағы қарар жәрияланғаннан кейин ОСК сырт ел мәмлекетлери сайлаў уйымлары ҳәм халықаралық шөлкемлерге Өзбекстан Республикасы Сыртқы ислер министрлиги арқалы мирәтнама жибериледи.

Өзбекстан Республикасы Сыртқы ислер министрлиги өз басламасына қарай ямаса мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары, министрликлер, мәкемелер, илимий-изертлеў институтлары, басқа да шөлкем ҳәм мәкемелер шақырыўына қарай референдумға сырт ел (халықаралық) бақлаўшыларды мирәт етеди.

Сырт ел мәмлекетлери ҳәм халықаралық шөлкемлер де референдумда сырт ел (халықаралық) бақлаўшы ретинде қатнасыў разылығын билдирип, Өзбекстан Республикасы Сыртқы ислер министрлигине мүрәжат етиўи мүмкин.

4. Референдумда сырт ел (халықаралық) бақлаўшы ретинде қатнасыў ушын мирәт етилген, сондай-ақ бундай разылығын билдирген сырт ел мәмлекетлери, халықаралық шөлкемлер өз бақлаўшыларының дизими, шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетлери нусқалары, электрон фото сүўретлери (jpeg форматта, кеминде 100 КВ, 600х600px) ҳәм де бул Режениң 1-қосымшасына муўапық анкеталарды Өзбекстен Республикасы Сыртқы ислер министрлигине усынады.

5. Сырт ел мәмлекетлери, халықаралық шөлкемлер тийисли ҳүжжетлерди даўыс бериў күнинен кеминде он күн алдын усыныўы керек.

6. Өзбекстан Республикасы Сыртқы ислер министрлиги тийисли сырт ел мәмлекетлери, халықаралық шөлкемлер бақлаўшыларының ҳүжжетлерин қосымша еткен ҳалда ОСКна усыныс етип киргизеди. ОСК бес күнлик мүддетте сырт ел

(халықаралық) бақлаўшыларды аккредитация етиў ҳаққында қарар қабыл етеди.

Аккредитация етилген сырт ел (халықаралық) бақлаўшылардың дизими ОСКның рәсмий веб-сайтында жәрияланады.

7. Төмендеги жағдайларда сырт ел (халықаралық) бақлаўшыларын аккредитация етиўден бас тартылыўы мүмкин:

аккредитация ушын усынылған ҳүжжетлер усы Реже талапларына жуўап бермесе;

ҳүжжетлер усы Режеде белгиленген мүддеттен кеш усынылса;

сырт ел (халықаралық) бақлаўшының ямаса оның талабан көрсеткен шөлкемниң искерлиги миллий нызамшылыққа қайшы болса ямаса Өзбекстан Республикасының суверенитети, қәўипсизлиги ҳәм миллий мәплерине қәўип салса.

8. ОСК аккредитация етилген сырт ел (халықаралық) бақлаўшысына усы Режениң 2-қосымшасындағы үлгиге муўапық мандат береди.

Мандат сырт ел (халықаралық) бақлаўшысы референдумға таярланыў ҳәм оны өткериў ўақтында өз искерлигин әмелге асырыўы ушын тийкар есапланады.

## III бап. Сырт ел (халықаралық) бақлаўшыларының ўәкилликлери ҳәм искерлик көрсетиў тәртиби

9. Сырт ел (халықаралық) бақлаўшылары өз ўәкилликлери шеңберинде төмендеги ҳуқықларға ийе:

референдум өткериўши комиссиялардың жыйналысларында болыў;

референдум участкасында болыў, таярлық жумысларының барысын, жасырын даўыс бериў кабиналарының ямаса ханаларының жайластырылыўын ҳәм даўыс бериў қутыларының мөрлениўин, пуқаралардың дизимге алыныўын, даўыс бериў бюллетенлериниң оларға берилиўин бақлаў;

даўыс бериў күни даўыс бериў процесин бақлаў;

мүддетинен алдын даўыс бериўди өткериў ўақты ҳәм орны ҳаққында хабардар болыў ҳәм де бул процессти бақлаў;

пуқараның турған орнында оның рухсаты менен даўыс бериўи процесин, жасырын даўыс бериў принципин бузбаған ҳалда бақлаў;

даўысларды санап шығыўда ҳәм референдум өткериўши участка комиссиясының даўыс бериў жуўмақлары ҳаққындағы баяннамасын дүзиўде болыў;

даўыс бериў нәтийжелери ҳаққындағы ҳүжжетлердиң тийисли референдум өткериўши комиссия тәрепинен тастыйықланған көширме нусқаларын сораў ҳәм алыў;

бақлаў ўақтында өзи жаллаған аўдармашы менен биргеликте болыў;

референдум өткериўши комиссиялардың искерлигине ҳәм де даўыс бериў процесине кесент берместен ҳәм даўыс бериўдиң жасырынлығын бузбастан фото, видео, аудио жазыўларды әмелге асырыў (қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынлары, әскерий бөлимлер, емлеў мәкемелери буған кирмейди);

бақлаў нәтийжелери бойынша ғалаба хабар қураллары ўәкиллерине мүрәжат етиў;

үгит-нәсият белгилери болмаған, фамилиясы, аты ҳәм әкесиниң аты, өзи ўәкиллик етип атырған шөлкемниң аты көрсетилген көкирек нышанларын тағыў;

референдум өткериўши округ комиссиясы тәрепинен участка комиссияларынан даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баяннамаларды қабыл етип алыў ҳәм де округ бойынша даўыс бериў жуўмақларын анықлаў процесинде болыў;

әскерий бөлимлерде, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген референдум участкаларына барыўы ҳаққында кеминде үш күн алдын тийисли участка комиссиясын белгиленген тәртипте хабардар етиў;

егер референдум участкасында референдумға тийисли миллий нызамшылық ҳәм халықаралық нормалар талаплары бузылыўына жол қойылған деп есаплаў ушын тийкарлар болса, өз бақлаўлары ҳаққында усы участка комиссиясы ағзаларына олардың жумысына араласпаған ҳалда мәлим етиў, сондай-ақ жоқары турыўшы референдум өткериўши комиссияларға хабар бериў;

референдум ҳаққындағы нызамшылық ҳүжжетлери ҳаққында ҳәм де референдумға таярлық көриў ҳәм оның өткерилиўи бойынша өз пикирин баян етиў.

Сырт ел (халықаралық) бақлаўшылары нызамшылық ҳүжжетлерине муўапық басқа да ҳуқықлардан пайдаланады.

10. Сырт ел (халықаралық) бақлаўшыларының миннетлемелери:

өз искерлигинде Өзбекстен Республикасы Конституциясына, нызамларына, атап айтқанда Өзбекстанда болыў қағыйдаларына, референдумды шөлкемлестириў ҳәм өткериў бойынша халықаралық ҳуқықтың ғалабалық тән алынған норма ҳәм принциплерине әмел етиў;

референдум үстинен халықаралық бақлаўды әмелге асырыў бойынша өз ўазыйпаларын қалыслық, сиясий бийтәреплик принциплерине әмел еткен ҳалда орынлаў, референдум өткериўши комиссиялар, мәмлекетлик уйымлар, лаўазымлы шахслар, референдум қатнасыўшыларына қандай да бир тәризде абзаллық билдириўден ўаз кешиў;

барлық дәрежедеги референдум өткериўши комиссияларға, мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымларына ҳәм де басқа шөлкемлерге киргенинде ОСК тәрепинен берилген мандатты шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжет пенен биргеликте көрсетиў;

өз жуўмақларын өткерилген бақлаў ҳәм ҳақыйқый материаллар менен тийкарлаў.

11. Сырт ел (халықаралық) бақлаўшыларға төмендегилер қадаған етиледи:

даўыс бериўши даўыс бериў бюллетенине өз белгисин қойып атырған ўақытта даўыс бериў кабинасында ямаса ханасында болыўы;

даўыс бериўшилерге тәсир өткериў, қандай да бир үгит-нәсият материалы ямаса әдебиятты тарқатыў;

даўыс бериўшилерден олар қандай даўыс бергенин сорастырыў ямаса оларға даўыс бериў бюллетенине белги қойыўда қандай да бир тәризде жәрдем көрсетиў;

референдум өткериўши участка комиссиясының искерлигине, сондай-ақ даўыс бериў қутыларын мөрлеў, оларды ашыў, даўысларды санап шығыўға араласыў;

референдум күни ҳәм даўыс бериў басланыўынан бир күн алдын жәмийетшилик пикири, сораўлары нәтийжелерин, референдум нәтийжелери прогнозларын, өткерилип атырған референдум менен байланыслы басқа изертлеўлерди жәриялаў.

Сырт ел (халықаралық) бақлаўшыларының референдумға таярланыў ҳәм оны өткериў менен байланыслы болмаған илажларда қатнасыўы ОСК тәрепинен алдыннан келисилген ҳалда әмелге асырылады.

12. Сырт ел (халықаралық) бақлаўшыларының ўәкиллик мүддети оларға мандат берилген күннен басланады ҳәм референдум жуўмақлары рәсмий түрде жәрияланған күни жуўмақланады.

## IV бап. Сырт ел (халықаралық) бақлаўшылар искерлигиниң кепилликлери

13. Сырт ел (халықаралық) бақлаўшылары Өзбекстан Республикасы аймағында болған ўақытта Өзбекстан Республикасы қорғаўы астында болады ҳәм олардың нызам ҳүжжетлеринде белгиленген ҳуқық ҳәм еркинликлери тәмийинленеди.

14. Өзбекстан Республикасы Сыртқы ислер министрлиги, ОСК, референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссиялары өз ўәкилликлери шеңберинде сырт ел (халықаралық) бақлаўшылары искерлигине көмеклеседи.

15. Референдум өткериўши комиссиялар сырт ел (халықаралық) бақлаўшыны мандаты ҳәм шахсын тастыйықлайтуғын ҳүжжетине тийкарланып дизимге алғаннан кейин оған өз ўәкилликлерин толық ҳәм де тосқынлықсыз әмелге асырыўы ушын шараят жаратып береди.

16. Сырт ел (халықаралық) бақлаўшылар өз искерлигин еркин түрде әмелге асырады.

## V бап. Референдум ҳаққындағы нызамшылықты ҳәм сырт ел (халықаралық) бақлаўшылардың ҳуқықларын бузғанлығы ушын жуўапкершилик

17. Сырт ел (халықаралық) бақлаўшылары усы Режеде белгиленген өз ўәкилликлери шеңбериннен шетке шығыўшы ҳәрекетти әмелге асырыўға, соның менен бирге референдумға таярланыў, оны өткериў ҳәм референдумды бақлаў менен байланыслы болмаған хызмет пенен шуғылланыўда өз статусынан пайдаланыўға ҳақлы емес.

18. Егер сырт ел (халықаралық) бақлаўшысы Өзбекстан Республикасы нызам ҳүжжетлериниң талапларын, халықаралық ҳуқықтың улыўма тән алынған қағыйдалары ҳәм нормаларын бузса, ОСК сырт ел (халықаралық) бақлаўшысы ўәкилликлерин мүддетинен алдын тамамлаўы мүмкин.

19. Сырт ел (халықаралық) бақлаўшылардың ҳуқықларын бузған шахслар белгиленген тәртипте жуўапкер болады.

*Өзбекстан Республикасының референдумында*
*сырт ел мәмлекетлери ҳәм халықаралық*
*шөлкемлерден қатнасатуғын бақлаўшылар*
*ҳаққындағы режеге*
*1-ҚОСЫМША*

**Сырт ел (халықаралық) бақлаўшы сыпатында аккредитация етиў ушын**

## АНКЕТА

## APPLICATION FORM

**for registration as a foreign (international) observer**

| | | |
|---|---|---|
| 1. | **Фамилиясы**<br>Family name<br>**Аты**<br>First name<br>**Әкесиниң аты**<br>Patronymic | |
| 2. | **Туўылған сәнеси (күн, ай, жыл)**<br>Date of birth (day, month, year)<br>**Туўылған жери**<br>Place of birth | |
| 3. | **Пуқаралығы**<br>Present nationality | |
| 4. | **Шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжет**<br>Identification document<br>**Номери**<br>Number<br>**Берилген ўақты**<br>Date of issue<br>**Қашанға шекем ҳақыйқый (күн, ай, жыл)**<br>Date of expiry (day, month, year) | |
| 5. | **Қайсы тиллерде сөйлеседи**<br>Knowledge of languages | |

| | | |
|---|---|---|
| 6. | **Жумыс орны (толық аталыўы, мәнзили, телефон, факс)**<br>Place of work (full name, address, phone, fax of the organization) | |
| 7. | **Лаўазымы**<br>Position/Designation | |
| 8. | **Сизди сырт ел (халықаралық) бақлаўшы сыпатында усыныс еткен мәмлекет (шөлкем) атамасы**<br>Name of organization/state You represent as foreign (international) observer<br>**Telefon (faks)**<br>Phone (fax) | |
| 9. | **Үй мәнзили**<br>Present home address<br>**телефон**<br>Phone<br>**факс**<br>Fax<br>E-mail | |
| 10. | **Сырт ел (халықаралық) бақлаўшылық тәжирийбеси, сандай-ақ, Өзбекстанда (мәмлекет, жыл, қайсы миссия қурамында)**<br>Experience from election observation, including in Uzbekistan (country, year, mission) | |
| 11. | **Өзбекстан Республикасына келиў сәнеси**<br>Date of arrival to the Republic of Uzbekistan | |
| 12. | **Өзбекстан Республикасынан кетиў сәнеси**<br>Date of departure from the Republic of Uzbekistan | |
| 13. | **Сәне**<br>Date | **Имза**<br>Signature |

*Өзбекстан Республикасының референдумында сырт ел мәмлекетлери ҳәм халықаралық шөлкемлерден қатнасатуғын бақлаўшылар ҳаққында режеге*
*2- ҚОСЫМША*

## СЫРТ ЕЛ (ХАЛЫҚАРАЛЫҚ) БАҚЛАЎШЫ МАНДАТЫНЫҢ ҮЛГИСИ ҲӘМ КӨРИНИСИ

**Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы**

**Өзбекстан Республикасы референдумы**
**(өткериў сәнеси)**

**СЫРТ ЕЛ (ХАЛЫҚАРАЛЫҚ) БАҚЛАЎШЫ**

**МАНДАТ № _____**

_______________________________________
***(фамилиясы)***

_______________________________________
***(аты)***

_______________________________________
***(Мәмлекет/шөлкемниң атамасы)***

**Орайлық сайлаў комиссиясы**
**Баслығы** **М.Ө. _____________**
***(имза)***

**Усы мандат шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжет көрсетилгенинде ҳақыйқый есапланады ҳәм референдум жуўмақлары рәсмий жәрияланған күнге дейин әмел қылады.**

**Сырт ел (халықаралық) бақлаўшысының мандаты оның статусын тастыйықлайтуғын ҳүжжет болып табылады.**

**Мандат үлгисинде реквизитлери келтирилген 140 х 100 мм. өлшемдеги еки тәрепли (өзбек ҳәм орыс ямаса өзбек ҳәм инглис тиллеринде) үлги бланкада рәсмийлестириледи.**

**Мандатты таярлаўда Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик нышанлары, Орайлық сайлаў комиссиясының логотипи, сондай-ақ түрли безеў ҳәм реңлерден пайдаланылыўы мүмкин.**

**Мандатта оның тәртип саны, сырт ел, (халықаралық) бақлаўшысының фамилиясы, аты, оны ўәкил сыпатында жиберген мәмлекет (сырт ел мәмлекетлериниң бақлаўшылары ушын) ҳәм (ямаса) шөлкем (халықаралық шөлкемлердиң бақлаўшылары ушын) аты көрсетиледи ҳәм Орайлық сайлаў комиссиясы баслығының имзасы қойылып, комиссияның гербли домалақ мөри менен тастыйықланады. Техникалық мүмкиншиликлерден келип шығып, мандат QR -код арқалы тастыйықланыўы мүмкин.**

ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ОРАЙЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ
ҚАРАРЫ

**Референдум дәўиринде ғалаба хабар қураллары ўәкиллерин аккредитациядан өткериў тәртиби ҳаққындағы режени тастыйықлаў ҳаққында**

"Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында"ғы Нызамның 18-статьясына ҳәмде Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 16-сатьясына муўапық, Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы қарар етеди:

1. Референдум дәўиринде ғалаба хабар қураллары ўәкиллерин аккредитациядан өткериў тәртиби ҳаққындағы реже қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Усы қарар Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының рәсмий веб-сайтында жәрияլансын.

3. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Өзбекстан Рес публикасы Орайлық сайлаў комиссиясы баслығының орынбасары Б.Кучкаровқа жүкленсин.

**Баслық** **З. Низамходжаев**

Ташкент қаласы,
2022-жыл, 30-август,
1185-сан

*Өзбекстан Республикасы*
*Орайлық сайлаў комиссиясының*
*2022-жыл 30-августтағы*
*1185-санлы қарарына*
*ҚОСЫМША*

**Өзбекстан Республикасының референдумында ғалаба хабар қураллары ўәкиллерин аккредитациядан өткериў тәртиби ҳаққындағы**
**РЕЖЕ**

Усы Реже Өзбекстан Республикасының "Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында"ғы, "Ғалаба хабар қураллары ҳаққында" ҳәмде "Хабар еркинлиги пиринциплери ҳәм кепилликлери ҳаққында"ғы нызамларына муўапық Өзбекстан Республикасының референдумын (буннан былай текстте референдум деп жүритиледи) сәўлелендириў ушын сырт ел ҳәм жергиликли ғалаба ҳабар қураллары (буннан былай текстте ҒХҚ деп қолланылады) ўәкиллерин акредитациядан өткериў тәртибин белгилейди.

## I бап. Улыўма қағыйдалар

1. Өзбекстан Республикасының ҒХҚ референдумға таярлықтың барысы ҳәм ол қандай өтип атырғанлығын жарытып барады. Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге тийисли барлық ис-иләжларда қатнасыў ушын ҒХҚ ўәкиллери аккредитациядан өткериледи.

ҒХҚ ўәкиллериниң ўәкилликлери Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы (буннан былай текстте ОСК деп жүритиледи) тәрепинен берилген гүўалықлар менен тастыйықланған болыўы керек.

2. ҒХҚ референдум тайынлаў ҳаққындағы қарар жәрияланған күннен баслап, референдум өткерилиўине кеминде он күн қалғанға дейин ОСКна өз ўәкиллерин аккредитациядан өткериў ҳаққында мүрәжат етиўи мүмкин.

3. ОСК тәрепинен аккредитациядан өткерилген ҒХҚ ўәкилине усы Режениң 1-қосымшасына муўапық формадағы гүўалық бериледи.

4. ҒХҚ ўәкиллери ўәкиллик мүддети оған аккредитациядан өткенлиги ҳаққындағы гүўалық берилген күннен басланады ҳәм референдум жуўмақлары рәсмий жәрияланған күни тамамланады.

## II бап. Жергиликли ҒХҚ ўәкиллерин аккредитациядан өткериў

5. Референдумда жергиликли ҒХҚ ўәкиллери ОСК тәрепинен аккредитациядан өткериледи.

6. Аккредитация ушын жергиликли ҒХҚ басшылары ОСКға арза менен мүрәжат етеди.

Референдумды жарытыў мақсетинде ҒХҚ баслықлары ОСКға арза менен мүрәжат етеди.

Жергиликли ҒХҚның арзасында аккредитацияға усынылған хызметкердиң фамилиясы, аты, әкесиниң аты ҳәм лаўазымы көрсетиледи ҳәмде төмендеги ҳүжжетлер қосымша етиледи:

хызметкердиң шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжет нусқасы;

жергиликли ҒХҚның мәмлекетлик дизимнен өткенлиги ҳаққындағы гуўалықтың нусқасы;

ҳәр бир хызметкер ушын толтырылатуғын ҒХҚ ўәкилин аккредитациядан өткериў анкетасы;

хызметкердиң электрон фото сүўрети (ақ фонда jpg форматта, 3х4 см өлшемде кеминде 100 KB, 600х600р, көби менен 90 күн алдын түсирилген болыўы ҳәмде хызметкердиң жүзи ҳәм ийинлериниң жоқары бөлими көринип турыўы керек).

Жергиликли ҒХҚ ўәкилин аккредитациядан өткериў ушын арза ҳәм анкета усы Режениң 2-қосымшасына муўапық толтырылады.

Арза ҳәм оған қосымша етилген ҳүжжетлер ОСКға электрон формада жибериледи. Бунда усы пункттың екинши – бесинши ҳәм

жетинши хат басында нәзерде тутылған ҳүжжетлер pdf форматта болыўы лазым.

7. Мүрәжат бес күн ишинде көрип шығылып, ОСКның қарары тийкарында жергиликли ҒХҚ ўәкилине аккредитациядан өткенлиги ҳаққындағы гүўалық бериледи.

## III бап. Сырт ел ҒХҚ ўәкиллерин аккредитациядан өткериў тәртиби

8. Референдумда сырт ел ҒХҚ ўәкиллери ОСК тәрепинен аккредитациядан өткериледи.

9. Өзбекстан Республикасы Сытқы ислер министрлигинде (буннан былай текстте СИМ деп жүритиледи) аккредитациядан өткен сырт ел ҒХҚ ўәкиллерин ОСКдан аккредитациядан өткериў ушын тийисли ҒХҚ хабаршылық пункти (бюросы, офиси) баслығы ОСКға мүрәжат етеди.

Мүрәжатта аккредитацияға усыныс етилген хызметкердиң фамилиясы, аты, әкесиниң аты ҳәм лаўазымы көрсетиледи ҳәмде төмендеги ҳүжжетлер қосымша етиледи:

хызметкердиң шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжет нусқасы;

ҳәр бир хызметкер ушын толтырылған ҒХҚ ўәкилин аккредитациядан өткериў анкетасы;

СИМ тәрепинен аккредитация қылынғанлығы ҳаққындағы гүўалығы нусқасы;

хызметкердиң электрон фото сүўрети (ақ фонда jpg форматта, 3x4 см өлшемде кеминде 100 KB, 600x600p, көби менен 90 күн алдын түсирилген болыўы ҳәмде хызметкердиң жүзи ҳәм ийинлериниң жоқары бөлими көринип турыўы керек).

Ҳүжжетлер ОСКға электрон формада жибериледи. Онда усы пункттиң екинши – бесинши абзацында нәзерде тутылған ҳүжжетлер pdf форматта болыўы лазым.

Мүрәжат бес күн ишинде көрип шығылады ҳәм ОСКның қарары тийкарында сырт ел ҒХҚ ўәкилине аккредитациядан өткенлиги ҳаққындағы гүўалық бериледи.

10. СИМнен аккредитациядан өтпеген сырт ел ҒХҚ ўәкиллери референдумды жарытыў мақсетинде СИМге мүрәжат етеди. Мүрәжатқа:

ғалаба хабар қуралы ҳаққында мағлыўматнама-хабар;

аккредитацияға усынылған хызметкердиң өмир баяны мағлыўматлары, оның шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжет нусқасы ҳәм 3х4 см. өлшемдеги еки дана фотосүўрети қосымша етиледи.

11. СИМнен аккредитациядан өтпеген сырт ел ҒХҚ ўәкиллериниң мүрәжаты усынылған күннен кейин еки ҳәптеден кешикпей СИМ тәрепинен көрип шығылады. Усы Режениң 10-пунктинде белгилеп қойылған мағлыўматлар көрсетилмеген, сондай-ақ, белгиленген мүддетте берилмеген мүрәжат көрилместен қалдырылады.

12. СИМ сырт ел ҒХҚ ўәкиллерин аккредитациядан өткериў ҳаққында ОСКға мәлимлеме киритеди.

Мәлимлеме бес күнлик мүддет ишинде көрип шығылып, ОСКның қарары тийкарында сырт ел ҒХҚ ўәкилине аккредитациядан өткенлиги ҳаққындағы гүўалық бериледи.

## IV бап. ҒХҚ ўәкилиниң ҳуқық ҳәм миннетлемелери

13. ҒХҚ ўәкили:

референдумға таярлық көриў хәм оны өткериўге байланыслы барлық илажларды жарытыў;

референдум өткериўши комиссиялардың мәжилислеринде болыў;

референдум өткериўши комиссиялардың қарарлары нусқаларын ҒХҚда жарытыў ушын алыў;

мүддетинен алдын даўыс бериўди өткериў ўақты ҳәм орны ҳаққында хабардар болыў ҳәмде усы процессти бақлаў;

референдум күни даўыс бериў ханаларында, соның ишинде даўысларды санап шығыўда болыў;

референдум өткериўши комиссиялардың искерлигине ҳәмде даўыс бериў процесине кесент берместен ҳәм даўыс бериўдиң жасырынлығын бузбастан фото, видео, аудио жазыўларды әмелге асырыў (қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынлары, әскерий бөлимлер, емлеў мәкемелеринде шөлкемлестирилген референдум участкалары буған кирмейди);

пуқараның турған жеринде оның руқсаты менен даўыс бериў процесинде болыў;

референдум өткериўши округ комиссиясы тәрепинен участка комиссиялардан даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баяннамаларды қабыл етип алыўы ҳәмде округ бойынша даўыс бериў жуўмақларын анықлаў процесинде болыў;

референдумға таярлық көриў ҳам оның өткерилиўи бойынша өз пикирин баян етиў ҳуқықына ийе.

ҒХҚ ўәкили нызамшылық ҳүжжетлерине муўапық басқа ҳуқықлардан да пайдаланады.

14.ҒХҚ ўәкили:

өз искерлигинде Өзбекстан Республикасы Конституциясы, "Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында"ғы Нызам, ғалаба хабар қураллары ҳаққындағы нызамшылық ҳүжжетлери ҳәм ОСКның қарарларына әмел етиўи;

референдум өткериўши комиссиялардың имаратлары (ханалары), мәжилислери ҳәм баспасөз конференцияларында гүўалықты басқаларға көринетуғын тәризде бәрқулла таққан болыўы;

мәжилислер, баспасөз конференциялары, даўыс бериў ҳәм басқа илажлар шөлкемлестирилетуғын имараттың өзлери ушын ажыратылған орнында референдумға таярлықтың барысы ҳәм ол қандай өтип атырғанлығын жарытыўы;

референдум процесин жарытыўда референдум өткериўши комиссияның искерлигине ҳәм даўыс бериў процесине кесент бермеслиги;

референдум өткериўши комиссияларға, мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў органлары ҳәм басқа шөлкемлерге барғанында оған берилген гүўалықты ҳәмде өз шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжетти жанында алып жүриўи және лаўазымлы шахслардың талабына муўапық оларды көрсетиўи шәрт.

15. ҒХҚ ўәкилине төмендегилер қадаған етиледи:

конституциялық дүзимди зорлық пенен өзгертиўди мақсет етип қойыўшы, республиканың суверенитети, пүтинлигине ҳәм кәўипсизлигине, пуқаралардың конституциялық ҳуқық ҳәм еркинликлерине қарсы шығыўшы, урысты, социаллық, миллий,

расалық ҳәм диний алаўызлықты үгитлеўши, халықтың денсаўлығына ҳәм әдеп-икрамлығына қол қатыўшы мағлыўматларды тарқатыў;

даўыс бериўшилерге тәсир өткериў, нызамға қайшы түрде қандай да бир үгит-нәсият материалын ямаса әдебиятын тарқатыў;

даўыс бериўши даўыс бериў бюллитенине өз белгисин қойып атырған ўақытта даўыс бериў кабинасында яки ханасында болыў;

даўыс бериўшилерден олар қандай даўыс бергеликлерин сорастырыў ямаса оларға даўыс бериў бюллетенине белги қойыўда қандай да бир тәризде жәрдем көрсетиў;

референдум өткериўши участка комиссиясының искерлигине, соның ишинде, даўыс бериў қутылары мөрленип атырған, ашылып атырған, даўыслар санап шығылып атырғанда араласыў;

референдум күни ҳәм даўыс бериў басланыўынан бир күн алдын жәмийетшилик пикири сораўларының нәтийжелерин, референдум нәтийжелери прогнозларын, өткерилип атырған референдум менен байланыслы басқа да изертлеўлерди жәриялаў.

16. ҒХҚ ўәкили әскерий бөлимлерде, қамақта сақлаў хәм еркинен айырыў орынларында дүзилген референдум участкаларына барыўы ҳаққында тийисли референдум өткериўши участка комиссиясын кеминде үш күн алдын хабардар етиўи керек.

17. ҒХҚ ўәкили референдум өткериўши комиссиялардың мәжилислери, баспасөз конференциялары ҳәм басқа илажларда (буннан былай текстте илаж деп жүритиледи) қатнасыўы ҳаққында тийисли референдум өткериўши комиссияны алдыннан хабардар қылыўы керек. Бунда референдум өткериўши комиссия ҒХҚ ўәкиллериниң илажларда қатнасыўы ушын зәрүр шараят жаратыў илажларын көреди.

Референдум өткериўши комиссия ҒХҚ ўәкиллериниң илажда қатнасыўы ушын дизимнен өтиў мүддети, илажды өткериў орны ҳәм басқа шөлкемлестириў мәселелерин жәриялайды.

18. Даўыс бериўшиниң даўыс бериў кабинасында яки ханасында бюлетенди толтырыў процесин сүўретке яки видеоға алыў, оны таркатыў, соның ишинде, социаллық тармақларға жайластырыў қадаған етиледи.

Ғалаба ҳабар куралы ўәкили даўыс бериў сырын жәрияласа ямаса пуқаралардың ерк-ықрарына тәсир етиўге ҳәрекет етсе,

ол даўыс бериў имаратынан дәрҳал шығарып жибериледи. Бул ҳаққында участка комиссиясы қарар қабыл етеди.

19. Төменегилер ҒХҚ ўәкилин аккредитациядан өткериўди бийкарлаў ушын тийкар болып есапланады:

а) акредитациядан өткериў ушын ҳүжжетлер толық усыныс етилмегенде;

б) анкета толық ҳәм дурыс толтырылмаған болса;

в) усы Режеде белгиленген мүддетлерге әмел етилмегенде;

г) ҒХҚ аккредитациядан өтип атырған дәўирде турақлы искерлик алып барылмағанда;

д) веб-сайт сыпатында дизимнен өткен ҒХҚның ҳүжжетлеринде көрсетилген веб-сайты жоқ болғанда;

е) ҒХҚның дизимнен өткерилгенлиги ҳаққындағы гүўалығы суд тәрепинен ҳақыйқый емес деп табылған болса;

ж) ҒХҚның шығарылыўы тоқтатылып турылғанда ямаса тамамланғанда;

з) аккредитациядан өткериў ҳаққындағы арзада ямаса оған қосымша етилген ҳүжжетте көрсетилген мағлыўматлар ҳақыйқатқа сәйкес келмесе;

и) ҒХҚның Өзбекстан Республикасы аймағында искерлик алып барыўы суд қарарына муўапық шекленген яки қадаған етилгенде;

й) ҒХҚ қайта дизимнен өткерилмеген болса (егер ҒХҚ дизимнен өткерилгеннен соң шөлкемлестириўшиси ҳаққындағ мағлыўматлар, ҒХҚның аты, тили ҳәм түри, мақсет ҳәм ўазыйпалары ҳақындағы мағлыўматларға өзгерислер киритилген болса).

ОСК баспасөз хызмети ҒХҚға аккредитациядан өткериў ушын усынылған ҳүжжетлеринде бар болған кемшиликлерди сапластырыўды усыныўы мүмкин.

Ҳүжжетлерде жол қойылған кемшиликлер бир күнлик мүддетте сапластырылмаған жағдайда, ҒХҚ ўәкилин аккредитациядан өткериў бийкар етиледи.

ҒХҚ ўәкилин аккредитациядан өткериў бийкар етилгенде, бул ҳаққында айрықша қарар қабыл қабыл қылынбайды ҳәмде ҒХҚға оның бийкар етилгенлиги ҳаққында усы Реже ҳәм (ямаса) нызамшылық нормаларына тийкарланған жуўап бериледи.

ҒХҚ усы пункттиң "а" ҳәм "б" киши пунктлеринде нәзерде тутылған кемшиликти сапластырған ҳалда референдумға он күн қалғанға шекем ОСКға қайта мүрәжат етиўи мүмкин.

20. Төмендеги жағдайларда ҒХҚ ўәкилиниң аккредитация ОСКның қарары менен мүддетинен алдын тамамланыўы мүмкин:

ҒХҚ ўәкили "Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында"ғы Нызам, ғалаба хабар қураллары ҳаққындағы нызамшылық ҳүжжетлери, ОСКның қарарлары талаплары ҳәм усы Реже қағыйдаларын бузғанында;

ҒХҚның дизимнен өткерилгенлиги ҳаққындағы гүўалығы суд тәрепинен ҳақыйқый емес деп табылған болса;

аккредитация өткериў ҳаққындағы арзада яки оған қосымша етилген ҳүжжетте көрсетилген мағлыўматлар ҳақыйқатқа сәйкес келмесе;

аккредитация қылынған хызметкер менен ҒХҚ редакциясы арасында дүзилген мийнет шәртнамасы бийкар етилгенде;

хызметкердиң аккредитациясын бийкарлаўды сорап ҒХҚ редакциясы тәрепинен ОСКға жазба мүрәжат жолланған жағдайда;

ҒХҚның шығарылыўы тоқтатылып турылғанында яки тамамланғанында.

21. ОСК ҒХҚ ўәкилин аккредитациядан өткериў, аккредитациядан өткериўди бийкарлаў ҳәм оның аккредитациясын мүддетинен алдын жуўмақлаў мәселелерин ҳәр тәреплеме көрип шығыў ҳәм тийкарланған қарар қабыл етиў ушын зәрүр болған мағлыўматлар, қарарлар ҳәм басқа да ҳүжжетлерди, мәмлекетлик уйымлар ҳәм басқа да шөлкемлерден сораўға ҳәм алыўға ҳақылы.

22. Аккредитациядан өткенлик ҳаққындағы гүўалық жойтылған яки жарамсыз ҳалға келгенде ҒХҚ ўәкилиниң мүрәжатына тийкар бир жумыс күнинде гүўалықтың дубликаты бериледи. Бунда гүўалықтың жоқары оң мүйешине "Дубликат" деп жазылады.

23. Аккредитация қылынған хызметкер жумыстан босатылған жағдайда ҒХҚ редакциясы бул ҳаққанда дәрҳал ОСКны хабардар етеди.

*Өзбекстан Республикасының референдумында ғалаба хабар қураллары ўәкиллерин аккредитациядан өткериў тәртиби ҳаққындағы режеге*
*1-ҚОСЫМША*

# ҒАЛАБА ХАБАР ҚУРАЛЫ ЎӘКИЛИНИҢ АККРЕДИТАЦИЯДАН ӨТКЕНЛИГИ ҲАҚҚЫНДАҒЫ ГҮЎАЛЫҚ ҮЛГИСИ

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ РЕФЕРЕНДУМЫ**

**СҮЎРЕТ**

**ГҮЎАЛЫҚ № ___**

_______________________________
*(ҒХҚ атамасы)*

_______________________________
*(ҒХҚ ўәкилиниң лаўазымы)*

_______________________________
*(фамилиясы)*

_______________________________
*(аты)*

**Орайлық сайлаў комиссиясы**
**Баслығы** *М.О.* ________
*(имза)*

Шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжет көрсетилгенде ҳақыйқый есапланады.

***Түсиндирме:*** *Гүўалықты таярлаўда Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик нышанлары, Орайлық сайлаў комиссиясының логотипи, сондай-ақ түрли безеў ҳәм реңлерден пайдаланылыўы мүмкин. Гүўалықта референдумды өткериў сәнеси көрсетилиўи мүмкин. Гүўалықтың артқы тәрепинде ҒХҚның ҳуқық ҳәм миннетлемелерине тийисли әҳмийетли мағлыўматлар көрсетилиўи мүмкин.*

*Бул гүўалықтың өлшеми бойы 140 мм – ени 100 мм. Гүўалықтың алдынғы тәрепи өзбек тилинде, артқы тәрепи өзбек яки рус ямаса инглис тилинде рәсмийлестириледи.*

*Өзбекстан Республикасының референдумында ғалаба хабар қураллары ўәкиллерин аккредитациядан өткериў тәртиби ҳаққындағы режеге*
*2-ҚОСЫМША*

*Арза үлгиси*

**ШӨЛКЕМНИҢ РӘСМИЙ БЛАНКАСЫ**

---

**Өзбекстан Республикасы**
**Орайлық сайлаў комиссиясына**

Арза

Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў менен байланыслы процесслерди сәўлелендириў мақсетинде *(ҒХҚ атамасы ҳәм формасы, тарқатыў аймағы (веб-сайт буннан тысқары) ҳәм формасы көрсетиледи)* төмендеги хызметкерлерди аккредитациядан өткериўиңизди сораймыз:
1.
2.
3.
....
Аккредитациядан өткерилип атырған хызметкерлер ҒХҚ ўәкилиниң ҳуқық ҳәм миннетлемелери менен таныстырылыўы тәмийинленди.

Қосымша: ________ бет.

**Шөлкем баслығы:** **Ф.А.Ә.**

*Орынлаўшы: Ф.А.Ә.*
*Телефон номери:*

# ҒХҚ ЎӘКИЛИН АККРЕДИТАЦИЯДАН ӨТКЕРИЎ АНКЕТАСЫ

## APPLICATION FORM FOR MEDIA ACCREDITATION

| |
|---|
| **Фото**<br>**сүўрет**<br>Photo<br>3 x 4<br>jpeg |

**I. Аккредитацияға усынылған ҒХҚ ўәкили ҳаққындағы мағлыўматлар**
Personal information

<table>
<tr><td>Фамилиясы:<br>Last name:</td><td>Аты:<br>First name:</td></tr>
<tr><td>Пуқаралығы:<br>Nationality:</td><td rowspan="2">Өзбекстандағы мәнзили (сырт ел ҒХҚ ушын):<br>Address in Uzbekistan (for foreign media):</td></tr>
<tr><td>Турақлы жасаў орны:<br>Permanent address:</td></tr>
<tr><td>Туўылған сәнеси:<br>Date of birth:</td><td>Туўылған жери:<br>Place of birth:</td></tr>
<tr><td>Лаўазымы<br>position/designation</td><td>Жынысы<br>Sex:<br>Еркек Male ☐ Ҳаял Female ☐</td></tr>
<tr><td colspan="2">E-mail:</td></tr>
<tr><td>Телефон:<br>Phone number:</td><td>Уялы телефон:<br>Mobile phone:</td></tr>
</table>

**II. Ғалаба хабар қуралы ҳаққында мағлыўматлар**
Information on the media organization

| |
|---|
| **Шөлкемниң атамасы:**<br>Name of media organisation: |
| **ҒХҚ мәнзили:**<br>Address of media organisation: |
| **ҒХҚның түри (баспа, ТВ-радио, Интернет):**<br>Type of media (print, broadcast, Internet): |
| E-mail: |
| **ҒХҚның интернеттеги рәсмий веб-сайты:**<br>Website: |
| **Телефон:**<br>Phone number: |

ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ОРАЙЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ
ҚАРАРЫ

**Өзбекстан Республикасының референдумына таярлық көриў хәм оны өткериўди қаржыландырыў хәмде қаржылардан пайдаланыў тәртиби бойынша инструкциясын тастыйықлаў ҳаққында**

“Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында”ғы Нызамның 18, 42-статьялары ҳәмде Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 16-статьясына муўапық, Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы **қарар етеди:**

1. Өзбекстан Республикасының референдумына таярлық көриў ҳәм оны өткериўди қаржыландырыў ҳәмде қаржылардан пайдаланыў тәртиби ҳаққындағы инструкция қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Усы қарар Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының рәсмий веб-сайтында жәрияланысын.

3. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы баслығының орынбасары Б. Кучкаров ҳәм Орайлық сайлаў комиссиясы ағзасы А.Ибодуллаевқа жүклensин.

**Баслық** **З. Низамходжаев**

Ташкент қаласы,
2022-жыл 30 август,
1186-сан

*Өзбекстан Республикасы*
*Орайлық сайлаў комиссиясының*
*2022-жыл 30-августдеги*
*1186-санлы қарарына*
*ҚОСЫМША*

**Өзбекстан Республикасының референдумына таярлық көриў ҳәм оны өткериўди қаржыландырыў ҳәмде қаржылардан пайдаланыў тәртиби ҳаққындағы**
**ИНСТРУКЦИЯ**

**1-бап. Улыўма қағыйдалар**

1. Усы Инструкция Өзбекстан Республикасының Бюджет кодекси ҳәм "Өзбекстан Республикасының референдумы ҳаққында"ғы Нызамға муўапық ислеп шығылған болып, Өзбекстан Республикасының референдумына (буннан былай текстте референдум деп жүргизиледи) таярлық көриў ҳәм оны өткериў менен байланыслы қаржыларды ажыратыў ҳәмде олардан пайдаланыў тәртибин белгилейди.

2. Усы Инструкция Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы (буннан былай текстте ОСК деп жүргизиледи), референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссиялар, мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары ушын мәжбүрий болып есапланады.

3. Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў менен байланыслы барлық қаржыларды ажыратыў Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик бюджет (буннан былай текстте мәмлекетлик бюджет деп жүргизиледи) қаржылары есабынан әмелге асырылады.

4. Сырт мәмлекетлердиң, олардың физикалық ҳәм юридикалық шахслары ҳәмде халықаралық шөлкемлердиң қаржылары есабынан референдумды қаржыландырыў, сондай-ақ, пуқаралардың

басламашы топарларын материаллық жақтан басқаша тәризде қоллап-қуўатлаў қадаған етиледи.

5. Бул Инструкцияның 4-пунктинде көрсетилген қаржылар ямаса материаллық жәрдем келип түскен жағдайда олар келип түскен күннен баслап бир ай мүддет ишинде қайырхомлық субъектине қайтарылыўы, қайтарыў имканияты болмаған жағдайда болса, белгиленген тәртипте Мәмлекетлик бюджет дәрамадына өткерилиўи лазым.

6. Өзбекстан Республикасының жәмийетлик бирлеспелери, кәрханалары, мәкемелери, шөлкемлери ҳәм пуқаралары өз қаржыларын ықтыярлы рәўиште референдум өткериў ушын бериўи мүмкин. Бул қаржыларды ОСК референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў ўақтында пайдаланыў ушын қабыл етип алады.

## 2-бап. Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў қәрежетлерин режелестириў

7. Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў менен байланыслы қаржыларды ажыратыў тастыйықланған қәрежетлер сметаларына муўапық әмелге асырылады.

8. Референдум өткериўши округ комиссиялар қәрежетлер сметасы ОСК тәрепинен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери менен биргеликте район (қала)лар кесиминде референдум өткериўши участка комиссиялары бойынша прогнозлық бөлистирмелерди қосымша етилген ҳалда дүзиледи. Бунда финанслық ҳүжжетлерге биринши қол қойыў ҳуқықы референдум өткериўши округ комиссиясының баслығы, екинши қол қойыў ҳуқықы Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери бас бухгалтерине тийисли болады.

9. ОСК референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге байланыслы қәрежетлердиң комплексли сметасын тастыйықлайды ҳәм оны дизимнен өткериў ушын Өзбекстан Республикасы Финанс министрлигине (буннан былай текстте Финанс министрлиги деп жүргизиледи) усынады.

10. Финанс министрлиги референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге байланыслы қәрежетлердиң комплексли сметасын он күнлик мүддет ишинде дизимнен өткереди.

## 3-бап. Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў қәрежетлерин әмелге асырыў

### 1-§. Референдум өткериўши комиссиялар искерлигин қаржыландырыў

11. ОСКның қәрежетлери оның жеке қазна есап бетинен әмелге асырылады.

12. Референдум өткериўши округ комиссияларының қәрежетлери бойынша төлемлер тийисли референдум өткериўши округ комиссиясы баслығы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлериниң бас бухгалтерлери тәрепинен оларға хызмет көрсетиўши аймақлық қазнашылық бөлимлерине усынылатуғын төлем тапсырмалары тийкарында әмелге асырылады.

Бунда референдум өткериўши округ комиссиясы тәрепинен тийисли аймақлық қазнашылық бөлимине биринши қол таңбасы (комиссия баслығының) ҳәм екинши қол таңба (тийислилиги бойынша Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери бас бухгалтерлериниң) үлгилери ҳәмде комиссияның жеке қурамы бойынша қарар нусқасы усынылады.

13. Референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссиялары искерликлерин қаржыландырыў тийислилиги бойынша Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимлигиниң арнаўлы ашылған жеке қазна есап бетлери арқалы әмелге асырылады.

### 2-§. Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў бойынша мәмлекетлик сатып алыўларды әмелге асырыў

14. Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў ушын зәрүр болатуғын товарлар (жумыслар, хызметлер)диң мәмлекетлик сатып алыўлары әмелдеги нызамшылыққа муўапық әмелге асырылады.

15. Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў ушын ажыратылған қаржылар есабынан референдум өткериўши комиссиялар тәрепинен дүзилетуғын шәртнамалар олар тийисли қазнашылық бөлимлеринен мәжбүрий дизимнен өткерилгеннен кейин күшке киреди.

16. Референдум өткериўши комиссиялар тәрепинен дүзилген шәртнамаларды дизимнен өткериў ҳәм қәрежетлерди әмелге асырыў бюджет нызамшылығында белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

## 3-§. Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў ўақтында референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссиясы ағзалары мийнетине ҳақ төлеў

17. Референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссиясының қарарына муўапық комиссияның баслығы, баслық орынбасары, хаткери ямаса басқа ағзаларынан бири референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў ўақтында өндиристен ямаса хызмет ўазыйпаларын орынлаўдан орташа айлық ис ҳақы сақланған ҳалда азат етилиўи мүмкин.

18. Референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссияларының баслығы, баслық орынбасары, хаткери ҳәм басқа ағзаларына (транспорт, аўқатланыў ҳәм басқа қәрежетлердиң орнын қаплаў ушын) референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў ушын ажыратылған бюджет қаржылары есабынан бир мәртелик компенсация төлеп бериледи. Бунда төлемлер:

референдум өткериўши округ комиссиясы баслығына мийнетке ҳақ төлеўдиң ең кем муғдарының 2 есеси;

референдум өткериўши округ комиссиясының баслығының орынбасары ҳәм хаткерине мийнетке ҳақ төлеўдиң ең кем муғдарының 1,5 есеси;

референдум өткериўши округ комиссияның басқа ағзаларына мийнетке ҳақ төлеўдиң ең кем муғдарының 1 есеси;

референдум өткериўши участка комиссия баслығына мийнетке ҳақы төлеўдиң ең кем муғдарының 1,2 есеси;

референдум өткериўши участка комиссиясы баслығы орынбасары ҳәм хаткерине мийнетке ҳақ төлеўдиң ең кем муғдарының 1 есеси;

референдум өткериўши участка комиссияларының басқа ағзаларына мийнетке ҳақ төлеўдиң ең кем муғдарының 0,7 есесинде әмелге асырылады.

19. Усы төлемлер қол қойыў ҳуқықына ийе референдум өткериўши округ комиссиясы баслықлары ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери бас бухгалтерлери тәрепинен тастыйықланған усы Инструкцияның 1-қосымшасында келтирилген формадағы дизим бойынша төленеди.

20. Компенсация төлемлерин әмелге асырыў референдумға үш күн қалғанға шекем толық тәмийинленеди.

21. Референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссиясы баслықлары тәрепинен комиссия ағзаларына компенсация төлениўи менен байланыслы тийкарлаўшы ҳәм тастыйықлаўшы ҳүжжетлер (комиссия қарары, паспорт нусқасы, СТИН, ЖБПХ, банк пластик карта мағлыўматлары, телефон номери ҳәм тағы басқа) тийисли ҳәкимлик бухгалтериясына усынады.

22. Референдум өткериўши округ комиссиясы ағзаларына төленетуғын компенсациялар тийислилиги бойынша Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери бухгалтериялары тәрепинен округ комиссиясы баслығына исеним хаты тийкарында есап бериў шәрти менен бериледи ҳәм комиссия ағзаларына төлем квитанциялар тийкарында тарқатылады ямаса олардың арзасына тийкар банк пластик карточкаларына өткерип бериледи.

Референдум өткериўши участка комиссиясы ағзаларына төленетуғын компенсациялар тийлислиги бойынша Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери бухгалтериялары тәрепинен район, қала ҳәкимликлери бухгалтерлерин тартқан ҳалда участка комиссия баслығына исеним хаты тийкарында есап бериў шәрти менен бериледи ҳәм комиссия ағзаларына төлем квитанциялары

тийкарында тарқатылады ямаса олардың арзасына муўапық банк пластик карталарына өткерип бериледи.

23. Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў бойынша жумысларды орынлаў (бухгалтерия есабы ҳәм есабатын жүргизиў, комиссия ағзалары ҳәм ағзалыққа талабанларды оқытыў, баспасөз орайлары хызметин жолға қойыў, дилмашлық етиў ҳәм тағы басқа.) ушын референдум өткериўши комиссияларға қәниге ҳәм экспертлерди шақырыўы мүмкин.

Бунда олардың мийнетине ҳақы төлеў референдум өткериўши комиссия баслығы менен әмелдеги нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлерге муўапық тартқан қәниге ҳәм экспертлер арасында дүзилетуғын пуқаралық-ҳуқықый түске ийе шәртнамалар тийкарында қәрежетлер сметасында белгиленген қаржылар шеңберинде әмелге асырылады.

## 4-бап. Референдум өткериў процесиндеги материаллық затлар есабы

24. ОСК тәрепинен жеткерилген товар-материаллық затлар тийисли район ямаса қала ҳәкимлиги балансына қабыл етиў-тапсырыў актлери бойынша ҳақы төлемеў шәрти менен қабыл етиледи.

25. Район ямаса қала ҳәкимлиги қабыл етилген товар-материаллық затларға инвентарь номер береди ҳәм олардың сақланыўы ушын материаллық жуўапкер шахсты белгилейди.

26. Материаллық жуўапкер шахс усы Инструкцияның 2-қосымшасына муўапық формадағы бөлистириў бойынша қабыл етиў-тапсырыў актлери тийкарында товар-материаллық затларды тийисли аймақта дүзилген участка комиссиясы баслығына тапсырады.

27. Референдум нәтийжелери жәрияланғаннан кейин участка комиссиясының баслығы район ямаса қалада товар-материаллық затлар ушын материаллық жуўапкер шахсқа усы Инструкцияның 3-қосымшасында келтирилген формадағы бөлистириў бойынша қабыл етиў-тапсырыў актлери тийкарында товар-материаллық затларды тапсырады.

28. Қабыл етилген товар-материаллық затлар ҳәм материаллық жуўапкер шахслар дизимлери район ҳәм қалалар кесиминде жәмленип, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери тәрепинен усы Инструкцияның 4-қосымшасында келтирилген формада референдум нәтийжелери жәрияланғаннан кейин отыз күннен кешиктирместен ОСКна усынады.

29. Район ҳәм қала ҳәкимликлери үскенелерди (мәмлекетлик байрағы, мәмлекетлик герби, даўыс бериў қутылары, жасырын даўыс бериў кабиналары, ишки ҳәм сыртқы флагштоклар) бир орында жәмленген ҳалда жарамлы ҳалатта сақлаў ушын сақлаўханалар менен тәмийинлеўге жуўапкер есапланады.

30. Алыс ҳәм барыў қыйын болған жерлердеги референдум участкаларында пайдаланылған үскенелерди район (қала) ҳәкимликлери тәрепинен белгиленген орынларда сақлаўханалар жәмленген ҳалда материаллық жуўапкер шахстың қадағалыўы астында жарамлы жағдайда сақланыўы мүмкин.

## 5-боб. Есапқа алыў ҳәм есап бериў

31. Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў ушын ажыратылған қаржылар келип түсиўин есапқа алыў бюджет классификациясының тийисли кодларына муўапық әмелге асырылады.

32. ОСК ҳәмде референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссиясы референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў ушын ажыратылған қаржылардың бюджет есабы «ЎзАСБО» бағдарламалық тәмийнатында белгиленген тәртипте жүргизеди.

33. Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў ушын ажыратылған қаржылардың ислетилмеген бөлеги референдум өткериўши округ комиссиялары тәрепинен референдум нәтийжелери жәрияланғаннан кейин он бес күнлик мүддетте ОСКның жеке қазна есап бетине қайтарылады. Усы қаржылар жәмленип үш банк жумыс күни даўамында Мәмлекетлик бюджетке қайтарылады.

34. Референдум нәтийжелери жәрияланғаннан кейин қаржыландырылған ҳәм пайдаланылған қаржылар ҳәрекети бойынша есабатлар:

а) Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери тәрепинен – Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигине, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласының тийисли финанс бас басқармалары ҳәм ОСКға жигирма күннен кешиктирместен усы Инструкцияның 5-қосымшасына;

б) Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлиги, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы финанс бас басқармалары тәрепинен – Өзбекстан Республикасы Финанс министрлигине жигирма бес күннен кешиктирместен усы Инструкцияның 5 ҳәм 6-қосымшаларына;

в) ОСК тәрепинен – Финанс министрлигине бир айдан кешиктирместен усы Инструкцияның 5-қосымшасына муўапық формадағы есабат мағлыўматлары жәмленген ҳалда усынылады.

35. Референдум өткериўши округ комиссияси баслықлары, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери қаржылардан мақсетли пайдаланыў ҳәм олар бойынша есабат бериў бойынша жуўапкер есапланады.

## 6-баб. Жуўмақлаўшы қағыйдалар

36. Референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў бойынша Мәмлекетлик бюджетинен ажыратылған қаржылардың мақсетли ҳәм нызамлы сарыпланыўы бойынша ОСК бас бухгалтери, тийислилиги бойынша референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссиялары баслықлары, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлериниң жуўапкер лаўазымлы шахслары жуўапкер есапланады.

37. Финанс министрлиги жанындағы Мәмлекетлик финанслық қадағалаў инспекциясы ҳәм оның аймақлық басқармалары референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў ушын Өзбекстан

Республикасы бюджетинен ажыратылған қаржылардан мақсетли пайдаланыў үстинен қадағалаўды әмелге асырады.

38. Усы Инструкция Өзбекстан Республикасы Финанс министрлиги менен келисилген.

*Өзбекстан Республикасының референдумына таярлық көриў ҳәм оны өткериўди қаржылантырыў ҳәмде қаржылардан пайдаланыў тәртиби ҳаққындағы Инструкцияға*
*1-ҚОСЫМША*

**Референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссиясы ағзаларына компенсация төлемлери бойынша**
**МАҒЛЫЎМАТНАМА**

| Т/н | Ф.А.Ә | Комиссиядағы лаўазымы | Компенсация төлеми муғдары | Хызметкердиң жеке мағлыўматлары | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Паспорт номери, сериясы | СТИН | ЖБПХ | Телефон номери |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |

**Баслық** **Ф.А.Ә**

**Бас есапшы** **Ф.А.Ә**

*Өзбекстан Республикасының референдумына таярлық көриў ҳәм оны өткериўди қаржыландырыў ҳәмде қаржылардан пайдаланыў тәртиби ҳаққындағы Инструкцияға*
*2-ҚОСЫМША*

# АКТ

20___ -жыл «_____» ______________________

___________________________ *(ҚР, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы)*
_____________________________ *(район ҳәм қала)* ҳәкимлигиниң балансында бар болған төмендеги үскенелер ҳәм басқа товар-материаллық затлар ҳәкимликтиң материаллық жуўапкер шахсы ____________________________________ (Ф.А.Ә.) тәрепинен Өзбекстан Республикасының референдумында пайдаланыў ушын _______________________ -референдум өткериўши участкасы комиссия баслығы ____________________ *(Ф.А.Ә.)* ның материаллық жуўапкершилигине тапсырады:

| Қ/т | Товар-материаллық затлардың аты | Өлшем бирлиги | Саны | Ислеп шығарылған жылы | Түсиндир-мелер |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | Өзбекстан Мәмлекетлик байрағы (ишки) | дана | | | |
| 2. | Өзбекстан Мәмлекетлик байрағы (сыртқы) | дана | | | |
| 3. | Өзбекстан Мәмлекетлик герби | дана | | | |
| 4. | Даўыс бериў қутысы (үлкен) | дана | | | |
| 5. | Даўыс бериў қутысы (киши) | дана | | | |
| 6. | Даўыс бериў қутысы (көшпели) | дана | | | |
| 7. | Жасырын даўыс бериў кабинасы (2-ханалық) | дана | | | |
| 8. | Жасырын даўыс бериў кабинаси (3-ханалық) | дана | | | |
| 9. | Жасырын даўыс бериў кабинасы (4-ханалық) | дана | | | |
| 10. | Флагшток (ишки) | дана | | | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 11. | Флагшток (сыртқы) | дана | | | | |
| 12. | Көшпели кабина | дана | | | | |
| 13. | Мөр (домалақ резинали) | дана | | | | |

***Түсиндирме:*** *Қарақалпақстан Республикасы аймағында толтырылатуғын актке Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы ҳәмде Қарақалпақстан мәмлекетлик герби киргизиледи.*

**Тапсырыўшы тәреп:**

**район ямаса қала ҳәкимлигиниң шөлкемлестириў-кадрлар топары баслығы:** ______________________________

*(имза)* *(Ф.А.Ә.а)*

**район ямаса қала ҳәкимлигиниң материаллық жуўапкер шахсы:** ______________________

*(имза)* *(Ф.А.Ә.а)*

**Қабыл етиўши тәреп:**

________ **- референдум өткериўши участка комиссиясы баслығы:** ______________________________

*(имза)* *(Ф.А.Ә.а)*

*Өзбекстан Республикасының референдумына таярлық көриў ҳәм оны өткериўди қаржыландырыў ҳәмде қаржылардан пайдаланыў тәртиби ҳаққындағы Инструкцияға*
*3-ҚОСЫМША*

# АКТ

20___ -жыл «____» ____________________
____________________________ *(ҚР, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы)* ______________________________ *(район ҳәм қала)* ________ - референдум өткериўши участка комиссиясы баслығы ______________________________ *(Ф.А.Ә)* референдумда пайдаланыў ушын қабыл еткен үскенелер ҳәм басқа товар-материаллық затларды хәкимликтиң материаллық жуўапкер шахсы ____________________ *(Ф.А.Ә)* на қайта тапсырады:

| Қ/т | Товар-материаллық затлар аты | Өлшем бирлиги | Саны | Ислеп шығарылған жылы | Түсиндирмелер |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | Өзбекстан Мәмлекетлик байрағы (ишки) | дана | | | |
| 2. | Өзбекстан Мәмлекетлик байрағы (сыртқы) | дана | | | |
| 3. | Өзбекстан Мәмлекетлик герби | дана | | | |
| 4. | Даўыс бериў қутысы (үлкен) | дана | | | |
| 5. | Даўыс бериў қутысы (киши) | дана | | | |
| 6. | Даўыс бериў қутысы (көшпели) | дана | | | |
| 7. | Жасырын даўыс бериў кабинасы (2-ханалық) | дана | | | |
| 8. | Жасырын даўыс бериў кабинаси (3-ханалық) | дана | | | |
| 9. | Жасырын даўыс бериў кабинасы (4-ханалық) | дана | | | |
| 10. | Флагшток (ишки) | дана | | | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 11. | Флагшток (сыртқы) | дана | | | | |
| 12. | Көшпели кабинасы | дана | | | | |
| 13. | Мөр (домалақ резинали) | дана | | | | |

***Түсиндирме:** Қарақалпақстан Республикасы аймағында толтырылатуғын актке Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы ҳәмде Қарақалпақстан Мәмлекетлик герби киргизиледи.*

**Тапсырыўшы тәреп:**

**_________- референдум өткериўши участка комиссиясы баслығы:** ______________________________

*(имза)* *(Ф.А.Ә)*

**Қабыл етиўши тәреп:**

**район ямаса қала ҳәкимлигиниң шөлкемлестириў-кадрлар топары баслығы:** ______________________________

*(имза)* *(Ф.А.Ә)*

**район ямаса қала ҳәкимлигиниң материаллық жуўапкер шахсы:** ______________________________

*(имза)* *(Ф.А.Ә)*

*Өзбекстан Республикасының референдумына таярлық көриў ҳам оны өткериўди қаржыландырыў ҳамде қаржылардан пайдаланыў тәртиби ҳаққындағы Инструкцияға*
*4-ҚОСЫМША*

**_______________ ўәлаятында сақланып атырған үскенелер ҳаққында**

## МАҒЛЫЎМАТНАМА

| № | Район аты | Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик герби | Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик байрағы | Жасырын даўыс бериў кабиналары | | | | Даўыс бериў қутылары | | | | Флагшток | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 2 каналы | 3 каналы | 4 каналы | көшпели кабина | стационар қуты | | | көшпели қуты | ишки | сыртқы |
| | | | | | | | | үлкен 100 см | киши 60 см | үлкен 80 см (2021 ж.) | | | |
| 1. | | | | | | | | | | | | | |
| 2. | | | | | | | | | | | | | |
| 3. | | | | | | | | | | | | | |
| 4. | | | | | | | | | | | | | |
| жәми: | | | | | | | | | | | | | |

**Районларда үскенелерди сақлаў орынлары, балансты сақлаўшы ҳәм жуўапкер шахслар ҳаққындағы мағлыўмат қосымша етиледи.*

**Ўәлаят ҳәкими** ____________ ____________
*(имза)* *(Ф.А.Ә)*

М.О.

**Ўәлаят ҳәкимлигиниң шөлкемлестириў-кадрлар топары баслығы** ____________ ____________
*(имза)* *(Ф.А.Ә)*

*Өзбекстан Республикасының референдумына таярлық көриў ҳәм оны өткериўди қаржыландырыў ҳәмде қаржылардан пайдаланыў тәртиби ҳаққындағы Инструкцияға*
*5-ҚОСЫМША*

## Қәрежетлер сметасының орынланыўы ҳаққындағы

# ЕСАБАТЫ

**20____ -жыл _______________ ҳалатына**

Мәкеме _______________________________________
Бөлим ____ киши бөлим ____ бап ____
Есабат дәўири: жыллық (1-январь), шереклик (1-апрель, 1-июль, 1-октябрь)
Бюджет түри _____________________________________
Өлшем бирлиги ____________________________________

| Категория | Статья ҳәм киши статья | Элемент | Қәрежетлер аты | Қатар коды | Тастыйықланған (анықланған) реже | Есабат дәўири ушын қаржыландырылған | Касса қәрежети – жәми | Ҳақыйқый қәрежетлер – жәми |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| А | | | Б | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | | | | | | | | |
| | | | | | | | | |
| | | | | | | | | |
| | | | Қәрежетлердиң ҳәммеси | | | | | |

Баслық ____________________ Бас есапшы ____________________
(имза) (имза)

М.О. _____ ____________________ 20___ -жыл

*Өзбекстан Республикасының референдумына таярлық көриў ҳәм оны өткериўди қаржыландырыў ҳәмде қаржылардан пайдаланыў тәртиби ҳаққындағы Инструкцияға*
*6-ҚОСЫМША*

**___________ (Қарақалпақстан Республикасы, ўалаят, Ташкент қаласы, район, қала, округ) референдум өткериўши округ (участка) комиссиялары тәрепинен мәмлекетлик бюджет қаржылары есабынан әмелге асырылған қәрежетлер бойынша**

**ЕСАБАТЫ** **Мың сумда**

| Т/р | Қала ҳәм район ҳәкимлик-лери аты | Анықланған смета бойынша қәрежетлер | | | | Қаржыландырылды | | | | Касса қәрежети | | | | Ҳақыйқый қәрежет | | | | Бюджетке қайтарылған қаржы | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1-топар | | 2-т | 4-т | 1-топар | | 2-т | 4-т | 1-топар | | 2-т | 4-т | 1-топар | | 2-т | 4-т | 1-топар | | 2-т | 4-т |
| | | Ис ҳақы қәрежетлери | Соннан: компенсация | Ис ҳақына ажыратпалар | Басқа қәрежетлер | Ис ҳақы қәрежетлери | Соннан: компенсация | Ис ҳақына ажыратпалар | Басқа қәрежетлер | Ис ҳақы қәрежетлери | Соннан: компенсация | Ис ҳақына ажыратпалар | Басқа қәрежетлер | Ис ҳақы қәрежетлери | Соннан: компенсация | Ис ҳақына ажыратпалар | Басқа қәрежетлер | Ис ҳақы қәрежетлери | Соннан: компенсация | Ис ҳақына ажыратпалар | Басқа қәрежетлер |
| | Аймақ бойынша жәми | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| | Уйқас түрде район ҳәм қалалар кесиминде жайылады | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |

**Финанс уйымы баслықлары**
**(ямаса референдум өткериўши округ комиссия баслығы)** ____________________
**Ф.А.Ә**

**Бас есапшы** ____________________
**Ф.А.Ә**

## ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ОРАЙЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ ҚАРАРЫ

### Сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәмде өткериў тараўындағы ҳуқықбузарлықларды ислегенлик ушын жуўапкершиликтиң сөзсиз екенлигин тәмийинлеў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 14 ҳәм 16-статьяларына муўапық сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәмде өткериў тараўындағы ҳуқықбузарлықларды ислегени ушын жуўапкерликтиң сөзсиз екенлигин тәмийинлеў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы **қарар етеди:**

1. Мағлыўмат ушын қабыл етилсин:

Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң $51^2$ – $51^9$-статьяларына муўапық сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәмде өткериў тараўындағы ҳуқықбузарлықлар ушын ҳәкимшилик жуўапкершилик белгиленген;

Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодекси, Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекси, «Прокуратура ҳаққында»ғы, «Ишки ислер органлары ҳаққында»ғы нызамларға муўапық сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәмде өткериў тараўындағы ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислегенлиги ҳаққындағы баянната прокуратура ҳәм ишки ислер уйымлары ҳәмде Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы, ўәлаятлық, районлық, қалалық сайлаў комиссиялары ҳәм округ сайлаў комиссияларының ўәкилликли лаўазымлы шахслары тәрепинен дүзиледи;

Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодекси, Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекстиң 245-статьясына муўапық сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәмде өткериў тараўындағы ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы ислер жынаят ислери бойынша районлық, қалалық судлары тәрепинен көрип шығылады.

2. Өзбекстан Республикасы Бас прокуратурасы, Ишки ислер министрлиги:

сайлаў кампаниясы дәўиринде сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәмде өткериў тараўындағы ҳуқықбузарлықлардың алдын алыў, ҳуқықбузарлықларды ислеген шахслардың сөзсиз жуўапкершилигин тәмийинлеў үстинен қатаң қадағалаў орнатсын;

прокуратура ҳәм ишки ислер уйымлары ўәкилликли лаўазымлы шахслары тәрепинен сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәмде өткериў тараўындағы ҳуқықбузарлықларға байланыслы ислерди рәсмийлестириў бойынша жуўапкер мәкемелерге көрсетпе берсин.

3. Сайлаў комиссиялары ҳәм референдум өткериўши комиссиялар тәрепинен сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәмде өткериў тараўындағы ҳуқықбузарлықларға байланыслы ислерди рәсмийлестириў бойынша инструкция 1-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының айырым қарарларына 2-қосымшаға муўапық өзгерислер киргизилсин.

5. Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының «Сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәмде өткериў тараўындағы ҳуқықбузарлықлар бойынша ҳәкимшилик ис жүргизиўди рәсмийлестириў бойынша методикалық усынысларды тастыйықлаў ҳаққында»ғы 2016-жыл 7-октябрдеги 751-сан қарары өз күшин жойтқан деп есаплансын.

6. Усы қарар Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының рәсмий веб-сайтында жәриялансын.

7. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы баслығының орынбасары М.Истамовқа жүкленсин.

**Баслық** **М.Абдусаломов**

Ташкент қаласы,
2019-жыл 11-сентябрь,
934-сан

*Өзбекстан Республикасы*
*Орайлық сайлаў комиссиясының*
*2019-жыл 11-сентябрьдеги 934-санлы қарарына*
*1-ҚОСЫМША*

**Сайлаў комиссиялары ҳәм референдум өткериўши комиссиялар тәрепинен сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәмде өткериў тараўындағы ҳуқықбузарлықларға байланыслы ислерди рәсмийлестириў бойынша**

# ИНСТРУКЦИЯ

Усы Инструкция сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәмде өткериў тараўындағы ҳуқықбузарлықларды сайлаў комиссиялары ҳәм референдум өткериўши комиссиялар тәрепинен анықлаў, рәсмийлестириў ҳәм оларды суд уйымларына жибериў, сондай-ақ анықланған ҳуқықбузарлықлар ҳаққында ҳуқық қорғаў уйымларына хабар бериў тәртибин белгилейди.

## I бап. Улыўма қағыйдалар

1. Өзбекстан Республикасының Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң (буннан былай текстте ҲЖхК деп жүргизиледи) $51^2$ – $51^9$-статьяларына нәзерде тутылған ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар исленгенлиги анықланған жағдайларда, Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы (буннан былай текстте ОСК деп жүргизиледи), ўәлаятлық, районлық, қалалық сайлаў комиссиялары, округ сайлаў комиссиялары, референдум өткериўши округ комиссияларының ағзалары ҳәкимшилик ҳуқықбузарлыққа байланыслы ислерди рәсмийлестиреди.

2. Усы Инструкция әскерий хызметкерлер тәрепинен сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәм өткериў тараўында исленген ҳуқықбузарлықларды рәсмийлестириўге енгизилмейди.

## II бап. Сайлаў комиссиялары ҳәм референдум өткериўши комиссиялар тәрепинен ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы ислерди рәсмийлестириў

3. Сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәм өткериў тараўындағы ҳуқықбузарлықларды анықлаўда ҲЖхКниң $51^2$–$51^9$-статьяларына муўапық төмендеги ҳуқықбузарлықлар белгилери бар екенлигине айрықша итибар қаратылыўы лазым:

сайлаў комиссиялары ҳәм референдум өткериўши комиссиялардың искерлигине араласыў ҳәм олардың жумысына тосықларды жүзеге келтириў;

сайлаў комиссиялары ҳәм референдум өткериўши комиссиялардың қарарларын орынламаў, олардың мүрәжатларын көрип шығыўды нызамға қайшы түрде орынлаўдан бас тартыў ямаса оларды көрип шығыў мүддетлерин үзирли себеплерсиз бузылыўы;

талабанның, исенимли ўәкилдиң, бақлаўшының ямаса сиясий партияның ўәкилликли ўәкилиниң ҳуқықларының бузылыўы;

талабан, исенимли ўәкил, сиясий партия ўәкили, лаўазымлы шахс тәрепинен сайлаўалды үгит-нәсиятын, референдумға қойылған мәселелер бойынша үгит-нәсият алып барыў шәртлери ҳәм тәртибиниң бузылыўы;

сайлаў нәтийжелерине тәсир көрсетиў мақсетинде талабан, сиясий партия ҳаққында биле тура жалған мағлыўматлар жәрияланыўы ямаса басқа усыллар арқалы тарқатылыўы;

сайлаўға ямаса референдумға таярлық көриў ҳәм өткериў процесинде мәлимлеме ҳәмде үгит-нәсият материалларының қастан жоқ етип жиберилиўи ямаса оларға қастан зыян жеткерилиўи;

сайлаўды ямаса референдумды қаржыландырыў тәртибиниң бузылыўы, сондай-ақ жәмийетшилик пикири сораўларының нәтийжелерин, сайлаў нәтийжелериниң прогнозларын басып шығарыў (жәриялаў) тәртибиниң бузылыўы.

4. ҲЖхКниң $51^2$ – $51^9$-статьяларында көрсетилген ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар исленгенлиги анықланған жағдайларда, ҲЖхКниң 280 ҳәм 281-статьяларына муўапық ОСК, ўәлаятлық, районлық, қалалық сайлаў комиссиялары, округ сайлаў

комиссиялары, референдум өткериўши округ комиссияларының баслықлары, олардың орынбасарлары, хаткерлери ямаса ағзалары тәрепинен ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы баяннама дүзилиўи мүмкин. Бунда баяннама ҲЖхКнин 281-статьясы тәртибинде усы Инструкцияның қосымшасына муўапық формада рәсмийлестириледи.

5. Баяннама оны дүзген шахс ҳәм ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислеген шахс тәрепинен имзаланады, гүўалар ҳәм жәбирлениўшилер болған жағдайда болса – баяннама усы шахслар тәрепинен де имзаланады.

Ҳуқықбузарлық ислеген шахс баяннамаға қол қойыўдан бас тартқан жағдайда, баяннамаға бул ҳаққында жазып қойылады. Бунда ҳуқықбузарлық ислеген шахс баяннаманың мазмуны бойынша баяннамаға қосымша етилетуғын түсиндириў ҳәм өз пикирлерин бериўге, сондай-ақ усы баяннамаға қол қойыўдан бас тартыў себеплерин баян етиўге ҳақылы.

6. Баяннаманы дүзиў ўақтында ҳуқықбузарға ҲЖхКнин 294-статьясында нәзерде тутылған оның ҳуқық ҳәм миннетлери түсиндириледи ҳәм бул ҳаққында баяннамаға жазып қойылады. Атап айтқанда:

ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылып атырған шахс ис материаллары менен танысып шығыўға, түсиндирмелер бериўге, дәлиллер келтириўге, өз илтимасын баян етиўге, исти көрип шығыў ўақтында адвокаттың юридикалық жәрдеминен пайдаланыўға, өз ана тилинде сөйлеўге ҳәм аўдармашының хызметлеринен пайдаланыўға, ис бойынша шығарылған қарар үстинен шағым етиўге ҳақылы екенлиги;

ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис ҳәкимшилик жуўапкерликке тартылып атырған шахстың қатнасыўында көрип шығылыўы түсиндириледи.

7. ҲЖхК 284-статьясының биринши бөлимине муўапық ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққында баяннама дүзиў мақсетинде, егер баяннама дүзиў шәрт болып, оны сол жердиң өзинде дүзиўдиң имканияты болмаса, ишки ислер уйымы хызметкери ямаса ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққында баяннама дүзиўге ўәкилликли басқа шахс ҳуқықбузарды ишки ислер уйымына ямаса

пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымы имаратына келтириўи мүмкин.

8. ҲЖхК 287-статьясы бириншн бөлиминиң 1-пунктине муўапық ҲЖхКниң $51^{2}$, $51^{8}$ ҳәм $51^{9}$-статьяларында нәзерде тутылған ҳуқықбузарлықлар исленген жағдайда ишки ислер уйымлары тәрепинен ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ислеген шахс ҳәкимшилик жол менен услап турылыўы мүмкин.

9. Баяннаманы дүзиў ўақтында ҳуқықбузарды ишки ислер уйымына ямаса пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымы имаратына келтириў, ҳәкимшилик жол менен услап турыў зәрүрлиги жүзеге келген жағдайда сайлаў комиссиялары ағзалары ишки ислер уйымлары хызметкерлерине мүрәжат етиўи мүмкин.

10. ҲЖхКниң 282-статьясы талапларынан келип шығып, баяннама басқа ҳүжжетлер ҳәм ис бойынша айғақлы дәлиллер менен бирге ҲЖхКниң $51^{2}$ — $51^{9}$-статьяларында нәзерде тутылған ҳуқықбузарлық исленген ямаса анықланған пайттан баслап бир суткадан кешиктирмей жынаят ислери бойынша районлық қалалық судына жибериледи.

11. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы баяннамаға төмендегилер қосымша етиледи:

1) ҳәкимшилик жуўапкерликке тартылып атырған шахстың шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжеттиң көширме нусқасы;

2) ҳәкимшилик жуўапкерликке тартылып атырған шахстың түсиндирмеси;

3) жәбирлениўшиниң, гүўалардың көрсетпелери, эксперттиң жуўмағы, егер олар бар болса;

4) ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық исленгенлиги фактын тастыйықлаўшы басқа материаллар.

12. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ис материаллары ҲЖхКниң 281 ва 282-статьяларында нәзерде тутылған талаплар бузылған ҳалда жынаят ислери бойынша районлық, қалалық судына усынылған жағдайда, усы судтың тийкарланған жазба талабына муўапық 12 сааттан кешиктирместен ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы баяннаманы дүзген уйым тәрепинен кемшиликлер сапластырылыўы шәрт.

## III бап. Ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ҳаққында хабар бериў

13. ОСК, ўәлаятлық, районлық, қалалық сайлаў комиссиялары, округ ҳәм участка сайлаў комиссиялары ҳәмде референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссиялары ағзалары ҲЖхҚниң $51^2$ — $51^9$-статьяларында нәзерде тутылған ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар ислегени анықланған жағдайда усы жағдай ҳаққында дәрҳал ҳуқыққорғаў уйымларына ямаса жоқары турыўшы сайлаў комиссияларына хабар бериўи мүмкин.

14. Хабарда төмендегилер көрсетилиўи зәрүр:

ҳуқықбузардың шахсына байланыслы мағлыўматлар (егер бар болса);

ҳуқықбузарлық исленген орын, ўақыт ҳәм бул ҳуқықбузарлықтың әҳмийети;

егер гүўалар ҳәм жәбирлениўшилер болса, олардың фамилиялары ҳәм жасаў мәнзиллери;

зәрүр болған басқа мағлыўматлар.

15. Келип түскен хабарлар ҳуқықты қорғаў уйымлары тәрепинен нызамшылықта белгиленген тәртипте көрип шығылады.

## IV бап. Жуўмақлаўшы қағыйдалар

16. Округ сайлаў комиссиялары ҳәм референдум өткериўши округ комиссиялары тәрепинен ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы баяннама дүзилгени туўралы баяннама судқа жиберилген күннен кешиктирместен тийисли ўәлаятлық, районлық, қалалық сайлаў комиссиясын ҳәмде ОСКсын хабардар етеди.

17. Ўәлаятлық, районлық, қалалық сайлаў комиссиялары тәрепинен ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы баяннама дүзилгенлиги ҳаққында баяннама судқа жиберилген күннен кешиктирместен ОСКсын хабардар етеди.

18. Сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәмде өткериў тараўындағы ҳуқықбузарлықлар ҳаққындағы ислер ҲЖхҚке муўапық жынаят ислери бойынша районлық, қалалық судлары тәрепинен көрип шығылады.

19. Усы Инструкция Өзбекстан Республикасы Жоқары суды менен келисилген.

*Сайлаў комиссиялары ҳәм референдум өткериўши комиссиялар тәрепинен сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәмде өткериў тараўындағы ҳуқықбузарлықларға байланыслы ислерди рәсмийлестириў бойынша инструкцияға*
*ҚОСЫМША*

**Сайлаў ҳәм референдумды шөлкемлестириў ҳәм өткериў тараўындағы ҳуқықбузарлық ҳаққында -санлы**
**БАЯННАМА**

20 __«___» ________ күни саат _________ ____________________

*(аймақтың атамасы)*

Усы баяннаманы мен, ______________________________________

_____________

________________________________________________________

*(баяннаманы дүзиўши шахстың фамилиясы, аты, әкесиниң аты, лаўазымы)*

дүздим. Пуқара

| | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |

________________________________________________________

*(туўылған сәнеси, жери)* *(миллети)*

Пуқаралығы (1-Өзбекстан, 2-сырт ел пуқарасы, 3-пуқаралығы болмаған шахс) [ ]

__________________________ __________________________

*(жасаў орны)* *(телефон номери)*

__________________________ __________________________

*(жасаў орны)* *(телефон номери)*

Шахсын тастыйықлаўшы
ҳүжжет: ________________________________________________

*(түри, серия, номери,берген уйым атамасы ҳәм ўақты)*

Маған Өзбекстан Республикасы ҲЖхКның 294-статьясында белгиленген ҳуқық ҳәм миннетлерим түсиндирилди:

_______________________________________________

*(ҳуқықбузардың имзасы)*

20__ жыл «__» __________ күни саат _______________

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

*(ҳуқуқбузарлық исленген орын ҳәм оның баяны)*

яғный, ҲЖхКниң _____ -статьясында нәзерде тутылған ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықты ислеген.

Гүўа ямаса қалыслар: ҲЖхКниң 298-статьясы талаплары менен таныстырылды.

1.______________________________________________

*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты, туўылған жылы)*

_______________________________________________

*(жасаў орны, имза)*

2.______________________________________________

*(фамилиясы, аты, әкесиниң аты, туўылған жылы)*

_______________________________________________

*(жасаў орны, имза)*

Проткол менен таныстым, оның мазмуны бойынша төмендегилерди билдиремен:

_______________________________________________

_______________________________________________

_______________________________________________

*(ҳуқықбузардың түсиндирме бериўи)* *(ҳуқықбузардың имзасы)*

Баяннамаға қосымша етиледи:

_______________________________

*(медициналық тексериў жуўмағы, АКТ, айғақлық зат, түсиник хаты, иске байланыслы басқа ҳүжжетлер)*

Ҳәкимшилик ис көрип шығылған орын ҳәм ўақыт ҳаққында ескертилдим:

__________

*(имза)*

Баяннаманы дүзген шахс: ___________

*(имза)*

ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ОРАЙЛЫҚ САЙЛАЎ КОМИССИЯСЫНЫҢ
ҚАРАРЫ

**Сайлаў ҳәм референдумға таярлық көриў ҳәмде оларды өткериў менен байланыслы болған ҳүжжетлерди сақлаў, архивке тапсырыў ҳәм жоқ етиў тәртиби ҳаққындағы инструкцияны тастыйықлаў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Сайлаў кодексиниң 14 ҳәм 16-статьяларына муўапық Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы **қарар етеди:**

1. Сайлаў ҳәм референдумға таярлық көриў ҳәмде оларды өткериў менен байланыслы болған ҳүжжетлерди сақлаў, архивке тапсырыў ҳәм жоқ етиў тәртиби ҳаққындағы Инструкция 1-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының айырым нормативлик ҳүжжетлери 2-қосымшаға муўапық өз күшин жойтқан деп есаплансын.

**2-қосымша берилмейди.*

3. Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының айырым қарарларына 3-қосымшаға муўапық өзгерислер киргизилсин.

**3-қосымша берилмейди.*

4. Усы қарар Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының рәсмий веб-сайтында жәриялансын.

5. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы баслығының орынбасары М.Истамовқа жүкленсин.

**Баслық** **М. АБДУСАЛОМОВ**

Ташкент қаласы,
2019-жыл 19-сентябрь,
939-сан

*Өзбекстан Республикасы*
*Орайлық сайлаў комиссиясының*
*2019-жыл 19-сентябрьдеги 939-санлы қарарына*
*1-ҚОСЫМША*

**Сайлаў ҳәм референдумға таярлық көриў ҳәмде оларды өткериў менен байланыслы болған ҳүжжетлерди сақлаў, архивке тапсырыў ҳәм жоқ етиў тәртиби ҳаққындағы**

# ИНСТРУКЦИЯ

Усы Инструкция Өзбекстан Республикасының Сайлаў кодексине (буннан былай текстте Сайлаў кодекси деп жүргизиледи), Өзбекстан Республикасының «Архив иси ҳаққында»ғы нызамына муўапық Өзбекстан Республикасы Президенти сайлаўын, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасына (буннан былай текстте Нызамшылық палатасы деп жүргизиледи), Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Сенаты (буннан былай текстте Сенат деп жүргизиледи) ҳәм Халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық Кеңеслерине (буннан былай текстте жергиликли Кеңес деп жүргизиледи) сайлаўлар ҳәм референдумға таярлық көриў ҳәмде оларды өткериў менен байланыслы болған ҳүжжетлерди сақлаў, архивке тапсырыў ҳәм жоқ етиў тәртибин белгилейди.

## I бап. Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен ҳүжжетлерди сақлаў ҳәм мәмлекетлик архивке тапсырыў

1. Төмендеги ҳүжжетлер Орайлық сайлаў комиссиясының мәкеме архивинде он бес жыл даўамында сақланып, кейининен Өзбекстан Миллий архивине тапсырылады:

а) Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының қарарлары, мәжилис баяннамалары;

б) сайлаў ҳәмде референдумға таярлық көриў ҳәм оларды өткериў менен байланыслы басқа да ҳүжжетлер;

в) сиясий партиялар басшыларының Өзбекстан Республикасы Президентлигине талабанларды, Нызамшылық палатасы депутатлығына талабанларды дизимнен өткериў ҳаққындағы арзалары қосымшалары менен бирге;

г) Өзбекстан Республикасы Президентлигине, Нызамшылық палатасы депутатлығына дизимге алынған талабанлардың дизимлери;

д) Сенат ағзалығына талабанларды көрсетиўге тийисли Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси, халық депутатлары Ташкент қаласы, ўәлаятлық ҳәм районлық (қалалық) Кеңеслериниң қоспа мәжилислери баяннамалары, Орайлық сайлаў комиссиясының сайлаў ҳәм референдум нәтийжелери ҳаққындағы баяннамалары;

е) сайланған Өзбекстан Республикасы Президентиниң, Нызамшылық палатасы депутатларының, Сенат ағзаларының дизимлери ҳәм есап карточкалары;

ж) сайлаў ҳәм референдум нәтийжелери бойынша финанслық ҳүжжетлер;

з) Орайлық сайлаў комиссиясына усыныс етилген сайлаў ҳәм референдум өткериўши округ комиссияларының сайлаў ҳәм референдум нәтийжелери ҳаққындағы баяннамаларының биринши нусқалары қосымшалары менен бирге.

2. Орайлық сайлаў комиссиясына сиясий партиялар тәрепинен усыныс етилген имза қағазлары Орайлық сайлаў комиссиясында олар келип түскеннен кейин алты ай даўамында сақланады ҳәм усы Инструкцияда белгиленген тәртипте жоқ етиледи.

3. Сайлаў ҳәм референдум ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери бузылыўына тийисли Орайлық сайлаў комиссиясына келип түскен шағым ҳәм арзалар, олар бойынша қабыл етилген қарарлар үш жыл даўамында сақланады ҳәм усы Инструкцияда белгиленген тәртипте жоқ етиледи.

## II бап. Ўэлаятлық, районлық ҳәм қалалық сайлаў комиссиялары тәрепинен ҳүжжетлерди мәмлекетлик архивке тапсырыў

4. Ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы сайлаў комиссиялары тәрепинен төмендеги ҳүжжетлер сайлаў жуўмақлары рәсмий жәрияланғаннан кейин ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы мәмлекетлик архивлерине сақлаў ушын тапсырылады:

а) ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы сайлаў комиссияларының қарарлары, мәжилис баяннамалары;

б) сиясий партиялар баслықларының халық депутатлары ўәлаятлық ҳәм Ташкент қалалық Кеңеси депутатлығына талабанларды дизимнен өткериў ҳаққындағы арзалары қосымшалары менен бирге;

в) ўәлаятлар ҳәм Ташкент қалалық Кеңеси депутатлығына дизимге алынған талабанлардың дизимлери;

г) сайлаған ўәлаятлық ҳәм Ташкент қалалық Кеңеси депутатларының дизимлери ҳәм есап карточкалары;

д) сайлаў нәтийжелери бойынша финанслық ҳүжжетлер;

е) сайлаў ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери бузылыўына байланыслы шағым ҳәм арзалар, олар бойынша қабыл етилген қарарлар;

ж) ўәлаятлар ҳәм Ташкент қалалық сайлаў комиссиясына усыныс етилген округ сайлаў комиссияларының сайлаў нәтийжелери ҳаққындағы баяннамаларының биринши нусқалары қосымшалары менен бирге.

5. Районлық ҳәм қалалық сайлаў комиссиялары тәрепинен төмендеги ҳүжжетлер сайлаў жуўмақлары рәсмий жәрияланғаннан кейин районлық ҳәм қалалық мәмлекетлик архивлерине сақлаў ушын тапсырылады:

а) районлық ҳәм қалалық сайлаў комиссияларының қарарлары, мәжилис баяннамалары;

б) сиясий партиялар баслықларының халық депутатлары районлық ҳәм қалалық Кеңеси депутатлығына талабанларды дизимнен өткериў ҳаққындағы арзалары қосымшалары менен бирге;

в) дизимге алынған районлық ҳәм қалалық Кеңеси депутатлығына талабанлар дизимлери;

г) сайланған районлық ҳәм қалалық Кеңес депутатларының дизимлери ҳәм есап карточкалары;

д) сайлаў нәтийжелери бойынша финанслық ҳүжжетлер;

е) сайлаў ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери бузылыўына тийисли шағым ҳәм арзалар, олар бойынша қабыл етилген қарарлар;

ж) районлық ҳәм қалалық сайлаў комиссиясына усыныс етилген участка сайлаў комиссияларының сайлаў нәтийжелери ҳаққындағы баяннамаларының биринши нусқалары қосымшалары менен бирге.

## III бап. Округ ҳәм участка сайлаў комиссиялары ҳәм референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссиялары тәрепинен ҳүжжетлерди мәмлекетлик архивке тапсырыў

6. Округ сайлаў комиссиялары ҳәм референдум өткериўши округ комиссиялары тәрепинен төмендеги ҳүжжетлер сайлаў ҳәм референдум жуўмақлары рәсмий түрде жәрияланғаннан кейин тийисли ўәлаятлық, қалалық ҳәм районлық мәмлекетлик архивлерине сақлаў ушын тапсырылады:

а) сайлаў ҳәм референдум өткериўши округ комиссияларының қарарлары ҳәм мәжилис баяннамалары;

б) сайлаў ҳәмде референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериў менен байланыслы басқа да ҳүжжетлери;

в) округ комиссияларының сайлаў ҳәм референдум нәтийжелери ҳаққындағы баяннамаларының екинши нусқалары;

г) участка комиссияларының даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баяннамаларының биринши нусқалары қосымшалары менен бирге.

7. Участка сайлаў комиссиялары ҳәм референдум өткериўши участка комиссиялары тәрепинен төмендеги ҳүжжетлер сайлаў ҳәм референдум жуўмақлары рәсмий түрде жәрияланғаннан кейин тийисли қалалық ҳәм районлық мәмлекетлик архивлерине сақлаў ушын тапсырылады:

а) участка комиссияларының қарарлары, мәжилис баяннамалары;

б) даўыс бериў нәтийжелери ҳаққындағы баяннамаларының екинши нусқалары;

в) пуқаралардың шағымлары, арзалары ҳәм олар бойынша қабыл етилген қарарлар;

г) комиссия ағзаларының айрықша пикирлери ҳәм басқа ҳүжжетлер.

## IV бап. Округ ҳәм участка сайлаў комиссиялары ҳәм референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссиялары тәрепинен ҳүжжетлерди ҳәкимликлер мекеме архивлерине тапсырыў

8. Сайлаўшылардың дизимлери (сайлаўшылар дизимлериниң электрон версиясы), сондай-ақ референдумда даўыс бериўшилердиң дизимлери сайлаў ҳәм референдум жуўмақлары рәсмий түрде жәрияланғаннан кейин тийислилиги бойынша қала ҳәм район ҳәкимликлерине тапсырылып, олардың мәкемелик архивлеринде нәўбеттеги сайлаў ямаса референдумға шекем пайдаланылыўы нызам ҳүжжетлерине муўапық шеклеп қойылатуғын ҳүжжетлестирилген мәлимлеме ретинде сақланады.

9. Сайлаў бюллетенлери, сондай-ақ референдумда даўыс бериў бюллетенлери сайлаў ямаса референдум жуўмақлары рәсмий түрде жәрияланғаннан кейин тийислилиги бойынша қала ҳәм район ҳәкимликлерине тапсырылып, олардың мәкемелик архивлеринде бир жыл даўамында сақланады ҳәм усы Инструкцияда белгиленген тәртипте жоқ етиледи.

10. Округ ҳәм участка сайлаў комиссиялары ҳәм референдум өткериўши округ ҳәм участка комиссияларының финанслық есабатлары сайлаў ямаса референдум жуўмақлары рәсмий жәрияланғаннан кейин тийислилиги бойынша қала ҳәм район ҳәкимликлерине тапсырылып, олардың мәкемелик архивлеринде бес жыл даўамында сақланады ҳәм усы Инструкцияда белгиленген тәртипте жоқ етиледи.

11. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси, халық депутатлары ўәлаятлық, Ташкент қаласы ҳәмде районлық ҳәм қалалық Кеңеслери депутатлары қоспа мәжилисиниң Сенат ағзалары сайлаўы жуўмақлары ҳаққындағы баяннамасының екинши нусқасы ҳәм Сенат ағзалары сайлаўын өткериў менен байланыслы басқа да ҳүжжетлер тийислилиги бойынша Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси, Халық депутатлары ўәлаятлық ҳәм Ташкент қалалық Кеңеслери мекемелик архивлеринде сақланады.

12. Өзбекстан Миллий архивине, ўәлаятлық, қалалық ҳәм районлық архивлерине ҳүжжетлерди тапсырыў Министрлер Кабинетиниң 2012-жыл 5-апрельдеги «Өзбекстан Республикасында архив жумысын жетилистириў ҳаққында»ғы 101-санлы қарарына муўапық әмелге асырылады.

## V бап. Ҳүжжетлерди жоқ етиў тәртиби

13. Усы Инструкцияда белгиленген сақлаў мүддети тамамланған төмендеги ҳүжжетлер жоқ етиледи:

имза қағазлары;

сайлаў бюллетенлери;

референдумда даўыс бериў бюллетенлери;

физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатларына тийисли ҳүжжетлер.

14. Әмелий әҳмийетин жойтқан ҳүжжетлерди жоқ етиў бойынша Орайлық сайлаў комиссиясы, ўәлаятлар, район ҳәм қала ҳәкимликлери жанында эксперт комиссиялары дүзиледи.

15. Имза қағазлары ҳәм Орайлық сайлаў комиссиясына келип түскен мүрәжатлар Орайлық сайлаў комиссиясы баслығының бийлиги менен дүзилген Орайлық сайлаў комиссиясы жанындағы эксперт комиссиясы тәрепинен жоқ етиледи.

Сайлаў бюллетенлери ҳәм референдумда даўыс бериў бюллетенлери басқа сайлаў комиссияларына келип түскен мүрәжатлар менен байланыслы ҳүжжетлер тийисли ўәлаят, район ҳәм қала ҳәкимликлери жанында эксперт комиссиялары тәрепинен жоқ етиледи.

16. Жоқ етилиўи керек болған ҳүжжетлер дәслепки саралаў ҳәм экспертизаны өткерген шахслар тәрепинен тийисли ўәлаят, район, қала ҳәкими тастыйықлаған усы Инструкцияның қосымшасына муўапық формада дүзилген акт тийкарында жоқ етиледи.

Сайлаў бюллетенлери ҳәм референдумда даўыс бериў бюллетенлерин жоқ етилгени ҳаққындағы акттиң бир нусқасы Орайлық сайлаў комиссиясына усынылады.

17. Сайлаў бюллетенлери, референдумда даўыс бериў бюллетенлери ҳәмде басқа да ҳүжжетлер көби менен 2-3 кв. см. бөлеклерге майдалаў жолы менен жоқ етиледи.

Майдалаў ушын тийисли үскене болмаған жағдайда ҳүжжетлер жағып жибериў жолы менен жоқ етиледи.

Ҳүжжетлерди қайта тиклеў мүмкин болған дәрежеде жоқ етилиўи мүмкин емес.

18. Өзбекстан Республикасы Президентлигине талабанларды ҳәм сиясий партияның Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы сайлаўында қатнасыўын қоллап-қуўатлаў бойынша топланған имза қағазлары жағып жибериў жолы менен жоқ етиледи.

19. Өзге шахслардың жоқ етилип атырған ҳүжжетлер менен танысыўы қадаған етиледи.

## VI бап. Жуўмақлаўшы қағыйдалар

20. Усы Инструкция Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы «Ўзархив» агентлиги менен келисилген.

*Сайлаў ҳәм референдумға таярлық көриў ҳәмде оларды өткериў менен байланыслы болған ҳүжжетлерди сақлаў, архивке тапсырыў ҳәм жоқ етиў тәртиби ҳаққындағы Инструкцияға*
*ҚОСЫМША*

**«Тастыйықлайман»**
**Қибрай районы ҳәкими ___________ Ф.А.Ә.**
*(имза)*

«___» ________ 20__ жыл

**АКТ №**

20___ йил «___» ________ ________ районы

Комиссия төмендеги қурамда ____________________________________
________________________________________________________________
________________________________________________________________

Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясының «Сайлаў ҳәм референдумға таярлық көриў ҳәмде оларды өткериў менен байланыслы болған ҳүжжетлерди сақлаў, архивке тапсырыў ҳәм жоқ етиў тәртиби ҳаққында»ғы Инструкциясына муўапық илимий-тарийхый баҳаға ийе болмаған, әмелий әҳмийетин жойтқан ҳәм белгиленген сақланыў мүддетлери тамамланған төмендеги ҳүжжетлер жоқ етилиўи ушын ажыратып алынған:

________________________________________________________________
________________________________________________________________
*(шөлкем атамасы)*

| Т/с | Жумыслардың атамасы *(темасы)* | Жумыслардың (ҳүжжетлердиң) соңғы сәнелери | Жумыслар саны | Сақланыў мүддетлери | Еслетпелер |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

Жәми: ________________ жылларда ____________________________
ис, томнан ибарат ҳүжжетлер бөлеклерге майдалаў ямаса жағып жибериў жолы менен жоқ етилди.

Комиссия ағзалары: 1.____________________________
2.____________________________
3.____________________________

«Мақуллайман»

Район (қала) ҳәкимлиги ЭК

20__ жыл «__» _________ №

## ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КАБИНЕТИНИҢ ҚАРАРЫ

### Өзбекстан Республикасы сайлаўшыларының Бирден-бир электрон дизимин қәлиплестириў ҳәм жүргизиў ис-иләжлары ҳаққында

Мәлимлеме-коммуникация технологияларын кеңнен енгизиў жолы арқалы Өзбекстан Республикасының сайлаў процесин және де жетилистириў мақсетинде Министрлер Кабинети **қарар етеди:**

1. Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен Мәлимлеме технологиялары ҳәм коммуникацияларды раўажландырыў министрлиги менен биргеликте сайлаў процесине Өзбекстан Республикасы сайлаўшыларының Бирден-бир электрон дизимин (кейинги орынларда СБЭД деп аталады) енгизиў жумысларын әмелге асырылып атырғаны мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. Белгилеп қойылсын:

– СБЭД «Электрон ҳүкимет» системасын жаратыў шеңберинде әмелге асырылады;

СБЭДти жаратыў ҳәм СБЭДти қәлиплестириўге бағдарланған мәкемелик мәлимлеме системаларын жетилистириў менен байланыслы қәрежетлер Мәлимлеме-коммуникацияларын раўажландырыў фонды ҳәмде СБЭДтиң ислеўин техникалық тәмийинлеў ушын көмеклесиўге Корея Республикасы тәрепинен ажыратылатуғын грант қаржылары есабынан әмелге асырылады.

3. Өзбекстан Республикасы сайлаўшыларының Бирден-бир электрон дизимин қәлиплестириў ҳәм жүргизиў тәртиби ҳаққындағы реже қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. Өзбекстан Республикасы Мәлимлеме технологиялары ҳәм коммуникацияларын раўажландырыў министрлиги мәпдар министрликлер ҳәм мекемелер менен биргеликте:

СБЭДти жаратыў бойынша бас кесип алып ислеўшини белгилеў ушын бир ай мүддетте Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетине усыныс киргизсин;

2017-жыл декабрь айында болып өтетуғын Ташкент қалалық халық депутатларының районлар Кеңеслерине сайлаўлар даўамында мәлимлеме системасының СБЭДин қәлиплестириў ҳәм жүргизиўди нәзерде тутыўшы тәжирийбе тәртибинде пайдаланылыўы ҳуқықый эксперимент сыпатында әмелге асырылыўын, 2018-жылдың 1-апрелине шекем – СБЭДти жаратыўды ҳәм пүткил мәмлекет бойынша иске түсириўди тәмийинлесин;

еки ай мүддетте – физикалық қорғаў ҳәм мәлимлеме қәўипсизлигин тәмийинлеў бойынша зәрүрли илажлардың тәмийинлениўин есапқа алған ҳалда СБЭДти әмелге асырыў илажлары режесин тастыйықласын.

5. Министрликлер ҳәм мекемелер өзлери қабыл еткен нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлерди бир ай мүддетте усы қарарға муўапықластырсын.

6. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Өзбекстан Республикасы Мәлимлеме технологиялары ҳәм коммуникацияларын раўажландырыў министри ўазыйпасын атқарыўшы Ш.Х.Шерматовқа ҳәмде Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң Мәдeният, мәлимлеме системалары ҳәм телекоммуникациялар мәселелери мәлимлеме-таллаў департаментине жүкленсин.

**Өзбекстан Республикасының**
**Бас министри** **А.АРИПОВ**

Ташкент қ.,
2017-жыл 15-август,
630-сан

*Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жыл 15-августтағы 630-санлы қарарына*
*ҚОСЫМША*

## Өзбекстан Республикасы сайлаўшыларының Бирден-бир электрон дизимин қәлиплестириў ҳәм жүргизиў тәртиби ҳаққында

## РЕЖЕ

### 1-бап. Улыўма қағыйдалар

1. Усы Реже Өзбекстан Республикасының Сайлаў кодекси, «Мәлимлемелестириў ҳаққында», «Электрон ҳүкимет ҳаққында»-ғы нызамларына ҳәм Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Сайлаў процесине заманагөй мәлимлеме-коммуникация технологияларын енгизиў илажлары ҳаққында»ғы 2018-жыл 4-октябрьдеги ПҚ-3961-санлы қарарына муўапық Өзбекстан Республикасы сайлаўшыларының Бирден-бир электрон дизимин (кейинги орынларда СБЭД деп аталады) қәлиплестириў, жүргизиў, жаңалаў ҳәм оннан пайдаланыў тәртибин белгилейди.

2. СБЭД Өзбекстан Республикасының 18 жасқа толған (соның ишинде сайлаў күни), турақлы ямаса ўақытша жасаў орны мәнзилине ийе болған, ҳәрекетке уқыплы, аўыр ҳәм оғада аўыр жынаятлары ушын суд ҳүкими менен еркинен айырыў орынларында сақланбай атырған пуқаралар (кейинги орынларда сайлаўшы пуқаралар деп аталады) киргизилетуғын мәмлекетлик мәлимлеме ресурсы есапланады.

Өзбекстан Республикасы пуқарасының паспорты (егер сайлаўшы пуқара шет мәмлекетте болса, сырт елге шығыў паспорты ямаса дипломатиялық паспорты) ямаса идентификация ID картасы сериясы ҳәм номери, физикалық шахстың жеке идентификация номери, фамилиясы, аты, әкесиниң аты (мәмлекетлик тилде,

латын жазыўында), туўылған сәнеси (жжжж.аа.кк), турақлы ямаса ўақытша жасап атырған пуқаралардың жасаў орны мәнзили ҳәм оның кадастр номери Министрлер Кабинети жанындағы Мәмлекетлик персоналластырыў орайы тәрепинен усынылатуғын сайлаўшы пуқаралар ҳаққындағы мәлимлемелер есапланады.

3. СБЭДқа киргизилген сайлаўшы пуқаралардың жеке мағлыўматларынан ибарат болған мәлимлемелер менен ислеў тәртиби Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы (кейинги орынларда ОСК деп аталады) тәрепинен белгиленеди.

4. СБЭД сайлаў процесин басқарыў бойынша мәлимлеме системасы (кейинги орынларда СПБМС деп аталады) қуралында қәлиплестириледи ҳәм оның қурамына киреди.

Төмендегилер СПБМСтың тийкарғы ўазыйпалары есапланады:

қәўипсиз байланыс каналлары бойынша мәкемелик мәлимлеме системалары ҳәм мағлыўматлар базалары менен интеграциялаў арқалы СБЭДти қәлиплестириў процесин автоматластырыў;

СБЭДқа дүзетиў киргизиў имканияты менен сайлаў участкалары бойынша сайлаўшы пуқараларды бөлистириў жолларын усыныў;

сайлаўшы пуқараларға өз сайлаў участкаларына байланыслы мәлимлемелер менен танысыўға ҳәм сайлаў участкасын өзгертиўге сораўнама жибериў имканиятын бериў;

СБЭДта сақланатуғын мағлыўматлардан пайдаланыўшылардың пайдаланыў ҳәм сайлаў участкалары бойынша дизимлерге дүзетиў киргизиў ҳуқықларын бөлистириў.

СБЭДтеги мағлыўматларды сайлаў участкалары шегаралары шеңберинде автомат түрде бөлистириў.

5. Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы СПБМС ҳәм оның қурамына киретуғын СБЭД ийеси ҳәмде СПБМС ҳәм СБЭДти және де жетилистириў бойынша буйыртпашы есапланады.

## 2-бап. СПБМС операторы

6. Өзбекстан Республикасы Мәлимлеме технологиялары ҳәм коммуникацияларын раўажландырыў министрлиги СПБМС операторы (кейинги орынларда Оператор деп аталады) есапланады.

7. Төмендегилер Оператордың тийкарғы ўазыйпалары есапланады:

СПБМСты жəне де жетилистириў ҳəм оған техникалық хызмет көрсетиў;

СПБМСтың нəтийжели ҳəм үзликсиз ислеўин тəмийинлеў;

СПБМСты мəкемелик мəлимлеме системалары ҳəм мағлыўматлар базалары менен интеграциялаў;

СПБМСның мəлимлеме қəўипсизлигин тəмийинлеў илажларын əмелге асырыў.

## 3-бап. СБЭДти қəлиплестириў тəртиби

8. СБЭД:

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Мəмлекетлик персоналластырыў орайы (кейинги орынларда МПО деп аталады) тəрепинен усы Режениң 2-пунктине муўапық усынылған сайлаўшы пуқаралар ҳаққындағы;

сайлаў кампаниясы дəўиринде сайлаўшылардың дизимлерин анықластырыў арқалы сайлаў комиссиялары тəрепинен усынылған сайлаўшы пуқаралар ҳаққындағы мəлимлемелер тийкарында қəлиплестириледи ҳəм жаңалап барылады.

СБЭД ҳəр алты айда бир мəрте, сайлаў кампаниясы дəўиринде болса ОСК тəрепинен МПО ҳəм Оператор менен келисилген ҳалда тастыйықланған кестеге муўапық жаңаланады.

9. Төмендеги мəмлекетлик уйымлар (кейинги орынларда ўəкилликли уйымлар деп аталады) МПОна тийисли мағлыўматларды электрон формада усынады:

а) Өзбекстан Республикасы Ишки ислер министрлиги:

пуқаралардың турақлы ҳəм/ямаса ўақытша жасаў мəнзили ҳаққында;

пуқаралығы белгиленген тəртипте тамамланған шахслар ҳаққында;

аўыр ҳəм оғада аўыр жынаятлар ислегени ушын судтың ҳүкими менен еркинен айырыў орынларында сақланып атырған шахслар ҳаққында;

еркинен айырыў түриндеги жазаны өтеў орынларынан азат етилген шахслар ҳаққында;

министрлик қурамындағы билимлендириў мəкемелеринде оқып атырған пуқаралар ҳаққында – сайлаў басланыўдан үш ай алдын;

мүддетли әскерий хызметти өтеп атырған ҳәм министрлик қурамындағы әскерий бөлимлердеги пуқаралар ҳаққында – сайлаў басланыўдан алты ай алдын;

б) Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги – пуқаралардың өлимин дизимге алыў ҳаққында;

в) Өзбекстан Республикасы Қорғаныў министрлиги:

министрлик қурамындағы жоқары әскерий билимлендириў мәкемелеринде оқып атырған пуқаралар ҳаққында – сайлаў басланыўдан еки ай алдын;

мүддетли әскерий хызметти өтеп атырған, әскерий бөлим аймағындағы казармалар, жатаққаналар ҳәм хызмет турақ жайларында жасап атырған әскерий хызметкерлер ҳәм олардың шаңарақ ағзалары ҳаққында – сайлаў басланыўдан төрт ай алдын;

айлық әскерий жыйын өтеп атырған мобилизация шақырыў резерви хызметкерлери ҳаққында – сайлаў өткерилетуғын айдың екинши он күнлигине шекем;

г) Өзбекстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги – судлар тәрепинен ҳәрекетке уқыпсыз (уқыплы) деп табылған пуқаралар ҳаққында;

д) Өзбекстан Республикасы Сыртқы ислер министрлиги:

жасаў мәмлекетин (Өзбекстан Республикасының сырт мәмлекетлердеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханаларын) көрсеткен ҳалда турақлы ямаса ўақытша консуллық есабында турған пуқаралар ҳаққында;

Өзбекстан Республикасының шет мамлекетлердеги дипломатиялық хам басқа ўәкилханалары жанында дүзилген участка сайлаў комиссиялары тәрепинен сайлаўшылар дизимине киргизилген сол мәмлекет аймағында турған пуқаралар ҳаққында;

е) Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик салық комитети жанындағы Кадастр агентлиги – пуқаралардың көшпес мүлк объектлериниң кадастр номерлери, олар жайласқан мәнзили ҳәм геолокация (геокод) ҳаққында;

ж) Өзбекстан Республикасы Айрықша жағдайлар министрлиги, Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик бажыхана комитети, Өзбекстан Республикасы Миллий гвардиясы:

министрлик (шөлкем) системасындағы жоқары әскерий билимлендириў мәкемелеринде оқып атырған пуқаралар ҳаққында – сайлаў басланыўдан үш ай алдын;

мүддетли әскерий хызметти өтеп атырған ҳәм әскерий бөлимлердеги пуқаралар ҳаққында – сайлаў басланыўдан төрт ай алдын.

10. Ўәкилликли уйымлар бул Режениң 9-бәнтине муўапық МПОға мағлыўматларды электрон формада физикалық шахстың идентификация номерин (егер бар болса), паспорты (егер сайлаўшы пуқара сырт мәмлекетте болса, сырт елге шығыў паспорты ямаса дипломатиялық паспорты) ямаса идентификация

ID-картасының сериясы ҳәм номери, туўылған сәнеси (жжжж.аа.кк.), жынысы, миллети, фамилиясы, аты ҳәм әкесиниң атын (мәмлекетлик тилде, латын жазыўында) көрсеткен ҳалда, пуқаралардың жасаў орны мәнзили (мәмлекетлер, Өзбекстан Республикасы ўәлаятлары, районлары, халықтың жасаў пунктлери ҳәм көшелери, кадастр номерлери, олар жайласқан мәнзили ҳәм геолокация (геокод) ҳаққындағы мағлыўматларды болса МПО ҳәм Оператор менен өз-ара келисилген техникалық инструкциядағы мағлыўматнамалар (кейинги орынларда мағлыўматнамалар деп аталады) тийкарында жибереди.

11. МПО төмендегилерди тәмийинлейди:

усы Режениң 9-10-пунктлерине муўапық ўәкилликли уйымлардан пуқаралар ҳаққындағы мағлыўматларды алыў ҳәм қәлиплестириў;

ўәкилликли уйымлардан келген мағлыўматты идентификациялаў;

Өзбекстан Республикасы пуқаралары дизиминен сайлаў ҳуқықына ийе болмаған пуқараларды шығарыў;

усы Режениң 12-пунктине муўапық сайлаўшы пуқаралар ҳаққындағы мәлимлемени электрон формада Операторға усыныў.

12. СБЭРди жаңалаў МПО тәрепинен Операторға әскерий хызметкерлерден тысқары, сайлаўшы пуқаралар ҳаққындағы дизимди электрон формада жибериў жолы менен төмендегилерди көрсеткен ҳалда әмелге асырылады:

физикалық шахстың жеке идентификация номери;

Өзбекстан Республикасы пуқарасы паспорты (егер сайлаўшы пуқара сырт мәмлекетте болса, сырт елге шығыў паспорты ямаса дипломатиялық паспорты) ямаса идентификация ID-картасының сериясы ҳәм номери;

мәмлекетлик тилде латын жазыўында фамилиясы, аты ҳәм әкесиниң аты;

Өзбекстан Республикасы пуқарасының туўылған сәнеси (жжжж. аа. кк), жынысы ҳәм миллети;

мағлыўматнамалар тийкарында жайласыў (жасаў) орны мәнзиллери.

## 4-бап. СБЭДтан пайдаланыўды шөлкемлестириў тәртиби

13. СПБМС «Ўзбектелеком» АКның мағлыўматларды қайта ислеў орайында белгиленген тәртипте жайласады.

14. ОСК СПБМСдағы Өзбекстан Республикасының сайлаўшы пуқаралары дизимине кириў имканиятына ийе.

Қарақалпақстан Республикасының Орайлық сайлаў комиссиясы, ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық, округ ҳәм участка сайлаў комиссиялары СПБМСдағы тийисли аймақ бойынша сайлаўшы пуқаралар дизиминен пайдаланыў имканиятына ийе.

ОСК ҳәм тийисли сайлаў комиссияларының СПБМСнан пайдаланыў имканиятлары «Электрон ҳүкимет» системасының мағлыўматлар узатыў тармағы арқалы әмелге асырылады.

СПБМСта сайлаў комиссияларының жуўапкер хызметкерлериниң идентификациясы авторизация мәлимлеме системасы арқалы әмелге асырылады.

## 5-бап. Сайлаўшы пуқаралардың дизимин сайлаў участкалары бойынша бөлистириў ҳәм ол менен танысыў тәртиби

15. Сайлаўшылардың ҳуқықларын әмелге асырыў, оларға тийисли мағлыўматлар менен танысыў ҳәмде даўыс бериўди

өткериў ушын ҳәр бир сайлаў участкасы бойынша сайлаўшы пуқаралардың дизими қәлиплестириледи.

Сайлаўшы пуқараларды дизимлер бойынша бөлистириў СПБМСта округ сайлаў комиссиялары тәрепинен сайлаў участкаларының белгиленген шегаралары шеңберинде әмелге асырылады. Оның ушын СПБМСта сайлаўшы пуқаралардың дизимлери Өзбекстан Республикасының елатлы пунктлери ҳәм көшелери, сондай-ақ, Өзбекстан Республикасының сырт елдеги ўәкилханалары бойынша усынылады.

Жергиликли атқарыўшы ҳәкимият уйымлары тәрепинен усынылған сайлаў участкаларының дислокациялары тийкарында сайлаў участкаларына тийисли аймақ шегаралары бойынша Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик салық комитети жанындағы Кадастр агентлиги тәрепинен сайлаў округлары ҳәм участкаларының геолокациялы электрон картасы дүзиледи.

16. Сайлаў участкаларының саны ямаса шегаралары өзгерген жағдайда округ сайлаў комиссиясы 24 саат даўамында СПБМСқа тийисли өзгерислерди киргизеди.

17. Сайлаўшы пуқаралардың дизими Өзбекстан Республикасының Сайлаў кодекси тийкарында ҳәмmegenің танысып шығыўы ушын усынылады.

Сайлаўшы пуқара өзи бириктирилген сайлаў участкасы, мәнзили ҳәм физикалық шахстың жеке идентификация номерин ямаса паспорт яки идентификация ID-картасы сериясы ҳәм номерин киргизиў жолы менен ОСК рәсмий веб-сайты арқалы сайлаў участкасының жайласыўы (дислокациясы)на байланыслы мәлимлеме менен танысыў имканиятына ийе.

Участка сайлаў комиссиясы сайлаўшылардың дизимин сайлаўға отыз жети күн қалғанынан баслап, сайлаўға бес күнге шекем үйме-үй жүрип анықлық киргизеди. Үйрениў даўамында сайлаўшының шахсына ямаса жасаў орнына тийисли мағлыўматлардың өзгергенлиги анықланған жағдайда, СБЭДға тийисли өзгерис киргизеди.

18. СБЭДде сайлаўшы пуқара болмағанда ямаса оның сайлаў участкасы сәйкес келмеген жағдайда сайлаўшы пуқара участка сайлаў комиссиясына тийисли өзгерислерди киргизиў бойынша арза менен жазба ямаса ОСКтың рәсмий веб-сайтында ҳәмде

Бирден-бир интерактив мәмлекетлик хызметлери порталы арқалы электрон формада мүрәжат етиў ҳуқықына ийе.

## 6-бап. Жуўмақлаўшы қағыйдалар

19. СБЭДди қәлиплестириў ҳәм жүргизиў тәртиби схемасы қосымшада келтирилген.

20. Ўәкилликли уйымлар СБЭДти қәлиплестириў ҳәм жаңалап барыў ушын мағлыўматлардың исенимлилиги, актуаллығы ҳәм өз ўақтында усынылыўы бойынша жуўапкер есапланады.

21. Усы Режениң талаплары бузылыўында айыплы шахслар нызамшылыққа муўапық жуўап береди.

*Өзбекстан Республикасы*
*сайлаўшыларының Бирден-бир электрон*
*дизимин қәлиплестириў ҳәм жүргизиў*
*тәртиби ҳаққындағы режеге*
*ҚОСЫМША*

## Өзбекстан Республикасы сайлаўшыларының Бирден-бир электрон дизимин қәлиплестириў ҳәм жүргизиў СХЕМАСЫ

| | |
|---|---|
| **Ўәкилликли уйымлар** | **Режениң 9-пунктине муўапық Мәмлекетлик персоналластырыў орайына мағлыўмат усыныўды тәмийинлейди.** |
| **Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Мәмлекетлик персоналластырыў орайы** | **Ўәкилликли уйымлар тәрепинен усынылған мағлыўмат тийкарында сайлаў ҳуқықына ийе болмаған Өзбекстан Республикасы пуқараларын дизимнен шығарады.**<br>**Сайлаўшы пуқаралардың дизимин, физикалық шахстың жеке идентификация номерин, паспорт ямаса идентификация ID-картасы сериясы ҳәм номерин, фамилиясы, аты ҳәм әкесиниң атын ҳәмде жасаў мәнзилин Операторға усынады.** |
| **Оператор (Мәлимлеме технологиялары ҳәм коммуникацияларын раўажландырыў министрлиги)** | **СПБМСты жетилистиреди, сайлаўшылар дизимин сайлаў участкаларына бөлистириў, анықластырыў ҳәм дүзетиўлер киргизиў қуралларын усынады ҳәмде СПБМСның нәтийжели искерлигин техникалық жақтан қоллап-қуўатлаўды ҳәм мәлимлеме қәўипсизлигин тәмийинлейди.**<br>**Сайлаўшылардың дәслепки дизимин сайлаў участкаларына бөлистиреди.** |
| **Орайлық сайлаў комиссиясы (сайлаў комиссиялары)** | **Сайлаў участкалары бойынша бөлистирилген сайлаўшылардың дизимине анықлық киргизеди ҳәм тастыйықлайды.** |

*(Қосымшаның тексти Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 6-майдағы 286-санлы қарары редакциясында)*

# ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ РЕФЕРЕНДУМЫНА ТИЙИСЛИ

# НЫЗАМШЫЛЫҚ ҲҮЖЖЕТЛЕРИ ТОПЛАМЫ

*Қарақалпақ тилинде*

Басылым ушын жуўапкер:
*Ф. Тожиев*
*Ш. Абдуллаев*

Редактор:
*С. Туремуратов*

Компьютерде версткалаўшы (бетлеўши):
*Ж. Ғофуров*

Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги жанындағы
«Адолат» миллий ҳуқықый мәлимлеме орайы.
Баспа.лиц AI № 032, 29.10.2019.
Ташкент қаласы, Амир Темур шоҳ көшеси, 19-үй.
Телефонлар: 71-233-28-18, 71-280-55-47
Веб-сайт: www.adolatmarkazi.uz
Email: info@adolatmarkazi.uz

Басыўға рухсат етилди 04.04.2023-ж.
Қағаз өлшеми 60x84 1/16 «Times New Roman» гарнитурасы.
Офсет усылында баспадан шықты. Баспа табағы 15,5.
Баспа есап табағы 12. Тиражы 710 нусқа.
****- буйыртпа.